НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕ

СУМБУЛАТОВ Дени
Нохчийн мотт Iилманехь. Статья

ЮБИЛЕЙ

ГАЗИЕВА Аза
йинчу денца декъалъяр

Кхолларалли шовкъехь
еха журналист. Очерк

ПРОЗА

БЕКСУЛТАНОВ Муса.
Иэшам. Дийцар

ДРАМАТУРГИ

АХМАДОВ Муса.
Турпалхойн зама.
Пьеса

ТХАН ИНТЕРВЬЮ

АБДУЛАЕВ Леча. Ненан маттана
аьхна боччу махкахь
кхерчан йовхо гIийла хаало

Орга

2'2021

Орга
№ 2. 2021

«Литературин-исбаьхьаллин журнал «ОРГА»

Арадолу 1958 шарахь дуьйна

Шен ненан мотт халкъо,
Сий ойбуш, Іалашбахь,
Цу халкъан паргІато
Цхьаммо а хьошур яц.

Мамакаев Мохьмад

ПАУ «Зорбатохаран цІа»
Директор
Мусаев Сулиман Мовлаевич

Коьрта редактор
Мусаев Сулиман Мовлаевич

Редакцин кхеташо:

Абдулаев Леча
Ахмадов Муса
Алиева Зарина
Бексултанов Муса
Бурчаев Хьаьлим
Минкаилов Эльбрус
Сумбулатов Дени
Цуруев Шарип

Журнал диллинарг:

Нохчийн Республикин
къоман политикин, арахьарчу зІенийн,
зорбанан, хаамийн Министерство

364060 НР, Соьлжа-ГІала,
С. Дудаевн бульвар, 8.

Журнал зорбанехь
кхаа баттахь цкъа арадолу

Редакце схьалушйолу произведенеш зорбатоьхна хила еза. Журнала тІе ца тоьхначу произведенийн маххадор а, уьш авторшка юхаялар а редакцино шена тІе ца лоцу. 12+

Тел.: 8 965-959-56-81
E-mail:
izdatelskiy_dom20I9@mail.ru
Сайт: http://www.izdat-dom.ru

izdat_dom_chr izdat_dom_chr izdat_dom_chr izdatdomchr izdat_dom_chr95

Ч У Л А Ц А М

НОХЧИЙН МЕТТАН ДЕ

СУМБУЛАТОВ Дени
Нохчийн мотт Iилманехь. *Статья.* ……..3

ПОЭЗИ

СЕЙЛМУХАНОВ Муса. Маьрша Iуьйре. *Стихаш.* ……..6
ЦУРУЕВ Шарип. Цхьа мерза-гIайгIане мукъам. *Стихаш.* ……..9
БОЛТУКАЕВА Зараъ. Iаламан хазалла. *Стихаш.* ……13
ХИЗРИЕВ Адам. Къолам. *Стихаш.* ……16

КЕРЛА ЦIЕРШ

МАГОМЕДХАДЖИЕВА Есира. Беролла. *Стихаш.* ……20

ЮБИЛЕЙ

ГАЗИЕВА Аза йинчу денца декъалъяр

Сумбулатов Дени
Кхолларалли шовкъехь еха журналист. *Очерк.* …… 25
ГАЗИЕВА Аза. Зударийн къамел. *Дийцар.* ……..29

ПРОЗА

БЕКСУЛТАНОВ Муса. Иэшам. *Дийцар.* ……31
АЙДАМИРОВА Машар. Жима верас. *Дийцар.* ……..37
ПАШАЕВ Нурди. Дай баьхначу юьртахь. *Повесть.* ……40
МУСАЕВ Сулиман. Туьйра. *Дийцар.* ……..74
СУМБУЛАТОВА Радима. Ненан мотт – аганан илли. *Дийцар.* ……..82

КЕРЛА ЦIЕРШ

ИЦЛАЕВА Лариса. Довзаза дуьсу адамаш. *Дийцарш.* ……..88

ДРАМАТУРГИ

АХМАДОВ Муса. Турпалхойн зама. *Пьеса.* ……93

КРИТИКА А, ЛИТЕРАТУРОВЕДЕНИ А

ХАЛИКОВА Мадина.
Гацаев СаьIидан цхьайолчу байташкахь халкъан барта кхолларалли
мукъамаша дIалоцу меттиг. *Статья.* ...……..105

ТХАН ИНТЕРВЬЮ

АБДУЛАЕВ Леча. Ненан маттана аьхна боцчу махкахь кхерчан йовхо гIийла хаало. ...111
Интервью дIаяьхьнарг – АЛИЕВА Зарина.

Нохчийн меттан де

СУМБУЛАТОВ Дени

Нохчийн мотт Iилманехь

Кавказерчу ширачу меттанех цхьаъ болчу нохчийн меттан дешнаш дуьххьара дIаяздинарг П. Паллас а, И. Гюльденштедт а ву, нохчийн, гIалгIайн, бацойн, гуьржийн, мегрелийн, сванийн, гIебартойн, абхазойн, цIадахьаройн, гIазгIумкийн, суьйлийн, цIезийн, Iаьндийн а меттанийн шаьш хIоттийначу дошамехь (XVIII-чу бIешарахь). Нохчийн меттан дешнаш дIаяздина Г. Клапрота а («Путешествие на Кавказ и в Грузию». 1814 г.) Кавказан меттанийн дуьххьара грамматикаш а язйина П. К. Услара, А. Шифнера, А. Дирра. П.К.Услара Къилбаседа Кавказан бархI мотт теллина, грамматикаш язйина. Царах ялх монографи (нохчийн, табасарийн суьйлийн, гIазгIумкийн, лезгинийн, цIадахьаройн, абхазойн меттанийн) зорбанехь араяьлла. Нохчийн а, бацойн меттанаш а теллина, грамматикаш язйина А. Шифнера. Къилбседа Кавказан меттанаш талларан Iилманан бух биллинарг П. К. Услар ву. Кавказан меттанаш таллар европейцаша дIадолийнехь а, кавказхоша а кIезиг дакъа юкъа ца диллина оцу мехалчу гIуллакхна. Нохчашлахь дуьххьара элпаш а кхоьллина, нийсаязъяран а, грамматикин а бакъонаш тIехь йолу жайна яздинарг Досов Къеди вара (Тифлис, 1862 г.). ДIадаханчу бIешеран 30-чу шерашка кхаччалц кавказан меттанаш теллира Г. Шухардта, Н. Я. Марра, А. Дирра.

Кавказан меттанаш толлуш, къаьсттана Къилбаседа Кавказан меттанийн фонетикийн дIахIоттам толлуш, дукха къахьегна Н. С. Трубецкойс. Цара массара а шайн талламашкахь нохчийн маттера масалш далийна. ТкъолгIачу бIешеран 20-чу шерашкахь дIаболабо Къилбаседа Кавказерчу къаьмнийн меттанашна йоза кхолларалехула болу болх. Йоза кхуллуш долу меттанаш Iилманан бух тIехь талла дезаш дара (фонетикин, грамматикин тIегIанехь). Iилманчаша Н. Ф. Яковлевс, А. Н. Генкос, Л. И. Жирковс вайнехан а, дагестанан а меттанашна алфавиташ хIиттийна ца Iаш, грамматикаш а язйира. Кавказан меттанаш толлуш Iилманан кхо туш (школа) дара. Цхьаъ Ленинградехь (Петроградехь) – А. Розен, Ал. Цагарели, Н. Я. Марр; шолагIниг Тбилисехь (И. Кипшидзе, И. Джавахишвили), 30-40-чу шерашкахь дуьйна академикан А. С. Чикобаван школа шех олуш йолу; кхоалгIаниг – Москвахь (Ю. Д. Дешериев, А. Г. Климов). Кавказан меттанаш теллина ца Iаш, оцу центрашкахь (Iилманан

школаш: Тбилиси, Москва, Ленинград) университетийн кафедрашкахь кечбора говзанчаш. Къилбаседа Кавказерчу массо а республикашкахь меттанаш талла а, хьеха а Iилманан-талланан институташ, хьехархойн институташ, университеташ схьайиллира. Гуьржехарчу (Тбилиси) Iилманан академин А. С. Чикобаван цIарахчу языкознанин институтехь тахана а толлуш ду дерриге а иберийско-кавказски меттанаш, шайна юкъахь нохчийн мотт а болуш.

Iилманчаша Д. С. Имнайшвилис, К. Т. Чрелашвилис, Р. Р. Гагуас, Т. В. Ганиашвилис кандидатски, докторски диссертацеш чIагIйина, масех монографи язйина, нохчийн, гIалгIайн, бацойн меттанаш а толлуш. Арадуьйлу Iилманан журналаш. ТкъолгIа бIешеран 90-чу шерашка кхаччалц Къилбаседа Кавказехь нохчийн а, гIалгIайн а меттанаш толлуш туш ларалуш яра Нохч-ГIалгIайн республика. Нохчийн пачхьалкхан университетехь, хьехархойн институтехь, Iилманан-талланан институтехь нохчийн мотт толлуш, хьоьхуш Iилманчаша бара: И. Г. Арсаханов, А.Г.Мациев, И.Ю.Алироев, К. З. Чокаев, А. Д. Тимаев, Н. С. Бибулатов, Я. С. Вагапов, Я. У. Эсхаджиев, З. Х. Хамидова, Р. А. Саламова, З. Д. Джамалханов, М. Р. Овхадов, А. И. Халидов, Х. Б. Навразова, А. Д. Вагапов, Б. А. Хазбулатов, Т. М. Вагапова, Р. Х. Мамаева, В. Ю. Гиреев и.дI.кх. Дуьненахь а девза профессоран Ю.Д.Дешериевн Iилманан белхаш: «Бацойн мотт», «Хиналугийн мотт», «Сравнительно-историческая грамматика нахских языков и проблемы происхождения и исторического развития горских кавказских народов», «Социальная лингвистика» и.дI.кх. Профессоро, НР-н Iилманийн академин член-корреспонденто А. И. Халидовс Iаламат дукха а, мехала а, оьрсийн, нохчийн а меттанаш толлуш, болх бина. Цуьнан масех монографи араяьлла: «Морфология современного русского языка» (шина декъах лаьтта) I997, I998 шераш, «Типологический синтаксис чеченского простого предложения» (Нальчик, 2004 шо, 272 агIо); «Нахские языки в типологическом освещении» (Нальчик, 2004, 312 агIо); «Очерки по типологии залога», «Чеченский язык. Морфемика. Словообразование», «Нохчийн меттаIилманан терминийн лугIат», «Нохчийн меттан орфографи тояран проект», «Нохчийн меттан грамматика» (А. Д. Тимаевца, М. Р. Овхадовца а цхьаьна). Мехала болх бина I. Д. Вагаповс. Цо дуьххьара хIоттийна дешнийн маьIнаш довзуьйту а, этимологин а дошамаш.

Кавказан меттанаш тахана толлуш ду Голландера, Германера (Йенский университет), США-ра, Францера, Англера, Бельгера, Италера, Чехера, Швейцарера, Израилера, Гуьржехара, Польшера, Норвегера и. дI. кх. пачхьалкхашкарчу а Iилманчаша. Нохчийн мотт 20-чу бIешеран 20-чу шерашкахь дуьйна школашкахь хьоьхуш бу. ТIаьххьарчу шерашкахь а, нохчийн мотт а теллина, кандидат, доктор а хилла масех Iилманча ву Нохчийчохь. Нохчийн Iилманчаша, белхан зиэделларг долчу хьехархоша И. Ю. Алироевс, И. Арсахановс, А. Тимаевс, Я. Эсхаджиевс, Т. Вагаповас, З. Джамалхановс, М. Мачиговс, Ж. Махмаевс, М. Чентиевас, Н. Бушуевс, В. Янгульбаевс, Э. Солтахановс и.дI.кх. хIиттийначу, язйинчу учебникашца школашкахь, хьехархойн училищешкахь, институтехь, университетехь хьехна бу нохчийн мотт.

Нохчийн Республикехь пачхьалкхан ши мотт бу: нохчийн а, оьрсийн а. Нохчийн маттахь арадовлуш журналаш ду: «Орга», «СтелаIад». «Вайнах» журнал оьрсийн а, нохчийн а меттанашкахь. Газеташ а ду: «Даймохк» (нохчийн маттахь), «Хьехархо» (оьрсийн а, нохчийн а меттанашкахь), кIошташкахь (оьрсийн а, нохчийн а меттанашкахь). Телерадиопередачаш ю нохчийн маттахь. НР-хь I600 сов нохчийн меттан хьехархо ву, шайна юкъахь пачхьалкхо сийлаллин цIераш елларш а болуш. Нохчийн йозанан мотт шайн статьяшца, говзаршца кхиабо яздархоша, журналисташа. Эзарнашкахь тираж а йолуш араюьйлу цара язйина исбаьхьаллин произведенеш, статьяш а. Нохчийн къоман театрехь нохчийн маттахь спектаклаш хIиттайо. Шаьш бечу хьехамашца нохчийн мотт кхиош, ларбеш, марзбеш а Iеламнаха юкъараллехь дIалаьцнарг йоккха меттиг ю. Нохчийчохь нохчийн маттана баьрччехь меттиг билгалъяькхина НР-н Куьйгалхочо Р. А. Кадыровс, апрель беттан 25-гIа де шен Буьйраца «Нохчийн меттан де» а чIагIдина. Нохчийн матто лерса хьоьстучийн, цуьнца уьйр-марзо йолчийн, синна гергара а, хьоме а болчийн сийлахь-деза де ду апрель беттан 25-гIа де – «Нохчийн меттан де».

Нохчийн мотт Iилманан бух тIехь толлуш, хьоьхуш а мел динарг тидаме а эцна, НР-н Куьйгалхочун Р. А. Кадыровн омрица 2021-чу шарахь схьайиллина Нохчийн меттан институт. Умхаев Хьамзат директор волчу институтан белхахоша шарахь зорбанехь араяькхина: «Нохчийн меттан нийсаяздаран бакъонаш», итт том нийсаяздаран дошам (8000 агIо), дIаязйина 4 эзар пхи бIе сов керла меттигийн цIерш (топонимаш), зударийн а, божарийн а долахь цIерш (шира) итт эзар сов дIаязйина. Нохчийн маттахь вайн кегийчу берашна яьхна, кечйина мультфильмаш. Видеодарсаш кечдина «Урок-95». Республикин тIегIанехь дIаяьхьна конкурсаш: «Нохчийн меттан тоьлла хьехархо», «Нохчийн меттан тоьлла кабинет», «Нохчийн маттахь тоьлла сочинени». Язйина, хIиттийна нохчийн меттан а, литературин а керла Iаматаш, хрестоматеш а. Институтехь схьайиллина, болх беш ю нохчийн меттан музей

Нохчийн меттан институт схьаеллар х1окху шеран хилам бу. Нохчийн мотт Iилманан бух тIехь кхиамца толлуш, хьоьхуш а бу Нохчийн Республикехь.

Поэзи

СЕЙЛМУХАНОВ Муса



Маьрша Іуьйре

Белабелла, бекхабелла
Хьоьстуш сийна Іарш,
Малх гучубели яхьаш вайна,
Кхин цхьа Іуьйре маьрша...
Анайист нуьрех юьзна,
Махкахь серло яьржа.
Керла де дахарх дуьзна,–
ДогІийла хьо марша!
Нохчийчоь сан самаяьлла,
Ловзадохуш дегнаш.
Кху Іуьйренга могаш ваьлларг –
Ахь хастам белахь Далла!

***

Цкъацкъа алаза дуьту ас дош –
«Ца аьлларг гІолехь ду», – олий.
Дашо а вуьллу хеназа коша,
Собар доцчохь, баттарадолий...

***

Ойланин йийсарехь иэс кегон воьлча,
Цу юкъахь карийра аьлларг цкъа дас:
«Хиларх дуьйцуш верг хабарна говза,–
Іехалой, цуьнга ма-вайталахь ловза!»

***

Баларш совдийларх
цец ца долу адам:
Велларг дІаверзавой,
вай-м паргІат Іа,
Ца хууш санна, ргІ вайгахь юьтий
И воьдий дІа...

***

Синалаам сан, соьл хьалхаболий,
Шовдан коьрте боьду ирахьІен.
Беттаса а, лечкъинчура гучудолий,
Сан кхолламан тача серладохуш Іа.

***

Дийца-м дуккха а дара,
вайн амалх дийца,
Таро яц-кха цхьаболчийн
«кхетам» хийца.

***

Дахаро, массо хІуманна тІехь
туху шен зил:
Цул тІех ваьлларг –
дакъазаваьлла хийла.

***

Сонтачу куралло
адамийн дегнаш къуьйсу, –
«Кураллина» ца го шена тІаьхьа
туйнаш кхуьйсуш.

***

Хьайн амалца вониг делахь, –
дІадаккха!
Сонтачу амало
къонах а дакъазвоккху...

Гуьйренан амат

Басарш Іенош дитташ тІе,
Дацдеш маьлхан хІора де,
Лела гуьйре дуьне гездеш,
Ша кхаьчначохь Іалам къарздеш.
Кхечи иза нохчийн махка –
Генайоккхуш ховха аьхке.
Денна юьйлуш махаца ловза,
Дитташ чІана дохуш говза,
Гуьйре хІоьтти шен болх бан.
Баккхийчара аьлларг деш,
Оьланашка гІаш гулдеш,
Бераш хьийза йахье девлла –
Церан чІогІа самукъадаьлла.
Амма гуьйре дукха ца лаьтти,
Іаьнан денош кетІахь лаьтта.
Дуьтуш вайна дийца туьйра,
Кхечу махка дІаяха гуьйре...

Цхьа Даймохк – цхьа Нохчийчоь

Цхьа Даймохк – цхьа Нохчийчоь
Теркал сехьахь, дехьахь,
Амма са ду лелаш сан
Дай баьхначу Элстанжахь.
Ламанца шайн чІагІо гуш,
Дайша орам тесна,
Шай кхолламна къар ца луш,
Хийла хало хьешна.
Цул хаза юрт янне яц! –
Цо дог-ойла хьосту.
Терк-хил а чомехь ду
Сан юьртара хьоста.
Шатайпа ду Іалам, хІуо,
Гурахь сиэрса дерз а.
Царах хьерча ойланаш
Хуьлу мазал мерза.
Маьрша баха, Даймохк сан,
Ирсах Іабош дегнаш!
Хийла ихна къиза хан
Хьан маршонах хьегош.
Цхьа Даймохк – цхьа Нохчийчоь –
Теркал дехьахь, сехьахь.

Амма са ду лелаш сан,
Дай баьхначу юьртахь!

Ненан дог

Іаьнан буьйса хьаша хуьлий,
Соьца цхьаьна чоьхьайолу.
Махо а витац корехь тийжаш,
Сан ойланашца ловзаболий.
Самах санна хазачу куьцехь,
Сан гІайгІанийн шад дІабаста,
Нана йогІу шен бер хьаста...

Хастам бу Далла

Заманан халонех чекхбийлла дай,
Хеназа халонаш Іийшина вай.
Хастам бу Далла! Нохчийчохь деха.
Нохчийчоь, хьо ю сан дуьненан меха!
Къомах къам дийриг гІиллакх ду, яхь –
Жимчух а къонах во цо нохчашлахь!
Тоьаш дац хиларх а дог майра хьо,
Тешаме бацахь хьан накъостийн го.
Къар ца ло хиларх некъаш
тІех шога: –
Яхь ца луш вехачун дог сирла догу!
Даг чохь меттиг бац Делах бен кхера,
Мел йоккха хилларх мостагІийн гІера.
Хийра мохк ца эшна, Даймахках ваьлла,
Хьал-бахам лоьхуш тІаьхьа а ца ваьлла.
Даима кийча ву, хьо лардеш, гІатта, –
Нанойн бІаьрхиша дурдина латта!

***

Хьер хьийза, доккхуш ахьар,
Охьуш хIора буьртиг кIан.
Карлаюьйлу иэсехь кахьар,–
Сан беральe кхаьчна хан...
Хала хенаш яьхки дайшка,
Шайн Даймахках баьхна.
Къарцабели нохчий «лайшка»,
Сибрех бала бигнехь а.

Оьзда дош

Оьзда дош ду лекхачу ломал а лекха.
Адамийн дегнаш чохь ца юьту мекха.
Массо а денна вай хьекъал, кхетам
Латтийла оьздачу дашца бан хьаам.
Кхуьийла оьзда дош хIоранан кертахь,
Дайн гIиллакх лардеш, дехийла бертахь.
Оьздачу дешан некъ бу сийлахь, беха –
Цундела оьзда дош тIаьхьенна деха.
Лелар яц вай тIаьхье шен некъах тилла,
И дахахь, вайн дегнийн къилба а хилла!

Къонахаллин урок

Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь дакъалаьцначу юьртахошна лерина.

Урок ю дIайоьдуш
Толамхойх лаьцна.
Массо бер тап-аьлла,
ЛадоьгIуш Iа.
Шен серло ца кхоош
БIаьстенан малх а,
Корах чу хьаьжна
Ца боьду дIа.
Хьаша ву – веза хьаша,
Уроке кхайкхина.
Турпал некъ бинчех ву –
Ву – ветеран...
Даймахках, Толамах
Дуьйцу цо берашна,
Луьрачу тIамехь шаьш,
Яьккхина хан.
Дуьйцу цо доттагIийн
Майраллах лаьцна, –
Халонехь цхьаъ хилла
Шаьш бина тIом!..
«Цундела», – боху цо, –
Толаме кхаьчна, –
Довр дац цу тIамехь
Эгначийн Сий!»
Тийналла йохош
Горгали бека,
Ойланехь бераш ду
Тап-аьлла Iаш.
Дукха дара тIемлочун –
Шен дахарх дийца,
Пхеа шарахь Iожаллийца
Шаьш яьккхина хан.
Шога дара тIемлочун
Дахаран некъаш: –
ТIамера Сибрех
Хьажийра дIа.
Шокъалеша ца лаьцнарг
Мацалло лоцуш,
Цигахь а яьккхира цо
Кхойтта шо хан.
ЦIа дирзи нохчийн къам
Дай баьхначу махка.
ЦIа вирзи тIемало а
Хастамбеш Далла!
Амма диц ца ло, –
Дицлур дац цкъаъа а
Къарцалуш вай къомо
Мел лайна бала...

ЦУРУЕВ Шарип

Цхьа мерза-гІайгІане мукъам

***

Дисинарг дукха дац дахар,
Вовшашка вай бехкаш даххал,
Девнаш дан, дебаян гІайгІа,
Я вуьшта эрна хан яйа.
Доца ду, доца ду дахар,
«Кхуьур ву кхана» ца баххал,
Хьуо дика вуьйцуьйтуш нахе,
ЦІе йита, тІаьхьешна яха.
Делахь а деха ду дахар
Галвала, хьо дохковаха,
ЮьхьІаьржа хІотта, къа летта,
Я виса, охьа а кхетта...
Деха ду хьо дохковаха,
Дика дан-м доца ду дахар.

***

ДІадаккха, тІетоха доцуш,
ЦІанделла дахаран сибат,
Цхьа висна ас дагалоцуш,
Ойланаш ян воьлча сирла.

КІорал Іаржъеллачу буса
Ницкъ кхаьчча дІадевлларш литта,
Марзонца цхьа лаам бу сан,
Доьхна дог ир-кара хІиттош.

МоттаргІа юьсийла лешна,
Церан герз – шалхалла, хІилла.
Дай хила ницкъ луш берш дайшна
Яхь йолу кІентий ма хилла.

Тхьамда вицвеллачу меттехь
Само йо говзачу човсо.
Нах моллин дешнех ца кхетча,
Йиш ю-кха туркхан мах бовза.

Декхаршца ларавахь хІора,
Оьшуш ву хьаькам а, пхьар а.
Хуьлуш вац цхьаъ кхечул ворах,
Стаг вериг стаг хилчахьана.

ХІораннан, йиш йоцуш хийца, –
МаьІна ду! ЦІе езар – тилар:
Коьрта дац – ву бохуш вийцар,
Коьрта ду – баккъал а хилар

Къонахийн, турпалхойн даржехь
Яккха цІе-м йисхьара цхьанна...
Сан лаам, ас бина харжам –
И кхочуш сан хилахьара-кх.

Ма мега-кх, бицбеллачарах
ДІаийна, цІе йоцуш варах,
Ас динарш кхечеран ларарх, –
Дерриге гуш ма ду Далла.

Мох санна, яьссачу арахь,
Ца лаьа-кх эрна чекхвала:
Беркате со хилчахьана,
Кхечарна цІе йисахьара-кх...

Цу дийнахь...

Цу дийнахь тийжарца
дилхинчу догIано
Даимна кху лаьттахь
хьан лараш яйи.
Цу дийнахь сан дагна
кхеттачу догIано
ХIара дуьне, хьозанан
мас санна, дайди.

Цу дийнахь дог-ойла
хьаьшначу мархаша
ДIахерви самукъадаларан нуьрах.
Цу дийнахь, мел сецорх,
ихначу бIаьрхиша
Даимна дахаран чам би-кха дуьра.

ХIоразза, мел вогIу
кху кешнийн керта со,
Дегадеш хетало когаш кIел латта.
Ойланехь мукъне а хьо
денъян гIерта со,
Хьоьга ладегIа я цхьаъ
хьоьга хатта.

Де-буьйса хийцалуш,
еддачу замано
Хьан кошан барза тIе
сийна бай буьллу...
Кху лаьттан аьхналле
дог дохуш, томана,
Ас кхузахь ког а
сайн лаьтта байн буьллу.

ХIораннан шен ирс ду,
шен бала кийрара,
Дахар цхьатера тIе ца лоцу наха.
Цу дийнахь дуьйна соь
даго кхаъ кхийдабо:
Кху лаьттахь со
хьелур вац хьуна, нана.

Нанна

Хьо йоцуш дуьххьара марха а даьсти,
Самукъа къехкадеш кийрарчу лазамо.
Хьо йоцуш хили-кха малхах а десте:
Цуо вохвеш ца хьоьсту,
цуо вагош лазаво.

Хьо цхьанхьа юй хууш,
со варе хьоьжуш,
Дагна мел токх хилла
хIинций бен ца хиъна.
Некъаш а ма эрна
хилла-кха хьоьшуш,
Ас хьуна тIекхача
сайн болар ца динарш.

Цкъа хета, доьлхуш
ду кетIара татол,
ГIайгIане эгна вайн лулара урамаш.
Цкъа лоцу хорамо,
кийрахь дог даттIал,
Аз доцчу узаршца
боьлхуш син узамаш.

Ма хаьа-кх, доций и
цадеънарг нахе,
Дуьне а дIалаьтта,
хIумма а ца хуьлуш.
Ларор ву, кхардамах лар а луш, ваха,
Ткъа дагна-м, ша дисча,
там цунах ца хуьлу.

Кхин боьгIна бац-те хьан
чам мерза кхача?
Ванах, кхин гур яц-те? –
сан дог ца теша-кха.
...Ца лелларш текхна а
хьуна тIекхача,
Ма эрна хилла-кха
дерригге некъаш сан.

Ворда

ДIаяха йита и дIайоьду ворда,
Хьалха а ма вийла, ма хьеша лар а.
Галъяьлла и хетарх, нисъян ма гIорта:
Вайн дац-кха хIара дуьне,
вайн дац-кха хIара.

Нислур вац тиллаверг,
тилар а лоьхуш,
Некъана нацкъара евллехь а говраш,
Лам тIера чухьаьвдда ягIахь а Iовраш,
IадIелахь – цхьа а вац
хьоьга гIо доьхуш.

Йийцаре ма елахь цо эцна йорт а,
Карзахе амалш а емал ма елахь.
ДIаяха йиталахь дIайоьду ворда –
ХIуьттаре ма лору хьан цIена хьехам.

– ЖIаьлеш ду леташдерш,
ковра дIайоьду, –
ЛадугIур долуш бац ворда дIаюьгурш.
Буьйлуш, цабашарца
уьш хьоьжу хьоьга,
Тхьамданан само а шеконехь юьтуш.

Хьаьддачу ворданан садууш цIийзар
Дазло-кха, яхарна кхоьруш и Iин чу.
IадIан-м хьо везара...
Ткъа муха Iийр ву,
Ворданахь болчарах цхьаъ хьо а хилча?

***

Ма хила веза-кх,
Ма ваха веза-кх
ХIара дуьне дIора,
Дош а ца лоруш.

ЦIанвала веза-кх
ЦIинвала веза-кх,
Сингаттам, ловзар
Цхьатерра ловзош.

Дуьненна вийла
Веза-кха хийра –
КIеззиг мел дезнарг
КIеззиг ма лезна.

ХIун бен ду, вахарх
БIе шарахь, шарахь,
Хьо йийсар хилча
Iожаллин карахь?

ХIун бен ду хилча
Хаза я ирча... –
И баI, и зезаг
Цкъа дала деза-кх.

Кхиамийн бохь а,
Иэшамийн мохь а –
Дерриг ду гIенаш,
Юьсун ерш – ченаш.

Ша эла хеттарг
Ваьхна наб кхетта.
И-м вер ву сама,
Топ кхетча санна.

Ваха ца веза-кх,
Воьлхуш я воьлуш,
Зиэнаш я зиэраш
ТIех чот а лоьруш.

Эшац тIех лера
Темаш, цатемаш,
Эшац тIех леха
Тайп-тайпа чемаш.

Ловзарехь дуург,
Лазаро вуург –
НIаьнешна кхача
Бисина кхача.

Дуьрста шайн йоцу
Ойланаш челакх
Ма къаръян еза-кх.
Дерриге – ченаш...

Делха хьо, дог!

Делха хьо, дог!
ХIинццалц ца делхарна, делха.
Делха хьо, дог!
Ас хьуна бакъо ло делха.

Къонахчун амалехь
И товш ца хеташ,
Ас делха бакъо ца еллера хьуна.
Жимачу беречо, аьрха дин санна,
Ас, дуьрста ийзош, хьо сецийна.

ХIай!
Хьо-м доьлхуш ца гиний,
Хьо-м доьлхуш ца гиний,
Гергарниг велча а,
ДоттагIех ваьлча а,
Мел халахетча а,
Я юьхьаркхетча а,
Iийна садетташ,
Даккхийра синош а дохуш,
Наха аьндолчух ларло со, бохуш,
Сан бIаьрхи ца даьлла,
Мотт боцу,
Са доцу чурт санна, лаьттина.
Ткъа хIинца со кхеравелла,
Со кхеравелла,
Ца велха виса марзвелла,
Дийна а волушшехь – велла.
Со кхеравелла,
Мел хIуъа хилча а,
Бен доцуш хьо, дог, дисарна.
Адамна бIаьрхиш а
Наггахь оьшуш ду.
БIаьрхишца къинхетам бу!
Делха дицдича,
Деларан марзо а евзар яц ма-ярра.
Дицдича делха,
Дегнаш а тIаьххьара телха
Я лелха...
ХIай нах!
Вайх хIун хир ю,
Нагахь вай делха дицдахь?
Лаьттах тIулг ма хуьлу,
ДогIа ца дилхича.
ДогIа ца дилхича,
Латта а телха.

Делха хьо, дог!
Хьо-м хIинцалц ца Iара
хьо-хьайна ца Iийжаш,
Ца Iара сох къайлах
кийрахь ца тийжаш...
Ткъа хIинца ас дуьту хьайн амалехь,
ДIахоьцу дуьрста – хьайн лаамехь
Ас хьуна пурба ло делха.
Делха хьо, дог,
Ас дика ойла йина кху белхан!
Делха хьо, дог,
ХIинццалц ца делхарна, делха!

Сан дайн хилла

Сан дайн хилла
БIешерашкахь лардеш
сийлахь гIиллакх:
ТIеман арахь
Эгначарна бугIуш хилла цара
Кешнийн кертахь хIолламаш.
Кху сан эвлан
Кешнийн кертахь-м
яц-кха хIоллам гойла,
Ткъа мел бу уьш
ХIаллакьхилларш, мичахь бу ца хууш –
Дакъазбевлла кхолламаш!

Кху дуьнен чохь,
Эзар сибат долчу кху дуьнен чохь
ХIун ца хуьлу? –
Сан юьртахой дукха
эгна тIеман кIуьрлахь,
Амма кешнийн кертахь
хIолламаш ца го!

Эгначарна
Кхоьруш ву со иза дIахаарна…
Ас, цундела,
Дешнех бина хIоллам –
иллеш сайн даг тIера –
Нехан эхьан кертахь хIоттабо!

БОЛТУКАЕВА Зараъ

Болтукаева Зараъ йина 1979-чу шарахь Теркан кIоштан Калаус юьртахь. Цигахь ишкол чекхъяьккхинчул тIаьхьа Соьлжа-Г1алахь хьехархойн колледж а, Ставрополехь хьехархойн институт а чекхъяьккхина. Белхаш бина юьхьаьнцарчу классашкахь хьехархочун а, кхетош-кхиоран декъан гIоьнча а йолуш. Каларчу хенахь ша дешначу а, болх бинчу а ишколан куьйгалхо ю.

Нохчийн а, оьрсийн а маттахь байташ язъян йолаелла жимчохь дуьйна. Зараъа дуьххьарлера язйина байт хьалхе кхелхинчу шен нанна лерина яра. Зараъан нохчийн матте а, литературе а безам кхоьллинарг цуьнан ненайиша ю. Иза нохчийн меттан хьехархо яра. Рифма ярхьама вовшахтесна дешнаш а доцуш, Зараъан байташ къаьсташ ю исбаьхьчу васташца, шатайпанчу басаршца, лирикин чулацамца – иза коьрта ду поэзехь. Дала кхолларалле хь кхиамаш совбохийла хьан, Зараъ!

Iаламан хазалла

Тийналлехь чиркх хилла,
беттаса лепа,
Мархийн мотт биллина,
седарчий къиэга.
БухIа ю дитта тIехь цхьа къора екаш,
Юкъал тIехъялла ю буьйса дIайоьдуш.

Стиглара комаьрша нур лаьтта Iенаш,
Лечкъадеш бус-буса сан мерза гIенаш,
Безаман куьзга хьо, беттаса ду?
Я ду хьо, мерзачу набаран къу?

Ас ла мел дийгIи а совъюьйлу гIовгIа,
Цаьпцалгаш евлла ю бацалахь ловза,
Пхьидаш ю иллешца айъина Iам.
Наб яйна Iаламе ладоьгIуш сан.

***

Мила ву ойланехь беральле кхачаза,
Берзинчу когашца ченалахь идаза?
Мила ву аьргачу стоьман чам баккхаза,
Зазашлахь тхи эгош бацала хьийзаза?

Мила ву гIелвелла набарна велхаза,
Нанас шен аганан и илли аланза?
Малх делкъе баллалца вижина Iиллаза,
Мила ву де довхехь
лечкъаргехь ловзаза?

Мила ву берашца хийла дов даланза,
Юкъа хан ялале и дов дIадерзоза?
Мацвелча шен хенахь чуверза кхетаза,
Баьпкан юьхк жимачу
шен буйна къийлаза?

Мила ву мархашка кхача са тасанза,
СтелаIад схьакъедча
цунах кхаъ хиланза?
Мила ву нанас шен чов йоцу дов данза,
Мила ву ойланехь бераллех хьегаза?

***

Ма мотта даимна хьайна тIех дуьйлуш,
Кхечеран керташкахь лаьттар ду вуо.
Со ялархь, хьо валархь
цхьа цец ца вуьйлуш,
Замано кхин дIа а боккхур бу гуо.

Ахь дика диначо – гечдар а доьхуш,
Хьоьх зулам даьллачо кхайкхаеш кхел.
Ца йинчу Іамална
дохко хьо вуьйлуш,
ХІуттур ву шен хенахь
Далла дуьхьал!

Ма яйъа минот а, пайдехьа йоцуш.
ЦІеначу нигатца доладе де.
Дуьсур дац диканиг баркалла доцуш,
Дозаллийца йоккхур ю наха хьан цІе!

***

Буьйса тийна. Байна чиркх.
Тийналлехь доІа деш Нана.
Ша ца йоьху…ваьлларг сих…
Дуьра хи ду кийчча Іана.

Корах детташ декъа гІаш,
Гуьйренан мох ловзабаьлла.
Гора хиъна Нана Іаш,
Буьйса юкъал гена яьлла.

Куьйга хьийзош суьлхьанаш,
Леррина ладоьгІуш кетІа,
Нанас доьшу къулханаш,
«Шах-тата»... кІант вогІуш хета.

Хийла хІума… масане,
ШайтІано хьийзадо коьрте.
Нана Іаш ю гІайгІане,
ЛадоьгІуш кІант варе керта.

Мацца хеза доьллуш ков,
Кхаъ хиларца гІотту Нана
КІант шен хІусамехь дІавов,
Нана йоьду агІоръяла.

Буьйса тийна. Шабарш деш,
Шен сина декъаза Нана
Везчу Далла хастам беш,
Лечкъабо шегара бала.

***

Нана, хьо санна, со хир юй-те йоккха?
Хоьттура бераллехь,
са доккхуш доккха.
Суна ма лаьара мархашка кхача,
Стиглара стелаІад куьйга схьалаца...

Со сиха хиллера, кхета со хІинца,
Маржа-яІ, хан юха ерзо йиш хилча,
Хьан марахь мерзачу набарна товжа,
Ахь лучу йовхонан кхин
цкъа чам бовза...

Сан даг чохь безамца кхиийна бІаьсте,
Зазашлахь кхолура ахьа со, хьостий.
Нана, со йижош ахь дийцина туьйра
Дисина бераллехь, ши ког а Іуьйра...

Бералле неІ…

Еллийша цкъа суна бералле неІ,
Дечиган ков делла зезагийн беша.
Мел гена хиларах цунна тІе некъ,
ГІел ца луш, бийр бара аса, ца тешаш.

Кхаъ хилла, ца кхеташ когаха ког,
ГІур яра Да-Нана дехачу кхерча.
Сатесна, гІелделла Іабош сайн дог,
Йиначу сай Нанна цкъа марахьарча!

Стиглахь тІечевхича оьгІазе ткъес,
Со Дадин букъа тІехьа лечкъар яра.
Жимачохь ца дина хІуманан иэс,
Ден къамел-кицанийн барамехь дара.

Берашца эгадеш бацалахь тхи,
Полларчий къехкадеш, со хьийзар яра.
Кегадеш Іаьмнаш чохь гулделла хи,
Малхбузу хан хиллалц, тхо ловзур дара!

ГІелъелла Іехийча со набаро,
Нанас со дІайижош туьйра долийча,
Доьху, аш сама ма яккхалаш со,
Йиталаш Нана и дерриге дийца!

Бералла

Ас мичахь леха-те
сан аьрха бералла?
Шераша тишдина жималлин тІай.
ХІумма ца хиллера
хьоь кхочуш мехала,
Муьлхачу некъа тІехь
хьан лар дІаяй?

Леха ас кетІарчу
тІулгашлахь, ченашлахь?
Я леха сийначу, кІедачу бацалахь?
Я нанас мохь тоьхча со едда яханчу,
Хьаьвзина боьдучу
бехачу цу новкъахь?

Йиси те бералла гунашца идинчохь?
ЦІазамаш лехьадеш
самукъадаьллачохь?
Я мачин чимчаргІаш
даьстина леллачохь,
Йиси-те бералла некъ морзахболучохь?

Йиси-те бешара дитта кІел хиъначохь?
Лечкъина йиси-те
лечкъаргех левзинчохь?
Я маьнги тІехь дижош
лелийнчу тайниган
КІажараш юцуш ас
цунах дІахьаьрчинчохь?

Бешара дитташа хийла гІа тосур ду,
ЦІазамаш лехьадеш хийла бер
кхуьур ду,
Шераша къарвина хьо хене ваьллачохь,
Бераллех ойланаш
коьрте шаьш хьийзар ю.

Нохчийн пондар

Хестабеш вайн Даймохк,
озийча пондар,
Йилбазмохь хилла даьржича аз,
Там хилла техкаш го хІора а кондар,
Тап-аьлла ладугІуш къанбелла наж.

Хьо деза кхоьллина ду, маьлха дуьне,
Айъадо пондаро къонахчун дог,
Цкъа боьдий боьлху и,
буобер а хуьлий,
Ткъа юха хьовзабо хелхарехь ког.

Суьйренца дуьйцу цо безаман туьйра,
Кегийрхой гулбелча шаьш шовдане.
Динбере воссаво хиинарг нуьйра,
Хаза йоІ яьккхина ша ойлане.

БІешерийн теш хилла
ширъелла бІаьвнаш,
Лаьмнаш т1ехь йис хилла
оьмаран дохк,
Ца хастабо цхьаммо,
хІай Нохчийн пондар,
Ахь санна, са лоцуш, Нана-Даймохк!

ХИЗРИЕВ Адам

Къолам

Пайда бац къолам схьаэцарх,
Цу буха кIайн кехат лецарх,
Дегаза баькхина уьрсах,
ДIаязде бахарх ахь ирсах.

Эца бац хьо башха беза,
Механа ца хиллал реза.
Дош охьадилларх а говза,
Буо санна дуьсу хьан йоза.

Ахь дуьйцу байташкахь хьоза,
ЙоIана кховдийна роза,
Даймехкан лардина доза.
Некъ буьйцу диканиг довза!

Деса дош дуьту ахь цIовза,
Дихкина кехатца ловзар.
Хуур ду хьан амал йовза,
Бегашца бинехь цуо къовза.

Аьрта даш кехатна терса,
ХIоттийна нийсонан терза.
Хийла хьо тарбели барзах,
Ца кхоьруш тухучу герзах.

Мах бу хьан дешел а беза,
Нагахь дош яздинехь деза.
Бакъонна ца хиллехь Iеса,
Кхиадеш йозанан хесахь.

Моьттура

Моьттура хир ву суо кийча,
Муьлхха а хазалла йийца.
Хьежамехь ойла тIекхиъча,
Моьттура каде ву дийца.

Ца хIутту къолам дIахеца,
Собаран васт доцу шеца.
Лаьа-те ойла дIаэца,
Цу йоьIан де-буьйса хийца?

Шовданах цхьа кана эцна,
Са ду хьан ийманчохь сецца.
Комаьрша ши куьг ду хецна,
Халкъана хир ю хьо яьцна.

Керт юцуш элпаца, дашца,
Дуккха ду яздан хьох лаьцна.
Хьайн цIарах могIанаш дешча,
Ца къежаш хир ю, бехк лаьцна.

Тов ахьа зезагаш дийцар,
Аренца полларчий лецар!
Тов суна хьо дагалецар,
Хьо хестош поэзи йийцар!

Дегнаш шайн даста

Вас хилла дегнаш шайн даста,
Мацах цкъа човхийнарг хьаста.
ГIура а дIайолу бIаьста,
Хьуьнар ду цуьнан ша баста.

Аш уьйрийн сенаш ма цеста,
Кхуьур ду вай вовшех къеста.
Мискачо дойла вай хеста,
Куралло ма дойла леста.

Дика шайн вуочуьнца дуста,
Юкъара нехан дов листа.
Лаьцнариг дуьненан дуьрста,
ДоттагIех ма гIерта къеста.

Уьнах ша цIена ю бIаьсте,
Йирзина хазачу васте.
Сихаллехь бина шад бастий,
Дахалаш, оьгIазло ястий!

Дош

ХIай, ца олуш дитна дош,
Ца лоцу хьо наха теш.
Дешица хьан мах хадош,
Хеза хийла, хьо хестош.

Ткъа, ч1агIонна делла дош,
Чолхе ю хьан амалаш.
ХIунда ду хьо ха хоьрцуш,
Кхардош хьайха адамаш?

ХIай, машарна аьлла дош,
Къонах хилла хьо кхиош!
Ямартлонна тухуш даш,
Ца хилла хьо са кхоош.

Синна кхача дIакховдош,
СагIийна а ду хьо дош.
Диканна а мах хадош,
Нийсо даге дIакхачош.

Ойланаш

Со тIаьхьа вуьсуш ву-теша,
Ца кхуьуш хьан ойла еша?
Я кхечо эли-те еза,
Хьан цIарах кхоьллина йоза?

Іуьйранна декале хьоза,
Хьал-де цуо хоьтту-те говза?
Хьан ойла яькхи-те ловза,
Ца юьтуш набарна товжа?

Хьаьшна-те безаман доза,
Хьан кара кховдийна роза?
Вайшиннан кхолламан йоза,
Диси-те бердах чу кхаза?

Нохчийчоь

Дуьненан овголах цхьа дакъа лаьцна,
Нохчийчоь, лом санна, садоьIуш лаьтта!
Тхан даг чохь еха хьо, синошца, цIийца,
Лаамца хьох хаьдда кхин мохк бац хийца!

ХIоразза оьмарехь цкъа бала буссий,
МостагIчо ницкъ оьхьуш тхоьца хьо
къуьйсу.
Хьо ларъян йихкина гIодаюкъ ца яста,
Сих къаста реза ду, хьох дIа ца къаста.

Кегийчийн, баккхийчийн цIийх
Іаьбна латта,
Хьан кийра бирзи уьш, даккханза лахьта.
Ден, ненан юьхь ганза хийла кIант кхиъна,
Ненан чурт ша хоьттуш, йоIа са диъна.

Цаевзачу йоккхуш, хьан хIусмаш эти,
МостагIчо хийлаза Іазапе леци.
Эзарза юьйжи хьо, эзарза гIаьтти,
Доьналлех йоьхна, хьо гуора ца хIоьтти.

Ун деъна мур

Мичахь ю харцо хьо, дуьнен чохь лелларг,
Дилли-те батта чу лестийна тур?
Адамийн гIелонах цкъа а цаIаьбнарг,
Муха лов ахь хIинца ун деъна мур?

Мичахь ю куралла, цхьаннех цаяьшнарг,
Карийний-те хьуна дIалачкъа бен?
Мичахь ду дозалла, лакхалла езнарг,
Дуьйжи-те лаьтта хьо, къаьхкина дин?

Мичахь ю майралла, «Аса», «Со» баьхнарг,
Са къайладели-те кIажошна кIел?
Мичахь ю моттаргIа, хIилланца яьзнарг,
Еллий-те мекара ойланаш гIел?

Къинхетам боьссина бала дIаэцча,
Зуламо къагор-те шен бергийн лан?
Юха а гIоттур-те маьрша, ког хецна,
Мел лайнарш дуьсур-те, шех хилла гIан?

Дешнийн чимчаргIа

Ахь дешнийн чимчаргIа дагах чекхдохуш,
Шадбеш тIеийзарх а, чов ерзалац.
Вайн безам кхиийна ирзенаш охуш,
БаI кхион хIу тийсар ахь дицлуш дац.

Ойла сан хIинца яц диканиг хьоьхуш,
Собаре сихалла эшалуш яц.
Бехказе хезаден хьан дешнаш лехьош,
Барзбина, беза мохь соь текхалац.

Шалха хьан некъашкахь бакъонаш лоьхуш,
Эрна хан ас хьоьца кхин йойъур яц.
Цхьаллехь со висарх а, махо а лоькхуш,
Юьхь хабош, ас сайх хьан дог кхардор дац.

Ломара некъаш

Аьрзуна, мохь олуш боьранаш декош,
Гора-те вайн дайша мостагIий эгош?
Маршонна дIадала Даймехкан декхарш,
Хийлаза цистина ломара некъаш.

Барзо лар йитначохь йоьттина бIаьвнаш,
Мосазза ги шуна йихкина чевнаш,
МостагIчо харцонца гIиттийна девнаш,
Эрна цIий Iенадеш, хIиттина Iаьмнаш?

Баланаш Iаьткъина къежделла лаьмнаш,
Муха аш лайна-те буоберийн аьзнаш?
Ткъа наной схьагича бIаьрхиш а легош,
Хоршано хьовзийна хилла-те дегош?

Вертано къагийна топ карахь а къуьйлуш,
Кхайкхаза веана зуламхо эшош,
Дог майра къонахий доьналла къуьйсуш,
ГIаролехь лаьттина, аьрха дин сецош.

Луьрачу тогIешкахь тIеман гIирс дебош,
Маршонан иллица пондар-аз декош,
Мехкарийн сий лардан яссаеш гIепаш,
Вайн дайша Махкахь ца байтина бегаш.

Хезна дац хьаннашкахь борз гIийла цIийзаш,
Гина дац аьрзуно охкийна тIемаш.
Нохчо а хилла вац къийсамехь хебаш,
Довхочо букътоьхча хилла вац тебаш.

Бицбала ца туьгу хилла цатемаш,
Харцонаш Iаьвшина къахьаллин чемаш,
Зуламо некъ бина къагадеш ленаш,
Диллина латтийна тезетан кевнаш.

Керла цIерш

МАГОМЕДХАДЖИЕВА Есира

Магомедхаджиева Есира Нохчийчохь дика евзачу ширачу Сесана юьртара ю. Цу юьртан юккъера ишкол чекхъяьккхинчул тIаьхьа, цо дешна НПУ физикин-математикин факультетехь. 2015-чу шарахь иза кхиамца чекхйоккхий, Есира хьомечу юьрта юхайоьрзу, ишколехь физика а, информатика а хьеха.

Нохчийн маттахь стихаш язйан йолайелла ишколехь доьшуш йолуш, шен 14 шо кхаьчча. Царах цхьаерш араевлира «Нана» журналехь а, «Синмаршо» цIе йолчу къоначу поэтийн гуларехь.

Магомедхаджиева Есирин стихашкахь къеггина гуш ду иза вайн нохчийн поэзехь ларамза нисйелла некъахо цахилар, иза вайн нохчийн матте а, къоман историга тидамца хьоьжуш хилар. Цо шен говзарийн матта юкъа даладо дуккха а шира дешнаш. Ткъа ишшта вайн халкъан дIадаханчу дахарехь хилларш, лелларш а. Вайн заманан лехамашка хьаьжжина шатайпа маьIнаш а дохуш. Ишшта цуьнан стихашкахь шоллагIа дахар карадо нохчийн халкъан барта кхоллараллин турпалхошна.

Шуьйра ду Есирин поэзин дозанаш: йоьIан экамечу синхаамаш тIера къоман турпалаллин историн хьаьркашна тIе кхаччалц. Ша муьлхха тема йастахь а, цхьа башхалла бIаьрла йолу къоначу поэтессин говзаршкахь – даима а даггара хилар. Иза коьрта ду поэзехь.

ХIинца цунна тIехь ду, шен кIорге ойланаш дешархошна ма-ярра йовзийтархьама, шен васташна тIехь, уьш къагош, ца оьшу чолхаллаш дIайохуш, хаддаза къахьегар, нохчийн меттан грамматикех долу шен хаарш лакха а дохуш.

Ахмадов Муса, Нохчийн халкъан яздархо

Бералла

Хьох маца къаьсти со, муьлхачу дийнахь?
Сингаттам буьтуш хьайх, йиси хьо генахь.
Ас стенгахь йити хьо, муьлхачу хенахь?
Хьо лаха йогIу со мерзачу гIенах.

Хьан керта ког боккху, сайн ирсан йисна лар лоьхуш.
Суо карий хьан кертахь, тайнигна кучамаш хоьржуш.
Бацо дIахьулбинчу когашкахь социйла доцуш,
Суо карий хьан кертахь, коьртехь кхин гIайгIанаш йоцуш.

Хин йисте хьаьддачу сайх йоьлуш, со керта хьоьжу,
ТIех сиха хиларна, лаамза новкъахь ю соьцуш,

Сан нанас йиначу кIажарах тасалуш коьллаш,
БIаьрг акха хьаьжначохь, дIакхийти диттах сан корта.

Куьг хье тIе диллича, карайо яьлла цхьа чуьппалг,
Сихъелла яьсси чу оьккхушехь, такхийна тударг.
Бацала йолушехь, нитто сан ларбукъ а къовзий.
Аьрха суо хиларна, хийла сан дегIан чкъор Iовжий.

ЦIайоьрзу схьакъедча дуьххьара стиглара седа,
Ца хууш юьсур юй кестта кху суьйренах хьега.
Тохало цу хенан цIена дог, тIам лоцуш кевнан,
Чукхочу, сурт хIуьттуш дийр долчу хьакъ долчу девнан.

Ткъа муьлха де ду ас тIаьххьара даьккхинарг ловзуш?
Муьлхачу суьйренца Iодика ас йина хьоьца?
Эзар сов шо даьлча санна, и дицделла суна,
Со хIинца йисина тийналлехь, мIаьргонаш леца.

Хьан керта кхачарах сатесна, ас дехар до
ТIелаца хьайн хьаша, левзина яьлла яц со.
Со генайоккхуш ахь човхайо, ас юхабоккху сайн ког,
Вай-м хIинца хийра ду, кхийдарх хьан хене сан дог.

***

Дечиган паднар йу рагIу кIел, ша цхьалха лаьтташ,
Аннаш ду хьулдина, тIехула къорза куз лоцуш.
РагIуна аьррухьа сийначу хьочан дитт лаьтта,
Даьржинчу генашца гонаха IиндагIа хьоьрсуш.

Кху кертахь йаьхначу марзонан теш йу-кха хIара.
Йуха а жималлин бIарлагIаш дуьхьала хIуьтту.
Кху кхерчахь лардинчу ламастийн лар йу-кха хIара,
Сан дедас дийцинчу туьйранан довха аз гIуьтту.

Тахана-м эхь хета бер санна, йуьстаха лаьтташ,
Дог дуьйлу карзаха, иэсера мIаьргонаш ледош.
Сан Воккха Дада ву паднаран баьрчче а хиъна,
Къеначу куьйгашца Iасанан онда мукъ къуьйлуш.

Къорзачу кузаца хьулйина паднар йу лаьтташ,
Шераш мел дIаэхарх, рагIу кIел ца елла хийца.
Къандаларх къар ца луш, сийначу хьочан дитт латтарх,
Генаша хьаьрсинчу IиндагIехь ирс хьийзац хIинца.

Нохчийн иэс

Сайн иэсах эхь хета-кх суна, сайн иэсах ийзало со...
Весеташ кхайкхочу цунна, соьхь йолу ледарло го.
Бац иза сан дагалецам, ас лайна хало а йац,
Нохчийн иэс ду аса дуьйцург, лийр дац и, дицдийр а дац.
Нохчийн иэс – селхане майра, къонахчо ларбина кхерч.
Вай ду-кха цу иэсан бераш, и лардар декхар ду вайн.
Сан иэс ду – лийхинарш Маршо, Нохчалла ца йухкуш шайн,
МостагIчо лелийна харцо, йовзуьйтуш амалаш лайн.
Нагахь, вай дицделла хьовзахь, со теша, гIоттур ду иэс –
Нохчийчоь шех тешна кIентий, хеназа кхелхина берш.

Вайначунна

ЦIаваре сатийсар бIаьрзечу тешамо кхуллу,
ТIаьххьарчу дешнашца хан юьллуш дIавахча санна.
Шеконех дахаран бодане набахте хилла,
Беа сонийн гаттонехь ойланаш хьерсало кана.
Маьрша вуй? Могуш вуй? жоп доцу ладаме хеттарш
Йоккхачу къайлено кхиийна сан дагца ачо.
Вайн къомо шен цIийца лийхинчу маршонан цIарах,
Сийлахьчу толамца бакъоно йойийла харцо.
Сатийсам. Сатуьйсуш кхаьънашка, дай-наной кхелха:
«ХIай Дела, тIепаза байъи-кх тхан эзарнаш безарш»
Кхаъ бохьуш хаамца йолахьа Нохчийчу бIаьсте,
Сан къомах бехказа къастийнарш юхацIаберзош.
ТIом бу-кха бехкениг... Хьулйарх а, тIеман лар Iоьху.
МостагIа... ТIех кIеда дош ду-кха дIайийца эрчо...
Дайн кешнийн керташа ца тоьу баьрзнаш схьадоьху,
Лазаман сайн бIаьрхих тоьгу ас хIоранна марчо.
ДоIане уьйъучу куьйгаша бакъ довзар доьху...
Харцоне и дехар – есалле эрна мохь беттар.
Амма бакъ денлур ду мацца а сан мехкан лаьттахь.
Цу кIиллойн арданго кхоамза къиза ка еттарх.

***

КIадъелла,

Дуькъачу дахкарлахь дашо суй леха,
Букарчу белшаш тIе дазделла дахар...

КIадъелла,

Ледарло кIезиг йан бахьанаш лехьо,
Бакъ хила хьо лаар, цхьаъ ду-кха бахьна.

КIадъелла,

Мокхаза тIулгах сайн дог тардан гIерта,
ХIора а шога дош майра тIелеца...

КIадйаларх,

Аса-м, ахь бIаьрг къовлуш шах-тата лоцу,
Лерсине кхочу и, Iехаеш ойла.

КIад-м елла,

Амма, ма ницкъ оьшу-кх къастамна гIитта...
Къарло со, гул а дой тешаман цинцаш.

***

Мархаш тIетевжинчу батте дIахьаьжначохь,
Йийсаре леци цуо сан аьрха ойла.
Лаамаш дарбина, геналле кхевддинчохь,
Даго а лоьху-кха шен синтеме гIовла.

Цхьа кIеззиг хан ели...бутт хьулби бодано,
Сан дагалецамаш жоьпалле ийзош.
Цкъа мацах синцIа чу йоьссинчу шелоно,
Тийжамаш гIиттабо, мехашца цIийзош.

ДезткъеI массийтталгIа де кIоже кхаьчначохь,
(И денош лардар а йу-кха цхьа къайле.)
Таханен мах хадон суо коре хиъначохь,
Синтем ас кхийдабо сайн карзахалле.

***

Хьайх тешар дитахьа суна,
Сох тешаш цахиларх хьо.
Суо иэшар ца оьшу суна,
Хьуо иэша йитахьа со.

Ойланаш лору ас хьуна,
Биэн хеташ вацахь а хьо.
Суо езар ца оьшу суна,
Хьуо веза йитахьа со.

Хьуо вицван магийта суна...
ГІаддайча ас эр ду и.
Цунах а там хиларх хьайна,
Суна ма магийта и.

***

Со хІинца дІайоьду, ца ян кхин юха,
Бовш болчу безамна
тІаьхьа ца хьоьжуш.
Со хІинца дІайоьду кІордийна яха,
ХІора а гІалатах хьоьга жоп доьхуш.

Тахана сацам бо ас хьох дог дилла,
Хьевзар яц ойла сан, хьо маьрша хила.
Эрначу ловзаршна ас тІадам буьллу,
Соьца хирг – сан цхьалла,
хьоьца – хьан хІилла.

Со хІинца дІайоьду, ца ян кхин юха,
Ца хьожу тІаьхьа со, къинтІера ца яла.
ДІайоьду сайга кхин ца дайта дехарш,
Хьох тешаш йисарна дохко ца яла.

***

Со-м йиси ца карош сайн деган цхьалхаллин доза,
И денна кхиарца дийзи сан халонаш йовза.
Марзъели шогачу дешнашна гІийла садетта,
Со Іеми халоно йожийча, когаш тІе хІитта.

Кечъелла кІело йан, сан новкъахь цхьалхалла лаьтта,
ХІилланца бІаьргаш чу хьежарца, со гІийла хеташ.
Суна малх ца лепа, суна тІе шийла дерз серса,
Лаьтта со, сайн ойла Іехайан бахьана лоьхуш.

Цкъа мацах хьошалгІа деана ирс хилла соьца,
Со шех дІайоьллачохь, Іодика соьца еш дага.
Къу хилла сан хьаша, лачкъий цуо рицкъанан седа,
Дехкарца оьмарехь, цкъа суна маршо луш, къага.

Юбилей

Кхолларалли шовкъехь еха журналист

ТІаьххьарчу шерашкахь вайн Нохчийн Республикехь, Россин тайп-тайпанчу мехкашкахь, дозанан арахьа а сих-сиха зорбанера араюьйлу Іилманчаша, яздархоша, публицисташа, политологаша Нохчийчоьнах, нохчийн къомах язйина дуккха а статьяш, книгаш. Церан чулацам а, Іалашо а тайп-тайпана бу, авторийн похІмане, амале, хьежамашка а хьаьжжина. Хетачунний, моьттачунний, аьллачунний, баьхначунний, хила тарлучунний тІе а тийжаш, шайна хетачух бакъдерг а дина, кхечеран бакъдерг, къоман лаам, Іер-дахар емалдина, тахана а я кхана бакъдерг а хилла даха йиш йоцчу дешнех вовшахтесна книгаш ю царах дуккха а ерш. Гинарг, хезнарг ойланехь литтаделча а кхачаме дац, нагахь харц-бакъ а къасто доккха хьекъал, ира кхетам бацахь, шена девзинарг, ша тІаьхьакхиънарг йозанца кехат тІе охьадилла доьналла дацахь, ша дуьйцург ма-дарра орамера, чуьра дуьйна довза а девзина. ЦІена нигат, хаарш, доьналла, похІма а цхьаьна дерг наггахь бен ца хуьлу кхолларалли адамашлахь. Иштачарах цхьаъ волчу нохчийн халкъан яздархочо Айдамиров Абузара, Нохчийчуьра юкъараллин-политически хьал хьахаделча, тобанашка бекъабеллачу нохчех ша гІайгІанца, сингаттамца къамел деш, олура: «Нохчийн къоманна оьшуш беана бацара хІара ши тІом. Вайна кочатесна бу хІилланечу, сутарчу политикаша. Кху балех довла вайна лаахь, дІай-схьай лелхар а дитина, яьржина ойланаш гулйина, бакъдерг дийца деза политикица шайн дахар мел доьзначара, уггар хьалха чубаьхкинчу а, кху чохь болчу а журналисташа. Дуьненахь дІадовзийта деза бакъдерг, вай ловш йолу халонаш, къизалла. Халахеташ делахь а, иштанаш кІезиг бу. Уьш кІезиг ца хиллехь-м хІара тІом бала бахьанаш гулделла а хир дацара. Ша зуда йоллушехь, бакъдерг яздан ца кхоьру журналист, публицист Газиева Аза. Доьналла долуш журналист ю иза. Цо санна статьяш язъеш кхин а пхи-ялх журналист велхьара, цхьадолу бакъдерг мукъане а девзар дара Дуьненахь». Йоккхачу политиках, бехк-гуьнахь а доцуш хІаллакбинчу доьзалех, нохчийн мухІажарех, цаьрца лелочу харцонех а А. Газиевас язйина статьяш ша ешча, аьллера и дешнаш Абузара. Дашца а, гІуллакхца а шена хІокху Дуьненахь цхьаьнгара орца кхачаре нохчаша сатуьйсу хан-зама ю иза. Оьшшучу хенахь а, шен меттехь а ца аьлла дош, дахкарлахь кхоьссина топ санна, дов. Шен хеннахь а, шен меттехь а аьлла дош, даш санна, деза а, дезаш а, оьшуш а хуьлу. Цуьнга сатуьйсучу халкъанна муххале а. Халкъан кхолламан чолхечу

муьрехь орцане а, дарбане а дара Газиева Азин дош, ша бIаьрсине а, лерсине а мел кхаьчначийн кханенах дог тешош, Делан диканах дог ца дуьллуьйтуш. Соьлжа-ГIалахь, Соьлжехь, Алдехь, кхечу нохчийн ярташкахь, кIотаршкахь а бехачара лайна харцо, къизалла Iорайоккхуш, тIепаза, доьзабайначийн лараш лоьхуш, гездора Нохчийчуьра некъаш Газиева Азас, герзах а боттабелла, маларо кхетамах баьхна, карзахбевллачу эпсаршка, салташка а блокпостехь: «Со нохчийн журналист ю!» – олий, тоьшалла дIа а уьхьий, стешхаллах ларлуш, цаьргахьа букъ а берзош. Хьалха шена бевзаш хиллачу дуккха а журналисташца, керлачу политикашца цхьаьнакхетарш, Нохчийчохь долу юкъараллин-политически хьал дийцаредар а сих-сиха хуьлура Азин. Царах цхьаболу журналисташ Нохч-ГIалгIайн АССР-н телевиденехула а, радиохула а йолчу пачхьалкхан комитетан режиссеран гIоьнча ша йолуш, вуьйш – Хьалха-Мартанан кIоштан а, республикин юкъараллин-политически «Даймохк» а газетийн редакцешкахь болх бечу хенахь а, ша кхечу газеташца, журналашца кхолларалли зIе латтош а, уллера бевзинера Азина.

Газетийн агIонаш тIехь хIетахь араюьйлучу статьяша Нохч-ГIалгIайн республикехь йовзийтина ца Iаш, Къилбаседа Кавказехь а йовзийтира Азин цIе. Цунна оьшшу дош карадора Iедалан векалийн белхан кхачамбацарех ала а, хьанал-цIена къахьоьгург хасто а. Маьршачу заманахь язйинчу статьяшкахь таллам, хаарийн шоралла, кIоргалла а, адамийн дахар-Iер дикка девзаш хилар, орцахъяла кийча хилар хаалора. Оьшшучу хенахь иза орцах а йолура. ДIадаханчу бIешеран 90-чу шерашкахь цхьайолу тобанаш орцахъевлча, уьш собаре кхойкхуш, зулам махкахь ца даржийта гIерташ, информационно-аналитически статьяш язйира Азас.

Азас театрах, литературах, артистех, актерех, яздархойх язйинчу статьяшкахь дерриге а керла ду, лехна а, карийна а бакъдерг церан чулацамехь дуккха а долу дела. Мила, маца, муьлхачу ролехь, муьлхачу спектаклехь дика я вон левзина дика а, говза а дийца, яздан а хаьа Азина. Оьрсийн, нохчийн, кхечу къаьмнийн а литература, театраш, актераш а дика бевза цунна. Уьш бовзаро гIо до цунна шен хаарш лаккхарчу тIегIане кхин а тIе кхио, шордан. Журналистан корматалла, похIма, говзалла кхиар гуш ду хIора а статьяхь. И хаарш, говзалла а ийшира Азина НР-н къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерствон зорбанан декъан куьйгалхо ша йолуш. Республикехь оцу заманахь ара мел долучу газеташна, журналашна тIехь терго а, Iуналла а латториг шуьйра хаарш, лаккхара говзалла йолуш, ша кхочушдан кхечарна тIедуьллург, лехамаш ша а бевзаш хилча, редакторийн а, журналистийн резабацарш, дегабаамаш кIезиг хуьлу я хиллане а ца хуьлу. Азас шайга дуьйцург, тIедуьллург, Дош а хеташ, ларамца тIеоьцура редакторша, корреспонденташа а. Газетийн, журналийн а куц-кеп, чулацам дика хилийта Iалашо йолуш, Азас а, цуьнан белхан накъосташа а бина болх жамI дика долуш бара. Цундела ларамза дацара НР-хь арадовлучу газеташа, журналаша Къилбаседа Кавказехь, Россехь а дIабаьхьначу къовсамашкахь толаме меттигаш яхар. НР-н къоман политикин, арахьарчу

зIенийн, зорбанан, хаамийн министерствон зорбанан декъан куьйгалхо болх бина ца Iаш, Азас «Зорбанан ЦIийнехь» вовшахтухура яздархойн дахаран некъашна, кхолларалла шна лерина цхьаьнакхетарш, литературин суьйренаш, керла книгаш йовзийтар, цхьайолу исбаьхьаллин произведенеш йийцареяр. Нохчийчохь наггахь а кIошт яц цо «Нохчийн меттан де», «Нохчийн ненан Де» – тIекхочуш, цхьаьнакхетарш вовшахтоханза а, дIадахьанза а, шеца цхьаьна поэташ, артисташ а болуш. Керла схьайиллинчу «Даймохк» телевиденехь Азин проектийн бух тIехь кхоьллина дуккха а дика нохчийн маттахь передачаш евлира эфире. Аза коьрта редактор а йолуш пайде, говза а кхолларалли н болх бира къоначу журналисташа. Яздархойн произведенийн исбаьхьаллин меттан хазалла йовзийтина ца Iаш, турпалхойн васташ довзуьйтура оцу передачашкахь литература дика евзачара. Телехьовсархошна дуккха а керланиг девзира яздархойн Исаева Мареман, Курумова Селимин, Iилманчин М. Чентиеван, нохчийн дуьххьарлечу журналистан Саракаева Мареман и. дI. кх. дахарх а, кхолларалла х а. Царах а, кхечу нохчийн зударех а «Со йиц ма елахь, Нохчийчоь!» – книга араяькхина Азас, дешхьалхенехь хIара дешнаш а яздина: «Кху жайни чохь вай хьахийнарш бац, йоI хилла, йиша хилла, нус хилла, хIусамнана хилла я шен доьзалан нана хилла, дахарх кхачо йина, севцца турпалхой. Царна шайн дахаран декхарш мелла а шуьйра го. Хийла зудчо а, стага а бIокъажор болу дахаран чолхалла турпалаллица эшош чекхбийлина уьш-шайн синош Дала къоман дуьхьа, Даймехкан дуьхьа кхоьллина хеташ долу Адамаш… Оцу мехкарех хIоранна а бакъо ю ала: «Со йиц ма елахь, Нохчийчоь!», амма церан лаам – Iалашо – «Ирсе яхалахь, Нохчийчоь!» Царах хIора а вайна юьхькIам бу! Уьш хьакъ бу шайх дозалла дан. Баккъалла а вайн мехкан дозалла ду царах хIора а. Сан дехар ду шуьга – безаш, уьш тIеэцар».

«Зорбанан ЦIийнехь» и книга йовзуьйтуш дакъалаьцначара лаккхара мах хадийра цуьнан, нохчийн сийлахьчу зударшна дика хIоллам а, церан йиша-вешина, верасашна хаза совгIат ду «Со йиц ма елахь, Нохчийчоь!» – аьлла. Ша телевиденехь, газетийн редакцешкахь болх беш йолуш а, карзахе денош, шераш а Нохчийчу даьхкинчу хенахь а бевзинчу журналистех, шен уьйр-марзонаш, доттагIалла хиллачех, уьш дагалоцуш, «уьш бара, уьш баьхна», – бохуш, дегалазамца, дегаIийжамца статьяш, очеркаш шен язъян дезар ду, аьлла, дага а ца деанера Азина. Царах цо язйина статьяш, очеркаш цхьа шатайпана безам, аьхналла, йовхо, марзо шайца хаалуш ю, массо а дош даггара а, доггах а яздина дела. Царах хIора а ваха лууш вара, шайн берийн, берийн берийн а диканах воккхавуьйш, машаречу, ирсечу Нохчийчохь. Бакъдерг адамашка дIакхачо, халкъанна а, махканна орцанна арабевллачохь Iожалла тIеэцна цара, шайл тIаьхьа шаьш аьлла, яздина дош а дуьтуш. Соьлжа-ГIалахь, журналистийн бешахь, хIара дешнаш тIехь а долуш хIоллам бу лаьтташ: «Журналистам, погибшим за свободу слова. Шайн метта даха аш дитина дош…» Телевиденехь, радиохь, газетийн, журналийн а редакцешкахь болх беш, хьехархойх, артистех, юьртабахархойх статьяш, очеркаш язъеш, шайн доьзалш безаш, йиша-вешина

уьш безаш, хьанал-цIена бехачу шайн махка тIом кхаьчча, бакъдерг довзийта арабевлча, Iожалло дIабигначу журналистех ю книга.

Iожалло хеназа вайх дIакъестийначу журналистех ша язйина очеркаш вовшахтоьхна, араяькхина «Дешан бIаьхой» (2015 шо, Соьлжа-ГIала) НР-н хьакъйолчу журналисто, НР-н культурин хьакъйолчу белхахочо Газиева Азас, уьш цабевзинчарна бовзийта а, цаьрца уьйр-марзо хиллачарна биц ца балийта а, иэсехь латтийта а.

Нохчийчохь ши тIом болуш халкъо лайначух, къоман сий лардеш гIазотехь дIакхелхину къонахех довха, цIена, хастаме дош аьлла Азас шен статьяшкахь. Ишттачарех цхьаъ ву шен «Рыцарь доблести и чести» (Соьлжа-ГIала, 2016 шо) книгехь Азас хьакъдолу дош аьлла Таьнги-Чуьра подполковниках Баталов Вахьидах, ямартлона, тешнабехкана дуьхьалваьлла, гIазотехь дIакхелхинчу.

Вай лакхахь билгал ма-даккхара, нохчийн культура дика евза Азина. БIеннаш статьяш, очеркаш ю цуьнан вайн къоман культурах, оцу декъехь кхиамца къахьегначу, къахьоьгучу а артистех, актерех, пондарчех, композиторех, суртдиллархойх: XI. Батукаевх, Р. Хакишевх, М. Солцаевх, Хь. Гузуевх, Р. Паскаевх, Н. Хаджиевах, Д. Омаевх, Улабаева Заремех, I. Джамаевх, и. дI. кх. Стохка, 2020-чу шарахь, Соьлжа-ГIалара А. Айдамировн цIарахчу библиотекехь дIадаьхьира Азин «Мукъамийн хьаьрмахь» (605 агIо йолу книга) книга йовзийтар. Цхьаьнакхетарехь дакъалаьцначара лаккхара мах хадийра А.Газиевас бинчу белхан, иштта болх хIинццалц цхьаммо а бина цахилар билгалдоккхуш. Къоначарна ца бевза, баккхийчарна бицбелла, йиша-вешина юх-юха а хьахо лаьа кхолларалли дуккха а адамаш ду довзуьйтуш, цIерш карлайохуш оцу книгехь. Нохчийн культура толлуш, Iамош къахьега Iалашо йолчарна дика хьост, йоккха хазна ю и книга.

Цхьана а дийнахь лехам сацийна яц Аза. Герггарчу хенахь араяккха кечйина кхин а йоккха цхьа книга. Нохчийн театрах, актерех ю иза.

Нохчийн халкъанна, Нохчийчоьнна а пайденна кхолларалли шовкъехь къахьоьгучу Азин йина де ду 23-гIа май. Дуккха а шерашкахь могуш-маьрша, кхолларалли шовкъехь, са сема а долуш, АллахI-Дала яхайойла хьо, Аза!

СУМБУЛАТОВ Дени,
НР-н хьакъволу журналист

Проза

ГАЗИЕВА Аза

Зударийн къамел

(Забаре дийцар)

Алло! Алло! ЗIе ю-кх хьо, Дала йитахь… Маржан, со хезий хьуна? Алло! ЗIе-м дера яцара хIара, цхьа Делан гIуда ду-кх! Хьуна хазахь а, со-м яц хьуна хьоьга къамел дан де долуш… Яла-м ца ели со сийсара, дог даьттIа. Инфаркт микарда хиллера суна. ХIинца а дикка дIаяланза а ю. Пехех, ша цецах санна, Iуьргаш дийлина. Iонжар-м сан кхаанхьа иккхина!.. ХIун хир дара суна?! ХIокху, воьдуш гинчунна вогIуш ма гаро, майра аьлча а, хIара сахь сецориг вац суна хьалхара, цо сериале ца хьажийти-кх. Сахь хIунда сецадо бохург хIун ду??? Йисна Iаш елхьара, шарахь цкъа делла а, наха мархийн сахь лур ма дара суна!.. ХIинца хьалха, хIара малхана дуьхьал хIоьттина IиндагI долуш, суна сахь дохьуш мила вогIур ву?! Маржан, со лолда хьан, дийцахьа, хIун хилира оцу дон Педрих? Карийрий цунна и шена дукхаеза Хуансита? Нийсса кино хьажа со охьахуъушехь, хIокху дийна ма леларо, шена когах жIов тоьхна, и можа бIагор баийтина суна, йий-кх цо со… И велчу со хьийзарг!.. ХIун деш хир вара иза? Йолуш бIаьсте яра, кертахь куьг тоха дезара, гам тусахьара аьллера ас цуьнга, цуьнан ши куьг гара дуй сайна хуъушехь. ГIоза ма хиларг, гома тIера хьостам хилла малбелла. И дIачIагIбан воллу ша бохуш, жIов етташ вара хIара. ТIаккха, сакхваьлла, шена Дала беллачу ницкъаца ластийна, аьтту коган нана-пIелгах жIов тоьхна. ЖIов хилла Iара моьттий хьуна иза? Ша цхьа варзап яра-кх! Мел чIогIа ластийра, дийна ма леларо, ингалсан хьостам чутухуш санна. Витахьа иза! Цунна-м хIун хир дара…Катоххий дийций ялахьа! Хуансита Iаш юй Умбертица? Умберта дIа-м ца ваха Январи йолчу? ХIор суьйранна чIогIа хьожуш ма яра со цу кинога. Сийсара хьожийла ца хили-кх. Ког лазийна шен бохуш, эха сахьтехь цхьана кога тIехь ирахкхиссавелла, тIаккха, вахана, оцу антенна тIекхетта хIара седа дуьхьал вахарг, и антенна бухъяькхина, йити-кх со! Доккха хIума дац, ткъа хIокху йоккхачу кертахь, кхин кхета меттиг йоцуш санна, ваха а вахана, нал санна оцу антенна тIекхетар… Сан дакъазалла яра иза я-м, кхин хIумма а дац… Хьалхарчу буса цхьа вуон гIенаш гинера суна. ТIаккха, мухха кхеттехь а, и хабар-кост дIакхетта, лакхахьа юккъера кхуьнан йиша схьакхечи шийлачу маьхьарца: «Ва-а нанас йинарг яла хьан, хIун хили хьуна?!» - бохуш. ХIумма ца хилла аьлча а, юхайоьрзий, угIуш, ворхI велча санна. ХIорш бац хьуна, Iаьржачу къийгел башха, лийр болуш а. Белла, барма тIехь дIахьош, догIанан

кхо тIадам тIебожахь а, охьаховшур болуш бу, сан самалхадаларна кхоьруш... ТIаккха, схьадийцахьа: Леонси захало дуьйцуш вуй Мальвиница? Иза яло там бара цо, Эстерсита хи чохь бIаьргаш биллича санна а юьтуш. Тхан стеган когана-м хIун хир дара? ПIелг дIабаккхахь а, бухабуьсуш кхин а 19 пIелг бац цуьнан?! Аьтту коган нана-пIелган мIара дIаялар бен, хIумма а ца хиллера цунна-м… Дала дIаэцаро со кино хьажийтина елара, ша-шена бIостнехьа жIов ца етташ. Ког лазийнехь, дог гIелделла охьавожа ца мега, шовкъ еача санна, ирх а ца кхийсалуш, тIаккха, хIуьттаренна санна, вогIуш лаьтташехь антенна тIе ца кхеташ… ВаллахIи, суна-м дон Роберто хаза стаг хета. ДIакхочур дуй хаахьара, кехат яздийр дара ас цуьнга. Мел товш стаг ву, алахь! ХIара цIоз Миладрос ю иза везаш. Ма кино йоккху-кх оцу мексиканцаша! Церан безамах хьоьгуш, цергех хиш туьйсу-кх суна. Массо а кинохь а Iанаоьхуш безам хуьлу церан. Вайна-м чIогIа къийбелла иза. Езаш вала волла ша бохуш, нускал далийнарг а, бутт а балале, акхахьоьжуш хуьлу, мичхьа хIун карор яр-те шена бохуш. Нехан кертара цIазам хазахеташ, леш бохку-кх вайн божарий… Тховса-м хьожур ю хьуна со цу кино, лулахошка яхна а. ДIаялахьа, вайчарна-м ЛУБОВ хIун ю дера ца хаьара… Чайнан стака дотта а, тIечевхина, эр ду хьуна, дуьненна нуьйр тиллина ша Iаш санна. ХIара сайниг-м, хIетте а Эвтархойн Ахьмад, Джумин Акхтулла цхьана зоки чохь хила гIерташ, къахьоьгуш ма вуй, къелла «къикъ» бохуш, цхьа мези, ши сагал кисана а тесна, ша Iаш воллушехь. Къонах Умберто ву-кх. Гирий хьуна шен езарна совгIатна цо эцна берлиантови колье?! Кхерам бац хьуна сайчо суна и эцарна. Нускалан хенахь а, ур-атталла дуьнено тоьгуьйтуш йолу, хийцина юха коч ца тегийтира, со ден цIа яхале… Пенцо схьаоьцучу дийнахь бен, велакъежна, юьхь серла ца йолу, кхин йолу забар-кабар, бегаш хьехочохь дацара. ДIабаьлла болх бу хьуна! Дика дера ду, жимма самалхадалийта хьажа хIара кино йолуш. Наб кхетар яц суна, тховса дон Педрос хIун до ца хьажахь… Вайн Делора вац иза, Хуансита езаш лелаш, эцца цуьнгахь шай-кай хааелла, тебаш ву-кх… Ва устаз, ма тера ву вайчарех…Хьалха кIантана йоI хьахийча, хаза юй иза олий, хоттура. ХIинца ахь йоI хьахаяхь, со кхобур волуш юй иза олий, хотту. Йоккхайийна ца йолу-кх, и куйнан бакъонаш сайна хийисте хIуьттур йоцуш. Дала тIе ма доийтила, хIинца кху ца догIучу дагца «хаза кIант», «хаза йоI» баха дезар…ХIаъ. Дика ду Маржан, ер ю со дIанехьа а. Хьо а ялахь, схьанехьа, ког лазийначу тхан стаге хьажа йогIу аьлла, чуьра араяла доккха бахьана ду хьуна! Цунна хазахетар ду, баккъала хьо шега хьажа еана моьттуш. Ткъа вайша чай молуш, Роберто хьахош, кухни чохь Iийр ю… Вай-й, ма дика ду-кх хIара телефонаш мукъане йолуш! Мелла са паргIатдаьккхи ахьа, дерг-доцург схьадийцина, Маржан. ДIаIе хьайна, кино дIайолаяла йиснарг дукха хан яц. ХIинцца схьавогIур ву дон Педро, Хуансите шен аьрга безам бийца. Кечам бал бен хан ца йисна. Туькана иккхина, цхьа стака хIуш эца дезаш ю со. ЧIогIа мерза хуьлу уьш, кинога хьожучу хенахь дууш!... Марша Iойла!

БЕКСУЛТАНОВ Муса

Иэшам

Олхазар-КІуотарахь
ваьхна хиллачу
дикачу къонахчунна –
Берсан Ахьмадан Асхьабана,
цуьнан кІентан кІантана –
Іадланна а

автор

Цхьа аьрха йоІ ловзаргахь – тІам тІомах къехкорца – хелхарехь ма-хьовззара, малх бузале йа бузуш, кхар кхеттачу дечига тІехь, йуьйцинчу кертах букъ а товжийна, буьртиг тІе буьртиг бужуш, суьлхьа доккхуш Іачу къаночунна динбекъа гира беречуьнца, пурхаллехь некъаца ловзуш.

Дин къуона бара, бере жима, къано дукха къена а вара, малх бузуш, маьркІажехь – сел уллехь мел хилларг, бІаьрсина дІа гена а даьлла, – ойланца йуца ойла а хаьдда: «ДагадогІий хьуна?» – ала-хатта шен шерийн накъост а воцуш, ша-а Іачу къаночун бІаьрасерло кхуьйлира, суьпачу хинтІадамо кхолийна хилла бІаьрасерло.

ХьалагІаьттира, халла тасалуш, букъ нисбеш, гуола лесташ.

Куьг айира беречуьнга.

Дин терсира, бере сецча.

Боцца терсира, вотанца санна, ког-куогаца хуьйцуш, «харр» хазош, гаьллаш Іуьйшуш.

Жима стаг сихха, вагийча санна, лаьтта воьссира лекхачу динара, къаночун суьйре дика йеш, ког-куогах къехкорца, ловза лелха дин сацо а гІуртуш.

Воккха стаг гІийлла тІевеара, жимачу стагера урх схьа а лоцуш.

Дин хьаьстира, дас воІ санна, мел-меллаша хьостуш, белакоьртера охьаволавелла, дайн куьг а хьокхуш тІе: «Эр ду иза дадин, – олуш, – шен дадин кІант ву иза!»

Дин терсира, халла хезаш, вотанан тохарца санна, ког куогаца кховсуш, «харр» хазорца, меллаша туьйш, къаночун куьйга кІелахь, йоьІан бер санна, дІа а тийна.

Къано а тийра, хьаж динан вортанна тІе товжош, ойла шерийн байтамалле а хьаьдда, кхоьлинчу бІаьргех охьа къен бІаьрхин тІадам а керчаш.

ГІеххьа лаьттира йа мІаьргонна, цІеран суй санна, даьгна дайначу шен дахарх лазам а хилла.

Беречуьнга, динах гIуоза ловцаш а бина, дIавахара ша хиллачу. Охьахиира, букъ а товжош.

Вицвелира йа вайра, йа веллачуьра денвелира.

ХIара бер дара цхьана хенахь, цхьана хенахь – жима стаг а.

Да-нана а дара къуона, бахам а бара, даьхни а, кхуьнга ца йан ненан йоI а йоцуш.

Зама кхин йара, паччахьан зама, кхуьнан да вехаш стаг а вара, къахьегарца, даьхнишца вехаш, кху Олхазар-КIуотарахь дукха латта шен долахь а долуш; доьзалца дера а вара, зуд-борз шен кIезишца санна, цкъа аьлларг – шозлагIа доцуш, динарг бен, ган ца гуш.

Цо йолах нах лелабора шен даьхница, мангалца а.

Цу тобанца хIара а вара, йолахойл а тIех йолахуо хилла, эцна валийна лай санна, дас виллина балхахь валлош, къиза вацош, чехош.

Цхьана дийнахь, кхуо шен хьолана резавоцуш, гIам-гIим дича:

– Кхана-лама, со дIаваьлча, хуур ду хьуна, – элира кхуьнга дас, – ас тахана хьайна бийриг, уоза терза доцуш, дика болх хил-хиллийла, – аьлла.

Бакълийна а хиллера.

ВуьрхIиттараваьллачу аьхка дас динбекъа ийцира кхунна ГIебартара, деши узуш, беза мах а белла, кIорабIаьрг санна, Iаьржа динбекъа, хьаргIанан тIомах терра, соьналлийца бос а керчаш.

– Дин – кхена йоI йу хьуна, кIант, кхена йоI санна, хьеста безаш, дин доттагI ларалахь хьайн, де эшначу денна кхобуш! – дас жулар схьакхоьссира, хIара лаца а ца кхуьуш.

Бекъа йедира.

Да, хьаьвззина, чувахара, кхуьнгахьа кхин схьа а ца хьожуш.

Динбекъанах дин хилира – кхуьнах динбере а хуьлуш, – ханнех диначу божал чохь, ножан аннех цIенкъа а йина, кхаьрзина бен, хIоъ ца луш, бIаьлг-шекар даош, кIажийн маж чIоданца лоргуш, кIежйаькхина хи мийлош, гIад хьаькхначу кха тIехула, йоргIа шарйан, дIаса а хоьхкуш.

Йуьртахь йоI кхиира тIаккха, кхуьнан ткъе ши шо дузуш, хьоладен цхьа маргIала зезаг, бIаьргашкахь мархаш а ловзуш, месашца мох а кхерсташ, боларца вота кеглуш.

Хазаш йара йоIан цIе, Гагин Чопин Хазаш.

Дена ца тайра кхуьнан харжам.

– Ма леста цига, – элира дас, – орам боцу гIад ду иза, хIу бехдан воллу хьо! – аьлла.

ХIара ца Iийра.
Ца сецира.
Кхуьнга даго чIир хьейира.

Дас шозлагIа а элира кхуьнга:
– Ас хьоьга сайна хуург дуьйцу, кIант, сайна гинарг, айса зийнарг а, и Делий, сой теш верг, ас хьайга бохург де, ма йилла кху цIийнах цIе!

Кхунна ца тайра ден къамел.
Даго бехкаш дохура.
Дог кхаьрдара, ца дешаш.

Сарралц мангалахь а ваьллина, сарахьуо йуха, хьалха хьаькхначу алах литта деш, хьиэ а велла, хIара маьркIажехь йуьрта чу воьлча, шайн кертахь нах гира кхунна, баккхий нах а, зударий а.

Цхьана бохамна шекьхуьлуш, кхуо болар сихдича, дIогара нана схьахьаьдира:

– ДIакъайлавала, хIун леладо ахь… хьан дас зуда йалийна хьуна! – олуш.

Кхунна шен дагах топ кхийти моьттира, диэгIах шаьлта чекх а йоккхуш.

ХIара Хазаш йолчу хьаьдира, дуьне мел ду цуьнца вада, ден ков-керта йуха ца верза, куога акхавала йа стигала тIома гIатта.

Нана йеара кхунна дуьхьал, Хазашан нана:

– Сан йоI зудчунна тIе а гIур йац, йа бухарниг хилла, кIелахь а соцур йац… хьан нускал а, хьо а Дала декъалдойла, кхуза богIу некъ бита! – олуш, пен тоьхна, дIа а йолалуш.

Кхуо и некъ тессира, мошанна куьйра санна, Хазашана теба а тебаш, буса наб йа дийнахь тем боцуш, хьере а хилла.

Хазаш, кхунна кхин ца гуш, схьахиллачу керлачу беттан тIаьххьарчу йеарин буса маре йахна, аьлла, даьржира, ламан дишнечуьнга, ден доттагIчун кIанте, йоссор кху йуьртахь а долуш, кху Олхазар-КIотарахь.

Цул хала буьйса дуьнен чохь кхунна кхин йан а ца йеара, шен шовзткъе пхийтта шо долуш, Сталина къам махках доккхучу шийлачу Iай, боьлхучу зударшца, мацалла кхойкхучу берашца, гуонаха ха а хIоттийна, бан бекхам а, эца чIир а йоцуш, барзо, дацой санна, салташа ша чехочу оцу декъазчу буса а тIехь.

КIира даьлча, Хазаш боху нускал, цIа дуьга, аьлла, хезира йуха. Диша-Мехка хьала, ламчу.

Кхуо кIелаваха сацам бира, тIамца нускал схьадаккха йа циггахь – сих дог ца кхардо – са бохучу кIиллочух, хама ца беш, дIакъаста.

Iуьйрре дас, кхин тIера бIаьрг ца боккхуш, делкъенга а ваьккхина, жIов а, ленаш а, говр а, хьостам а, олуш, божал чу ваьккхира хIара,

чоьхьаваьллий, ца ваьллий бохучу муьрехь, тIаьхьара неI тIекъовларца, арахьара гIуй дIа а буллуш.

– Нах кхардо воллура хьо сох, гаур, вуон гаур… сийсара дуьйна ахь мерах етта шок со ца хезаш ву моьттура хьуна? – олуш, неIарна тIехьара кхин дIа ца волуш, хIара ларван охьа а хиъна.

Кхано йуха, малхбуза-ламаз а дина, ша Iаш, вистхилира да, генаруо долийна, ала луучунна тIе а вогIуш:

– Хьо жима бер дара, Асхьаб, цу хенахь… Iедалх ведда стаг вара со волчохь цкъа хьулвелла, массо а метте дIакхайкхийна цуьнан цIе а йолуш, айкхаваьллачунна диллина доккха ахча а дара, цIа а, цIе а, бахам а балла. Хан йаьллачу хенахь, цхьана буса тхойша, хIокху вайн кертахь болчу кхура кIелахь лаьтташ, кертал тIехьара цхьаъ-м охьатаьIаш санна хетта, со кевл арахьаьдча, некъо гуолатуххучохь къайлаоькхуш хьо стунда лаца гIиртина Чуопа гира суна, шен бIийекъалг куйнаца…

Дукха сиха сайн хьаша кхечахьа хьул а вина, сайца буьйса йаккха дешича а валош, чувеъначу суна, хан йалале, жIаьла леташ хезира вайн кертахь, оцу сохьтта йуха Iедало цIенна гуо а лоцуш… ас чувалийна дешича хилар бахьана долуш, висира со, каторге ца вохуьйтуш… мотт Чуопас тоьхнера суна. Цу Чуопин да Махьарби – хьалха хиллачу баккхийчу нахана а хууш, – моттбетташ хилла вара, церан цIийнах болу нах – хIара Чуопа йуьртда хиларе терра, – гуттар а Iедалан балхахь а хуьлуш.

Кху муьжгийн Iедало хIун до хаьий хьуна? Кху Iедало, цкъа ша айкх веш, схьалаьцначу стеган тIаьхье – кхин дIа ца хоьцуш, – ворхIе а дех чекхйоккху хьуна, царах иштта айкхаш а беш, кIезга-мезга дарж а луш, нахарт-хIума а лачкъайойтуш, «Iиъ-миъ», аьлла, уьш бистхила боьлча, церан маттах шаьш хIаллакбинчу нехан цIерш а йохуш, царна, шаьш шайн къоман мостагIий буйла хоуьйтуш… вайшиннах хьакхабала там болуш нах бац хьуна и ЧопагIар, жима ву хьо, хьо Iа ганза Iахар бу…цу нахах хьакхаделла хIу а хир ду иштта моттбетташ …шен къоман мостагIех доьзал кхолла мегар дац къонахчо, – ша Iачура хьалагIаьттина, божалан неIарна дуьхьалара гIуй схьабоккхуш, чувахара да, маьркIажа-ламазна молла кхойкхучу хенахь, нускал эцна боьлху замой Диша-Мехка дIакхочу хан а ларйина.

Дас мел дийцинарг, кхунна хезаш а, ца хезаш а, тIехделира, Хазашан ши бIаьрг бен, дуьнен чохь гуш хIума а доцуш.

Божалан гIуй дIабоккхуш, да ламазна чувахча, динна беречун нуьйр а тиллина, кевнан гIуркхех лакхара гIуркх охьа а баькхина, шена тIе бедар йуха хIара чувахча – да ламаз дина валале, вада, – ваша вийначу мостагIчуьнга санна, шега хьоьжу зуда гира кхунна.

– Ас дадига дIаэр ду хьуна, – элира зудчо, йелхарна, йуьхь а йистина, лаьттачу, – ахь кху чуьра ког арабаккхахь… сан а, сан ден цIийнан сий дайа ма гIерта, – аьлла.

– Со хьан а, хьан ден цIийнан сий дойуш вац, – кхоьссира кхуо, – ас лоьхург сайн даьржина са ду, суо ву ас лоьхург! – аьлла.

Зуда неIаре хIоьттира, хIара араволуш хилахь, шен мардега орца даккха.

ДIавижа кеп йарца, кхуо йургIа тIеозош а гина, зуда неIарера лакха йоллушехь, цкъа-шозза кхоссалуш, шен герз схьа а эцна, чуьра ара хьаьдда – кхунна тIаьххье зуда а хьодуш, – воьддушехь дина тIе хууш, кхуо дин гIарашна тIехула кхоссаболуьйтучу барамехь, ден мохь бийкира тIаьхьа:

– Ма гIолахь, гаур, йухаверза! – олуш.

ХIара йуха ца вирзира.

Кулсхана – Ирзехула Суорота, цигара дIа Хьорсане, йуха Жайне, Эзахула хIара Амкхелла дIакхочуш – Хазаш йигначу йуьрта, – кхунна ша хIун леладо ца хиира, ша хIун дан араваьлла, мича Iалашонца, хIун бохь баккха… дог ца Iара, даго кхин бохура, дагна безам ган лаьара, ша зовкх хьегна безам.

Йурта чувулуш, зударий гира, Iуьйранна бажа аралохкуш.

Кхуо нускал хаьттира:

– Нускал мича цIа чохь ду шун? – аьлла.

ЦIа лоха дара, гайтина цIа, динца чоьхьа а валалур воцуш.

Динан аьрру агIор чукIела керчаш, цуьнан дегIаца дIа а ийна, тоьпан йуьхьигца неI йоьллуш, хIара динца цIа чу ваьлча, кIайн нускал гира кхунна, цхьаьна цхьа беран хIума а йолуш, зудаберан хIума.

– Хазаш, – элира кхуо, – Хазаш! – кхин дош а ца алалуш, – дадийта вайша, лахь – цхьаьна лер йа дисахь – дуьсур! – олуш.

– Хьо хьера-м ца… ахь хIун… ва Асхьаб… нехан цIен тIехь буьйса йаькккхина зуда ма йу со хIинца, со хьуна йезна йоI ма йац… хьан хилла Хазаш … со дийна йита – вахахь суна, хьуо цхьанхьа ву бахийта, – йилхира Хазаш, – сан хьо бен, хIума ма дац… дуьненахь хьо цхьаъ бен…

Кхунна цунах къахийтира – шен безамах – хIара дуьне диттал къа, цуьнан мIара ца лазийта, шен сих а вер волуш.

– Ца, Хазаш, ма… ма дийца… йало… йала, со… со дийна а волуш, хьо кхечуьнга… хIара дуьне ца дууш, вала реза…

– Со кхин ма йу, ва Асхьаб… хIинца кхин ма йу со… со хьан меха ма йац тахана…

– Суна мега хьо… ма дийца, йада соьца… дадийта вайша…

– Ца… хIан-хIа… гIовгIанна и топ а кхоссий… дIагIуохьа, Асхьаб, дIагIуохьа, сан кIорни…

– Сан ца хила кхоьллинчу Дала гIуоза йахайойла-кх хьо, Хазаш! – кхуо йезаран когашка «дIов-дIов» оькккуьйтуш, цкъа а, шозза а мажар йассийра тIаккха.

ГIовгIа гIаьттира арахь, маьхьарий а дуьйлуш, нах а гуллуш.

ХIара шен дин хьовззош, – чоь дукха готта хиларна, – ша чу ма-ваххара, пурхаллехь динца дIауьйш, чуьра араваьлча, нах лаьттара арахь.

– Хьо мила хилла, веана ву… воI Асхьаб: хьаша ву хьо йа мостагI, – хаьттира кхуьнга пхьоьхано, – хьуна дийеза хIун дийеза? – аьлла.

Кхуо доцца хадийра:

– Кху сан динан кхесах нускалан кIайн шифон а йехка, чагIаран кад кховдабекха динан дега! – олуш.

Иза а, важа а кхочушдира хIусамдайша.

Церан нус декъал а йина – восса динара, той даа тхоьца, – цара боххушехь, лекхачу динара кхин лаьтта лаха ца вуссуш, шина бухкана йуккъе охьа – дилха эккхийта санна – динна дера шад а тоьхна, кхуо дин Цацахна дуьхьал йолчу охьанехьа нийсса чухаьхкича, кхуьнан букъа тIехьарчу зударшка маьхьарий девлира:

– Ва-а, нана йала хьан, ма кхоам бара-кх хьан… вели шуна… хIара дуьне дилличхьана динбере ма ца вахана цу беса оцу тархашкахула охьа! – олуш.

Олхазар-КIотара чу кхачале, хьуьнхарчу ирзехь, собар деш, Iарж а йалийтина, маьркIажний, пхьуьраний йукъехь – тата ца дан, – кевнан гIараш охьа а даьхна, дин тарсарна кхоьруш, цуьнан бета уллора гаьллаш а Iуьйдуш, байбинчу куогаца хIара керта чу волуш, да лаьттара кхура кIелахь.

– Зудабер, дуй, зудабер, – кхоьссира дас геннара схьа, – суна-м хьо – сан дош а дохийна, – ваххала вахча, нускалца бен воьрзур вац моьттинера кху керта йа хьан дакъа дохьур ду барми тIехь суна дуьхьал… зуда а йахана хьан ийгIина, цунна велха а гIуолахь хIинца, – аьлла, хьаьвззина, ваьлла, букъ берзош, цIа чу дIа а а волавелла, йуха, соцунгIа еш, – айхьа кху дийнахь – бусий соьга латтийна сингаттам а ма эшабойла-кх хьуна хьайн доьзалера, хьуо велла дIаваллалц! – олуш, дIа къайла а ваьлла.

ХIара латта висира тIаккха, чувоьдучу ден букъ а гуш, ша диначух а, лелочух а, кху дахарх а ца кхуьуш, йезнарг нехан долахь а йолуш, цайезнарг – дас йалорна – виран кож санна, валлалц иштта кочахь а йуьсуш.

«Иэшам бара-кх хьо дуьне, – хьаьдира ойла къаночун, – кошан лахьте верззалц, иэшам…маржа-кх хьо, маржа дуьне!» – йуха бIаьрхи а цу ойланца, моллин аз а ламазе кхойкху, суьйренца йулу Делан суьйре а, гуттар а санна, даим иштта, ша йулуш ма-хиллара, хIоразза а тIаьххьара-керла йа керлатIаьххьара йулуш…

1994-2021шш, оханан бутт

АЙДАМИРОВА Машар

Жима верас

Халла хьашаелла наб эккхош, лере берзан угIар кхечира.

Iелас бIаьргаш схьадиллира.

Iаьржачу бодано эрча бIарлагIаш хIиттайора жимачу кIентан якхбеллачу хье чохь. Тийналла а, хIокхуьнга терра, сема ладоьгIна, буьйсанан Iаьржачу тIома кIелахь дIатебира. Бакъабеллачу кийрахь, тIедевллачу пIендарш юккъехь, тутмакх хилла, Iуьллу дог, сихделла, вота етта доладелира. Ишта кхеравеллачохь, ненан марахьарча марзделла эгIазе дегI, ша Iемминчу, ненан йовхонна, тIекхевдира. Амма и кхерам боцу гIайре ши бутт хьалха дIаяйна – нана дIакхелхина, байлахь дисна цуьнан хьомсара кIорни.

Дехьа чуьра йишин шина беран гIийла узарш а, йишин гIорасиз елхар а хезира.

ХIан-хIа, берзан угIар ца хиллера лере деанарг!

Меца са дара бIаьрзечу буьйсанна угIург!

Ненан марзонах, йовхонах хаьддачу кIантана хорша еара. Дилха а дешна, даьIахкаш тIеевлла, настарш меракIел а оьзна, балано тхьузбина корта бекъачу гIайби кIел таIийра кIанта.

Толлу жIаьлеш санна карзахъевлла ойланаш сецо ницкъ а ца кхаьчна, кIант ша волччохь охьахиира. Дагадеара, цхьа бутт хьалха шайн керта хIиттинчу шина зудчуьнца хилла къамел. Цхьа зуда – гIиргIазо, важа – оьрси.

– Шайн догIмийн а дола ца далучу шуьшинга и ши бер хене даккхалур дац, – бохура цу шимма. – Тхойшиннан бераш а дац, хир ду ала меттиг а бац… И ши кIант, цхьацца, тхойшинна лойша…

Цамгаро а, мацалло а иэшийна, гIелъеллачу йишин ши бIаьрг мохь-орца олуш, жимачу вешина тIедогIаделира. Шен дакъаделлачу, пхенаш тIедевллачу куьйгашца маракъуьйлура шалавина ши кIант, балдех дисна ши сиз тулгIенах иэго дуьйлира.

Йишин бIаьргех комаьршша охьахьаьлхинчу дуьрачу хиша дагийна, Iелин дог чахчийра.

– Оцу шина кIентан доладан верас волуш ву! – хьаьжаюкъ хабош, шога жоп делира кIанта.

– Мила ву?

– Ненаваша ву.

– Мичхьа ву иза?

– Со ву-кх!

Ши зуда гIаддайна елаелира:

– Ненаваша хилла дIахIотта жима ма ву хьо… Итт шо бен дац хьан.

– Цаьршиннал бархI шо воккха ву со! Со дийна мел ву, сан йиша а, цуьнан ши бер а мацалла лийр дац! – сацам боллуш дIахьедира Iелас.

И сурт дагадеана, кхин а чIогIа хуорам хилира кIантана. Чохь мел дерг доьхкина, кхачанах хийцина девлла. ТIеюха бедарш цхьаьна. Беккъа цхьа деден куй а, шен шаьлтанца доьхка а дисна. «Куй бохкар – сий дохкар, юкъ ястар – стаглара валар ду», – олуш хезнера цунна баккхийчаьргара. И дешнаш, зайлйоза хилла дIаязделлера Iелин хье чохь, даг чохь а.

ХьалагIаьттина, куй коьрта а таIийна, ишта а хаддайоллу гIодаюкъ, доьхкарца шозза гуотосуьйтуш, къевлира кIанта. Воккхачо санна, шаьлтанан мукъ шен жимчу куьйгаца къуьйлуш, неIарехьа волавелира.

– Iела! – дехьа чуьра йишин гIийла аз хезира.

– ХIун боху ахь, Хьава?

Ваша кечвелла вайча, саготта айъаелира къона нана.

– Хьо стенга ваха кечвелла… буьйсана юккъехь?

– Со дукха хьелур вац…

– Iела, хьуна цхьаъ хилахь, ас хIун дийр ду?! – юха а йишин бIаьргаш чохь мохь-орца кхерста.

– Суна хIумма а хир дац, Хьава, са ма гатдехьа…Со жимма гуо тесна вогIу.

Кишлакна юьстаха совхозан складаш йолчу агIор боьду некъ юьхьарлецира хеназа воккха хиллачу жимачу Iелас. ХIара шолгIа Iа дара кху хийрачу ГIум-Азин арахь кIанта токхург. Амма шийлачу махо лоькху шок а ца хезара цунна – лерера йишин берийн мацалла делхар минотана а дIа ца долура. Герга мел гIоьрти, аьлларг ца деш, настарш иэго йолаелира. И складаш ларъеш, хIокхуьнан дегIе гIоьрттуш даккхий, дера жанжIаьлеш дара, хIара кевне гIоьртича, къинхетамза цоьстур а волуш. Цара ша верна-м ца кхоьрура Iела, шел тIаьхьа, верас а воцуш, кегийчу берашца юьсур йолу йиша яра дагахь.

Ши жIаьла, ша-ша хьалхадала гIерташ, геннара дуьйна чухьаьдира боданах схьакъаьстинчу жимачу гIалартана. Къора «гIалх-гIалх» деш, ирачу кIомсарех сутара хиш туьйсуш, дераллина чу цIий доьссина, боданехь алунах догу бIаьргаш а къегош, керта ваьлла къу верина охьавилла, чукхоссаделира и шиъ.

Iадийначу Iелин кийрара шийла мохь белира. Ши куьг хьалха а тесна, гора а воьжна:

– Я АллахI, орцахвалахьа суна! – аьлла, дийхира кIанта.

Кийра батIош баьллачу беран маьхьаро цIаьххьана юхадаьккхира ши жIаьла.

Коьртара месала куй схьабаьккхина, хих дуьзна даккхий Iаьржа бIаьргаш цаьршинна тIе а доьгIна, шен кийрара бала балхийра гIийлачу буоно.

– Хьомсарчу даймахкара, бухдаьхна, хIокху хийрачу махка кхиссинчу тхан боккхачу доьзалехь со цхьаъ бен вац-кх йишина орцахвала ваша. Данана, вежарий, гергарнаш – цхьа а ца висна. Тховсалерчу хIокху йоьхначу

буьйсанна къола дан ара ца ваьллера-кх со… къу хилла вац тхан цIийнах цкъа а… я сагIадоьхург а ца хилла… Адамаллех даьллачу адамна хьалха гола ца хIотта, шуьшинна хьалха дехарца гола воьжна-кх со! Цхьана Дала кхоьллина синош дара-кх вай, тахана суна орцахдалахьара шуьшиъ! Сайна хIумма а ца доьху-кх ас… сан йишина а, цуьнан жимачу шина берана а, цадаллал кийра бузо… цхьа кана кIен буьртигаш дахьийтахьара ашшимма!

Шен жимачу дахарехь цхьана шаранчохь хьаьвзина гIайгIа-баланаш карлабевлла, уьш цхьангга а ца балхош, кийрахь къийлина, стогаллин гурахь сецийна, Iелин жима дог тховса Iанадаханера. Шина жIаьло, цунна хьалха охьалахделла, цуьнан бIаьрхиша яшийначу юьхь тIе шайн шога мотт хьокхуш, юкъ-кара цIевзаш, лерина цуьнга ладоьгIура.

КIант тIаьхьа а хIоттийна, складан неIарехь топ карахь лаьттачу хехочунна хьалха дIахIоьттира ши жIаьла. ЦIогарчий лестош, цIийзаш, цхьаъ ала гIертара уьш цуьнга. И дерриге гина хехо, дукха цецваларна, мотт сецча санна, дош ца алалуш, вогIавеллачохь виснера.

Вилхина а, шелвелла а иэгаво кIант къевллина шен мара а воьллина, къора велхар иккхира воккхачу стеган.

– Вало, диканиг, Iедало со чувуллур велахь а… хьайна оьшшучул, хьайна еззарг дIахьо ахь… Юхаван а пурба ду хьуна соьгара… Мотт ца хуучу оцу жIалешкахь болу къинхетам соьгахь ца хилча, Далла хьалха муха хIотта веза…

ПАШАЕВ Нурди

Дай баьхначу йуьртахь

(Йуьхь еша 2021 ш. №1)

Цхьа кIира сов хан яра, стиглахь къеггина малх боьлу а, цхьа а марха малхана дуьхьал хIуттуш ганза а. Пхи-ялх де хьалха эткаш, кетарш юьйхина леллехь а, тахана гIовталш, маьхьсеш юьйхина гора адамаш. Луо дешначу басешца ловзуш бераш дара. Шеран бIаьстенан хьалхара бутт юкъал тIехбаьллера. Сеналло хазйинера аренаш. Олхазарийн мукъамаш а зевне хеталора. ХIуо а дара мелла а сема… БIаьсте яра йолуш…

Юьрта юккъехула охьадогIучу Хуллон тогIи чохь, аьтту бердаца йолчу йоккхачу майданахь гора йохк-эцарна гулделла масех бIе адам. ХIора кIирандийнахь хIуттуш яра кхузахь базар. Майданна генадоццуш лаьттачу цIеношна хьалхара дIахьаьжча, ма-дарра къаьстара базарара адамаш. КетIахь, Хулло чуьра беанчу боккхачу тIулга тIехь, хиъна Iара къано Махьма.

Шен тамехь дIасадахийтинчу шина мекхах наггахь дай-йн куьг а хьокхуш, Iаса чIенги кIел гIортийна, ойланашка вахана Iара иза.

ХIун дара-те цо шен даг чохь къуьйлург? Iожалла когаш кIел хилар дарате? Я доьзалехь кIентан кIант бен, кхин тIаьхье цахиларна, йора-те къаночо гIийла ойла?

Иза а, важа а дара...

ЦIа вогIучу кIантана го шен да, корта охьа а бахийтина, тийна Iаш.

КIентан дог лазийра гинчу суьрто.

– Дада, ва Дада, хьо тахана ма кхоьлина ву? Хьуна хIун цатам хилла? Дийцахьа…

– КIадда а ца хилла, кIант. ДIавало, чугIо. Цхьажимма ойланаш еш Iара со-м.

– Дийцахьа, хIун ойланаш ю хьан садуурш?

– Сих-сиха дагаоьху яхана зама, жималла а… Хьан хенахь сайна лиънарш дагадаьхкина Iара со-м.

– Дада, валохьа чу.

– ДIавало, чугIо, со вита! Жимма махехь-малхехь соцур ву со. Чуеана и вайн лулахо а, иштта хьан ненан йиша а ю, хьо ган лиъна, дIа ца йоьдуш, сецна. Чу кхача.

ХIинца ойланаш йора кIанта а, ша муха кхетар вара-те дегахь болчу баланах, бохуш. Масане ойла йогIура коьрте. Ша цIахь воцуш, къена долчу кху шинна ницкъ хуьлу-те бохург а хьаьвзира коьрте.

Юрт йоккхучу дийнахь, дIакхелхина аганахь хиллачу кхуьнан да Хьасейнний, нана Маликаттий. Деден Iуналлехь кIентан пхийтта шо дуьзнера стохка гурахь.

Цунна хIинца а хууш дацара шен да-нана дIакхалхарх дерг. Деда Махьмий, Хьалиматтий шен да-нана лоруш, хьалакхиъна иза.

Юрт йоккхуш воьжначу шина кIантал а хьоме хеташ, хьалакхиийнера цаьршимма иза.

Хьалимата Даддар олура цуьнах, ткъа Махьмас – Къур-Махьма. КIентан бакъ йолу цIе Баймурза яра. ГIаларчу школехь доьшуш волу Баймурза кху шарахь чекхъяьккхина волуш вара. ХIора кIирандийнахь хьажа-хIотта цIа вогIура иза.

Чуваханчу кIантана хезира, лулахочо мах буьйцуш, Хьалиматана тIейирзина, пазат-коч дIаса а хоьрцуш.

– Iаламат дикачу тIергIан хIума ю хIара, Бакохара еана. Ас цкъа тIеюхарна, пхи сом дIа а доккхуш, деа туьманах юьту хьуна.

Чуваьлла Баймурза, хьал-де хаттар а доцуш, вистхилира:

– Кхин бархIазза тIе а йохий, ишттанехьа йитахьа иза Нанина.

– Суна хаьара, аш хIумма оьцур йоций, – аьлла, шен пазат-коч тIоьрмиг чу а кхоьссина, дIаяха тохаелира лулахо.

Цунна тIаьхьаяьлла, кевне а яхана, юхаеара Хьалимат.

– Даддар, иштта, юьхь йоцуш, хIунда эли ахь цуьнга? Халахетар ма ду цунна, аьлла, пазат юца охьахиира нана.

– ДIаялахьа, Нана, хIунда догIу цунна и новкъа, ас цо схьааьллачу дешнашна дуьхьал жоп даларх. Ас йинарг-м забар ярий, тIеюхарна пхи сом дIадоккху аьлча, Iен а ца велла. Церан хIилла-м девзара суна. Со тIе ца кхаьчнехь, хьо леян йоллура иза. Хьо санна берш лебеш, санаш йохуш зударий ма бу уьш. Цул а дийцахьа, хIун хилла дадина? Цо хIун ойланаш йо?

Пазат юцу чIураш а совцийна, жоп делира Нанас:

– Э-э, сан жима Даддар, хьан хенара долуш ца йора ойла а, ца лазара дегIан меженаш а. Лезча а, цкъа дIа ма тевжжинехь, дIатера, ткъа хIинца лозучуьра меженаш а ца тоь, коьртера ойланаш ца йовлу. Хьуна жоп муха лур ду ас, хиндерг хууш йоцчу.

– Со кхетавейша шаьш дуьйцучух, цец ма ваькхина аша-м. Ма-дарра, жоп лойша суна.

– Хьан дас муха элира хьоьга?

– Ой, къан мел вели а ойла йо ша, сан хенахь шена хIун лиъна хаьа бохуркха.

– ТIаккха, ца кхета хьо цо дуьйцучух?

– Кхетар ву-кха, аш цуьнан маьIна дастахь.

– Ван а ву хьо, Даддар, жима, кхин ойла-х ца йой ахь. Ша дунен чохь мел веха а ца хаьа, валале кертахь нус езаш, и гале ма лахьара ша, бохуш, йо хьуна цо ойланаш. Хьан да хьовх, со а ю, нус керта хьовзале, яларна кхоьруш…

– Вай-йн, шуна ма чIогIа дагадеана и валар! Со воккха хиллалц IадIахьара шу, и ойланаш а ца еш.

– Гурахь, хьаьжкIаш хьокхучу хенахь, хьайн вуьрхIитталгIа шо долалуш дуй хаьий хьуна?

– Нана, дадин ткъе итт шо долуш, хьайн ткъе пхи шо кхачале еана ца бохура ахь хьо кху керта?

– И дита! И хан дІаяьлла. И паччахьан зама яра. Цу карзахечу заманахь маренаш дан хан яцара. Цу хенахь, стага ша гІеметтахІоьттича бен ца ялайора зуда.

– ХІунда?

– Э-э кІант, хала зама яра и. Хала хиларал сов, массо стаг бохург санна, чІир кхобуш хуьлура. Валар-висар сих-сиха хуьлуш хан яра и. Цхьана дийнахь маситта кІентан нана елхайора-кх хеназчу Іожалло. Тахана-м парггІат, ког хецна, ваха бакъо ю. Советан Іедал доккхуш эгна вайн юьртахой лаьттан кийра буьйшуш, доккха тезет лаьттинчул тІаьхьа а даьлла пхийтта шо. БІаьстенан юьхь яра иза. Цагинчунна хуур дац ас дуьйцучун хьал. Хиъча а, дог лозур дац и гиначуьн санна, шега дуьйцург гІан тарлуш.

– Нана, гІан тарлур дац цунах дикачу кІенташна. Кар-кара оьцуш, дуьйцуш, Іийжамца дог лозуш, дагалоьцур ду иза вайн тІаьхьено. Суна а кхочу цунах дакъа. Вайн дай ма бу и эгнарш.

«Вайн дай ма бу и эгнарш», аьлча, лов-аьлла кийра цІе йиллира Хьалиматана. Шен да-нана турпала доьжна хилар кІантана тусаделча санна, холчахІоьттина, йоха а йоьхна, кІанте цуьнан берахьлера хІуманаш дийца хІоьттира иза.

– Хьо жима волуш, чІогІа тап-аьлла бер дара. Цхьаъ сакъера чувеъча-м, хьо пешан кІожара сехьа а ца волура, я меттаххьовш а ца хаалора. Вистхилар-м хьеха а ма де. Чубаьхкинчара, «Ванах, и кІант мотт ца хууш санна ву шун, иштта, кхин вист ца хуьлуш, иза Іахь, цунна мотт бицбала сахьт дац», – олура.

Дуьйцучунна юкъаоькхуш, ненан йиша Маьлхиш а йистхуьлу:

– ДІаялахьа, и шен тап-аьлла хилар-м мерах ма даькхира цо. ХІун дара хаац, и ИсмайлагІар шун лула баьхкичхьана дуьйна, чІогІа харцахьа лела Іемир-кха хІара, церан берех дІа а кхетта…

– Бакъ ду-кх и. ХІетахь дуьйна, Хьанех, аьлла, кетІахь цхьамма мохь тоьхча, сан Дела, хІинца хІун арз дохьуш вогІу-те хІара, олий, даг чу сийна цІе дера йолура суна. Ша хІара дегІ доккхуш, хьенеха и элир-кха, минеха важа элир-кха, аьлла, соьга дийцина дегІ-м дац хьуна иза. Иза-м дийца а ма дийца хьайна, ша цІийш оьхуш, корта бестабой, цІа ваийтича, хьуна хьан тоьхна, бохуш, шега дийцийта гІертарх а, ахь вуьйр-м вара иза, амма дуьйцур-м дацара цо. Цу шен хьарцаллица, цхьана меттара дош олуш а вар-кха.

– ДагадогІий хьуна, цхьана сарахь вайга сакъера еана Бедш а йолуш, цо цуьнан кІанте аьлларг?

– Суна-м ца догІу. Со хилла хир яц хьуна цигахь, – элира Маьлхиша, шена и хуъушехь, цуьнга юха дийцийтархьама.

– Ой, со вайн пешарчу алун тІехь ахьаран мижаргаш доттуш йолчу хенахь, цо ЦІинцІолаге аьлларг дага ца догІу хьуна?

– Ца догІу суна-м. Дийцахьа!

– Оцу сарахь межаргаш доттуш яра со. Бедашин кІант Іай хьуна Іад, беттина баллалц сатоха аьлча а, соцуш вацар-кха, ва схьало, схьало шена

мижарг, бохуш, баттаза болу мижарг боьхуш. ТIаккха вистхила везий хьуна вайн Даддар цуьнга. ХIун элира хьажахьа жимачу кIанте, сел чIогIа, лерина, таIIош: «ЦIинцIолаг… сайн сил дукха и беза а безаш, сайна хир боций а хууш, Iаш ву хьуна со, хьо хIун мижарг боьхуш ву, хьайна хир боцу?!» И хазделла, доьлучуьра духадерза ца туьгуш, Iийра тхо. ХIетахь хIокхо аьлларг дагадеъча, хIинца а елаялаза ца Iало-кхий со.

– Э-э, дIаяллахь, Хьалимат, и-м цо жима волуш, шен цакхетарца лелийнера. Стохка-х варий хIара, пхийттараваьлла эр долуш, жима стаг ларалуш. Цо тхоьга оцу цхьана дийнахь далийнарг... ХIетахь вевзира суна хIара ма-варра. Ийман бохург юххехула а даьлла ца хиллера кхунна.

– Ахь суна-м ма ца дийцина хIумма а. Цхьа доьхнарг лелийна хир ду хьуна цо? Гой хьуна цуьнан кIелдIашха велакъежар…

– IадIе хьо, ас массаьрга а вуьйцур ву хьо, воккха хила ца деза хьан… Сайн бешахь цIоьмалгашна асар деш яра со. Меллаша, ког байбина, хас хадош, тIехьашха тIевеана, сан бIаьргашна дуьхьал шен дехкина куьйгаша, ша вевзий хьаьжи. ТIаккха, ша вевзича, шен карара шекаран бIеIилгаш чохь долу тIоьрмиг соьга схьа а кховдийна, Маьлхиш, мамас хIара шекар дохьуш ваийтина со, – боху-кх. Кхин вела а ца луш, сайга къамел дича, гуттар бакъ ма моьтти и суна. Ойла ма йо ас: «Ванах, ма сайчух тера бу-кх хIара тIоьрмиг. ХIун гIуллакх дара, хIара баийта гIерта?» – бохуш а Iий сайн дагахь. Дика суна улле охьа а лахвелла, «Маьлхиш, ма дика ю хьо, ма дукхаеза суна хьо», – бохуш, гонаха ваьлла, со хьоьсту куц хIиттош, сан юьхьах куьйгаш ма хьийкхи кхо. ХIокхо хилла хьуна ша ма воггIура, чу а ца воьдуш, учара сан шекаран тIоьрмиг схьа а эцна, со шек ца ялийта, цу тIера ах дIа а даьхьна, ргIу кIеларчу пешан бертигера кIормодаш куьйгашна тIе а хьекхна, со хьоьсту куц хIиттош, суна юьхьах хьекхна. Со чуйогIучу ханна, ведда сол хьалха чу а вахана, Асетана а, вайн несана изза дина. «Ва сан хьоме нус, хьо йоцуш йиш яцара тхан», – бохуш, хьистина иза а. ЧуйогIу сой, арайолу Асеттий дуьхь-дуьхьал Iоттаяла езий хьуна. «Вай-й мама, хьуна хIун хилла?!» – мохь бели Асетан. Цунна тIаьххье сан а: «Уой, цул а хьуна хIун хилла?!» – аьлла.

И воцчунна дагадогIур дарий ишттаниг? – гIад а яхана, йоьлура Хьалимат.

КIентан хIуманаш кхин дIа а дуьйцура Маьлхиша:

– Оцу минотана, тхо дика дIанисделла а довлале, боккхачу новкъа генара дуьйна вогIу гуш хилла цхьа воккха стаг. Иза шен ненан да ву моьттуш, чохь мел долу бер тIаьхьа а хIоттийна, «Худу вогIу, Худу вогIу!» – бохуш, цунна тIекхаччалц маьхьарий а детташ, дуьхьал вахана. ТIекхаьчча, и воций а хиъча, говро санна, цIингаш а кхоьссина, некъахочунна тIехъиккхина.

– И-м, хьаха, цо, иза воций хуъушехь, ца дина олийла а яц хьуна. И-м, хьаха, ву милла а левийр волуш, хьой-сой дохка диггал, шегахь хIилла долуш. ХьастагIа цо Нунина хIун дина ца хаьа хьуна? НунагIеран кIант хилла цхьанхьа-м ваха новкъа ваьлла, машен яре хьоьжуш Iаш. Новкъахь тIеIоттавеллачу почтальоно газеташ делла куц ду-кх цунна. Мухха делахь а,

цунна юххехула тIехволуш нисвеллачу кхуьнга: «Баймурза, хьо цIа воьдуш вуй?» – аьлла, хаьттина вукхо. Ву дера-кх. Ахь лаа хоьттурий? – аьлла, жоп делла хIокхо. – ХIара газеташ хьоьга цIа дахьийта воллура со-м. – Схьало, дIахьур ду аса-м – аьлла, газеташ Нуна волчу а даьхьна, Нуну, Асламбека хIара газеташ дIа а дохкуш, шена цхьа сом даийта бахара», – аьлла, цуьнгара даьккхина сом эцна, вукхунна уллехула а ваьлла, туькана вахана хIара. Эхасоьмах шена езарг эцна, важа ах сом юхадаьхьна, шена ах сом тоьар ду бохура, хIара ах сом юхадаийтина, аьлла. Гой хьуна цуьнан хIилла? Цунний бен дагадогIу хIума дуй иза?! Цо и дерриг доьхкина хиллехь, хIуманна чIогIа саьхьара волчу Нунас схьадоккхур ма дара и сом. Ткъа хIинца, и забарна тIе а даьккхина, цунах воьлуш хилла иза ша а.

Хьалимата а, Маьлхиша а дуьйцучунна мукIарло деш Iаш волу Баймурза, шен дечиг-пондар кара а лаьцна, соьга дош делирий аш, аьлла, дIахIоьттира.

– Ма воккха хир вац-кха хьо цкъа а! – элира нанас.

– Со воккха хилча-м, ас хоуьйтур дара шуна, со жималлех ца хьоьгий.

– ДIавалахьа, и хьайн забарш йитина, Iийр волуш вац-кха хьо!

– ХIан, со кийча ву-кх, – аьлла, шен пондарх пIелг тесира кIанта.

– Хьо муьлхачу иллиалархойх ву?

– Со дера ву, Дойттамир, Солтин кIентан кIант волчу ГIезин доьзалх схьаваьлла, шайтIанан кхо чо болу Къур-Махьма!

– Сел лерина ма яха хьайн ден цIе, хIай кIант, хIай!

– Да волчу кIанта йоккхуш хуьлура и-м.

ХIинца а шен да Махьма ву моьттура Баймурзина…

– КIант, и цIе ма еха ю хьан?

– Дера ю и цIе шена тIаьхьа цхьа нунн догIуш-м…

– Уьш дитий вай. Со чувогIуш, ас динчу хаттарна жоп далаза ю-кх хьо, нана.

– И хIун ду-те хIинца?

– Уой… Вайн дадех дерг…

– Даддар, вайнехан иллеш а тайп-тайпана ду. Ваьш олуш долу илли хьанна олу а хууш, ала вай, хьан дас дагалаьцна маьIна а гойтуш.

Вай-й, дарцан буьйса.
Вай-й, Iаьржа буьйса.
ЙоI ненах йолу буьйса.
КIант ненах воккху буьйса.
ЙоьIан нана йоьлху буьйса.
КIентан нана йоьлу буьйса…

«ТIе маца кхочур ю-те и буьйса», бохург ду ден дагахь дерг. КIентан ойланехь дерг хаа лаар ду ненан дагахь а.

– Кхийти хIинца, кхийти, нана. Вац хьуна со ойланаш еш-м. Шуьшиъ, сан да-нана, соьца мел ду ойла ян йиш а яц сан. Я аш йича мегар волуш а вац.

Делахь а, нана, цхьамма илли аьлча, жимма и дерзош, пондарх пIелг тосуш, Iедал ду сан. Аьлча а, жоп пондарца луш.

Шен пондар карахь нисбой, мерзех пIелг тосу кIанта. ТIаьххье дека самукъане аз:

Сан ойланаш, муьлхха гIулкх а,
Шен лааме гIуллакх ду.
Адам хьостуш, хаза дош а
Дагна ала хууш ду.

Дерриге а ас олу дош,
Сан даг тIера мерза дош ду.
Муьлхха а ахь олу дош,
Сан дог хьостуш, хаза ду…

– Хьажахьа, мел кIоргера дешнаш ду олуш дерш. Хьайн дешнаш дуй хьан уьш?

– Ду дера-кх, нана, дукха айса яздина-м. Зуда яло-м кхуьур вара. Цкъа хьалха сайн цхьацца гIуллакх дIа а дерзийна, тIаккха шуна луъург дийр ду-кх.

– Вай-й, Даддар, хьуна хаьий-те йоьIе вистхила? Ма эсала бер дар-кха хьо, жима волуш.

– И-м, нана, хIумма доцу хIума дара, цкъа а ца висна хьуна хьан кIант, йоIана дуьхьал дала жоп доцуш, юьхьIаьржахIоьттина. Хьох эхь ца хетахьара, ас дуьйцур дара хьоьга жим-тIам хIуманаш.

– Дийцахьа, сан жиманиг, соьга а ца дийцина, кхин хьаьнга дийца воллура хьо айхьа лелориг. Со-м хьан нана яй, хьо-м ас, цхьаъ бен воцуш, хьоме кхаьбна вай. Дийца ахь, сан кIант, сох хьайна нийса накъост а вай, дийца.

– Хьо Iийра-м яцара, вайн юьртдел башха, со хьайца эвхьаза ца ваьккхича. Цхьана дийнахь со ма ву вайн йоьхкинчу говрахь, Гелдганахь жим-тIам гIуллакх хилла, цига воьдуш. Суо говрахь хиларе терра, сихха, Иэмана ора тIе кхачале, цхьана гIаш йоьдучу йоккхачу стаганний, йоIанний тIаьхьа ма кхии со. ДIахьажавеллачу суна вуно тайна йоI хийтин хьуна вайн децина тIаьхьахIоьттина йоьдург. Сайн дагахь, дера беза ас кхуьнга бегаш бан, аьлла, сайн говр, шед тоьхна, тоьхна, урх юха а узуш, марсаяьккхира ас, йоIана кеп хIоттош. ЛадогIахьа. ТIаккха хIун боху хьажахь соьга йоIа, сох ца яшарца заббарий яьлла санна, сатта а сеттина, цхьа тIех кура: «Деллахь, кIант, и шед айхьа суна кеп хIоттош, етташ елахь, ма ца оьшур-кха и говр хьийзо». Хьажахьа, дагахь хIун хилла йоьIан! ТIаккха, со вита хьайна, и дешнаш цатайна волу. «Уой, йоI, и хIун ду ахь соьга дуьйцург?! Хьан бала болуш-м хьаха ца еттара ас и шед. Хьо дага-м хьанна еанера?! – эли ас. ТIаккха, йита хьайна вайн Нурсет. Ша и соьга аларх дохкояьлла, ша ма-дарра керла далийнчу нускало хIоттош йолу кеп хIотто езий хьуна суна хIокхо. Со-м ваха тIаккха, дина бергаша чан а оьккхуьйтуш… Нана, иштта хIуманаш-м мелла а

хIиттинера суна тIе. Амма цхьа меттиг ю-кх, со чIогIа юьхьIаьржа хIоьттина.

Нана-м, хIокхо йоьIе аьлларг хазделла, йоьлучуьра хIинца а меттаяза яра. Эххар а, йоьлучуьра саца а сецна, хаьттира нанас:

– Даддар, мичахь хIоьттина теша хьо юьхьIаьржа? Дийцахьа.

– Дуьнен чохь хIинцца садаьржина, бажа дIабахале хан яра и. Мескер-Эвлахь ду и. Етт узуш цхьа тамехь жима зуда ги суна. ТIекхаьчначуьнга бегаш беш Iедал долуш волчу ас цуьнга, гIуллакх доцуш, хатта дезий хьуна: «ЙоI, шура молуьйтий ахь соьга?», аьлла. Дика соьга схьа а хьаьжна, етт узучуьра а сецна, боху-кх хIокхо, бехча, ша и етт а лур болуш санна… «Деллахь, жима стаг, хIара шура ас кхоор ма яцара хьуна, лур а ма яра, делахь а, ас хIара шура хьоьга малийтича, хIара етт хIинцца бехкина хиларна, хьуна чоьнна цатам хилла, чохьлазар кхетарна кхоьру-кх со… Леррина, етт узучуьра а сецна, хьала а гIаьттина, тIекере а яьлла, хIара сайга йистхилча, хIокхо цхьа хIума дуьйцу моьттуш, сайн дин а сацийна, кхуьнга ладугIуш Iаш волу со, вала а, вола а меттиг къиелла, со стиглахь ву я лаьттахь ву ца хууш, юьхьIаьржахIоьттина, сихонца дIаваха цигара, суо вовззале, аьлла. Цул тIаьхьа Мескер-Эвла йолчу агIор сайн лар яхьаза ву-кх хьуна со.

– Гой хьуна, Даддар, хезний хьуна: «Кхаьрдинарг шена тIедогIу», – олуш? ХIинца изза ду-кх хьуна тIехIоьттинарг а. Ахь вукху йоIе аьлларг ду хьуна иза. Ахь цу йоIал сов юьхьIаьржа ца хIоттийна хьуна хьо цу зудчо. Хьан хIун гIуллакх дара, шен кертахь етт узуш йоллучу зудчуьнга шура малийта баха, иза мила ю а ца хьожуш. Иштта воллушехь ву хьо кху цIахь тап-аьлла?

– Э-э, нана, дера ву со, мацах шена арсаш диттича, Ахьмар-Хьаьжин йоьжна куралла санна, оцу йоIа и дош аьлчхьана дуьйна сайх ларлуш…

– Валалай, Даддар, ма къена хилла хьо! Ма хIуманаш хууш, хьайца дохкуш а хилла хьо! Ахь вела а воьлуш, курочу кепехь пондарна тIаьхьа аз а далош, сайга дуьйцуш цхьа тамашийна хета-кх суна. Ахь, йоьIан дог дохош, куралица аьлча-м муххе а.

«Iаьхк» аьлла, шен йиш а тойина, юха а пондарх пIелг тесира кIанта.

Хьайн дегIан са санна, халкъ дезаш хилалахь,
Нахана куралла янне а ма елахь,
Хаалахь, куралла – и нийсо йоций,
Айхьа-хьо хеставеш, лела ца везий.

Цундела ас суо хестийна вац хьуна,
Кхин хьоьстуш, дуьнен чохь схьавогIуш ву хьуна…

– Иштта ду-кх гIуллакхаш, Нана…

– Хаац, хьо Iийра-м вацара, и хьайн забарш йитина. ХIинццалц, ахь пондар локхуш, хьоьга ла ца доьгIна йолу со, тахана ахь цецъяькхина. Хьан тIаьххьарлерчу дешнашца суна хезир-кха: «Кхин хьоьстуш, дуьнен чохь схьавогIуш ву хьуна», – дешнаш.

– ХIай-хIай, бакъ боху. Суна хаам хьаха хаьара, цкъа эххар хьо сайх кхетар юй. Мотт ца хууш долу бежана а дера дулу ворданах, ша Iамийча. Иштта, саццаза лерехь пондаран аз декча, йоьлла хир ю-кх хьо пондарх а. ХIара Iамо гIерташ, хийла мерзаш дера хедийна ас кхуьнан. ХIинца хуур ду-кх хьуна айхьа бохучун маьIна а.

– Хуучулла, хазийтахьа, сан жима бер…

– Хозуьйтур ду-кх, ахь тIаьхьара алахь. Мохь туххуш, вай дIа-м эр ду.

– Ас аз тIаьхьара далор ду-кх хьуна.

Шен илли ала волало Баймурза. Мукъам тIаьхьара айа гIерта кIентан нана а.

Дог паргIатдаьлла, езар карийна,
Стиглара малх а боьлуш хьоьжу.
Алахьа соьга, ойла къарйина,
Хьо гIийла соьга хIунда хьоьжу?

Са паргIатдаллалц, лийхира ас хьо,
Карийна суна тахана хьо.
Дерриге дуьне суна схьаделла,
Безаман ирсах хьоьгуш вац со.

Хьо йолчу кхочий, буьйса а токхий,
Ойланца цIехьа со ма воьрзу,
Вахаран ойла хьуна тIехь сецна,
Дог-ойла хьоьца со чу воьрзу.

Кхочур ю и хан, вай цхьаьна долуш,
Со цунах кхоччушдог тешна ву,
Безаман ирс сайн ас хьоьца доькъу,
Даима дагца хьо соьца ю.

ХIокху шимма цхьаьна илли олуш хезна, цецваьлла, Махьма чувеара. Иза гучуваларца, шен илли а сацош, дечиг-пондар охьабиллира Баймурзас.

Резавоцуш, элира дас:

– Даккхий хир дац-кха шу цкъа а! И хIун гIовгIанаш ю аш йийраш? КIеззиг юхаоза шайн архаш. Ма кхардабе нах! – аьлла.

Корта а ластийна, аравелира Махьма.

ТIаккха кхин а чIогIа хазло йоккхачу стагана йиш лакха.

– Делахь-хIета, сан жима Даддар, соьга ладогIалахь хIинца. Жимма хьан дена Iоттар яй вайшимма? Нагахь санна, тхойшиннан дов далахь, машар бан хьодур-кха хьо…

Дика ладугIу Баймурзас. Йиш лакха йолало Хьалимат, ша хиъна Iачу дечиг-маьнги тIе куьг а детташ.

ГIеза-Махьми сира дин богIу, Ла илахIа иллаллахI.
ГIеза-Махьма вогIу гуш вац, Ла илахIа иллаллахI.
БIонна хьалха хир вай иза-м, Ла илахIа иллаллахI.
БIонна хьалха ма вац иза, Ла илахIа иллаллахI.
Мичахь воьжна вити-теша, Ла илахIа иллаллахI…

Сихваларна хьуьхьавоьлла, цхьамма хаьхкина валийча санна, чуиккхира Махьма. Ша чу ма-кхоччура, пеша кIел тасавелира, дечиг схьаэца. Хьалиматан мохь белира:

– Же, ма Iелахь, Даддар! Хьераваьлла хьуна хьан да. Орца даккхалахь лулахошка…

– ХIай ийман доцу сиз яI! Хьоьга мосазза ала дезаш ду ас, сайн ден цIе а йохуш, и луьттIар ма лиэкха? Хьо маца кхета йоллу? – аьлла, дечиг а карахь, зудчунна чукхоссавелира Махьма.

Цаьршинна юкъаиккхира Баймурза.

– ДIавала цунна дуьхьалара, ас шинне а еттар ю шуьшинна! – тIечевхира Махьма.

– Вай Дела, стаг, хьо суна тIехьийзаш волчу хенахь, леррина кIотарара дуьйна ма вогIура хьо соьга и лакхийта, хIинца хьо муьлхачу мозано къовзийте?

– ДIасацае и хьайн чIибкъа! ШайтIан ког, кхин иэхь а ца хеташ, лен а луьй хьо суна дуьхьал, адам-йилбаз! Ас и настарш кегйийр ю хьан, кхин суна дуьхьал дош далош хазахь!

– Зудчун настарш кегйича, наха тIаьхьашха пIелгаш а хьежош леларий-те хьо?..

ЧIоггIа неI тIе а тухуш, аравелира Махьма.

Царах цецваьллачу Баймурзас Хьалимате хаьттира:

– Нана, аьлла хIума а доцуш, и ма оьгIазвахана? Цо хIун до?

– Э-э, Даддар, дIаваьллахь, ца бевза хьуна хIинца а и суйнах схьабаьлла суй! Ша жима стаг волчу хенахь, и муха вара ца хаьа хьуна. Ша ван а велара хIара шен хенарчийн белшшалц а. Цхьаннех а озалуш вацара. Зеламха санна болу къонахий лоруш а вара.

– Мила Зеламха вуьйцу ахь?

– Ой, обарг Зеламха вуьйцу ца хезна хьуна?!

– Дера хезна. Иза-м хьовх, цунна дуьхьал хилла кхин Зеламха а-м.

– И ахь вуьйцург мила Зеламха ву хIинца?

Хорачойн Зеламха хилла шен динахь Чергазийн раьгIнашкахула охьавогIуш. Шийлачу маьхьарца йогIучу цхьана зудчунна тIекхаьчна иза.

– Ахь хIун до? Хьуна хIун хилла? Хьо хIунда йоьлху? Хьан цатам бина хьуна? – бохуш, хеттаршка ваьлла Зеламха.

Зудчо жоп делла, йоьлхучуьра саца а соцуш:

– Вай-й Дела, ас хIун дийр ду, елха ца йилхина?! Карахь мел йолу хIума а

яьккхина, лергара дашо хIоьънаш а даьхна, орцах вала стаг воцуш, йисиний со-м. Дог дохийна йогIий со-м. Некъан хьовзам хиллий суна-м, – аьлла, кхин а чIогIа елха хIоьттина зуда.

– Ой, цIе хала кху белхан! Хьан яьхна хьоьгара уьш? – хаьттина Зеламхас.

– Обарг Зеламхас яьхна-кх! Обарг Зеламхас! – шозза тешалла дина зудчо.

Дерригенна тIаьхьакхиъначу Зеламхас оьгIазе хаьттина:

– Муьлхачу агIор вахара иза?

– Оцу новкъа охьавахара, – аьлла, куьг тесна зудчо, йоьлхучуьра а соцуш.

– Дика ду хIета, ас кху Делан сохьта схьакхачайо хьуна хьан хIуманаш – аьлла, зудчо пIелг хьажийначу агIор дIатилла Зеламха.

– Вай-й, къонаха, со бахьанехь юьхьIаьжа ма хIоттахьара хьо – бохуш, тIаьхьа мохь бетта йисна бохамо хьовзийнарг.

Хьалхахьа воьдучу беречунна тIаьхьакхиъначу Зеламхас салам делла:

– Хьо бусалба велахь, Ассаламу Iалайкум!..

– Ва Iалайкум салам. Ву дера со бусалба…

– Хьо мила ву? – хаьттина Зеламхас.

– Обарг Зеламха ву-кх, – аьлла, дозаллица жоп делла беречо.

– Делахь-хIета, валол соьца, хьо санна къонах везар-кха суна, – аьлла, некъ боьхначу зудчунна тIе вигна иза Зеламхас.

Зудчуьнга хаьттина:

–ХIара варий и обарг Зеламха?

– Вара-те. ХIара вар-кха иза, – аьлла, жоп делла зудчо.

Важа вистхила кхиале, шаьлта ластийна, цуьнан лерг а даьккхина, аьлла Зеламхас:

– ХIинццалц обарг Зеламха хиллехь а, хIинца дуьйна дIа лерг доцу Зелимха ву-кха хьо…

Зудчун хIуманаш схьа а яьхна, дIахьажийна харачойн Зеламхас лерг доцу Зеламха.

Бохамах кIелхьараяьккхинчу зудчунна ша вовза а вовзийтина, шен сий дайа гIерташ лелаш нах хилар хаийтинчул тIаьхьа, Зеламхас аьлла:

– Бакъдерг аьлча, ян а яра цуьнан цIе Зеламха. Кхин а масане стаг хир ву Зеламха цIе йолуш…

– Обарг Зеламхех дийца дуккха а ду сан. Цхьана дийнахь, хитIара йогIучу соьга бегаш а беш, бIонна хьалха араваьллера хьан да. Суьйлийн махкахь, хьуьнан хотехь туп а тоьхна, буьйса яккха севцца хилла хIорш. Стиглахь гуш седарчий я кхетта бутт а боцуш, Iаьржа буьйса хилла и. СадоIуш Iаш хIорш а болуш, ГIизларера банк йохьуш йогIу обарг Зеламхин тоба тIеIоттаелла хилла кхарна. Шаьш кIелонна тIенисделла моьттина гIеранна. ДIаса герз тухуш, тIом болийна. Мухха а, цу юккъехула, «Iийт, суваларг яI! Хьо верина дIаваккхан-кха!» аьллачу Зеламхин аз девзина хьан дена. «ТIом сацабе! Вовшашна етта вай… Зеламха, хьо вевзи суна, хьан вежарий ду тхо!», аьлла, мохь тоьхна кхуо. ТIом цу сохьта сецна, ши тоба тIеттIаяхана. «Ва-

нах, и «суваларг-яI» бохург хIун дара хьан?» – аьлла, хаьттина хьан дас Зеламхе. Шен белшах тоьпан дIаьндарг чакхъяьлча, аьлла хиллера вукхо и дешнаш. Хьо, мила ву а хиъна, цестан-кха, аьлла, шена топ тоьхначунна оьгIазвахханчохь. Цунна дагахь а ца хилла ша оьшур ву бохург. Мел боккха кхерам хиларх, хIуманна бIокъажийна, юхаваьлла а ца хилла иза. Цундела вара Зеламха, майра стаг ву аьлла, наха цIе а йоккхуш, вуьззина къонах.

Чевнаш йинарш куьйге а бохуьйтуш, вовшашна къинтIерабевлла, дIасакъаьстира ши тоба.

ШолгIачу Iуьйранна, сагатлуш, уьш баханчу агIор дIахьоьжуш Iаш йолчу суна малхбалехьара схьаиккхина богIу хьан ден сира дин гира, тIехь бере а воцуш. «Шийла кхаъ бохьуш богIу-те? Я цIа хецна-те?», – бохуш, тайп-тайпана ойланаш коьрте яьхкича, аьллера ас и илли. Ткъа хIинца, ас и илли олуш, шен цIе хIунда йоху, бохуш, везавуьйш ву иза суна.

– Нана, бакъ дуй ткъа, зудчо майрачун цIе яьккхича, эхь ду, бохург?

– Эхь ду аьлча а, цхьацца хIуманаш ду-кх вайнехан Iадатехь олуш а, лоруш а. «Зудчо майрачун цIе яьккхича, исс ийман-беркат дIадоьду, майрачо зудчун цIе яьккхича, исс ийман-беркат тIедогIу», – олуш хезна суна.

– Хьуна бакъ хетий и дийцарш, хьесапаш, бох-бохурш?

– Суна-м хаац, Даддар, хьоьга хIун ала. Ойла йича, нохчийн шира Iадат ду иза. Лелор тIехь ма ду вайна нохчийн Iадатехь чIагIделларг.

– Нана, сох дадас «Къур-Махьма» хIунда олу?

– ДIавала Даддар, хан йолуш лаьтта вайна, чохь дина хIума а доцуш.

– Нана, гIуллакхаш деш-м ас гIо-накъосталла дийр дара хьуна...

– Дера хаац суна-м, дIа ладоьгIча, хьуна ца хууш хIумма а ма дацара, амма, цхьа жима бер санна, массо хIума хоьттуш, духе кхиа гIерташ хуьлу-кх хьо. Хьо жима бер долчу хенахь: «Сох Дада ма ала, Махьма ала, – олура хьоьга хьан дас. Кхин ахь шен цIе яккхане а ца яьккхича, аьлла цо хьох Къур-Махьма. Даима хьуна дов деш ма хуьлура иза. «Стаг йоцу хIума! Дада, Дада, бохуш, Iийр ву-кх хьо, воккхахилча а?», – цо хьаьйга баьхна дага ца догIу хьуна?

– Уой, соьга хьалххе хIунда ца олура ахь? Суна жимчохь марзделларг ма ду иза. Нахана юккъехь цуьнга мохь тоха безча, эхь хеташ ма Iийна со, айса Дада аьлча, массо сайга схьахьоьжу моьттуш. Ойла йича, нийса а ма ду и. «Хьо хьенан ву?», – аьлла, цхьамма хаьттича, «Со дадин ву» муха олу? Ккул тIаьхьа Махьма эр ду-кх ас дадех.

– Бакълоь. Хьан дагара хии суна. Хьо жима воций а хии суна.

– Жима-воккха бохург, дитал ахь, нана.

– Ас муха дуьту? Хьажал хьо, хьан нийсарой, зударий а балийна, баха хевшина бу. Со ца го хьуна, цхьа ког коша а бахана, халла лелаш йолу. Зуда яло еза. Дукха чехка еза-кх!

– ХIан, Нана, дуьтур вай и зудаялор боху къамелаш. Цул а заманан къамелаш де вай!

– Ой, де ма ека хьо кIентан делаI! Айхьа хIун дуьйцу хаьий хьуна?! Заманан къамел бен, кхин хIун ду вай дуьйцург?

– Делахь а, цкъа хIинца зуда ялае ма ала соьга. Со хIинцца бен дешна ваьлла а вац, хIокху аьхка вайн декъа тIера гIуллакх кхочуш а дина, ладоьгIна-а, гурахь цхьаъ дер вай…

– Оффай-кха, ма гена ю-кх и хан, денош дагардан воьлча. ТIекхачахьара и хан, бохуш, ас лар-м йийр ю гуьйре. ХIун хаьа, ас сатуьйсург сан Iожаллин де хуьлий а…

– Нана, иштта ма алахьа? Сан дог Iовжадо ахь… Ма ехьа кIоргера ойланаш. Цхьана а хIуман ойла а йоцуш, дешна ас хIинццалц, кху бисинчу цхьана-шина баттахь IадIие вай? ХIун дан йоллу хьо, и бала сан коча тесна? Со хIора дийнахь цIахь хир волуш а ву.

– Дера хаац суна-м, нийса хIун хир ду а, я кху наха дохкучу бехкашна хIун дан деза а. Хьан ден лаам хьуна бовзийта гIертара со-м... Валалай, Даддар, садовш ма лаьтта вайна-м, уьстагI-бежна а ма ду цIадерзо дезаш. Вайшимма ледарло яхь, хьан дас дов дийр ду. Валол, ладогIал жа-беже, ас юучунна гIайгIа бийр бу…

Шаьш суьйранна чудирзича, дена тIехIоьттира Баймурза:

– Дада, со тховса кIотара гIур вара сайн доттагI волчу, ахь пурба делча.

ХIинццалц, цхьанхьа ваха везаш меттиг хилча, ненера пурба доккхура цо. ЦIаьххьана и пурба шега дехча, жимма воьхча санна хилира Махьма. Дуьненахь мел долу вуо хьаьвзира коьрте. Хьаннашца лела обаргаш. Акхарой меттахйовлу хан. И дерриге коьрта чу а ца тарделла, даьржино жоп делира дас:

– КIант, хьуна ваха-м лаьа хир дара, делахь а Iуьйранна вахча, хIун дара-те хьо? Тахана бен цIа веана а ца хилча, хIара пхьуьйре цхьаьна йе вай. Тховсалера буьйса нохчаша жижиг тосу буьйса юйла ца хаьа хьуна?

– Оршотан буьйсий?

– Оршотан буьйса-м яра хIара. «Базаран буьйса» а олу-кх кхунах.

Ден лаамца цIахь сецира кIант.

Iуьйр-ламаз динчул тIаьхьа, кIеззиг юучух а кхетта, Баймурза сихха новкъавелира. Хьуьнах шена генадоццуш, дахкарлахь адаман ши гIаларт гира цунна. Улле гIоьртича, коьртахь месала куйнаш а долуш, карахь тоьпаш а йолуш, кулана уллехь лаьтташ ши адам къастаделира.

Баймурза царна уллешха тIехвала вуьйлира.

ХIара хаавелла, важа шиъ, «тIох-тIих», – аьлла, гIовгIа а йоккхуш, тоьпаш а юьйлина, Баймурзина дуьхьалвирзира.

– Хьала айа ши куьг! – аьлла, тIе а чевхаш, тоьпаш тIелецира шиммо ацхьабосса.

Оцу суьртах цецваьлла Баймурза вистхилира:

– И хIун ду аш дуьйцург?! Нохчий дац шу?..

– Оха хьоьга и ца дуьйцу. Хьаладахийта ши куьг! Охьадилла герз! ДIаяха хьайна тIера бедарш…

– Уой! Со стаг ца хеташ ма дохку шу-м?! Толкхачу стага «элхьамц» алале, дIакарчор ма вара ас шуьша! Ма бакъ дацар-кха шуна моьттург! –аьлла, шаьлтан макъарна тIе ка диллира Баймурзас.

Иштта Іаш хІорш а болуш, цхьа бере гучувелира.

Корта охьа а таІийна, гІийла мукъам а беш вогІучунна хІорш гуш а бацара. Бере тІекхаччалц Іад а Іийна, цунна а омра дира вукхара:

– Хьаладахийта куьйгаш! Хьуо воьдуче дІакхечи хьо!

Говрахь верг гІийла дуьхьал вистхилира:

– Іадвитахьара аш со, гІийла, миска стаг вара со. Гергара стаг кхелхина, лула юьрта тезет даьллий хаийта воьдуш вара со. ДІавахийтахьара аш со. Некъан хьовзам ма баккхахьара аш суна.

– Ма балхабе тхоьга хьайн къа-бала! Оха аьлларг аьлла ду. Къамел дах а ца деш, охьадилла хьайна тІера верта, восса динара…

– ХІета, аш кхин вуьтуш ца хилча, охьадоккхур ас верта…

БІаьрг-негІар тухучу юкъана, шен вертан маьІиг дІа а тосуш, цкъа лаг озийча, ткъе итт патарма бассош йолу автомат тІе а лаьцна, беречо омра дира:

– Охьакхисса тоьпаш! Хьаладахийта куьйгаш! – аьлла.

Тоьпаш охьа а кхуьссуш, куьйгаш хьалаайира вукхара.

Оцу суьртах цецваьлла Іаш волчу Баймурзе элира цо:

– ДегІаца герзах хІума юй хьажа церан! Шаьлтанаш а схьаэца.

Самукъадаьллачу Баймурзас бохь буогІаран кеп хІоттийра.

– Арс-вай! Арс-тох! Уьш – шиъ, вай – шиъ! – бохуш, къаьхьа къунц хІоттийна, дегІах хьаьжира шинненан а.

Кисанашкахь итт-итт патарма а, цхьаьнгахь зударийн лерга ухку дашо хІоьънаш а карийра. Уллехь лаьтташ серийн тускар а дара, чохь корталеш кхин а цхьацца кега-мерса хІуманаш а йолуш.

– КІант, иштачу меттехь ларлуш хила веза, – элира беречо Баймурзе. – ЮьхьІаьржонан сахьт дац. ХІара жІаьлеш дукха даьржина. Кхеран хІу дайа деза. Майралла оьхьу дов дац кхаьрца дерг. Гой хьуна, со тІевогІучу хенахь, шаьлтанна тІе куьг а диллина, нІаьна-кІорни санна, царна дуьхьал а вирзина, Іара хьо. Иштта мегар дац. – «Хьуо тоьлун воцу дов ма де», – аьлла ду. Тоьпана дуьхьал шаьлта герз дац. ХІилла хила а деза стагехь, сонталла човххол мукъане а… ХІан, жима къонах, со сихо ву, ца вахча ца волу. Соьгара хІун накъосталла оьшу хьуна?

– Баркалла. Со нийса кхетта хьуна ахь динчу къамелах. Хьо стенгара ву а, хьан цІе хІун ю а хаа-м лаьара суна.

Бере велавелира.

– Ледара кІант волчух тера дац хьо. Сан хьекъал ца кхечира хьан цІе хатта. Хьенан, мила ву хьо?

– Цоцин-Юьртара ГІеза-Махьмин ву-кха со.

– ХІай-хІай, бакъ бах, вевза суна и гІалагІазкхи.

КІантана ца тайра беречо шен дена гІалгІазкхи алар. Шайн юрт йоккхуш, тІом гІалагІазкхашца хилла дела, уьш шайн мостагІий лорура цо.

– ХІунда боху ахь иза гІалагІазкхи ву?

– Э-э, кІант, жима ву хьо хІинца а. Ца кхийти хьо сох. Гелдганара, ахь «Къарцалург», аьлла, цІе тиллинарг тІеІоттавеллера хьайна, ала Махьме, вев-

зар ву хьуна со хьан дена. – Юха а бегаш бира цо: – Уой, гІалагІазкхи вац боху ахь иза? Дера ву-кха, цІенна гІалагІазкхи-м.

– Хьуна муха вевза сан да? Цунах гІалгІазкхий олуш суна дуьххьара хезаш ду.

– Иза гуно волу дела вевза-кх. И дуй бакъ?

– ХІинццалц схьа, цІена гуной ду бохуш, лелаш-м ду тхо.

– ХІан-хІа, кІант, «ЦІен сту биъна гуной», – олу шух.

– Цуьнан хІун маьІна ду со хууш ву. Иза дийца оьшуш а дац. Тайпанаш, тукхамаш къесто хан яц вайн. Дерриге цхьа гуной ду тхо…

– ХІинццалц стенгахь кхиъна хьо? Ден-ненан къамелашка ла ца дегІна ахь?

– ГІалахь доьшуш вара со.

– Оьрсийн школехь вара хьо?

– Вара.

– Кхеташ ду. Со Іедалан балхахь стаг ву. Обаргаш ду шаьш, бохуш, нахана зен-зуламаш деш, бевлла лела нах леца нигат долуш араваьлла а ву. Нагахь ас бечу белхан айхьа нийса мах хадийнехь, цІахь хьайн дех-ненах дага а валий, тхох схьакхета. Хьо санна болу кІентий оьшуш хьал ду вайн махкахь. Тоьпан хьокха кара а лоций, коьллашна кІел а хуьйшуш, зударшкара хІуманаш йохуш, къоман сий дойуш лелачу кху жІаьлийн хІу дайина ца Іаш, хьакъ доллу таІзар деш, дуьненах догдиллийта деза кхаьрга.

– Дела реза хуьлда хьуна! Ахь бІаьргаш деллийти соьга. Со цІахь дага а дера вер ву. Сан са лаьтташ болх бу ахь беш берг. Сайн халкъана а, махкана а декхар дІадала цІена нигат ду сан а.

– Сайн ткъе пхиъ шо кхаччалц Цоцин-Юьртахь ваьхна со. Ерриге сан жима хан цигахь дІаяьлла. Жималлехь дуьйна тІехь да воцуш, доьзалехь воккхахверг хиларна, цІийнан дукъ сайна тІехь а долуш, хьалакхиъна со. Сан пхийтта шо кхачале вийна тхан да. Куьг бехкениг мила ву хууш дацара тхуна. Айкхваьллачунна кхайкхийна ахча а дара. Шун да вара цу хенахь цІейоккхуш стаг, бІонна хьалхаваьлла. Цунна хиънера, сан да муха вийна а, хьан вийна а. ЧІагІо яра Махьмин йина: дийна а волуш, и мостагІ суна хьалха кхачор ву, аьлла. Тхан да вийнарг а хиллера, бІонна хьалха а ваьлла, лелаш стаг. Верал совнаха, корта дІабаьхьнера цо тхан ден.

ТІехь корта боцуш карийна дакъа а долуш, бекхам бан мостагІвоцуш, масех де даьллера. Тезетан барам а дІабирзира. Да верал а лан хала дара, корта а боцуш дакъа дІадолла дезар.

Цхьана дийнахь, ма-воггІура, динара а ца вуссуш, тхан кевнал чоьхьа велира Махьма.

– Ассаламу Іалайкум, дика мел дерг кху керта…

– Ва Іалайкум ассалам, диканца дукхавехийла. Хьо лаа лелий, ва Махьма?

– Лела дера-кха, сайн жимма хилла йолу гІайгІа лахйина вогІу-кх…

Махьмас бохучух дика кхетахь а, бакъ дуй-те и, аьлла, сан даг чохь чІагІделла далале, юха а вистхилира иза:

– Же, ма Іе! Вала чехка! ДІайожа говр. Хьо оьшуш меттиг ю хІинца…

– Махьма, со кхетавехьа, муха-хIун ду алий? – вистхилира со.

Махьмас деро элира:

– Ма латта, Зайнди, нахала а ма даккха хIара, вайн мостагI йийсар вина, ЖагIа болчу оре кхаччалц схьавалийна оха. Иза ларвеш, цигахь витина кхин ши накъост а ву вайн. Ас эвлахула иза схьавалийча, хьенехагIеран чIир наха йийкхи, аьлла, даьржар долу дела, хьо цунна тIе а кхачийна, хьоьга бекхам байта лиъна, веана со.

ДегIе зуз хьаьдира. Кхин меттах а ца валавелла, чу мохь тоьхна, жимахволчу веше, Наибе, дIайожийтира ас говр.

Эвлах ваьлча, ЖагIа болу ор долчу кхочуш, цхьаъ говрахь дуьхьалвер ву хьуна, – аьлла, къайлавелира Махьма.

Сайн денаний, Наиббий улло а хаийна, Махьмас билгалйинчу метте дIахаьхкира ас ворда.

Тхаьш дIакхоччуш бен ца хаийтира ас денанний, вешиний стенга доьлху а, некъан Iалашо а.

Чов йина Iуьллу мостагI ворданна тIе а виллина, нахана а гойтуш, иза эвлаюккъехула чекхваьккхира оха.

Тхайн ма-хуьллу йийцийта гIиртира тхо тхайн ден корта хьулбина меттиг.

Диттан гаьннех муш а тесна, Iункар хьалаоьллира оха мостагI. Цуьнан нахе дIахаийтира: «Нагахь ден корта сарале схьа ца лахь, шун стеган дакъа, я корта а дIалур бац оха», – аьлла.

Лаьттах волла кечвина мостагI вехха латтийра ирхъоьллина. Дукха адам гулделира цига. Ирхъоьллинчун хьалхара нах а, юьртахой а баьхкира. Кхалха го лаьцна Iачу Махьмин бIоно тIедуьтура адам. Туьйранахь санна де дара тIехIоьттинарг. Шайн дакъа дIадоьхура хьешаша… Корта сарале схьа ца лахь, вайна юкъахь мостагIалла ду, аьлла, дIахьединера цаьрга. Цундела, хIинций-хIинций цIий Iена-кх, бохуш, тIамна кийчча Iаш дара тхо.

Ерриг юрт тхуна орцах а яьлла, дIахIоьттина яра. Тхан даше ладоьгIна Iаш болчу Махьмин бIоно а дог-ойла ойура.

Эххар а дехаре бистхилира хьешех нах. Цара бохура:

– Коьртана тIаьхьакхиа гIоьртар дара тхо. Тхан цхьа дехар кхочушдахьара аш. Iункар кхозучуьра дакъа бакъахьа дерзадахьара…

Юьртахь бIон тхьамда Махьма велахь а, цхьа хIара саннарг нисделча, хьалхавоккхуш кхин стаг вара тхан, Iаьржа цIе а йолуш.

Iаьржа вистхилира:

– Хьеший, тхо кхета шух. Шуна шайн стаг Iазапах хьалхаваккха лаар а ду кхеташ. Хьанна а луун дерг ду и. Делахь а, цкъа лерррина хьовсийша кху балхе. КIира сов даьлла, оха тхешан стаг, тIехь корта а боцуш, лаьттан кийра виллина. Докъаза стаг вар санна хIума ду и. Ирча де дара шун стага тхуна тIехIоттийнарг. Делаца йина чIагIо ю тхан: тхешан стеган докъана тIера баькхина корта схьабеллачул тIаьхьа бен, шун дакъа дIа ца дала. Иштта, шу тешо лаьа, тхан лаамца доцуш, оцу Iункар кхозучунна тIегIоьртинарг бакъдуьнене хьажор хиларх а. Цундела ас шуьга а до цхьа дехар. Кегийчийн

яхь юкъайолале, вайн цIий Iанаре сатуьйсуш шу дацахь, кхин минот а хан ца йолуьйтуш, дIадовла кхузара. ГIиллакхах ма доха. Оха кIирнах диттина са. ХIинца шух доьзна ду тхан собар кхачадар. Тхо хIинццалц а Iийна, шу хьеший хиларал а сов, шун юьртара цхьаболу нах лоруш, сатоьхна. ХIара гIуллакх кхин эвхьазадаллале, сихонца дIагIо. Со вистхилла ваьлла, кхин дуьхьал къамел дан пурба дац шуна. Хилларг-лелларг карла а ца дохуш, ас шайга бохург кхочушде.

Хьеший дIабахара. Юьртахой а шайн-шайн цIа бирзира.

Оцу буса хадеш Iийра сой, сан ваша Наиббий.

Хан яьллачу хенахь цхьа ши гIаларт хааделира тхуна, оха лардеш долу ор охкуш. Ас шега ма тохалахь бохушшехь, «гIап-гIап» аьлла, шозза топ йожийра Наиба, гIаларташна тIе а хьажош.

Сихха тIевахара тхойша. Цхьаъ, ведда, къайлаваьллера, шолгIаниг, сихдинна узарш а деш, ора уллехь Iуьллура.

Ван мукъане мила ву-те хIара, аьлла, лерина хьаьжча, воьжнарг вевзира суна.

– Сан ваша, вуо ди ахь хIара. Соьга ла хIунда ца дуьйгIира ахь? ХIинца иза лахь, юьртах довла дезар ду вайн. Вешан юьртахо ву вай вожийнарг.

Исс шо бен доцуш волчу Наибан бехк сайна тIе а лаьцна, юьртах велира со…

Баймурза цецвелира.

– Ванах, Зайнди, иштта луралла тIехь доллушехь, хьо муха лела кхузашха? И дуй ткъа нийса?

– Дацара, хьанора, и нийса-м, хьуна ма-моьтту хилча. И ма ду ас хьоьга хIинцца бохург: къамел дах мел ди а дахло. Масане хуьлу бахьанаш… Тхуна тIе луралла деана дукха хан а ялале, кхечаьрца вер-ваккхар церан а хилира. Со санна, юьртах бевлла бу уьш а.

Ойла еш Iачу Баймурзе а хьажна, кхидIа дийцира Зайндис:

– КIант, воккха мел хили а хIуманаш хезар ду хьуна. Жима ву хьо хIинца а. Соьгахь хиллачу гIайгIанах хьо Дала ларвойла. Даима шун керта дика хьийзийла. Массо а вочух ларвойла! ХIинца адамашкахь дерг хIумма доцу хIума ду хьуна. Тоххура, со жима волчу хенахь, халонаш хьегна оха. Хала яра и паччахьан зама. Ирча дара вайн юрт йоккху де. ЭхI, кхин цхьанне а ма гойла и санна де…

– Зайнди! Тов суна хьан къамелаш. Со ларор варий-те кху хьан белхашца? Дийцахьа, муха болийра ахь хIара болх?

Шен сахьта тIе а хьаьжна, кхидIа а къамел дира Зайндис:

– Дера со-м, цхьана хенахь, Iедална гучувала йиш йоцуш а ма лелла. Я сайн бехкенна а ма дацара сан и. Юьртда тхан тайпана стаг вара. «Ас хIун дича, бакъахьа дара-те? Бехк-гуьнахь доцуш, лечкъаш лелаш а ма ву со», аьлла, шех дагаваьлча, цо элира соьга: «Кхана, пIераскан дийнахь, со волчу «кемсилле»* богIур болуш хьаькамаш бу, цига дIавола хьо а. Ма-дарра дуьйцур ахь хилларг-лелларг.»

ШолгIачу дийнахь, малх гIушлакхе баьллачу хенахь, сайн хIинца а болуш болчу дина а хиъна, вахара со хьаькамаш баьхкинчу. ГIопехь, цхьацца агIор тIекхетта, шина салтичо дIалецира со. «Кхайкхина вогIу со. Чувахийта…», – аьлла, ас юьртден цIе яьккхича, дегIах а хьаьвсина, герзах хIума ца хилча, чоьхьавалийтира со. Корах чухьаьжча, стоьла гонах хевшина хьаькамаш гира суна.

«Чу-м муххе а гIур ма вацара со, юханехьа ара муха валалур вара-те кхузара?», – коьрте хьаьвзира суна. Чувоьдучуха, гIаролхошна гучуьра а ваьлла, кIеззиг хан а ялийтина, вухавеара со. Говр ша йоллучехь Iад а йитина, гIаш дIаваха дийзира сан. Говр кертахь а юьтуш араваьлча, со цхьанхьа хьажийна моьттина хиллера салташна.

Сан дин бевзинчу юртдена хиънера, со ша кхайкхинчу вар а, шена тIе ца кхочуш дIавахар а…

«Сихонца тIевола!» – аьлла, хабар туьйхира цо.

Осала хуьлучул, валар а гIоле ю. Юха тIевахара со.

ГIалара баьхкинчу хьаькамаша соьга ца деш хаттар ца дисира. Обаргаш кхобуш ву, бохуш, аьрзнаш а хиллера тIедаьхьна.

ТIаьххьара юьртдас Сайд-Селима хаьттира соьга:

– Вайн кIотарара даьхни дуьгуш, вер-ваккхар а хуьлуш, хилла зенаш дагадогIий хьуна?

Цу хенахь герзаш дуьйлуш хезна волчу суна и шера дагадогIура.

– ДогIу дера-кх, къуйх, чов хилла, бухависна шиъ а цхьаьна-м.

– Цу шингара хиъна важа кIелхьара ваьлла шиъ мила хилла а, муьлхачу боьлакашкахь лечкъаш ву а, хьенан чохь вежаш ву а. Нагахь ахь къонахчун дуьззина дош лахь, и ши зуламхо лаца хьайн ницкъ кхочур бу, аьлла, хьох тешна хир ду тхо даимна а. Цкъа хIинца тхуна хазош дерг, хьан хIусамехь обаргаш бежа, бохург ду. Оцу хьокъехь кхайкхина ву хьо тхайна тIе.

– Ца хаьа суна, шуна аьрзнаш хIунда хазадо-м. Со обаргаш кхобуш вацкха. И ду-кха сан шуьга ала. Аш со мел дукха леварх, кхин тIехдаьккхина дийца хIума а дац-кха сан.

– Зайнди, ма дийцахьа хууш дерг… Оцу нехан хьовха, церан вархIе ден а цIераш тхуна хууш хилча.

– Аш хIун цIераш юьйцу, ца хаьа суна.

– Оха бохург кхочушдан дош лой ахь, тхо бакълуьйш делахь?

– Дан тарлуш долчу хIуманна кийча ву со, хьо Iуьйккъехь веача а.

– Iуьйкъехь хьо волчу ца ван гIерташ, лебо ас хьоьга корта. Вуьшта, хьо вац-кха ас дуьйцучух кхеташ. Хьуьсийн некъийн Куьйрий, Эсенгирий ву-кха хьуна и шиъ. ХIинца хиин хьуна?

– Со волччо-о-хь... Реза вац со аш дечу къамелана, аьлча а, сайна тIетеIочу некъана. И шиъ бехке хуьлийла а дац. Масане хьаша хила тарлуш ду вайгахь…

Сайн дагахь ойла йора ас: «Мичахь ду-теша бакъдерг?» – бохуш. Буьйцурш бан а бара хийлаза сан кхачанах кхетта. Шаьшшиъ, бехк-гуьнахь а доцуш араваьлла лелаш ву, баьхнера цаьршимма. Хьанах теша веза-техьа? Сан дас соьга дина весет а ма дара: «Со шина Iожаллах кIелхьараваькхинчу Хьуьсийн не-

къийн, хьуо валлалц сий делахь», – аьлла. Ден весет дохадойла яцара сан.

– ХIинцца ца делира ахь къонахчун дош? Ткъа хIинца хIун дуьйцуш ву хьо? Ахь тIелоьцуш берш хьайн зуламхой буйла хаьий хьуна? Цара цу буса даьхни дуьгуш, вийнарг хьайн тайпана стаг вуйла хаьий хьуна? Нахана и дIахаахь, хьуна тIе доккха эхь догIу. Хьанех, чIир йоькхучу метта, шен мостагIий кхобуш ву, эр ду. Тхуна-м шал-шера хууш ду уьш хьуна тIебуьссуш буйла, амма церан чIирхошна шайн стаг хьан вийна хIинца а хууш дац. Чов хилла каравеанчу шимма вийна моьтту. Уьш царна тIекхача гIерташ бу.

Цуьнан дашна юкъаиккхира со:

– Шуна стенах хаьа иза царшима ца вийни? Цу жIаьлеша дуьйцучух хIунда тешна шу?

– Иза а хууш ду тхуна. Чевнаш хилла схьалаьцначу шингахь тоьпаш хилла а яц. Шаьлтанашца бежнаш дIатийсина машшаш хедош воллу и шиъ божли чохь вожийна. Ткъа арахь, хадеш, лечкъина хилла Эсангирий, Куьйрий, дуьхьал герзаш а кхуьссуш, кIелхьараваьлла. Церан карах велла ХIарон. Хьуьсийн некъий мел ямарт нах бу вайна хууш ду. Уьш дийна схьалеца безарна ду оха хьоьга гIо дехар. Бакъду, уьш хIаллак ца балуш тхо а дац. Нагахь хьо хIинца а къера вацахь, оха хьан цIенна гуо а бина, лоьцур бу уьш. ТIаккха хьан хIусамнанна а, доьзална а, хьуна а хьовзам хир бу цунах. ТIегIоьртинчу милцоша къестор вац шух цхьа а. Оцу кхиссаршкахь хьо дийна висахь а, ХIаронан хьалхарчу наха хьо хIаллаквийр ву, шайн мостагIий ахь кхобу, аьлла. Суо юьртда хиларал сов, хьан дешичан кIант хиларна боху хьоьга. Цу тIе даьлча, цIийнан хьалхара вацахь а, вайшиъ а ма ву ХIаронан тайпана верас. Мел эхь ду ахь даг чу лаьцнарг, берриг гуной ма бехбе. Жоп луо суна, доцца хадош. И цхьадолу весет дохо мегаш ма ду, нагахь и зедеш делахь.

Сайд-Селима, ша кхин а луьра дийца йиш йолуш воллушехь, оццул собарца, со кхетош сайга дийцича, ойла цунна тIейирзира сан. ТIаккха, цо лебина корта эрна ца хуьлуьйтуш, жоп делира ас:

– ХIан, Сайд-Селим, ас дош дели хьуна и шиъ дийна каравало. Ас хIара дегI доккхуш цкъа а тешнабехк бина бац, хIинца ахь бохург ца дича а валац со. Ма-дарра аьлча, тешнабехк ца бича-м, и шиъ лацалур а дера вац. Суна цкъа а ца хезна Хьуьсийн некъешкара ледарло яьлла олуш. Уьш тоьпан биргIанна кIел совцур болуш нах бац. Цаьрца ницкъ къовса дезар ду. Цундела, кху юьртара воцуш, хьешех стаг, цхьа накъост везар ву суна.

– Къаьсттина хьешех стаг хIунда веза хьуна? Шайн юьртахо ца лацавеликх кхаьрга, хьешо гIо ца дича, эр ма ду вайна. Цул а, хьешана хьалха вешан юьртан сий дойучул, со вогIур ву хьоьца.

– ХIан-хIа, Сайд-Селим, хьо нийса ца кхетта сох. Сайн цхьа хьесап ду ас оцу хьокъехь дина. Хьешех стаг ваийта ахь соьца…

Къамелаш деш Iаш Баймурзий, Зайнди а волуш, ши бере тIекхечира.

– Ассаламу Iалайкум! Ва Зайнди, хIара хIун ду? ХIорш хIун нах бу? – хаьттира тIевеанчарах цхьамма.

– Ва Iалайкум салам! Шуьшиъ ву и шиъ, Закри?! ХIара кIант сан некъан

накъост ву. Ткъа дIора шиъ, обаргаш ду шаьш, бохуш, зударшкара хIуманаш йохуш леларш а бу-кх.

– ХIун таIзар до вай кхаьршинна? – юха а хаьттира вукхо.

– И кхиэло къастор ду. Цкъа хьалха, шаьшшиъ кхуза муха кхаьчна а, шайн накъостийн цIераш а йийца дезар ду кхеран. ХIан, Баймурза, дIалаца сан куьг, хIорш хьала кхачо деза тхан, – аьлла, Iодика ян хIоьттира Зайнди.

Зайндин дийцар хIинца а коьртера даланза волчу Баймурзас хаьттира:

– Зайнди, хIун хилира царех цу буса?

– Оцу буса-м, ас лийрина ма-хиллара, дIадирзира тхан иза. Зуламхой лийцира. Цигахь хиллачу чевнах бисна бу сан хIара муо, – аьлла, шен чIенги тIера беха муо гайтира Зайндис.

Закрий, Iусманний велавелира.

– Ва Зайнди, хьайна йина чов юьйцучул, айхьа дIайинарш хIунда ца юьйцу ахь?!

– Сайн ницкъ кхоччург-м дира ас, чов хилла вужушшехь. Аьлча а, бага туьйхира-кха. Юха а шаьлта ластийра цо суна. Со куьг ойучу хьолехь а вацара. Ахь, тIекхетта, цуьнан легаш Iовдуш гира суна, суо кхетамчуьра валале…

– Цкъа хьох хIун хуьлу ца хиъча, ца вуьйш витира ас иза. Луьра ма ярий хьан чевнаш. Иза хIинца а набахтехь воллуш ву, Iазап хьоьгуш, ткъа хьо могуш-маьрша дIалелаш ву…

– Дала сайна деллачунна хастам бо ас. ХIумма а шуьшиннах хьоьгуш а вац, – Баймурзехьа а вирзина, бIаьрг таIийра Зайндис.

– ХIан, дуьтур вай хилларш-лелларш. Хабарш дахделла вайн. ДIасадухур вай, – Iодика ян хIиттира Зайндий, тIевеана шиъ.

Баймурза дехаре вистхилира:

– Зайнди, со юкъаэца мегар дарий-те аш шайн тобанна? Ас а лохур дар-кха хIара зударийн тIелхигашна теба кIезий…

– Iаламат дика хир ду. Тхо реза ду хьуна. Тахана дуьйна дIа, тхан накъост хир ву хьо. Кхин цхьа хIума а ду хьуна. ХIара сан ши накъост теш а волуш, ас хIара ворхIазза йолу тапча а ло хьуна совгIатна. Цкъачунна, хьуо дешна валлалц, хьайн дега Махьме дIало хIара. Хьан-хьанна а луш яц тапча. Махьма кхетар ву хьуна, «Къарцалучо» хьайна елла ахь аьлча. ХIан, Iодикайойла! Маршалла луо Махьме.

Кхул тIаьхьа, хIара санна киртиг тIеIоттаелча, ша хIун лело деза а хиъна, охьаволавелира Баймурза. Зайндис шена динчу совгIатах воккхавеш, даг чу маситта ойла хьаьвзира. «Жима воллушехь, герз делинц соьга. Схьахетарехь, сан ден гергара стаг волчух тера ду иза. Со вухавирзича-м, хоттур дара ас цуьнга», – воккхаверца ойланаш йора кIанта…

Дозаллин ойланаша хьоьстуш, цхьацца бIаьхаллин суьрташ сатийсамашкахь луьстуш, некъ бира Баймурзас.

Малх тоххарехь гIушлакхе баьллера, Iалам а кхоччуш самадаьллера…

Чехкачу боларца вахча, сохьтехь балла бен боцу некъ, дехачу дийне белира кIентан. Делахь а, сарахь хийист дIахIуттучу хенахь, ша воьдуче дIакхечира

иза. Шен доттагIчуьнца хин коьрте велира Баймурза. Шега хабар тоьххашехь, Айзан гучуйолуш яцара.

ТIехула догIа а тоьхна, чохь сацийна хиллера иза дас.

Баймурзин доттагIчун дена хиънера и хьал. ЙоьIан да волчу вахана иза. Кху шимма дуьйцург ма-дарра хезаш Iаш Айзан а хилла…

– Нажал, со гIеххьа оьгIазвахана, веана ву хьо волчу, – дIадолийна Iелас шен къамел. – ЦIе йоцуш кIур ца болу, цхьана бух тIера хуьлу нехан хабарш а. Алал, бакъ дуй суна хезнарг?

– ХIун хезна хьуна, кIура-х ца гIуьттий сан цIийнах.

– ГIуьтту дера-кх, дукха гIитта а гIуьттуш-м. Мел муьста кIур а гIоли бу, ахь лелочул-м.

– Уой, хIун леладо ас цу бесса?! ХIун даьлла соьгара? Ямарт хилла со, я къолалнна тIехь лаьцна?

– ХIинца иза-м дара хьуна кху тIе оьшург.

– Ахь со цецваьккхина-кх, ва Iела.

– Ахь лелийнарг ца тайна, веана со хьан керта. ХIун гIуллакх дара хьан, йоI хитIа йоьдучуьра юхайерзо? ХIун бахьана дара, ахь ГIеза-Махьмин кIантана йоI хитIа ца яхийта? И хаа лууш веана со хьо волчу, сайн гIуллакх охьа а тесна.

– Деллахь, мила ву-те хIинца хьан лерехь ваьттIарг? Сан хIун гIуллакх ду Цоцин-Юьртарчу ГIеза-Махьмин киртигна йоI хитIа яхийта, со леррина царах ведда, кху кIотара веана хилча.

– ХIунда ю и киртиг? Иза-м хьаха ву, механ Iуьргара а хIума йоккхур йолуш къонах.

– Цо механ Iуьргара хIун йоккхур ю-м хаац суна, амма Айзан-м йоккхур яц хьуна цо цу Iуьргехула.

– Уой, велла ма вала хьо! Дегахь товш ма дац йоI чохь сецор, нене-м сеца а яйтахь.

– Нана елахьара, бала а хир бацара сан цу йоьIаца. Нана цахиларо галдаьккхина дерриге а.

– ХIан-хIа, Нажал, цхьаммо а гал ца даьккхина хьан гIуллакх, ахь айхьа даьккхина. Цуьнан нана ешар яцара ахь лелориг лело. Боьршачу стеган хIума дац ахь юьхьаралаьцнарг. Хьуо чекхвалалурвоцу хIума а дитий, соьга ладогIал цкъа. Хьо бахьана долуш евзина яц хьуна царна хьан йоI. ЙоIана тIе ойла яхар хьан ненехула ду хьуна. Цара лору оцу йоьIан нанас шайн дайшна дина дика. Шена дина дика диццадар, яхь хилар ду. Айхьа лелочун ойла цаяр а ду хьан вацар. Цоцин-Юрт йоккхучу дийнахь, кIудал чохь хи кхоьхьуш, хьуьнаре хьийзира хьан берийн нана. «Ахь хи молий?», аьлла, оцу кIентан дега, Махьме, хи кховддийнчохь, мостагIчун дIаьндарго Iовжийна Хамсат. Циггахь мостагIчунна дарвелла, холчахIоьттина, хьалаиккхинчу цо, кхин хьежа а ца еш, топ етта йолийра. Шегара патармаш къачийча, топ охьа а кхоьссина, яькккхинчу шаьлтанца мостагIчунна чухьодуш воллу Махьма а суна уллехь, чов хилла, вуьйжира. Хьаьдда вахана, со шена тIехIоьттича, халла корта хьала а айбина, ша Iадвиталахь, кара топ а лой, дIа йоьжначу Хамсате хьажарна сихо

елахь, элира цо соьга. Махьмас бакъ ца дора, ела а йоьлуш, йоьжна Хамсат гуттаренна а йоьжна хилар. Хиллачунна бехке ша цхьаъ лерира Махьмас... ХIинца соьга иза карла а ца дохуьйтуш, дош доцург ма леладе! – деруо элира Iелас.

– ХIан-хIа, Iела, стиглара Дела соьга и йоI еха а вуссур вац, ткъа лаьтта тIе ког буьллу адам дехаре дарах, Махьмин кIанте ас йоI а лур яц. Кхин деха ма дийций вай иза, – аьлла, гIорийна хIума санна, чIагIвелира йоьIан да.

Юккъехь беш хилар бен, кхин генахь Iаш а воцу, цул сов, хIора буьйсанна бохург санна, вовшийн чохь-карахь цхьаьна хьерчаш а хиларна, чIогIа новкъадеара Iелина шен юьхь цаяр.

– Нажал, со-м хьоьга йоI еха веана а дера вац. Еха веанехь а, юьхьIаьржахIоттор волуш хилла-кх ахь со. Вайна шера хууш ма ду, и йоI, шен ши бутт кхачале дуьйна, ненан некхах хаьдда, дIогарчу берийн нанас, шен шуьрех рицкъа дина, вархIалаяллалц хьалакхиинийла. Цундела и йоI сайчул башха ца хета суна. Махьма а, цуьнан нах а вайшинна дика бевза. Царна ала хIума долуш стаг ма вац, ша хIуьттаренна ца алахь. ХIун ду ахь даг чохь сецориг? Кхетавехьа со?

– Кхин мостагIалла а дац сан-м цаьрца, дуьххьаладIа беза-ц суна уьш.

– И ду-кхий ас хьоьга хоьттург. ХIун бахьана долуш ца беза хьуна уьш? Цхьа а бахьана доцуш, цIарна цIеяххана, юьртахь а тоьлла нах ца безаш хуьлийла яц, уьш шел а тоьлаш бу аьлла и дацахь. Дийцал ахь соьга, лечкъа а ца деш, хIун бахьана ду хьо сел чIогIа захалонна дуьхьалаваларан?

– Я Раббана, Дела, хIун ду-те, Iела, хьуна чухIоьттинарг? Бан мукъане а хIун озабезам бу хьан оцу ГIезийн некъашкахьа берг?

– Юха а боху ас, уьш сан хIумма бац. Хьо сайн стаг волу дела, хьан йоI дикачу метте а, шена луучу а нисъяла лаарна воллу со. И кIант сан хIусаме кхачаран бахьана, оцу тхан кIентан хIуманца цхьаьна иза доьшуш хилар ду, кхин хIумма а дац. Вуьшта, ас хьоьга лебийриг эрна корта буйла-м, ахь Дела хьахичхьана дуьйна а дера хаьара суна. Делахь а, со Iийр-м хьаха вац, хьайн вухахьаваларан бахьана ахь сайга ца дийцича. Цу тIе, хьой, сой, вай массо а дуьхьалварах, оцу йоIа шена луъург бен дийр а дац. Суна дика евза цу шиннан юкъаметтиг.

– Нагахь захало сан бертаза хилахь а, оцу нахаца и дIадахийта йиш яц сан. Цара суна тIедаийтинарг доккха эхь ду. Юьртахь а, арахь а даьржина эхь хьулдан ницкъ бац сан. Гергарло-м хьеха а ма де.

– ХIа-а-а, кхийти со, кхийти, хьо стенна тIе гIерташ ву. Айхьа и дагалоцуш, наха хьайна аьндолчун ойла ян а йирий ахь? Хьуна тIехь дисна цхьа а эхь дац. Ахь шайна тIедаийтинчу эхьана дуьхьал бекхам бу цара хIетахь бинарг. И тоххарехь дIадаьлла, нахана дицделла хила дезаш хIума ду. И ахь дагалеца оьшуш дац. Дуьне кхоьлличхьана дуьйна, хууш я ца хууш, вовшийн карах тохар-Iоттар а хуьлуш, схьадогIуш ду адам.

– Цара сан вешина тIехь динарг, велла дIаваллалц, наха тIе пIелгаш а хьежош, лаьттар долу хIума ду.

– Собарделахь, дика ладогIалахь цкъа соьга. Шайна цхьаммо а дийр дац моьтту эхь дацара ткъа ахь а, хьан вашас а Махьмин вешин кIантана тIехь

динарг? Шун хIун гIуллакх дара, ша генара дуьйна цIа вогIуш, меца хиларна, шун ирзура цо хорбазан буртиг яьккхина аьлла, иза схьа а лаьцна, кетаран пхьуьйшашкахула хьокха а баькккхина, дIахеца? Гой хьуна, Iазап ма ду аш цуьнга далийнарг. Ша хьуьна юккъера араваллалц, пурх а вирзина, вахана иза, шина пхьуьйшах чекхбаькккхина хьокха диттех ца тасабалийта гIерташ. Шина юьххьера аш дIадихкина пхьуьйшаш дIа ца дастаделча, юьрта ваха йиш йоцуш, мацалла а ловш, Iуьйранна дуьйна Iаржъяллалц, хьуьнхахь Iийна иза. Цуьнан метта а нисвай, хьайн ойлаел ахь ткъа. Хьаъа дендерриг ду цара шуна дуьхьал динарг. И дина, дика а Iийна уьш-м. Суна-м, наха дуьйцуш хазар бен, билггала муха яьккхина а дера ца хаьа цара цуьнан логера тIилдиг. Ахь бийцал делахь, Нажал, муха бира цара бекхам?

Нажална ца лаьара, ша эшош, къамел дан.

– ХIахI, дитал хIинца, хилларг хилла даьлла, и соьга дага ма лецийта.

– Цу тIе ван гIерташ ву-кхий со а, ахь и дага хIунда лоьцу, бохуш. Ас дуьйцур ду хьуна и-м. Нагахь со бакъдолчунна тIера валахь, иштта дацара и, аьлла, со нисвер ахь.

Пхийтта-ялхитта шо долу кIант, ас хьалха ма-аллара, аш шина пхьуьйшехула чекх хьокха а баькккхина, дIахецначул тIаьхьа, де-буьйса бен юкъа ца дулуш, шайна динчунна бекхам бан веара и кIанттий, цуьнан ши накъосттий. Ма-дарра аьлча, шолгIачу Iуьйранна, де шеллах, шен асар деш воллучу хьан вешина, «Ассаламу Iалайкум! Кадолийла хьан!», аьлла, шаьшшиъ лаамна вогIучуха, тIехIоьттина кIентан ши накъост, ткъа важа, ша вевзар волу дела, дуьйцург хеззачохь сецна. «Ва Iалайкум салам, Далла дезийла.» – аьлла, дуьхьал вистхилла хьан ваша. «Ванах, и селханлера кIант ма говза дIахецнера аш? Дага хьанна деанера иштта таIзар дан?» – вела а къежаш, хаьттина шолгIачо. ТIебаьхкинчех шек а воцчу хьан вашас, шен болх а сацийна, куро жоп делла: «Э-э, им хьажийра вай ша хьажо ма-веззара. Хьанна догIур дара иза дага, суна ца деача, хьостуш-ледеш хIилла долу цхьогал а тIедалош волчу…» Цу сохьта схьагучувелира Махьмин вешин кIант, «Сох тера варий иза?», олуш. «Кху болехь-м хьуо леви хьуна ахь», – аьлла, велавелира важа шиъ. Воьхна, «иъ-миъ» бохуш, ша волччохь дIасахьаьвзина асархо. «Хьан иъ-миъ-м хаац суна», аьлла, цуьнан лога кIел катоьхна, цуьнан лаг а лаьцна, шаьлта тесна къамкъарга тIера дилха даькккхина кIанта... Иштта дара хилларг, Нажал. Кхин дуьхьалоярх шена пайда бер боцийла а хиъна, хIетахь хьан вашас дов дижийна хилча, хьо стенна гIерта и карладаккха?

– Ас дуьтур дац и… – ша волччохь тохавелира важа.

– Нажал, собардехьа, доькху хан тоххарехь тIехъяьлла. Цкъа делахь, и кIант Махьмин вуй хиънехь, хIетахь цунна аш таIзар а дийр дацара. ШолгIа, оцу кIанта и шен девеше хаийтинехь, цу тIехь дIа а доьрзур дацара. Цунах зулам дер дара…

– Йо-о Везан Дела, кху стага соьга тахана хIоттийнарг. Со хьеравоккхуш лаьтта-кх ахь.

– Ас вала дуьллу-кх хьуна, Нажал, хьан йоI, ахь мел тIетеIаярх, Дуьрчин кIанте йодахь. Евза суна и дечигах яьккхина киртиг. Дуьрча мила ву?

Гихь хьаьмцаш духкуш лелла Дуьрча. Шен дех хилларг бен хир ярий цуьнан кIантах а. «Кепе терра йолу кибарчиг», – олуш ду вайн дайн. Со резавоцуш некъ бу ахь дагалаьцнарг. Хьан йоI юьззина къонах стаг ю, шегахь, шен дIакхелхинчу ненах дисна, хаза гIиллакхаш а долуш. ДогIа соьга схьало. Ма яйа и хьайн йоI… Хи чу боьжна лайн чим санна, лар яйна юсур ю хьан иза. Хьан муьлххачу а кIантал тоьлашха йолу йоI Айзан юьйций аса-м, – аьлла, Нажална мерав кIел куьг даьхьира Iелас. – АстагIфируллахI, ма доккха хIума ду-кх кхин нахаца яхь хьан цахилар! – оьгIазвахана сурт хIоттийра Iелас.

– Гой хьуна, Iела, сиха стаг ву хьо, айхьа боххург бен дош ца хета хьуна, яьлла йоьдуш цIе елахь а. Цкъа а эр дац моьттург эли ахь соьга. Сайна ца хезнехь-м, ас бакъ а дийр дацара и. Наха аьлча а, Атабин кIанта эр ду ца моьттура суна ишттаниг. Тоъал цатам би суна хьан тIехтохамо.

– ХIу-у? ХIун тIехтохам буьйцу ахь?

– Дуьрча вуьйцура ас-м. Вайна ма-хаъара, гIийла-миска стаг вара иза. Паччахьо лаг Iаьвдина, шен къамкъарг якъаелча, вахана хир ву-кха иза хьаьмцашка а. И хан дIа ма яьлла. Уьш дийца ма ца оьшу…

– Маржа яI, Нажал, стаг милла велахь а, айса дийцинчух иза нийса ца кхетча, логе шад хIутту-кх суна. Цо гихь хьаьмцаш кхехьна, бохуш, тIехдетташ ваций со-м. Цоцин-Юрт йоккхуш, герз караэццал мел верг а тIаме воьдучу хенахь, и къанъелла таргIа, хьаьмцашка яхана, къайлаялар дай суна Iеткъарг-м. Ас хIинца а боху хоьга, урх чIогIачу динахь, шен ден гIевлангахь герз ца дуьтуш, муьлхха а тIедеанчу вонна-диканна улле яла накъост йолу Айзан ян а ю-кх кийрахь къонахчун дог долуш…

– Хьо оьгIазвахана. Хьо а ца луьй бакъ.

– ХIунда боху ахь? Хьо «бакъ-харц» ала йиш йолуш ву ткъа?

– Ву дера-кх. Со хIунда вац, сайна хеттарг ала йиш йолуш? Ас хIинца а боху хьоьга: Деникин чувогIуш, шайн цIий Iано цалаарна, Малхбузехьа йолчу цхьана юьрто уьш тIехбовлийтина аьлла, аш цаьрца гамо хIунда лаьцна? Шайн юрт зенах ларйина цара. Ткъа вайн Кхеташоно, тIом чекхбаьллачул тIаьхьа, кхаа баттанна церан шинарш хьаналдира шуна. Аш цу бакъонах байракх а йина, генна дахдира и. Церан эвлайисте мел долу шинара дIадигарал сов, кхин эхь ца хеташ, шаьш шинарш дIалохкуш, коча саьрамсекх оллий, лаллахьара, шинара дIадигча, тIе саьрамсекх ца лоьхуш, атта хир дара тхуна, бохуш, хабарш кхоьхьуьйтуш хилла. Ма-дарра аьлча, онда собар хилла цаьргахь. Шайн дех-ненах хаьдда, юьртахь маситта дийнахь тезет лаьтташ, дисна гIийла байш шу хиларна, садиттина цара. Цоцин-Эвларчу оцу цхьаьнна-м пес йохйинера цара, серий диттина. Бакъ диттинера, ас сайн божличохь карийча, и дина а вуьтур вацара, – оьгIазъоьхура Нажал, Iелина ша арабаькхина некъ бицбалийта гIерташ санна.

Амма Iела сиха вацара. Мел дийци а, дахлуш дара къамел. Ткъа Iелина лууш дерг цхьаъ дара.

– Иза-м божли чохь ца лаьцнера, шайн юьрта веача, зударша тIегулбелла, кхиссарш йина хиллера. И дуьтур вайша. Къонахчун жоп а лой, дIавахийта со, Нажал.

– Сан йоI дикачу метте нисъян гIерташ ву-кх хьо, хьайн дагахь?

– Ву-те.

– И дика болх ма белахь суна, соьгара кIезга баркалла хир ду хьуна.

– ХIунда боху ахь? Хьо ма чIагIвели, гIорийна овгол санна.

– Э-э, Iела, тIаьхьависна, бодане ши стаг ву вайша. «И-м дера ву юьртахь а, арахь а тур текхош, цIеяххана стаг», боху хан дIаяьлла вайшиннан. Цаьрга йоI цахьежор вай. «И-м дера ву, коча диг а оьллина, гихь дечиге а лелаш, вехар волуш стаг», – боху хан ю тIееанарг. Цул а, сайн лаамехь, сайн доьзалан да хила вита ахь со…

– Ой, тIекхаьчначу замане хьаьжжина дац ткъа ас хьоьга до къамел? Со-м хьаха вац хьоьга миска стаг юхататта бохуш. Ас дуьйцург а ма ду изза. Доцца аьлча, соьга деха а ца дуьйцуьйтуш, йоI шен лаамехь йитахьа?

– Ванах, хьо тахана лекхнарг мила ву-те, ван мукъане а? Сан дас а ца лебинера соьга оццул корта. Хьайна а хIунда ца хаьа хьуна, дас-нанас шен доьзалхочунна вониг дийр доцийла, цунна дика болх хила луур дуйла…

– Со-м, хьайн чот ерриг леладехьа, аьлла, дIавахча а волура. Делахь а, ца дало-кх соьга и. Дависа-кха, нана мукъане елара цу йоьIан. Цуьнан нана схьаелхьара-м, ас хьоьга ца деш, нене дийр дара хIара къамел. Суна моьтту Нажал ца хилла хьо. Хьо эзар шарахь вахарх, и йоI бахьанехь, со кхин вогIур вац-кха хьо волчу. Вуьшта, вай вовшийн диканна а, вонна а ца хилча-м довлац.

– ЛадугIур ду ас, сих ма ло, Iела, – аьлла, жимма кIадвалар гайтира йоьIан дас.

– «ЛадегIначу хьакхано хьаьжкIаш ца йиъна», – олуш ду. Суна томана и бохуш делахь, ца аьлча а мегар ду хьуна. Делахь-хIета, хьо ладоьгIуш Iе, со дIавоьду, – аьлла, Iела хьалагIаьттира.

– Собар де, вай хIинцца йоIе яа-мала охьаюьллуьйту! – аьлла, совцIа чу хьаьжча, шен йоI, дехьа корехула ара а яьлла, яхана карийра дена.

Нажал воьхна хьийза а вуьтуш, чIоггIа неI тухуш, аравелира Iела.

Бешара ринжанах ваьлча цIа кхочуш волу иза, пурх а вирзина, эвлаюккъехьа вахара.

Ша муха нисло а ца хууш, шовдане боьдучу новкъа нисвелира иза. ДIахьажавеллачу цунна Дуьрчин кIанттий, цуьнца ши накъосттий, хих юьзна кIудал белшах тесна, Нажалан йоI Айзан сацийна, Iаш гира. Царна дехьо лаьтташ кхуьнан кIант Жамалттий, Баймурзий вара. Дог карзахделира воккхачу стеган.

«Хьий кIиллош яI, гIиллакх доцу кIиллош! Шайна тIевеана хьаша ларар а дац!..» – оьгIазе ойла хьийзара коьрте.

– Суьйлашна дайна, хIечIа я буг, алий, жоп луо тхуна… – шайн захало дуьйцуш бохкура йоI сацийнарш.

– Сан кхечуьнца безаман цIарах лелош некъ бу, ма аьлла ас шуьга. Кхин цул сов баькккхина лело некъ бац-кха сан. ДIаяхийтиша со! – гIиллакхехь элира йоIа.

– Айзан, хIинца дIайохуьйту оха хьо. Ойла ян тховсалера цхьа буьйса ю хьуна. Нагахь оха бохучунна тIе ца ерзахь, ларлуш хир-кха хьо…

Лаьттачарна Баймурзица цхьаьна тIевеана Жамалт вистхилира:

– Айзан, тхо хIинццалца тIе ца догIуш латтарна, ахь бехк ма биллалахь.

ГIиллакхах боьхначу кIентийн гIиллакх самадердацар-те, бохуш, лаьттира тхо, дуй хьуна. Охашимма лелийначу гIиллакхах хьо кхетар хир ю-кха…

– Кхетта со, Жамалт. Аса-м шу сайна ма-гиннехь элира шуьга: «Шу схьанехьа даьхкина», – аьлла.

– Дика ду, Айзан, хIокхо дуьйцучух хьо кхетта а, – вистхилира Баймурза. – Генара ца веанехь а, юьртара юьрта веана со хьо йолчу. Суна хаа лаьаркх: хIинццалц схьа вайшимма лелочу некъах галдаьлла, хийцаделла хIумма а дуй-те?

– Соьгахьа йолчу агIор хIумма а дац.

– И дика ду, Айзан. Соьгахьа йолчу агIор данне а дац хьуна. Суо кIеззиг мукъаваьлча, суьйренца дIатуьйш долу олхазар санна чутуьйчул, хьо сайна ганза кIира а даьлла дела, сайн даго хаьржинарг гур-кха суна, аьлла, схьавеара со. Тхо тIедахкале, ахь цхьаьнга-м хьуо дIаяха сиха ю олуш хезира тхуна, хьо хитIа еана дикка хан а ю, цундела, цкъачунна хьо мукъа йита лаьа суна.

– Кхин даккхий гIуллакхаш-м дацара сан, тховса белхий бан дагахь дара тхо…

– Дика ду, дIаяло, доьгIнехь, гур вай цигахь, – аьлла, шен дош дерзийра Баймурзас.

Дуьрчин кIанттий, цуьнан накъостий тIебаьхкира.

– Шу хIунда лаьтта тхайна цахаарна, гIуллакхе хьожуш хьешаца юьртахо а хилча, малделла, кIеззиг гIиллакхах доьхна хили тхо. Бехк цабиллар доьху хьоьга…

Баймурзина ца моьттинчу тайпа, машаре дIадирзира кхеран цхьанакхетар….

Синкъерамехь…

Хаза буьйса яра тIееънарг. Стиглахь буткъа хьаьвзина гора бутт. КIотararчу пондаран аз хезара. Ерриг кIотар цига гуллуш санна хеталора, белхий болчу ваха безам болуш, кетIахь лаьттачу Баймурзиний, Жамалтний. Шина агIор урамехула схьа мел вогIург кевнах чу хьаьвзара. Лоькху пондар саццолц, бохуш, лаьтташ волу ши доттагIа а, буьртигахь хьаьжкIаш йохуш, буьйллина биначу белхина герга гIоьртира. Корта агIор а таIийна, ладугIу йиш локхуш йоллу Айзан гича, серлабелира Баймурзин ши бIаьрг.

Корехь жимма сацар хиллачу шина доттагIчун лере кхечира сарахьлера хийистехь хезна аз:

– Горалера йиш яI! Хьо йинчо йойла кхин цхьаъ а, хьо суна а юьсуш!

Пондар лекхна баьлча, ши доттагI вовшахдагавелира.

– ХIинца чугIой вайша, лоькху пондар сецначуьра.

– Изза дагахь Iаш вар-кха со а.

– Ассаламу Iалайкум! Цхьаьна Iе вай? Соьца хьаша а ву, – аьлла, чоьхьавелира Жамалт.

– ВаIалайкум салам, чIогIа бакъахьа хир ду. Хьаша, хьо марша вогIийла! «Хьаша беркат ду», – аьлла вайн дайша, – дуьхьал бистхилира чохь берш. – Схьанехьа довла, Жамалт, баьрче ваккха вайн хьаша?

– ХІан-хІа. Баркалла. Кхузахь паргІат ду тхо ІадІе, охьаховший! Ирс хуьлда! – аьлла, дІа а тарвелла, тхьамданехьа вирзира Жамалт, цхьа-ши дош аьлла, вистхир ма вара со, ахь пурба делча, аьлла.

– Мегар ду, вистхила хьо, – жоп делира тхьамдано.

– Мохьмад, лоькху пондар, етта вата сецча, ваьш къоьруш долу са цхьаьна къоьрур-кха, аьлла, чудаьхкира тхо. Тхо чудахкале аш деш къамел хиллехь, бехк ма билла, юкъахдаккхарна.

– Дика даьхкина. Кхин даккхий гІуллакхаш луьстуш а дацара тхо-м. ХІинца цхьаьна а Іийр ду-кха вай, хьешан самукъадолу агІо а лохуш.

– Баркалла. Хьаша самукъадолуш ву кху сохьта. Делахь а, ахь пурба делча, оцу мехкарийн тхьамдане вистхир вара со.

– Бакъахьа хир ду. Вистхила хьо.

– Хьоьгарчу пурбанца, сан вистхилар хьуна лахахьа хевшинчу мехкаршка хир ду. Билггала тхаьш и бахьанехь даьхкинчу Айзане. Айзан, хІинццалц ахь тхоьца схьабеанчу некъах галдаьлла я хийцаделла хІумма дуй?

– ХІумма дац, – жоп делира йоІа.

– Делахь-хІета кху вайн хьеше схьа бІаьрг тухуш хІума дер-кха ахь.

Айзан елакъежира.

Хьаша чувале долийна къамел чекхдаккха санна, хабар шардира ЯнаркъагІара:

– ЭхІ, хьо яха цицигна маІа яллалц, яханехьа, ма оза а бо ахь и пондар!

– ХІета, цицигна маІа-м Курчалойн-Эвлахь яьлла боху…

Ла мел доьгІу а, цхьацца кІад а боцурш хезара хьешана.

– ХІай баркалла, Дела реза хуьлда! Едда, шина зудчунна тІе маре гІойла!

Мехкарийн тхьамда Маликат елаелира:

– Э-э, ма баркалла а ду…

– Уой! Шина зудчунна тІеяхар гІолехь дац ткъа? Майра оччавалахь, цхьамма когаш, вукхо куьйгаш а сацийна, кхолагІчо туйнаш даор ду-кха.

– Дера ву хьо а, цхьаъ бен йоцуш, цхьа ког боцуш, котам ю сан, Яха лаахь, йола соьга, – бохуш, илли декош, лелаш товр волу стаг…

Шена бохучуьнца бала а боцуш, Айзане цхьаъ ала гІертара важа:

– ХІун до ахь, нускал санна, шипона кІел лечкъаш? ХІоъ кхачийна говр санна, оллаелла ма йиси хьо-м. Йист хІунда ца хуьлу?

Янаркъин накъоста а кхоьссира:

– Дера ю хІара-м, олла баьхьна яй санна, Іаш, сакъералой аьлча а, йист ца хуьлуш.

Дастам къамелех хорам хилла, даккхий синош дохуш Іара Баймурза.

Эххар а вистхилира иза:

– Мохьмад, цхьа-ши дош аьлла, вистхир вара со.

– Мегар ду. ЛадогІал массара, хьаша ву вистхуьлуш!

Тап-аьлла дІатийра массо а.

– КІант, хьоьга ду сан вистхилар, – цхьанна тІе пІелг лецира Баймурзас.

– Янаркъа ю цуьнан цІе, – элира тхьамдано.

– Янаркъа, тахана шолагIа бен цхьаьна нисвелла вац вайша, хьуна махаъара. Шоззе а сан дашна хьалха караво суна хьо. Сарахь хийистехь дуьйна ахь хIиттош йолу кеп евзаш ву со. Хьешан цхьа-ши сахьт хан а ларйина, къерахь къийрина, ца къерахь, къеранза, дIавахчахьана волуш ву со, ткъа бухавуьсуш верг хьо а, хьо саннарг а ву. Хьо жимма сихвелира. Сихйинчу цIаро хьаьжкIа чахчайо. Амма ахь ечу кхийссарша сан дог чахчийна дац хьуна. Ахь къамел долийчхьана, хьан лаамах кхетта ву со. Эрна хан яйар ду хьайниг. Ткъа со кху чохь кхин эрна хан ца яйа дагахь ву. Сан-м кху чохь са а къерадели, самукъа а дели. Шуна Дела реза хуьлда, аш лелийначу гIиллакхна а. ХIинца, шун пурбанца, тхо цхьа-шиъ кIордадайта воллу.

Баймурзас тIаьххьара аьлла дешнаш цу чохь мел волчунна бехк буьллуш дара.

– Хьаша, – вистхилира тхьамда. – Дика ладуьйгIира ас ахь динчу къамеле. «Делахь а», – баха доьлча, тIаьхьа цхьа «нун» догIуш хетало-кх…

Мохьмада дечу къамеле жимма ла а доьгIна, «хьайн дош диц ма делахь», аьлла, тхьамда къамелах юкъахваьккхира Баймурзас:

– Мохьмад, хьуний а дайна, «делахь а» баха доьлча, генадолу вайн къамел. Олуш ду-кха вайн: «Ала йоIе – хаза несе», – олий. Цунна а дайна, сан къамел цхьа некъ болуш ду. Хьуна тIехь бехк буьсуш хIумма а дац. Цхьатерра ма даций куьйган пIелгаш а. Кхетий хьо?

– Кхетара со-м. Аш соьга ладоьгIча-м муххе а. Со шун да хила а мегар долуш вара. Кегирхойн цIий чехка хуьлу дела, шу нисдан а, кху чохь къамел маслаIатца дерзийта а лууш, бохура ас-м.

– Оьшуш дац-кха ахь цу хьокъехь ойла ян. – Янаркъина тIе пIелг хьажийра Баймурзас. – Оцу къонахчо боххучунна тIехь хир ву со… Сайн къамел цу тIехь доьрзуьйту ас. Со дIавоьду. Бухабуьсучийн Iодикайойла! Марша Iойла!

– Iодика Дала йойла! Марша гIойла! – чохь мел верг хьалагIаьттира.

Обаргаш

Хьуьна юккъехула богIучу некъо голатуххучохь, дIанехьара а, схьанехьара а новкъа вогIург гуччохь цхьаъ гIаролле а хIоттийна, хIума кхоллуш бохкура цхьа нах.

ГIаш схьадогIу цхьа адам хааделира гIароллехь лаьттачунна.

– Хьовсалаш ас и дIо вогIург, тIе ма кхеччинехь, хелхавоккхуш, элира цо накъосташка.

Ойланашка ваьлла вогIура важа.

ЦIаьххьана шена хьалхахьа цхьа адам некъах дехьаоькхуш гира цунна. Кисанарчу тапчин макъара тIе куьг диллира вогIучо.

Хьалха лаьцна топ а йолуш, цхьа стаг дуьхьалвелира цунна. Аьрзун зIакарх терачу меран дукъ тIехула схьакъеда сийна ши бIаьрг тIе а боьгIна, буьрса вистхилира иза некъахочуьнга:

– Хелхавала катоххий. Ца валахь, ас и деха дегI лаьтта дижадо хьан!

Некъахочо, цуьрриг воха а ца вухуш, хаьттира:

– ЦIе хIун ю хьан? Хьо мила ву, со хелхаваккха?..

– Со обарг Хункар-Паша ву-кх. Нагахь хьуна ца вовзахь, ас кху сохьта вовзуьйтур-м хьаха ву. Ма латта, хелхавала чехка! – тоьпан биргIан юьхьиг кIантан некха тIе таIийра обарго.

– Хезна суна хьан цIе йоккхуш. Йоккхачу тобанца хьун толлуш лелаш ву, бохуш, вуьйцу хьо. Деллахь, Хункар-Паша, хелхавала-м хала ма дацара, делахь а, цхьамма, куьг тухуш, моха ца йича, хIара ши ког шершаш-м бац сан, топ кхуссуш хIума ца дича, бохь буогIалуш а вац со, – аьлла, шен ши куьг дIаса а тесна, дIахIоьттира некъахо.

– Топ кхоссарна-м цхьаъ дийр дара вай, ас куьйгаш тухур ду-кх хьуна – олуш, шен топ белш тIе а оьллина, – литтIира, литтIира, литтIира, литIитI… – бохуш, багахь мукъам а беш, куьйгаш детта волавелира обарг.

Ша тоьпан биргIанах паргIат ма-воллура, схьаяьккхина, шен тапча Хункар-Пашина тIелецира некъахочо:

– ХIинца хелхадаккха хьайн дегI. Ца даккхахь, ас оцу гIодаюккъехула вархI дIаьндарг чекх а яьккхина, кошан нIаьнийн пхьор дийр ду хьох!

– Куьг ца тухуш а ваккхалур волуш хилла Хункар-Паша-м, – аьлла, ког шаршо волавелира обарг.

Хункар-Пашас цхьа го а баккхале, цхьаберш гIадбахана буьйлуш, вукхара тIараш а детташ, кхаьршинна тIебаьхкира обарган накъостий.

Хелхар сацаде, аьлла, дина омра доццушехь, сов сиха шен хелхар сацийра юьхьIаьржахIоьттинчу Хункар-Пашас.

Сих ца луш, кIеззиг юьстах а хилла, обаргашна дуьхьал а воьрзуш, шен тапча а карахь дIахIоьттира кIант.

Обаргийн тхьамда вистхилира:

– Собаро хIоттош хилла-кх стаг юьхькIайча. Майра а, доьналла долуш а къонаха хилла хьо, жима къонах. Ахь арабаьккхинчу некъан бала-м бац тхан, делахь а, хьо хьенан-мила ву хаар тIехь ду тхуна.

– Со, ГIеза-Махьмин кIант ву-кх, – доцца жоп делира кIанта.

– Уой, Махьмин «бож» ю хьо?

– Баймурза ю сан цIе.

– Дика ду, Баймурза, хьо паргIат вуьтур ву оха. Тхо реза ду хьуна. Иштта кIант тхайн тIаьхьенна кхуьуш хиларна даккхий а де. ХIинца хьуо хьехначу дIагIо. Тхо кхузахь хьайна гар къайлехь дита, цхьаьнгге багах а ма даккха. ХIинца дIавало, тхоьгахьа йолчу агIор некъ маьрша бу хьуна.

Кхин вист а ца хуьлуш, шен карара тапча гIодаюккъерчу доьхкарх а юллуш, Баймурза дIаволавелча, юха а хаттар дира обаргийн тхьамдано:

– Собардел, жима къонах! И хьайн герз-м кхузахь дита дезар ду хьан!

– Аш суна бийриг тешнабехк бу. Тапча юьтучул, ас сайн дегIан чарх юьтур ю шуна, – аьлла, герзана тIе ка йиллина Баймурзас.

ХIоранна а шен са мерза хета, обаргашна а цхьаьна. Еккъа цхьа тапча бахьанехь тIом бан цхьаьнне а ца лиира.

Юха а вистхилира тхьамда:

– Махьмин воI ледара кIант воций хии тхуна. Хьо зуьйш дара тхо. Тхох схьакхета. Хьо санна болчу къонахех хьаьгна ду тхо…

– ХIан-хIа, со экха дац, хьаннашкахула лечкъаш, лела. Суна сайн юьртахь, сайн нахана юкъахь, хьанал къахьоьгуш, ваха лаьа. Со воккхаве сайн дехненах. Со цхьаъ бен вац церан, тешаме доттагI а ву сан.

– Тхо хир ду-кх хьан тешаме доттагIий, дика накъостий а.

– ХIан-хIа, доттагIчо «доттагI» хелха ловзаргахь воккхуш хуьлу, хьуьнхахь зуьйш ца хуьлу. Суна доттагI цхьаъ тоьар ву.

– Даь ма ека хьо кIентан! ДIагIо делахь, иштта ахь бохуш хилча. Некъ маьрша бу хьуна.

Юьрта боьду некъ юьхьарлецира Баймурзас. Обаргашна юкъахь шен ден шича гинера цунна. Вукхо шена хIара ца вевза сурт хIоттийра накъосташна хьалха. Маситта ойла коьрте хьийзара кIентан.

Ткъа важа-м кIентан гIайгIа беш хиллера.

Баймурзас хелхаваккхарна бекхам бийр бу ша, бохуш, карзахваьлла, хьийзаш хиллера Хункар-Паша. Цуьнан дагара хууш волчу кIентан ден шичас Хункар-Пашин тоьпа чуьра патармаш, цхьанне туса а ца долуьйтуш, дIадаьхна хиллера.

Юкъа-кара вада а водуш, Баймурзина тIаьхьакхиира Хункар-Паша.

Шовданехь ламаз эца кечам беш воллучу кIантана тIе топ а лаьцна, кIоршаме вистхилира обарг:

– Хьаладаккха хьайн дегI оцу хийистера! ХIинца хуур ду-кх, ахь хелхаран ког муха шаршабо. Ас оцу когаш кIел топ етташ, хьайга бохь муха бугIуьйту хьожур хьо, – аьлла, шен тоьпан чапха дIасатуьйхира Хункар-Пашас.

Шена тесначу кхерамо цуьрриг а са дагийна воцу Баймурза обаргал а чIогIа карзахвелира:

– И хIун ю ахь юйцург?! Хьо санначо хелхаваьккхича, ас хIара маьлхан дуьне дуур а дацара. Я ахь тоьхна топ летар а яцара сох. Схьатоха, хьуо стаг велахь! – аьлла, обаргана тIеволавелира кIант.

– ТIе ма гIерта суна, кхин кхо гIулч хьо сехьавалахь, ас тIетухур ю хьуна, – аьлла, хьаьвзира обарг.

Амма Баймурза дарвелла ваьллера. БугIа санна, тIегIертара иза. Ткъа обарг, хIара тIе мел вогIу а, вухавуьйлура.

Ша волччохь саца а сецна, парггIат элира Баймурзас:

– Ахь ца тохахь, ас тухур ю хьуна.

КIанта тапчанна тIе куьг хьушшехь, тоьпан лаг уьйзира обарго. Амма топ еса юьйжира.

Топ юьстах а кхоьссина, ведира Хункар-Паша.

– Саца хьуо воллучохь! Кхин дехьа ког баккхахь, ас вархIе а патарма тIебассабо хьуна! – ирх а хьажийна, тапча йожийра Баймурзас.

Обарг лаьтта охьавижира.

ТIе а вахана, Iуьллучу обарган хонах мийра Iоьттира кIанта.

– Хьалхадаккхал суна хьайн дегI. Юьрта воьду вайша!

Хункар-Пашин топ шен белшах а тесна, тIелаьцна тапча а йолуш, юьрта валийра иза Баймурзас.

Юьртарчу «Парломе» дIавигира обарг. Таллам бинчул тIаьхьа, хан тоьхна, набахте воьллира Хункар-Паша.

Обарг Хункар-Паша лаьцначул тIаьхьа ши бутт сов хан яьллера. Цхьана буса, адам дIатийначу хенахь, тийналла йохош, герз делира Хункар-Пашин воккхахволчу вешин Нажалан кертахь. Автоматан тата дара и.

Цу буса дуьйна тидаме ийцира и цIа Iедалан белхалоша.

ШолгIачу дийнахь Iедал деара цу керта.

ЦIийнах хьаьвсича, ткъе итт патарма чубуьллу автомат карийнера.

Нажал дIалецира.

Нажалан хIусамнана Езира шен шина йоIаца ден цIа буьйса яккха яхана хиларна, гIовгIанаш а йоцуш, дIадирзира и де.

Цхьа тIаьхье йоцуш ца хуьлу-кх зулам а. Хилларг-лелларг хууш волу Нажалан жимахволу ваша хIинца а цIа кхачанза вара. Ткъе пхиъ шо долуш, жима стаг вара иза, шен жималлех терра аьрха а волуш.

Нажалин цIийнах хIоттаделлачу Хункар-Пашин цIийнехь къайлаваьлла, сецира Баймурзий, цуьнца кхин шиъ накъосттий. Оцу цIа чохь сих-сиха обаргаш гуллуш хилар тосаделлера кхарна.

Пхьуьйра хенахь, НажалгIеран кертахь татанаш а хааделла, цигахьа гIоьртира Баймурза. Нажалан жимахволу ваша, Iумар-Паша, дуьхьалIоттавелира цунна. Баймурзина герз а тоьхна, кетIахьа ведира иза. Шовкъалено пхьарс лаьцнера кхуьнан.

– Саца! Ас саца ца боху хьоьга? Ца сацахь, ас герз туху хьуна! - бохуш, тIаьхьавогIучу Баймурзина дуьхьал герз а кхуьссуш, бодашкахь къайлавелира иза.

Цу буса къахкарх, кхин тIе ца гIерташ, къайлабевлира зуламхой.

Шен воккхахволчу вашас дIакхехьначу новкъа велира Iумар-Паша а.

***

Заманца гIоьрттина, хала дIадоьдура мискачу нехан дахар. Адамашна нийса некъ хьоьхуш, кхеташо хилаза а даьллера иттех шо. Рузбанан маьждигаш дIакъевлина, ялтийн скаладаш йинера коммунистийн Iедало. ЖамаIатмаьждигийн неIаршна тIехь а догIанаш кхозура. Шайн-шайн цIахь дора наха ламазаш. Эвлаяаш, дешна нах, жимма а дош леларш тоххарехь хIаллакбинера Iедало. Жимма а даьхни дерш Iедало тидаме оьцуш бара.

Тешаме яцара тIееана зама. Хьо къен-миска хиларх, къахета да а вацара. Я хьал долуш волчуьнца лерам а бацара. ТIеттIа зулам дебаш, харцо яьржаш яра.

Дин а чехо даьккхинера.

Амма къаноша Делан диканах дог ца дуьллура. Наноша шайн доьзалш а хьанал хьалакхиабора.

Хьал мел тишделлехь а, шайн вархI дега хьала дайн цIераш яха хаьара муьлхха а нохчийн доьзалехь. Шайн тайпа, тукхам силсил довза Iамадора.

ХIораннан шайн тайпанан тхьамда хуьлура хаьржина. Вон-дика тIедеъча, тхьамдано жоп лора шен нахах. Иштта маслаIатан дай хилла схьабаьхкина вайн къаной.

Вониг, зуламхо Iора ца волуш а ца висна. Шен халкъах, махках дог лозург, халкъо шен иэсехь латтийна даима. Шайн турпалхойх баккхийбеш, церан амалехь ойла кхиош, схьадеана нохчийн къам гуттар а.

Диканиг вийца хьакъ ду вайн къоначу тIаьхьенашка, цунах масал эцийтархьама, ткъа вониг и санначух лардалийтархьама…

Ойланашка ваьлла Iара Махьма.

– АлхьамдулиллахI! Дела, хьуна хастам бу-кх, тхо кхиош, кхобуш а волчу, дикий-вой довза суна хьекъал, кхетам а беллачу. Хьо вийца, хьехо могашалла еллачу. Хьуна хастам бу-кха, со бусалба кхолларна. Бийца мотт, бIаьрса, лерса деллачу Хьан декхарх вер вац-кха со цкъа а. Ас шукур до-кха хьуна, хIай Везан Дела!..

ПIераскан буьйса яра тховса. Шайн белларш дагалоцуш, Къуръан тIера Ясин а, кхин цхьацца сурата ш а дешна, и мел доIица царна дIа а кхайкхийна, буьйса юккъе йоьдуш лаьтта-кх, аьлла, ша волчуьра стогар дIа а байина, садаIа метта велира Махьма.

Баймурзийн тийна дара. Хетарехь, наб озийначух тера дара цунна…

И ерриг тийналла йохош, цIаьххьашха герзаш девлира арахь.

Баймурзин шина а чоьнан корашкара ангалеш, цхьабосса атаделла, охьадахара. Махьмина шинхьа чов хилира. Сихха, ши мача кога а туьйдина, чухулаюхучу кIайчу бедаршца, карахь топ а йолуш, араоькхуш воллучу Баймурзин коьртара куй дIаьндарго божийра. Цу тIаьххье кхин дIаьндарг, пхьарс лоцуш, чекхъиккхира. Сихдинна герз детташ, тIаме хIоьттира кIант. ТIелеттарш юхабовла буьйлира. Кевнехь Iуьллуш царах цхьаьннан дакъа гира цунна. Биснарш, генара схьа тоьпаш а кхуьссуш, юьртан йистехьа теIара.

Деттачуьра герз а ца сацош, да волчу агIор гIоьртира Баймурза.

Чевнаш хилла Махьма, цIенкъахь Iуьллуш вара

Дар а велла, арахьаьдира Баймурза. Тохара кхуо вожийнарг хьалхалеррачохь вацара. «Валанза хилла-кх иза?» – дагатесира кIантана.

Ткъа важа-м хIеттахь велла хиллера. Баймурза чувахча накъосташа дIаваьхьнера иза.

Баймурзех чIир хьаьрчира.

Геннахь адамийн гIаларташ гучудевлира.

– Мила ву хьо? – мохь туьйхира царах цхьамма.

– Хьан Iожалла ю-кх! – олуш, аз хезначу агIор топ етта вуьйлира Баймурза.

Вукхара, кхунна дуьхьал герз а ца кхуссуш, серлайоккху ракета кхуссура.

Орцанна баьхкина шен накъостий бевзина, царна тIе хьаьдира Баймурза. Амма хIара тIекхачале, царах цхьаъ, кхуьнан шокъалино лаьцна, охьавуьйжира.

– Э-э, велла вала со делаI, ас йина юьхьIаьржо. Сайн вежаршца тIом беш хилла-кх со… – аьлла, дархо маравоьллира Баймурзас.

– КIант, хьеший ма вуон тIеоьцу ахь? – аьлла, забар йира лазийначо.

– Ас хIун дийр ду, оцу акха жIаьлеша хьеревина-кха со. ДIа чохь чевнаш йина Iуьллуш да а волуш, кхузахь айса вожийнарг лаха веанчу суна, шу мостагIех тарделлера суна. Чов йоккха юй-те? Ма юьхьIаьржа ву со шуна хьалха. Iийт, соьгара даьлларг…

– Вохий ма хьийза, вайга лалун йолу чов яра хIара-м. Хьо вуй ткъа чов хиланза? Махьмин хьал муха ду-те? – хилларг Баймурзина даз ца далийта гIерташ, халла къамеле вуьйлура дархо.

– Сайниг-м чов яцара… Соьгара даьлларг… ЮьхьIаьржа ву со шуна хьалха…

– Вохий ма хьийза. Ларамаза хиллачунна цхьа а хотIе вац. Дела къинтIераволийла вайна! – аьлла, оьзда вистхилира Салман.

Махьма волчу цIа чу вигира накъосташа Салман.

Махьмин дегIа тIехь масех дера чов яра.

«Оцу НажалгIеран цIийнах доккха зулам дели вайна…» – олуш, дIакхелхира Махьма

Йоьхна буьйса яра Баймурзина тIехIоьттинарг. Цхьана агIор дIакхелхина шен дай, вукху агIор шен карахь чов хилла накъосттий Iуьллуш, оцу балийна юккъехь висира иза.

Баймурзегара хьал гуш болу накъостий бистхилира:

– Хьан дена Дала гечдойла. Ша вирзина меттиг Дала декъалйойла цуьнан. Дала къинхетам бойла цунах а, вайх а. Бисинчийн чевнаш Дала декъалйойла. Делан кхиэлана муьтIахь хила деза вай, Баймурза. Дала азаллехь яздинчух вер вац цхьа а. Хьайн садууш, ма хьийза. Собаре хила…

Дуьхьала дош далийра Баймурзас:

– Дела реза хуьлда шуна. Аш сан дог а ийци, кху белхан дакъа а леци. Шу дацахьара сан дан хIумма а дацара. Дала латтадойла шу шайн доьзалшна а, хьашт мел долчарна а. Велларг Делан кхиэле вирзина ваьлла. Чов хилла Салман сихха лоьрашна тIе кхачо хьовса, дерриг дитий а.

Цо шайна тIедиллинарг сихонца кхочушдира накъосташа.

ЗIугийн бен

Стиглахь кхетта бутт боллушехь, нехан дегнашна кхоьлина, Iаьржа йогIура буьйсанаш. Нахана зенаш деш, бале бевлла обаргаш. Бохо беза зIуганан бен. Бен бохийна дIа ца баккхахь, дебаш лаьтта зIуганаш. И дерриге коьрте хьийзаш, ойланийн йийсарехь бу Баймурза а, цуьнан накъостий а. Эххар а цара кхеташо йира. Буьйса а, де а Делехь хиларца, нахана зене бевлла обаргаш совцорхьама, цара барт бира, кхин хан дIа ца тоьттуш, зIугийн бен бохо, хIаллакбан.

ТIаьххьарчу хенахь, къаьсттина чIогIа эвхьазбевллера обаргаш. Церан зенаш а алсамдевллера.

НажалгIеран цIийнехь обаргаша туп тоьхна, аьлла, хаам кхаьчнера Iедалан белхалошка.

Ишттачу меттехь хьалхавала къонах оьшу. Шен юьрт зенах-зуламах ларъярхьама а, шен да вийна мостагIий уьш хиларна а, и зIуганан бен бохо лаам бара Баймурзин. Цу буссехь накъостий гулбира цо.

Шеца кхин кхоъ накъост а волуш, обаргийн лорах, уьш дIатарбеллачу цIенна гуолаца вахара Баймурза.

ЦIенна гонаха таллам а беш, обаргашна герга гIоьртира БаймурзагIар. Ха а хIоттийна, корех ара тоьпаш ерзийна, хIорш ларбеш Iаш хиллера вуьйш.

«Мила ву-те тхуна юкъалеларг? ХIара гIуллакх кхин арахьа хьахийна а ма дацара. Кхарна муха хиъна-те тхан Iалашо?» – ойланаш йора Баймурзас.

БегIийло меттигашкахь шаьш дIатарделча, обаргашка мохь туьйхира Баймурзас:

– Арадовла цу чуьра! Айина куьйгаш а долуш, карахь герз а доцуш! ЗIуганан бен бохо хан тIекхаьчна!..

Жоп лучу метта, цхьабосса герзаш туьйхира обаргаша.

– ЦIе хьелае аш! И ду шун жоп? ДIалаца хIета шаьш лехнарг! – аьлла, шина а коранний, неIарний тIе герз тоха долийра кхара.

Оцу шина корехула я неIарехула бен арабовлийла дацара обаргийн.

Цхьа хан яьлча, дуьхьалояр лагIделира. Хьалха шайга мохь тоьхча а герз кхуссуш болчу обаргаша, хIинца, цIа чу топ тоьхча а, ца хазадора шайн герз.

ТIом лагIбаларх пайдаэцна, Баймурза корехьа хьаьдча, ара топ туьйхира. КIохцал дахча санна, цхьана кога тIехь кхосса а луш, юьстахъиккхира иза. Настарна йиначу чевно кIеззиг гIелвина, дIаоьхуш долу цIий сацош, чов йихкина хIара воллушехь, корехула ара гIайба ластийра. ГIайбанна тоьпаш туьйхира гуобинчара. ШозлагIа а корах ара гIайба кхоьссира. И а тоьпо лецира. КхозлагIа хьарчийна юргIа кхоьссира ара. Юха а тоьпаш туьйхира. Иштта доьазлагIа кхоьссинчунна а туьйхира герзаш.

– Аракхуьссучу хIуманашна эрна герз ма кхисса, вайн патармаш кхачо гIертачух тера ду уьш. Мотт-гIайба кхачийча, арабовла дезар ду, – омра дира Баймурзас.

Кхин а цкъа-шозза ара хIума кхоьссира обаргаша, амма хIинца цхьаммо а герз ца туьйхира…

Дикка хан елира, герз а кхоьссина, тийналла ца йохош.

Эххар а цIа чуьра мохь туьйхира:

– Оха герз охьадиллина… Тхан догIмаш чевнаша даздина… Орцах довлийша… Орцах…

Кораш лардан стаг а витина, шина накъостаца неIарехула чуиккхира Баймурза.

Лаа дохуш ца хиллера обаргаша орцанаш. Чевнаша лаьцна, узарш деш шиъ вара чохь. Велла Iуьллуш цхьаъ а вара.

Баймурза дера тIечевхира:

– Мичхьа ву кхин шиъ? Схьадийца сихонца! – аьлла, дархошна тIе герз лецира цо.

– И шиъ… и шиъ… юргIанах а хьаьрчина, корехула араиккхина… – аьлла, коьрта дуьхьал куьг лецира цхьамма…

– Сан бехк бу, сан бехк! – чухула дIасахьаьвзира Баймурза.

Тешнабехк

Кханено хIун дохьур ду цхьа Дела воцчунна хаа йиш яц. Баймурзина а ца хаьара и. Цунна-м, ур-аттала, шена тIехь луралла дуй а хууш дацара. ХIара Iедалан белхало волу дела, чIир екха аьтту лоьхуш, дIалоьлуьйтуш вара вукхара.

Баймурза, хIора дийнахь бохург санна, шайн кетIахула тIех а волий, балха тIе воьдуш, ца гуш а бацара уьш. Я цунна герз тоха аьтту ца болуш а бацара. Делахь а, муьлхха а хIуман цхьа де ду-кха, бохуш, садетташ, схьабогIура. «Сихалло садаьккхина, собаро лам баьккхина», – бохург дагахь а латтош, Iедалца долу хIума хала а долу дела, ларлуш, схьабогIура чIирхой.

Цхьана сарахь шен динахь эвлаюккъехьа воьдуш, НажалгIеран девешин кIанттий, цуьнца кхоъ накъосттий, ша тIекхочуччу хенахь, шена пе тоьхна, дIахIуьттуш гира Баймурзина. И тидаме а эцна, салам делира цо:

– Ассаламу Iалайкум!

Амма вукхара салам схьа ца ийцира. Яйн йовхарш еш, деро цаьргахьа а хьаьжна, дIавахара иза.

Ша вухавогIуш а, хьалха санна, салам делира цо. Амма вукхара, хьалхачул башха, тергал ца дира кхуьнан салам…

Баймурза оьгIазвахара:

– Ас салам делира шуьга, хIай божарий, хIай!

Лаьттачех шимма кхуьнгахьа букъ берзийра.

Кхуззе а ша тергал ца вича, кIоршаме кхоссар йира Баймурзас:

– Салам дIаэца ца дешаш долу шу хIун нах ду хьовсур вай! – шаьлта а йоккхуш, динара охьаиккхира иза. – Делора, вара ас шух, суо тIекхаьчнарг, верина, охьавуьллур!..

ХIара тIекхачале, куьйранах къаьхкина пхьагалш санна, тIепаза байра уьш.

…Цхьана дийнахь, тиллина нуьйр а йолуш, эвлайистехь бежаш Баймурзин гила гира зуламхошна. Дехьо-о диттан IиндагIехь хиъна Iаш вара Баймурза ша а. Лаамана воьдучуха, цунна тIе а вахана, кхин вистхилар доцуш, тешшийтина гIама тоьхна, Баймурзин ах агIо охьабахийтира чIирхочо…

Маржа яI, хьо тешнабехк… МостагIчо бича а товш бац-кха хьо. Ткъа кхузахь, нохчичо бина-кх хьо тешнабехк (нагахь хьох нохчи ала мегар делахь) Лелочунна ма хаза ду хьо гIиллакх. Къонах волчо бен хьо хIунда ца ладо, Вайнехан сий ойбу гIиллакх? Вайн вархIе дайшкара дуьйна схьадеана ма дара Iадат: чIирхочо, цкъа хьалха хаам беш, шен мостагIчуьнга вистхуьлуш: «Со сайн чIир екха воллу, хьо кийча хилалахь…» – олуш. Тешнабехко цIийнан кIур байира Махьмин… Баймурзин а…

МУСАЕВ Сулиман

Туьйра

Сайн денанна, Басиратна, безамна

«Ду-увв» деш, чоь юьзна екачу сепараторан гIовгIанца самавелира Салман. БIаьргаш схьа а деллале хиира цунна, хIора Iуьйранна санна, Мама шура чекхйоккхуш юй. Пенехьа вирзина, Iуьллура кIант. Пенах тоьхначу басми тIехь, таьIна-цIен басахь сизаца диллинчу хоршахь можа горгаллаш яра. Уьш гича, кхунна даима а витаминийн буьртигаш дагадогIура, цкъа нанас шена делла долу. Басми тIе хиъна моза бара, хьалхара ши ког вовшах а хьекхош. Иза схьалаца кIанта куьг хьаладохуьйттушшхь, моза, тIомабаьлла, дIабахара.

– Самавелин Бабин кIант? – кIеда йистхилира Мама, шен болх юкъах а ца боккхуш. – Вало, хьайн юьхь-куьг а дилий, хIума яа. Ас шури чу хьокхам аьтта, кад биллина хьуна стоьл тIе.

Метта хьала а хиъна, ши бIарг хьакхийна, чухула дIасахьаьжира Салман. Жиэ ваханера да, нана ков-кертахь цхьацца гIуллакхаш деш яра, йишин мотт а беса бара.

– Седа мичахь ю? – хаьттира Салмана.

– Дера ю, хьо вижина Iуьллушехь гIаьттина, арахь гIуллакхаш деш, – аьлла, елаелира Мама. – Же, катоххий хьалагIатта!

Учахь юьхь-куьг дилина, чувеана, стоьла хьалха охьахиира Салман:

– Суна чай деза!

– Чай ма мала, шура ю хьуна. Иштта а, и чай дукха мийлина, чайнан басе а вирзина ву хьо. Куьзгана хьажал! Цхьа са ду-кх, деккъа са!

Сихха шена хьалхара кад а бассийна, Мамина тIе вахара Салман:

– Мама, соьга а хьовзаяйтахьа!

Мама кхуьнан нана яцара, денана яра. Амма кхуо а, кхуьнан йишас а, шайн нанас санна, Мама олура цунах.

– Хьовзаел, тIаккха, – аьлла, сепараторан тIам дIахийцира денанас.

ТIам схьалаьцна, иза хьийзо хIоьттира кIант. Дененан санна, цхьаьнаэшшара хьовзор ца нислора цуьнан. Цкъа, кхуо тIам дукха сиха хьовзабой, ютъкъалора сепараторан гIовгIа, юха, кхуьнан гIора малделча, къаръяла а йолалой, тийсалора. Цхьана биргIанехула, лохачу гIанта тIехь лаьттачу наштаран яй чу тIайн тача Iенара, вукхунхьара охьайогIу обрат цIенкъара сирдиллинчу ведар чу Iенара.

– Салман! – аьлла, чуиккхира Седа. – Вайн цициго моьлкъа лаьцна, хьуна!

– Мичахь ду иза? – аьлла йишина тIаьхьа арахьаьдира Салман, шен болх а битина.

Корана хьалха лаьттачу паднар кIелахь Iара цициг, багахь боккха моьлкъа а болуш. ХIара шиъ юххе гIоьртича, резадоцуш, «хар-рр» дира цициго, моьлкъа дIа а ца хоьцуш.

– Лергаш, Лергаш! – куьг дIа а дохуьйтуш, тIеволавелира Салман. – ДIахеца иза, дIовш дер ма ду хьуна цунах!

Юха а «Iаьвв» дина, дедда, цIийнан тIехьа къайладелира цициг, шен ижу дIа а ца хоьцуш.

Деха лергаш долу кIорни шена гича, кхеран дас:

– ХIара Лергаш мичара даьлла? – аьлла, хаьттичахьана дуьйна, Лергаш аьлла цIе йисира цуьнан.

ЦIенна бIе метр гергга генахь лаьттачу божалан неI еллаелира. Буйнахь ши ведар а долуш, нана араелира божал чуьра, бежнийн ной хих а юьзна. Нанна дуьхьала дедира ши бер:

– Нани, соьга оьцуьйтур дуй ахь хи?

– Нани, соьга! – цхьацца ведарх катуьйхира цара.

– Оьцуьйтур ду, ма ейша гIовгIанаш!

ЦIенна хьалхарачу гIуна тIе бахара уьш.

ГIуна тIера дечиган негIар дIадаьккхина, зарзакъна буьххье бихкинчу муьшах тесна ведар чукхоьссира нанас. Дукха хан ялале, «цIалкъ», аьлла, хи чу кхечира иза. Шина а куьйга муш лаьцна, ведар хьаладаккха хIоьттира нана. «ТIонк», «тIонк» деш, гIуна ледачу хин тIадамаш къора хезара. Iуьйре елахь а, йовха яра арахь. ГIу чуьра схьалаетталучу шелоно дегIана аьхналла йохьура.

Дехьа а, сехьа а хIоьттина, нанна «гIо деш», муьшах тийсалора Салманний, Седий.

– ДIадовлийша, ма лелийша вуон! – аз ца айдеш, элира нанас. – ХIума йиъний ашшимма?

– Йиъна!

Цхьацца ведар лаьцна, нана божалан неIаре кхаччалц дIа а кхетийна, юхадирзира ши бер.

– Вуон ма лелалаш! Мамина хIун оьшу хьожуш хилалаш! – тIаьхьакхайкхира нана. – Со, хье ца луш, чуйогIу шуна.

– Дика ду, – элира Салмана.

– Ишколах ловзий вайша? – аьлла, вешигахьа йирзира Седа.

– Ловза! – аьлла, къегира Салманан ши бIаьрг.

Кошарехь, жа тIехь бара кхеран доьзал. ТIекхача адам доцуш, гонаха маситта чаккхарма есачу арахь лаьттара кхеран цIа.

Ловзоргаш дукха яцара берийн: цхьаъ кира лело, важа жима – Салманан ши машен, можа месаш, боккха баьццара ши бIаьрг болу, кIайн коч юьйхина тайниг, масех жима бошхап – Седин бахам. Делахь а кхарна ловзо хIума миччахьа а карайора: цхьацца эчигаш, дечигаш, тишделла наштаран Iайгаш дара кхеран цIенна тIехьа дIадехкина. Царах ловзуш берийн дукхаха самукъа а долура. Хьалхара класс чекх а яьккхина, бIаьсте чекхйолуш, юьртара цIа еана яра Седа. Цуо юкъадаьккхина дара ишколах

ловзар а. Баьццара бIаьргаш болу тайниг хьехархо хуьлура, ткъа кхара гулйина эчиган болташ, Iайгаш – дешархой.

«Дешархой» дIатарбинчул тIаьхьа, Седас цIаьххьана:

– Экскурсе гIой вай? – элира.

– Иза хIун ю – экскурси? – ца кхийтира Салман.

– Изий?.. – кIеззиг ойлане яхара Седа. – Тхо цхьанхьа ирзу тIе я хин йисте а дуьгий, тхуна Iаламах цхьацца хIума дуьйцура-кх Малика Махмудовнас.

– Ткъа кхузахь ма дац цхьа а ирзу а, хи а...

– ХIумма а дац. Вайша дIога, алан ргI йолчу гIур ду. Цигахь лаккха хьалаяьлла буц а ю, – аьлла, ловзоргаш вовшахтоха хIоьттира Седа.

– Машенахь дига вай бераш цу экскурсе?

– Иза ма дика дагадеара хьуна! – хазахийтира Седина. – Цкъа тхо а ма дигира автобус тIехь Орган йисте. Тайниг ас марахь дIадохьур ду – машенна тIе тарлур дац иза.

Ловзоргаш машенна хьала тIе а ехкина, тIийриг озийна, машен йол- йолчу агIор дIайигира Салмана. Шен тайниг эцна, цунна тIаьхьа Седа а хIоьттира.

Элан хаза хьожа етталора, «чкъар-чкъирранехь» декаш, олхазарш а дара хIаваэхула лелаш. IиндагI а дара кхузахь.

Цхьана шерачу метте «дешархой» охьа а ховшийна (гуобаьккхина, лаьтта охьаехкира ловзоргаш), тайниг ирахIоттийна, шен куьйгашца цуьнан куьйгаш, корта лелабеш, цунна хьалхара къамел дан елира Седа:

– Бераш, вай тахана Салман волчохь ду. Шен деций, ненаций жа тIехь Iаш ву иза. ХIинца цо вайна ша вехаш волчу меттигах лаьцна дуьйцур ду. Дийцал, Салман, тхо леррина ладугIуш ду хьоьга.

– ХIун дийца ас? – цецвелира Салман. ХIара ловзар кху кепара дIахIоттарна кийча вацара иза.

– Тхо хьан хьеший ду, ткъа хьо кхузахь Iаш ву. Хьайх лаций дийцахьа тхуна.

– Со... со Салман ву, – шега ладугIуш боккъал а дуккха а нах болуш санна, воьхна-а волавелира кIант. – Сан пхи шо ду... Кестта ялх кхочур ду! – сихха тIетуьйхира цо. – Со дадиций, наниций, Мамиций Iаш ву. Седа цIе йолуш йиша а ю сан, – Седа елаелира. – Иза ишколе оьхуш ю... Гурахь со а гIур ву ишколе...

– ХIинца хьо Iаш волчу меттигах дийца, – юкъахваьккхира иза «хьехархочо».

– Со кошарехь Iаш ву, жа тIехь. Кхузахь хаза ду... Наггахь сингаттаме а хуьлу... ХIинца-м, Седа цIа еанчул тIаьхьа, сингаттаме ца хуьлу, – тIетуьйхира цо сихха, йишина вас хиларна кхеравелла.

Седа юха а елаелира:

– ХIун ду шун кхузахь хаза? – цхьа мекхайиъна эчиган болт схьаэцна, аз а хийцина, хаьттира цо.

– Дуккха а уьстагIий ду тхан. Iахарий, кхиссалуш, ловзуш хаза хуьлу. Иштта кой лиеташ а. Генна дIаса а доьлхий, вовшашна чуччахьовдий, маIаш етта цара... БIаьста дуккха а зезагаш довлу аренашкахь – цIен, можа. ДIо-о,

гуна дехьа, генна дIавахча, артезиан ду. Лаьттан бухара биргIанаш чухула хи хьаладогIу цигахь. Тоххара дадица со а вахара цига. Лийча а лийчира... И дIогара некъахула генна дIавахча, юьрта кхочу. Цигахь туька ю. Цига вордан-нахь я говрахь воьдий, дуккха а кемпеташ, печенеш, лимонад дохьу дадас...

Иштта, хIара шиъ ловзуш, де делкъанга лестира. Шен цхьана гIуллакхе йоьдучу йоккхачу чхьаьвриго а, лаамза, дакъалецира кхеран ловзарехь – говран мерзаца тIаьхьатесна, чемхалдигаш текхо дийзира цуьнан, салаз санна.

– Дада вогIу! – аьлла, мохь белира йоIе, цIаьххьана, дIахьаьжча, гу тIехь бере а хаавелла.

Шайн ловзар а дитина, ший а цунна дуьхьал хьаьдира.

– Со дадина хьалха говра хуур ю!

– Со хуур ву!

– Дадина дуьхьалдеана шуьшиъ?! – аьлла, велавелира да, хIара шиъ тIекхаьчча. Юха, охьакхевдина, Седа шена хьалха хаийра цо.

– Хьо ишколехь йолчу хенахь, со а хаавора хьуна дадас шеца говра! – ца догIучу дагца велакъежна, шен халахетар йишех лачкъийра Салмана.

Нанас чомехь чорпа йинера. ХIума йиъначул тIаьхьа, шен баклажки чу гIу чуьра шийла хи а доьттина, жа тIе дIавахара дада.

Корехь лаьттачу гIутакх чуьра гIулгаш схьаэцна, Седига:

– Ловзий вайша? – элира Салмана.

– ХIинцца, нанина гIо а дина, – аьлла, жоп делира йишас. ПхьегIаш а йилина, нуй хьокхуш яра иза.

Маьнги кIелахь Салманан яьшка яра, дадин «Огонек», «Крокодил» журналаш чохь долуш. Седа яллалц, аьлла, уьш схьаэцна, царна тIера суьрташка хьоьжуш Iашшехь, наб озийра кIантана. Кхано, иза самаваьлча, Мама яра, шен кучан даккхийчу кисанашка шенчарг а, ша ян йолийна, тIехь чIураш дохкуш йолу, тIергIан пазат а эцна, арайолуш. Иза москалш яжо йоьдуш юй хиира Салманна. Цунна тIаьххье аравелира хIара а. Йиша цIахь Iийра. Делкъал тIаьхьа, тов дIаяьлча, шайн ткъех москал яжо йоьдура иза, нанас: «Чохь Iехьа, цхьанхьа а гIур яц хьуна. Ши бер хьожур ма ду цаьрга», – боххушехь: «Иштта, сайн сагатталла йоьдура со-м», – олий. Москалш севц-севцначохь, пазаташ ян охьа а хуура. Наггахь, ша леллашехь я иштта охьахиъначохь, цхьацца мукъам а бора я йиш локхура. Цхьайолчу хенахь самукъане хуьлура цуьнан эшарш. Салманна а йохура цо эшарш:

ДIо лаьттарг мила ву-те?
Мехкарша гуо бина лаьттарг мила ву-те?
Аьтту куьйга шен хурашка ловзош,
Сан Салман вац иза?! Ла-ла-ла, –

бохуш. Цо иштта йиш лекхча, хазахетий, велалора Салман. Ша воккха а хилла, хаза хурашка а тиллина, эвла юккъехь лаьтташ гора цунна.

Тахана а, денанас иштта самукъане йиш лакхаре сатесна, иза охьахуъушехь, цунна юххе охьалахвелира Салман. Шенчарг хьалаяьккхина, чIурашца «тIах-тIих» деш, пазат юца йолаелира Мама:

– Сан кIант ишколе вахча, уггаре а хаза пазаташ хир ю-кх цуьнан! Хаза юй? – аьлла, хаьттира цо.

– Ю, – жоп делира Салмана.

Уьш ян а яра хаза, юкъ-юккъехула доьлхуш цIен асанаш а долуш.

– Мама, чIураш ма сиха леладо ахь. Хьан Iамийна хьо?

– Сайн нанас Iамийна-кх.

– Нана а яра хьан? – цецвелира кIант. Кхунна иза даим а иштта йоккха хилла моьттура, да-нана а доцуш.

– Яра дера сан-м нана. Нана а ма яра, да а ма вара, вежарий а ма бара.

– ХIинца мичахь бу уьш?

– Уьш боцу дукха хан ю. Со шайх марзо эца а кхиале, Iедало байина дIабехира-кх...

– ХIун динера цара цу Iедална? – ца кхетара кIант.

– Цхьа а хIума, хьо ваха, ца динера, – пазат кара охьа а йиллина, шен хьажар генна анайисте дуьйгIира Мамас. – Бехк-гуьнахь доцуш хIаллаквира сан да а, вежарий а, сан берриге нах а цу Дала бекхам барша... Нана, вай махкаха дохуш, цIерпошта чохь елира. Йиша Сибрехахь елира...

Iедал бохург хIун ю ца хаьара Салманна. Цкъа кинохь шена гиначу, немцойн санна, лекха лаба йолу хурашка а тиллина, доккха дегI долуш, тIехь бIаьрг ца соцуш, инзаре ирча юьхь-сибат долуш адам дуьхьалахIоьттира цунна...

– Лецна дIабигна, дукха нах тIепаза байира цу шерашкахь Iедало вайн юьртара а, махкара а. Лаьцнарг гIала охьавуьгура, цигахь доь доцуш вовра. Цу хенахь, иштта йиш яьккхина, иза локхура Хилдехьара мехкарша:

Соьлжа-ГIала, Соьлжа-ГIала,
Нохчийн кIентий хIаллакбина гIала,
Йиллина хиллера хьо къонахийн доь дайа –
Сийна цIе яла хьох, Соьлжа-ГIала...

Йовлакхан тIам хьаькхна, шен бIаьргех девлла хиш дIадехира Мамас.

Салман ца кхетара Мамас дуьйцучух. ХIара а хиллера шозза-кхузза Соьлжа-ГIалахь. Кхунна цигахь чIогIа хаза а хийтира: лекха цIеношь, трамвайш, кечделла, дIасалела адамаш...

– ХIахI, вало, чудоьду вайша! Ламазан хан а ю хуьлуш, – аьлла, хьалагIаьттира Мама.

МаьркIажан бода булуш да а цIа веара, жа далош. УьстагIий кошарин хьалха буьйса яккха а дитина, гIуна юххехь шен юьхь-куьг а дилина, схьавеана, нанна юххе охьахиира иза, цуьнан суьйре дика а еш.

– Де дIа муха дели? – хаьттира Мамас.

– Дика дели. БІаьста догІанаш ихна, буц дика яьлла кху шарахь.

Стол тІе юург хІоттош яра нана, цунна гІо деш Седа а яра. Чохь йовха хиларна, арахь юура кхара хІума. Мехкадаьттан стогар кир тоьхначу пенах кхозура, кхачанна тІе полларчий а, кхийолу сагалматаш а ца гулъялийта. Цхьанхьа екаш бухІа яра, хетарехь, шена ижу лаха араяьлла. Цаьпцалгийн цІар-цІир а дара хезаш. УьстагІаша даккхий синош дохуш, наггахь йовхарш етташ а хезара.

ХІума йиъначул тІаьхьа, пхьегІаш дІа а яьхна, чуяхара нана а, Седа а.

ХІара хан хазахетара Салманна. Цхьайолчу буса, дас приемник латайой, эшаршка ладоьгІура кхара. Я цхьацца къамелашка ладоьгІура, дас юкъюкъара цара дуьйцург нохчийн матте гоч а деш: «Вайн паччахьо иштта аьлла, ткъа Іамаркан паччахьо иштта аьлла», – бохуш, наггахь Мамас: «Хьий-й, йоккха топ хила кхунах!» – олуш.

Тховса стогаран серлонна герггахь лоха гІант а хІоттийна, бухкарш тодан хиира дада. Дехьуо лаьттачу паднара тІехь суьлхьанаш хьийзош Іара Мама. Цунна юххехь агІорвелира Салман.

Бода хьулбеллера. Стигал цІена яра. Седарчий юххехь гора. Кхуьнга маршалла хоьттуш санна, лепара уьш.

Цкъа иштта, деца паднара тІехь вижина волуш, наб ца кхеташ, ойланашка а вахана, Іуьллура Салман: «Мел гена ду-те и седарчий? Цу седарчашна дехьа хІун ю-те? Кхин а седарчий хир ду-кх – цхьадерш халла бен къаьсташ а ма дац уьш... Ткъа царел дехьа?» Юьхь а, йист а йоцучу есаллехь ша а, хІара цІа а, ерриге кошара а гІамаран цинццал а хІума яц-кх, аьлла, ойла хьаьдира цуьнан коьрте цІаьххьана. Цу ойлано кхерийна, дегІах шийла хьацар тоьхна, дех хьаьрчира кІант. «Ахь хІун до?!» – аьлла, самавелира да. «ХІумма а... Цхьа йоккха гезга яра-кх кхузахь...» – ша а дикка кхеташ воцу хІума дега муха хьахор ца хууш, харцдерг элира Салмана.

Тховса а, стигала хьоьжуш Іуьллучу Салманна цхьа седа, цІаьххьана, ехха лар юьтуш, дІабедда, бовш гира.

– Мама! – аьлла, сихха охьахиира иза.

– ХІун боху ахь?

– Седа... Седа охьабуьйжи!

– ХІа-а, – кхетта, аьлла, елаелира иза. – Маре бахана седа.

– Муха – маре бахана? Седа маре боьдуш хуьлу? Хьаьнга бахана иза?

– Иштта олу-кх иза: – «Седа маре бахана», – олий. Ткъа ахь: «Топ, тур, тапча», – ала деза.

– ХІунда?

– Алал ахь.

– Топ, тур, тапча.

– Иштта. Седа маре боьдуш гича, йоІа: «Тукар, тІарий, тай-махий», – ала деза. ТІаккха цунах дика, куьйгана говза хІусамнана хир ю. Ткъа кІанта: «Топ, тур, тапча», – ала деза. И аьлча, цунах майра, каде къонах хир ву. Иштта олу-ракх хьалха, со жима йолуш, – ша хьовзийна яьлла суьлхьанаш кисана дехкина, хьалагІаьттира Мама. – ХІахІ, дІавижа хІинца. Хан яьлла вайна, – олуш.

– Со хьоьца вуьжу тховса! – хьалаиккхира Салман.

Мама, хазахетта, елаелира:

– Схьавало тІаккха Бабина! – кІант, схьаэцна, маравоьллира цо. – Сан Лом ду иза!

Ша резахилча, иштта цхьацца цІерш тохкура Мамас кхунна, керл-керланиг туьллуш – Борз, Доккха Дика я тховса санна, Лом. Иштта, ша кІентан кІант хьостуш: «Илжинер хила везаш ву сан кІант, воккха хилча», – олура цо. Инженер бохург дара цуьнан иза. Ткъа инженер, цуьнан кхетамехь, чІогІа воккха хьаькам вара. Ткъа ша резайоцуш меттиг нисъелча, дов деш: «Хьо салти! – олура. – Мокха салти, хьо ма-варра!» – аьлла, тІе а тухуш.

Шаьшшиъ чу а дахана, маьнги тІехь дІатарделлачул тІаьхьа:

– Мама, туьйра дийцахьа! – элира Салмана.

– ХІун туьйра дийца ас хьуна? Массо а сайна хууш долу туьйра дийцина ма яьлла со хьуна. ДІавижа, – аьлла, йистхилира денана.

– ХІумма а дац хьуна, дийцахьа, – дийхира кІанта. – Хьалха дийцинарг а мегар ду хьуна.

– Дика ду тІаккха, ладогІал, – Салманан коьртах куьг хьоькхуш, жимма ойла а йина, туьйра долийра Мамас: – Шинаррий, Цициггий, БоргІаллий хилла хьуьна йистехь цхьаьна ехаш. Цхьа хан яьлча, Чай, Борззий, Цхьогаллий деана кхарна лула. Вовшашкахь хІун доллу ца хууш, чІогІа ларлуш а хилла уьш, дажа а, ижу лаха а арадовла ца даьхьаш. Цкъа, цхьана дийнахь, Чено аьлла шен накъосташка: «Вай иштта Іийна девр дац. Ахь, Цхьогал, вайн лулахошка а дахана, уьш вайга пхьор даа хьошалгІа кхайкха беза». – «Дика ду», – аьлла, резахилла, лулахойн неІаре дахана Цхьогал. «Во-о Шинар, Цициг, БоргІал! – аьлла, чу мохь тоьхна, – шуьга Чено хьошалгІа кхойкху, цхьаьна шуьне ховшур ду вай». Шайна кечбеш цхьа тешнабехк букх, аьлла, кхераделла, дуьхьала дистхилла Шинара: «Цхьогал, хьо ду иза? Ма дика ду хьо деана! Экха дахханчохь дийна, цхьа дерстана цхьогал ду тхан кхе оьллина. Схьачудала, цуьнан чам муха бу а хьаьжна, цхьаьний дІагІур ду вай», – аьлла. «Цхьога-ал?» – аьлла, кхераделла, дІаиккхина цІа дахана Цхьогал. ШолгІачу сарахь а иштта, лулахой хьошалгІа кхайкха аьлла, Борз яхийтина Чено. Яхана дІакхаьчна Борз кхайкхина: «Во-о Шинар, Цициг, БоргІал! Шуьга Чено хьошалгІа кхойкху, цхьаьна пхьор дер вай!» – аьлла. «Борз, хьо ю иза? – дуьхьала дистхилла Шинара. – Ма дика ду хьо еана! Талла дахханчохь, цхьа ерстана яттІа йоллуш борз караеанера тхуна, иза кхе оьллина Іаш дара тхо, схьайола, схьачуяла, цу берзан чоме а хьаьжна, цхьаьний дІагІур ду вай шуьга», – аьлла. «Бо-орз?» – аьлла, кхераелла, ког лаьттах ца кхеташ дІаиккхина, яьлла, цІа яхана Борз. КхоалгІачу сарахь Ча ша яхана лулахошка. Кораха иза гина, кхераделла Шинара. «Ча иштта атта Іехалур яц вайга, – аьлла цо. – Вай хІун дийр ду аьлча, хьо, БоргІал, тхов тІе яла. Ча чоьхьа йоллушехь, хьайн ма-хуьллу тхов тІера ча дІасакегош, гІовгІа оьккхуьйтур ю ахь. Ахь, Цициг, пешара юкъ цІенкъа схьахьоькхуш, овкъаран кІур эккхийта кху чохь. Ткъа со цІенкъа юккъехь хелхадер ду, сайн

бергийн гIовгIанца Чена герз дуьйлу моттуьйтуш». Массо а реза а хилла, кечбелла хIорш. Ча, шен ши накъост санна, арара чу ца кхойкхуш, йогIуш лаьтташехь неI йиллина, чоьхьа а яьлла: «Во-о Шинар, Цициг, БоргIал!..» Цуьнан багара иза доллушехь, «IуьI-Iа-ре-Iу-уь», аьлла, кхайкхина, шен мIарашца тхов тIера ча дIасакхуьссуш, йоккха гIовгIа эккхийтина БоргIало. Пешара юкъ охьахьаькхна, иза дIасакхуьссуш, чохь овкъаран кIур хIоттийна Цициго. НеIара тIехьара схьаиккхина, хелхадала доладелла долу Шинара, ког шершина, «гор-ро-ов», аьлла, доккхачу татанца цIенкъа юккъе охьакхетта. Цу суьртах, гIовгIанах чIогIа кхераелла, ша дийна йисарх йоккхаеш, араиккхина, къайлаяьлла Ча. Цул тIаьхьа, кхарна кхин и яхана меттиг а ца хууш, дIаяйна Чай, Борззий, Цхьогаллий. Ткъа Шинаррий, Цициггий, БоргIаллий, хьалха санна бертахь, яха йисна. Хаза дарий туьйра? – хаьттира Мамас.

Салманна-м тоххарехь наб кхеттера. Лохха ела а елла, цунна тIера юргIа дIанисдира денанас:

– Дала дуккавахавойла Бабин кIант! – аьлла.

Цул тIаьхьа тийналла хIоьттира чохь, хезаш сахьтан гIовгIий бен кхин хIума доцуш.

СУМБУЛАТОВА Радима

Ненан мотт – аганан илли

ХIора дийнахь аьлча санна, хазлуш, толуш, исбаьхьа а хилла, овкъаршлахь юхаденъеллачу Соьлжа-ГIалина юккъехь яра школа.

Школан дахар шен рожехь дIадоьдуш дара, берийн хазахетарш, халахетарш шеца а долуш.

Дешаран шеран тIаьххьара чийрик йоца хиларна, дешархой ма-хуьллу шайн хаарийн мах хьехархошка лакхара хадабайта гIерташ, дешарна тIебирзинера. Шайн къастийна урокаш-математика, русский язык, обществознание – яра церан…

Нохчийн меттан урок къастийнарг наггахь бен вацара. Царна хетарехь, нохчийн мотт башха оьшуш бац, оьшур а бац, даржехь лакхавала, юкъараллехь шен «ас-со» чIагIдан а. Школан урокийн расписанехь а бара нохчийн мотт тIаьххьара дIаязбина.

Берашна гуш яра цунна елла меттиг: иштта меттиг пекъарна кхочуьйту. Коьрттехь, баьрччехь а йоцуш, неIсагIехь яра хIокху школехь нохчийн маттанна билгалйина меттиг. Еа-пхеа урокехь кIадбелла, физкультура урокехь хIиттина дешархой, цхьа а лаам боцуш, богIура тIаьххьарчу уроке. Тахана а, иштта дог-ойла йолуш класса чу баьхкинчу дешархойн де дика а дина, шен кIеда-мерза къамел дIадолийра куьцехьчу хьехархочо:

– Бераш, таханлера урок,кхечарах тера йоцуш,башха урок ю. Хууш махиллара, НР-н Куьйгалхочо, Россин Турпалхочо Р. А. Кадыровс шен Буьйраца апрель беттан 25-гIа де «Нохчийн меттан Де» ду аьлла, дIакхайкхийна. Вайн меттан сий-ларам хьалабаккха, иза бийцар шардан, цуьнан оьмар яхъян, цуьнга шовкъ-безам чIагIбан Iалашо йолуш дIакхайкхийна и Де.

ХIокху дуьненахь шен мохк боцуш адам,халкъ,къам хила йиш елахь, шен мотт боцуш хила йиш яц. Нагахь буьйцуш мотт белахь, оцу маттахь ойла еш, иллеш олуш, эшарш локхуш, цаьрга ладугIуш, уьш шайна ца хезча, сагатлуш, сахьийзаш, цаьрга юх-юха а ладогIа лууш хуьлу оцу халкъан нах. Вайх хIораннах а иштта кIант, йоI кхиахь, вайх кхана а нохчийн халкъ хир ду…

ДегIера кIадо дIаяьлла, хьехархочо мел олу дош сутара схьалоцура дешархоша. Царалахь а къаьсттина лерина ладугIуш яра Аминат. Нохчийн мотт гуттар бара цуьнан синехь, иллийн, эшарийн, назманийн а мукъамехь лекхалуш. Цунна шен синехь юх-юха хезара шен ненан меттан Iаь,аганан иллин мукъам, бераллера туьйранаш. Цуьнан синан кIоргенехь дара, цунна хаза кхаъ бохьуш догIург, амма дацара лерсинехь.

Хьехархочо дуьйцург хезаш яцара Аминат, халла цхьадолу дешнаш бен. Ялх шо хьалха, хIара пхоьалгIачу классехь доьшуш йолуш, зуламхоша кхеран цIа эккхийтира. Кхунна чIогIа дукхавеза да велира, нана ехха

больницехь Іиллира, чевнаш дІа ца йоьрзуш. Ша больницехь йолуш, шен хьал-де хаа баьхкинчу гергарчаьрга шен дена, нанна хІун хилла хаа лууш, ша йистхила йоьлча, ша йистцахилаелча, хиънера йоІана шена хилларг. Оцу хенахь дуьйна моттцахууш,наггахь долу дош бен ца хезаш, къора яра Аминат, шена гІийла хезачу дашца синна боккха кхаъ кхочуш. Нохчийн меттан урокехь иштта лерина ладоьгІуш, шена цкъа а ца гинчу берашка, цецъялла, хьоьжура йоІ. Цуьнан цецъялар шашаха дІаделира, хьехархочо классан уьн тІе: «Нохчийн меттан денна» – лерина сочинени язъе аьлла, тема дІаязйича. ХІинццалц Нохчийн мотт шайна оьшур бац баьхнарш, и ойла хилларш, дахаран масех некъ дІасабоьдучу шаьш дІахІиттича санна, ойланехь бара. Массо а, тІебирззина, нохчийн маттах нохчийн маттахь язъеш бара, шайна дукхадезачу дех-ненах, йиша-вешех язъяр шайна тІедиллича санна. Корехула чукхеттачу маьлхан зІаьнарша хазахетарна екхаелла дешархойн яьххьаш серлаяьхнера. Цкъа а ца хиллачу тІегІане баьккхинчу нохчийн маттах цІена, хаза, сийлахь дош яздан гІертара уьш, шайн баккхийбер лечкъа а ца деш.

Урок чекхъяьллий хоуьйтуш, горгали бийкира. Шен сочинени хьехархочуьнга дІаяла сихвелла цхьа а вацара. Хьехархо а яцара уьш сихбеш. Цхьацца тІе а вогІуш, дешархоша шайн сочиненеш хьехархочун стоьла тІе охьаехкира. Цкъа а ца хиллачу тайпана белабелла-бекхабелла, хьехархочун Іодика а еш, класса чуьра арабуьйлура дешархой. Классан уьн тІехь дІаяздина: «Нохчийн меттан денна» – йоза а дуьтуш, класс чуьра араелира хьехархо а.

Гуттара а санна, буьйсанна хан яьллачу хенахь, шен дешархойн сочиненеш еша йолаелира хьехархо. ГІалаташ дукха делахь а, чулацам дика берш схьакъастош, леррина йоьшура цо уьш, цхьадерг шен тетрада тІе дІаяздеш. Дика язйинчарна юккъера, къаста а йина, ша охьайиллира хьехархочо Аминатан сочинени. КІирандийнахь садаьІна, оршотан дийнахь школе баьхкина дешархой цецбевллера, урокийн расписанехь, хІинццалц «Родной язык» аьлла, дІаязйина урок «Чеченский язык» аьлла, хийцина а, тІаьххьара а йоцуш, лакхахь дІаязйина а. Расписанина уллехь хаам бара: «Тахана, апрель беттан 25-чу дийнахь, школехь даздаран хьолехь билгалдоккхур ду «Нохчийн меттан де», яздархоша, журналисташа дакъалоцуш. Марша догІийла шу!»

И ши хІума – расписанехь хийцам, нохчийн маттахь хаам а – керла хиларна, хаза кхаъ санна, тІеийцира хьехархоша а, дешархоша а.

Урокаш дІаюьйлаеллий хоуьйтуш, зевне бийкира школан горгали. Шайн-шайн класс чу бахара хьехархой а, дешархой а. Дуьххьара а, тІаьххьара а школехь нохчийн маттахь нохчийн маттах сочинени язйина цхьайтталгІачу классан дешархой синтеме бацара, шайн сочиненийн хьехархочо хадийна мах муха бу ца хууш. Классехь хІоьттина тийналла йохош, меллаша, кІеда -мерзачу, аьхначу маттахь йистхиллачу хьехархочо элира:

– Хьомсара дешархой! Цкъа а «Нохчийн меттан де» къастийна а,

дIакхайкхийна а, даздина а дацара вайн махкахь. Сайн а, шун а цIарах даггара баркалла ала лаьа суна Ахьмад-Хьаьжин Рамзанна, иштта нохчийн меттан сий-ларам барна. Дела реза хуьлийла цунна!

Оцу Денна лерина сочиненеш язйира аш шоьтан дийнахь вайн хиллачу урокехь. Со реза ю аш язйинчу сочиненешна. Шайн маттаца, халкъаца, махкаца йолчу уьйрах дика дош аьлла аш, йозанехь гIалаташ делахь а. Дикачарна юккъехь а дика сочинени Дикаева Амината язйинарг ю…

Дешархоша, хьала а гIевттина, Аминат декъалъеш, массара а цхьаьна тIараш туьйхира. ТIаккха кхийтира йоI къамел шех лаьцна хиларх. Куьйгаэшара «шен маттахь» масех дош аьлла,шена хьалха Iуьллучу шина кехат тIе «Баркалла шуна!» – аьлла,даккхийчу элпашца яздина, ша яздинарг массарна а гайтира цо. Хьехархочунна ша яздинарг дIагойтуш, бIаьрхиш охьахьаьлхира йоьIан. «Баркалла Хьуна, Медни Нурдиевна!» – дашна тIе хьаьжначохь тIунделла хьехархочун бIаьргаш, Аминатан бIаьрхиш а гича, гучудевлла шайн бIаьрхиш лечкъа ца дора дешархоша. Шен сочинени дикачарна юккъехь къасторна аьлла «Баркалла Хьуна!» хилла ца Iара иза, хьехархочо нанас санна, шен динчу Iуналлина, тергонна, масех шо хьалха шех тешарна, цуьнан шега хиллачу, болучу безамна «Баркалла Хьуна, Медни Нурдиевна!» – олуш яра иза, ша а, шен нанас а цунна дуккхазза а аьлла долу. Ялх шо хьалха, Аминат больницера араяьлча, лерринчу школе дIа ца лахь, дешарна, кхетамна тIаьхьаюьсур ю элира лоьраша. Нанна ца лаьара йоI уьйрех хадо. Аш школехь хьехначул тIаьхьа, ша а цIахь Iамор яра, школехь деша йитахьара бохуш, дехар динера нанас. Аминатан ненан дехар дагах кхеттарг, йоI шена тIелаьцнарг яра тахана кхуьнца цхьаьна бIаьрхиш охьаоьху хьехархо – Медни Нурдиевна.

Медни Нурдиевнас, шен бIаьрхиш меллаша дIадохуш, школехь дIадахьа леринчу даздаршкахь сочинени еша бакъо йийхира Аминате. ЙоIа корта таIийра, ша реза юй а хоуьйтуш.

Дукха адам дара зала чохь: хьехархой, дешархой, дай-наной, яздархой, журналисташ.

Нохчийн маттах нохчийн маттахь къамелаш дира школан директоро, яздархоша, журналисташа, стихаш йийшира, эшарш лийкхира дешархоша. Шен рогIехь йистхиллачу Медни Нурдиевнас, Нохчийн меттан Денца зала чохь берш декъалбина, ша дош дехаран бахьана довзийтира:

– Ткъе итт шо сов хан ю ас нохчийн мотт, литература хIокху школехь хьоьху. Оцу ткъе итт шарахь ас шега сатийсинарг кхочушхилла Де ду хIара. Шу дерриге а хIокху сийлахь-дезачу Денца декъалдеш, сайн дешархочо Дикаева Амината шен сочиненина юкъадалийначу дийцарца дерзо лаьа суна сайн къамел:

«Мацах цхьана заманахь цхьана пачхьалкхан доккха эскар кхечу пачхьалкхана тIе а летта, Iаламат дукха адам дийна, и мохк хIаллакбеш. Веддарг бен кIелхьара ца волуш, хIаллакдина цу махкара адамаш. Куьйгех гIоьмаш а тоьхна, дуккха адам дIадигна толамхоша шайн махка, лай а

дина, дацо: божарий, зударий, бераш. Дукха генарчу махкара баьхкинчу мостагIаша дIахадийна оцу йийсарийн шайн махкаца а, халкъаца а йолу зIе. ДIабигначех цхьаберш дIаийна оцу пачхьалкхерчу адамех, шайн мотт, гIиллакхаш, Iадаташ а дицделла. Ткъа шо хьалха, и къиза мостагI тIелеттачу хенахь, кхо шо долу йоI дIайигна, шайн гIайгIанца, сангаттамца цхьа-а дисина дай, наний хилла балано охьатаIийна, хеназа къанделла зама токхуш. Iуьйранна а, суьйранна а, шеран массо а заманахь, шен йоI дагара ца йолуш, тийжаш-йоьлхуш нана хилла. Яйначу йоIанна гатдечу сино а, йоIанна йоьлхучу ненах хетачу къино а кIелвуьтуш да а хилла.Иштта зама токхучу дена хабар хезна, шайн йоI эцна, эла, и шайн йолуш санна, луларчу пачхьалкхехь вехаш Iаш ву аьлла. Шена хезнарг хIусамнене дийцина, цунах дагаваьлла, бакъ ду-дац хьажа, кхечу махка ваха араваьлла да. Бехха некъ бинчул тIаьхьа, шена буьйцуш бен ца хезначу махка кхаьчна йоьIан да. Хехошкара бакъо а яькхина, элан ков-керта а хIоьттина, дехар а деш, дийцина дас:

– Лераме эла! Хьан керта со вархьама ца веана, цаваьлла веана генарчу махкара.Ткъа шо хьалха бертахь, ирсе доьзал бара сан, шун луларчу пачхьалхера къиза эскар тхан махка даллалц. Оцу эскаро, жима-воккха, стаг-зуда ца къестош, хIаллакдира тхо. Дуккха а адам дIадигира. ДIабигначаьрца цхьаьна тхан жима йоI а йигира. И йолу меттиг ца хууш, цунна дукха сагатдина оха. Сингаттамо хуьйдина, кIелъюьссуш ю йоьIан нана. И тхан йоI, ахь, эцна ялийна, кхиийна бохучу хаамо валийна со хьан керта. Лераме эла! Сингаттамо хуьйдина оцу йоьIан ненах къахетий, цо ша набаро Iехаяллалц Деле дехаршца дечу доIанашка ладогIий, хьайн дог кIаддалийтий, тхан йоI тхоьх схьакхетийтахьара ахь.

Цецваларан кеп а хIоттийна, вела а велла, жоп делла эло:

– И хIун къамел ду ахь дийриг, сан керта а веана?! Сан йоI хьан муха хуьлу?!

Со – эла, ткъа хьо – цхьа миска…

ДIагIо, аравала сан кертара, ас хьо чуволлале!

Цара дуьйцург хезна, араяьллачу йоIа хаьттина шен дега-эле:

– ХIун боху цо, дада? ХIара мила ву? – аьлла.

– Хьо шен йоI ю, дIайигийта шега боху, – аьлла, жоп делла эло.

– Со муха ю хьан йоI, мила ву а ца хууш, хьенан ву а ца хууш волчу? Со хьуна хьалха лаьттачу элан, цхьаъ бен йоцу, хьоме йоI ю, – аьлла йоIа.

Оцу дешнаша кийра мерцина, дог а доьхна, корта охьабахийтина, боккхачу сингаттамца, ша йоьIан нанна дIакхачо безачу шийлачу кхоаца шайн махка, шайн цIа боьду некъ юьхьарлаьцна, дIаволавелла кхайкхаза веана хьаша. Бехха некъ бинчул тIаьхьа, шайн махка, юьрта, цIа кхаьчначу йоьIан дас дерриг а ма-дарра дийцина йоьIан нене. Дуккха а йилхинчул тIаьхьа, шен цIийнадега дехарца йистхилла йоьIан нана:

– Ма дика ду-кх, вайн йоI хьуна дийна карийна, хьаьнгахь ю хиъна! И дийна ю аьлла хезначахьана, серладаьлла сан б1аьрсинна хIинццалц бодане

хилла хIара маьлхан дуьне. Даго хьоьху суна: вай вовшахкхетар ду, вайн йоI соьца цIа йогIур ю. Со цкъа ган, сан меттан Iаь, и аганахь йолуш ас цунна хийлазза лекхна йиш хаза еза цунна. Меттан а, эшаран а мукъам – цуьнан синехь денлур бу, еххачу хан-замано набарехь, белча санна, латтийна болу.

Беха некъ бан кечам а бина, шайн йоI цIа яло Iалашо йолуш, арадаьлла дай, наний. Дукхе дукха беха некъ а бинчул тIаьхьа, эла вехачу махка, юьрта, цуьнан ков-керта кхаьчна хIара шиъ. Юха а шен керта веанарг вевзинчу эло, мохь тоьхна, шен хехошка омра дина:

– Схьалеца, дIабехка, чубохка и харцлоь нах! – аьлла.

Шен къа-бала, сингаттам, гIайгIа ялхо йолаелла нана юкъахйоккхуш, йистхилла шен керта баьхкинарш хаабелла, уьйтIа яьлла элан йоI:

– Хьажахьа, зуда, сайн дай, наний долуш, хIокху цIа чохь, хIокху кертахь хьалакхиъна а, хIокху юьртарчу сайн нийсархошца уьйр-марзо йолуш яьхна а йолу со, хьан йоI муха хуьлу?! Ишттаниг хуьлийла а ма дац! Хьо, сингаттамо галъяьккхина, кхаьчна тхан керта. Кхечанхьа лаха хьайн йоI, араялахьа, дIагIохьа хIокху кертара!

ХIокху дуьненахь ша тIаьххьара йоьлхуш санна, доггаха йилхира нана, элана а, йоIанна а хьалха голаш тIе а хIоьттина. Шен дехарна цара жоп ца делча, меллаша хьала а гIаьттина, цаьргахьа букъ ца берзош, бIаьранегIар тухучу мIаьргонехь а шен йоI шена гучураяларна кхоьруш, кевл араелира нана, шен сатийсамца, къинхетаме дог оцу кертахь дуьтуш. Сингаттамо гIора а эшийна, генадоццуш охьадогIучу хин йисте охьалахъелира нана. Цунна гора эсала хьажар, Iаьржа ши бIаьрг, ша жима йолуш хьистинчу а, хIинцца шена гинчу а шина йоьIан, хIан-хIа, цхьана йоьIан ши бIаьрг. И ши бIаьрг нанна бицбала йиш яцара. Муха бицлур бара, хан яьллачу хенахь, набаро Iехийначу хенахь, йоьIан елхаро ша самаяьккхича, цо шен хаза ши бIаьрг дIахьаббаллалц, гIенаша и Iехаяллалц, ша цунна аганан йиш лекхна хилча?! И сан йоI ю! И сайниг ю! Хийлазза ас, и теян гIерташ, хьоьстуш, шега мотт бийцина, аганан йиш лоькхуш, гIенашка Iехаяйтина сан йоI ю иза. ЦIаьххьана, бIаьрхийх а ийна, меллаша ненан аганан иллин мукъам белира, легашка хIоьттина хораме шад бостуш, богучу кийрара. Ненан богучу кийрара схьабаьлла мукъам аренца баьржина, эла вехачу юьрта, цуьнан ков-керта кхечира. Мукъамехь аз а хезна, йоьIан са карзахделира, дог тохаделира. ХIинццалц, дуккха а шерашкахь, шена хIун ду а ца хууш, шен деган а, синан а кIоргенехь, наггахь лерсине а кхочуш, бекна, лекхабелла, цуьнан сагатдина, сахьаьстина мукъам бара хин йистера схьахезаш. Цуьнан лерсинна хьоме, дагна аьхна дешнаш а, мукъам а бара даго а, сино а дIахудуш. Ша садоIуш Iачу четар кIелахь, хьалагIаьттина, ладоьгIура йоIа… Синна аьхначу мукъамо шена тIекхойкхура иза. Меллаша кевл араяьлла, леррина ладоьгIура йоIа кхечарех тера хила йиш йоцучу шен бераллерчу, шен хьомсарчу ненан мукъаме. Доггаха шен нене а кхойкхуш, мукъаме ненан мотт шена схьахезачу агIор едира йоI, и ду-кх сан ненан аз, хIинццалц хьенан, хIун аз ду а ца хууш, ас сайн деган къайленехь кхаьбна,

къийлина, лардина, аьлла. Хин берда йистехь долчу диттан Іиндагіехь охьахиъна, ша ага техкош йолуш санна, куьг хьалха а туьйсуш, охьаоьхуш б1аьрхиш а долуш, йиш лоькхучу шен нанна тІекхаьчча, йоьІан мохь белира: «Нана! Сан хьоме, сан хьомсара Нана!» – аьлла.

Ша сочинени ешна яьлча, меллаша куьг хьаькхна, шен бІаьрхиш дІадаьхна, шен нанна уллехь хиъна Іачу Аминатана тІе а яхана, Медни Нурдиевнас элира: «Схьайолахьа, и хьайн хьекъале хаза корта мараболлийтахьа соьга!» Зала чуьра адамаш а, Медни Нурдиевна сочинени ешна яьлча, шайн бІаьрхиш дІадохуш дара. ХьошалгІа веанчу яздархочо нанна, Хьавана а, Медни Нурдиевнина а доккха баркалла а аьлла, Аминатина совгІатна шен киншка елира…

Самукъане, адамийн дог-ойла иракарахІоьттина, хаза чекхделира Нохчийн меттан де, овкъаршлахь юхаденъеллачу Соьлжа-ГІалина юккъерчу школехь, Нохчийн мотт баьрчче а баькхина.

Керла цIерш

ИЦЛАЕВА Лариса

Ицлаева Лариса йина 1992-чу шарахь Хьалха-МартантIехь. Чекхъяьккхина НПУ-н филологин факультет, журналистикин отделени. Дешна яьллачул тIаьхьа Хьалха-Мартанан кIоштан «Маршо» газетехь корреспондентан, цул тIаьхьа отделан редактор, коьртачу редакторан заместитель йолуш белхаш дина Ларисас. Карарчу хенахь школехь болх беш ю, нохчийн мотт хьоьхуш.

Ларисин говзарш арайийлина «Маршо» газетехь а, ишшта Россехь долчу газеташкахь а, журналашкахь а.

«Орга» журналехь дуьххьара зорбане йолуш ю Лариса. Ицлаева Ларисин проза эссе жанрехь язйина ю. Цуьнан ойланаш адамийн дахарх ю, адамийн вовшашца йолчу юкъаметтигех ю. Адам хилла, экхан сибте ца воьрзуш, кху дуьнен чохь ваха хIун оьшу, бохуш хаттарш хIиттадо цо шен доцачу, амма маьIница шуьйрачу дийцаршкахь. Дуьненан хазалла, дикалла, эрчалла – дерриге адамаша ккуллуш ду боху Ларисин дийцарийн турпалхочо, цундела вайна тIехь ду ойланашца а, гIуллакхашца а цIена хила.

Дала аьтто бойла хьан, Лариса!

Довзаза дуьсу адамаш

ХIораннан дахарехь хуьлу маьлхан зIаьнарш санна долу адамаш. Цхьаболчарна, шаболу малх шайна тIехьаьжча санна, шортта дуьхьалдеттало уьш, вукхарна – бIешарахь цкъа. Мухха делахь а, цара хуьйцу дахар, дог-ойла.

Цкъа маццах дIаихначу хенашкахь суна а девзара адам. Самах я гIенах – кхета а ца ло хIинца. Чола мархийн тобанца дахарх чекхбуьйлучу нахана юкъахь, маьлхан цхьаъ бен йоццчу зIаьнаро лаьцча санна, къегина хеталора и адам. Дикачу адамех аланза дисина дешнаш а дац эзар шерашкахь Iилманчаша, яздархоша, поэташа. Цара цааьлларг дийца гIертар а эрна ду. Цундела, кхин чIогIа ала а ца гIерташ, шу кхетийта: дуьне диллинчу хенахь дуьйна адамо адамах йина дика ойланаш вовшахкхета, лалийна, йоьттина, гIорийна, чIагIъелла, царах хилла шатайпа гIала санна, ойла яра (юха а: самах я гIенах?) девзаш хиллачу адамах.

...ТIаккха, хан-зама мел йолу а, довзар кIорге мел долу а, жим-жимма гIала эга йолало. Иза ца эга арахьара мостагI вогIий, иза йожайо чуьра схьа. Ахь цхьацца тIулг буьллуш, халла кхоьллина хьан гIала... йохайо, йожайо, ягайо. Хьан деган дозанна тIехь Хьайбах йо цунах, кхин цкъа а и хиллачу меттехь латта денлур дуй-техьа, аьлла, хоьтуьйтуш. КIеззиг а, деха а бахьанаш дийца ца оьшу. Уьш хIораннан а шен хуьлу. ХIораммо а шен агIор туьду уьш.

Хьо хьоьжу гІала хиллачу метте, девзаш хиллачу адаме. Хьо кхета: хьан дахарехь адамех зІаьнарш еш верг хьо хьуо хиларх, малхо санна, ахь уьш къагош хиларх хьайн ойланехь. Уьш шаьш хилларш буьсу. Хийцалуш ерг, дІайовш ерг хьан оцу адамана латийна хилла йолу зІаьнар ю. Хьан кийрара маьлхан зІаьнар...

...Ткъа девзаш хилла адамаш... довзаза дуьсу яханчу заманахь...

Къайладохурдоцу седарчий

ДагадогІий хьуна, жималлехь мел кІеззиг долчу хІуманна а даго мел сема жоп лора? Ма доккха хетара шадерг, ма тамашийна хетара. Екхна стигал санна, дара вайн дегнаш. Цу стиглахь гора хІора а хиламан седа. Шадолу седарчий къайладевлча а, дикачуьнга къеггина схьахьожий сатийсаман малх хуьлура. Ма сирла дара вайн дегнаш, доттагІ! МаІа йолчу, йоццу чхьаьвриго а латабора кийрахь самукъане чиркх. Мичахь ду-те хІинца и тохарлера синош? Мархашна юккъе яхана, бодане йирзина стигал санна, цхьана а седано ца къагадо-кх вайн дегнаш. Цхьана а хиламна хІинца хІунда ца хуьлу-техьа, хьалха санна са сема? Сингаттамо садукъийна, гІелдина вай.

Хьой, сой лелла тогІенаш, аренаш дагайогІий хьуна? Цигахь цхьанхьа лелаш хир ю-кх хІинца а вайн беролла. Берзинчу когашца айхьа хьоьшуш шийла бай хаалой хьуна цкъацкъа, набарха санна? Іуьйренан тхинан тІадамашлахь масийтта бос эцна маьлхан зІаьнарш гой хьуна гІенах? Хьуо дагатосий хьуна, гІодаюккъе кхаччалц болчу байлахь, куьйгаш дІай-схьай а дахийтина, цхьанхьа, гена-геналле воьдуш? Цхьа йоккха гІайгІа а йоцуш, делахь а денна жималлин екхначу стиглара дІадовш долчу седарчаша дог Іийжадой хьан? Муьлхачу дешнашца, муьлхачу узамца балхор бара а ца хууш, сийсаш, хьегІаш лаьтта-кх цхьа тамашийна сингаттам...

Маржда яІ-кх, зама юхаерзо а, жималла юхаяло а ницкъ бац-кх. Ас цхьа аре йийций хьоьга, жималла дІаяьлча, ахь доггах таллаза йисина йолу? Цу аренан исбаьхьалла хьайн сине кхаччалц, сатуьйсур ду-кх ахь дІадевллачаьрга. Исламан динан йистйоцу геналла ю хьуна и. ТІехволуш, биэн а доцуш схьа а ца ийзош, цкъа йоккха схьаеллахьа неІ цу керлачу дуьнене. Цецволуш, хьо юха а беролле кхаьчна а хоьтуьйтуш, керланаш девзар ду хьуна. ХІокху дуьненахь ша санна адам хилла а, хин а доццчу Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьйла цунна), нанас шен беранна букъберзор болчу, хІора стаг «Ва сан са! Ва сан са!» – бохуш хинволчу дийнахь: «Ва сан Дела! Сан уммат, сан уммат!» – бохуш, дагахь хинверг ма ву хьо. – Ас сагатдо сайн вежаршна... Со ганза а волуш, суна тІаьхьахІиттинчу», – бохуш, Цо сагатдинарг ма ву хьо. Цуьнан асхьабаш Абубакра, Іумара, Іусмана, Іелас (Дела реза хуьйла царна) хьан паргІатонах шайн дахар, синош дІаделларг ма ву хьо.

«Со кхоьллина ву Ислам-дин хьалаайба», – бохуш, ворхІ шо долчу беро къамел динчу тобанах ма ву хьо. Ша велча, Сийлахьа-Воккхачу АллахІан Іарш тохаделлачу СаІад ибн МуІазах масалла эцадезачарех ма ву хьо. Ахь цхьа дика дича, итт дика дича санна, хьуна ял хир ю аьллачарех ма ву хьо. «Тахана чекхдаьккхина Ас шуна шун дин, кхочушдина шуна Сайн ниІмат. Резахилла Со Ислам шуна дин хиларца», – аьллачу нахана юккъехь АллахІа, Шен Дикаллица нисвинарг ма ву хьо.

Кхачахьа, доттагI, цкъа цу тIурнене, йалийтахьа иза хьайн даг чу, тIаккха хьан сингаттам, бала, сатийсам, гIайгIа – шадерг серладоккхуш, хьовсур ду хьан дахарехь керла, цкъа а дIадовр доцу, цхьана а мархано къайладохур доцу седарчий...

ДагадогIий хьуна, жималлехь мел кIеззигчу хIуманна а даго мел сема жоп лора?

ГIой вайша дегнаш самадохучу Исламан хIордана йисте, Дела резавеш, Iаббалц ирсах бузо кийра?..

Эрна арахь диснарш

Вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна!) тIеюхучунна, юучунна, гIишло ярна тIехь эхье хилла. Дуьненахь хиндолчу а, хиллачу а адамех уггаре гIоленига вара И, делахь а ма гIийла диъна цо хIара дуьне. СагIа даларна тIехь соввуьйлуш хилла Иза а, цуьнан масалца асхьабаш а... Ткъа вай?

Ткъе кхоалгIа февраль кхаччалц ца Iаш, хIора дийнахь дагадаийтий вай вайн къомо лайнарг, вайн дайшна гинарг? Цадашарца, ларамза ма кхийсий вай ялта дIа?! Вай дика-вуон дIадерзош дIа мел кхуссу юург хиллехь, дукха адам дийна дисна хир дара цу хенахь. Ялтин жимма а хама беш верг тамашийна хеташ, пис, къен хетачу хьолехь ма ду вай.

«ХIара тиша ю, еза яц, лело кIордийна», – бохуш, пусарза ма дихкий вай ахча бедарех?

Шен-шен цIа лекхо дан гIерташ, тхевнаш дашо тилла гIерташ, чохь тоъал йолчун хама ца беш, «цера санна модный, керла яьлларг», бохуш, мел йо вай эрна харжаш?

ХIуманех са дузар дахаран коьрта Iалашо а ца еш, хIара дича, важа дича, бохуш, эрна арахь тилвелла лелачу некъахочо санна, шаерг, катоьхна, кху дахарера схьаяккха а ца гIерташ, жимма тесна дитий вай хIара?

Вайн бераш, цIеношь, юург, тIеюхург – дерриге дуьсур долуш ду кху дуьненахь. Цкъа мацах, 1944 шеран февраль беттан ткъе кхоалгIачу дийнахь, шайн цIийнах, махках баьхна, дIабахийтина вайн дайх ма-диссара, вайх диса йиш йолуш ма ду мел дерг а цхьана мIаьргонехь.

ХIунда оьшу вайна хаьржина цхьа де хиллачух пайдаэца, хIора де а тIаьххьара хила йиш йолуш хилча?

Къен вац шуна дуьненахь хIуманан хама беш верг, ма боккха бахам гулбийр бу цо шен эхартана, Ин Шаа АллахI.

Хьо ларво

ХIораннан а бу-кх шен сатийсам...

ТIаккха, иза кхочуш ца хилча, ма хуьлийла хьо дог эшна, ма сихлойла хьо холчахIотта, ма лоцийла хьо сингаттамо.

Баккъалла а, хаьа-кх АллахIана хьан сатийсамел а гIоли хIун ду.

Боккъалла а, луш ву-кх АллахI хьуна цул а гIолиниг.

Баккъалла а, хьо кхана бен кхетар воцчух тахана ларво-кх АллахIа хьо…

КIезан дог

Іуьйранна нанас безамца кечйина юург кхаьллина, хазаниг коч-хеча дуьйхина, кIеда-мерза чохь вистхилла, аравелира хIинцалера нохчийн жима стаг. Къона а, могуш а вара иза, дерриг дуьне цунна хьалха дара, муьлхха а некъ харжа бакъо луш.

Кхуьнан куц-кеп гинчо-м эр дара: хIара Болат-ГIала, кхин цкъа ша йотта а йоьттина, юха йожийнарг ву. Амма оцу кхайкхаме долчу дегIа чохь детталора, хьенан киснара доккхур дара-те тахана сом боху кIезан дог. ГIийла, мискачу нехан гIуллакх, бакъоно ма-бохху, кхочуш ца деш, дукха тIехкорматалла шегахь хиларна, кепекаш лехьайора цаьргара.

Лехьа цо йора, ойланашка со йоьдура. «Болат-гIала йожор-м дуьйцур дацара, и южуш, цуьнан дакъошна кIел мукъна ма вахана велира хьо, жима къонах», – бохуш, догкерчарца хьийзара ойланаш...

Баккъалла а, жималлехь дуьйна ахь мискачу нехан кепекех вовшахдиттинчух олий-те сий? Цхьана кепека тIе шолгIа кепек тоьхча хуьлучу шина кепекан бу хьан мах?..

Адам а, са а

Адам.

Иза къамелана тIера вацара. Шега цхьаъ хаьттича, халла долура цуьнан багара дош. Дикка ладоьгIча, массо а хенахь ша-шега деш къамел хуьлура цуьнан. Хьанах, стенах лаьцна – цхьанна а ца хаьара. Нах цунах ца кхетара. Цо шена тIе а ца буьтура уьш, я уьш кхето а ца гIертара иза. Хеталора, шен, массарех къаьстина цхьа дуьне ду-кх цуьнан, олий. Цуьнан дагахь дерг ца хаьара. Лазийча, дог даьтIча санна хуьлура иза. Уллехь долчу адамийн цхьа сингаттам, лазар иккхича, биэн а ца хеташ санна, дов деш, луьйш, лора цо молха, ша до хьехар а. Цхьа шатайпа адам дара иза, цуьнан кийрахь дерг, дагахь дерг хуур а доцуш. Дан а дуй-техьа кхуьнан дагахь кхечу адамийн хуьлуш дерг? – олий, ойлайора цунах. Иштта екхаза хеталора иза дахарехь массарна а.

Са.

Ткъа цуьнан яра цхьа къайле. Цо язйора... Дахарх, адамех, хиллачех...

Цхьанна а девзаш доцу, шен синкхетаман биъ пена юккъехь Іаш долчу цу сино, язъян доьлча, стелаІад санна, бес-бесара дешнаш эгадора кехат тIе. Жималлехь дуьйна схьа шена чохь кхуьучу бешара мерза стоьмаш санна йолу ойланаш кхийдайора цо шен ешархошка. Дуьйцура: цкъа мацах бераллехь сирла догIучу шовданехь лийцина чIерий а, цу суьрто шен жимачу даг чохь кхоьллина ойланаш а; жималлехь хилла безам, дуьххьара йоIе аьлла дош, цо боккхуш хилла эхье ког; гIеметтахIоьттича, бес-бесара тIедарчий санна, дуьненах йина хилла ойланаш; девзинчу, довзазчу а адамаша лелийнарг, иза шен синах, цIийнах чекхдалар; диттана тIера мелачу махо дожийна, тIаьххьара садолуш, тохаделла гIа; лулара кегийчу бераша цхьамма а терго янза аьлла дош, забаре дина къамел. Оцу йозанашкахь доцуш хIума дацара, йийцанза ойла яцара. Цу синан кийрахь йолчу бес-бесарчу дуьнено цецбохура нах. Цара иштта ойланаш хIаваэхь, эрна

дешнашна юккъехь дIасакхуьссуш, йойъура. Цаьргара уьш мехаза йовра, хилча а. Ткъа цо, хIора а дош аланза дуьтий, шен кийрахь кхиадой, серладоккхий, маьIнех дузий, кехате дуьллура.

Иштта хуьлу дахарехь а. Хьуна го екхаза адам, бIогIамаш санна болчу когашца лаьттаца доьзна а долуш. Ахь доьшу къегинчу, дийначу сино сема, цхьа а мIаьрго эрна ца йохуьйтуш, яздина могIанаш.

Кехат

Кехат гича, ца мега со. «Дийцахьа, дийцахьа!», – бохуш, хьоьжу иза массо а хенахь. Хьанна хаьа, кехаташ а хир дуйла шекъанна сагатдеш? Хьанна хаьа, хIора кехато а, адамаша санна, сатуьйсу хир ду-кх шайн цхьалха дахар шекъано къагадаре?

Iуьллучу стоммачу кехатийн таппашкахь хIора а хила мегий царах-м шен къоламе хьоьжуш, шен дуткъа сахьийзаш, шен бехдаза долу кIайн дог басаршна схьадиллина, Iуьллуш. Кехатна-м ца хаьа, хIун яздийр ду шена тIе. Цунна тоьу шеца бала хилар а. ТIаккха, ойла ейша, цкъа мацах тийна, цIена Iиллинчу кехатна хIун хета, шегахула доттагIалла тосуш, безам буьйцуш, девнаш кхийдош, тIемаш кхайкхош? Кхетий-техьа и кехат, шена тIедиллинчун маьIнах? Хуьлий-те, да велла, аьлла, шийла кхаъ эцна доьдучу кехатан а, дуьххьарлера доьзалхо дуьненчу ваьлла, аьлла, самукъа эцна доьдучу кехатан а цхьатерра ойланаш?

Бен-башха а доцуш, шийлачу йозанца бехдеш, дIадойуш, хьерчош, дагош ша дIасакхисса долийча, цецдолуш хир ду миска кехат. «Дан хIун ду-техьа хIара, хила хIун доллу-те?» – бохуш, мажлуш, макхлуш, Iилла мега и. Моьттина хир дац кехатна, къоламе, шекъане сатийсинчу, шен дахар иштта маьIна доцуш, ларамза доьрзур ду аьлла. ХIоранна а санна, дикане кхача лиъна хир ду-кх цунна а...

Ткъа вайга ала лаьа: бехдаза, сатийсамца дита деза кIайн кехаташ, уьш хьекъалца, собарца, ларамца, маслаIатца кхало вайгахь кхетам, похIма кхиъалц.

Синтем

ГIелделла, тийжа кийрара дог.

ГIулчаш мел йоху а генайолучу, шена цхьанна бен ца хуучу къайлене кхача гIиртина, гIелделла-кх дог.

Кху дуьненахь хир буй-те синтем?

Некъ

Дахаран Iалашо хьайна билгалъяьлла, айхьа цхьа некъ къастийна хиларх хьуо кхетталц, нахе хьайца новкъа ма кхайкха...

Драматурги

АХМАДОВ Муса

Турпалхойн зама

(Сценари)



Дакъалоцурш:

Юьртда
Iедалан стаг
I-ра стаг
2-гIа стаг
I-ра воккха стаг
2-гIа воккха стаг
Да
Сану *– жима йоI*
Узуев Мохьмад
Салахь– *Санун ваша*
Адам – *Санун ваша*
Ханпаша
Дайза – *цуьнан тIехьийза йоI*
Денана
Хаважи
Iайнди
I-ра салти
2-гIа салти
3-гIа салти
Гнездиков
Немцойн инарла
Немцойн эпсар
Инарла
Эпсар
I-ра йоI
2-гIа йоI
Почтахо
ТIемалой
Мовлид
Iаьмиркан инарла
Гочдархо
Нохчи

I сурт

Ламанан юрт. Хеза кхойкхучун чIогIа аз.

ХIей нах! Схьагулло! Схьагулло! Хабар дохьуш Iедалан стаг веана! Схьагулло!

(Нах гулло)

IЕДАЛАН СТАГ.

ХIей нах. ХIей!

Вайн махкана тешнабехкаца тIелетта Германан паччахь Гитлер! Вайн мохк дIалаца а, вайх леш бан а дагахь ву иза!

I-ра стаг – Иза-м цкъа а хир доцург дара!

IЕДАЛАН СТАГ. Советан махкахь дехаш массо а къам а гIаьттина къизачу мостагIчунна дуьхьал! Вай а гIовтта деза!

АЬЗНАШ. – Вай кийча ду!

– Отур ву мостагI!

– ХIаллаквийр ву.

I-ра ВОККХА СТАГ. Бетах гIаж кхета ду хьуна хьерадаьллачу жIаьлина.

2-гIа стаг: – Вайн керта гIоьртина, галваьлла хьуна иза.

II-г1а ВОККХА СТАГ. Собардейша! И Гитлер шен тайпа а, тукхам а долуш, гергара нах а болуш стаг вац?! Цаьрга дIа а хьевина, сацавайта веза-кх шайн стаг!

(Буьйлу нах)

ІЕДАЛАН СТАГ. ДІахьеварх соцур волуш вац иза! ТІом тІамо бен буха ца туху.

АЬЗНАШ.

– Бакълоь!

– Бакълоь!

– Дуьло, кІентий! Хьем ца беш, орцахдовла вай вайн бІаьхошна?! – Лата меттиг лоьхуш лелла со хІинццалц… Дуьло!

– Нийсонан вай накъостий ду!

2 сурт

(ЖИМА ЙОІ САНУ. ЦУЬНАН КХО ВАША. ДА. НАНА.)

ДА. ТІом болабелла… Гирман тІелетта вайна…

САНУ. Дада, Гирман иза Саьрмак бу?

ДА. ХІаъ, Саьрмак бу-кх… вайна тІелетта, вайн шовда дІалаца гІерташ…

САНУ. Мами, хьо гІур вуй и Саьрмак биэн?

МОХЬМАД. ГІур ву.

САЛАХЬ. Со а гІур ву!

АДАМ. Со а гІур ву!

САНУ. Саьрмако хьо дІакхаллахь, хІун дийр ду…

АДАМ. Тур детташ, Саьрмакан букъ тІе Іуьрг а даькккхина, хьалавер ву-кх…

САНУ. ТІаккха…

АДАМ. ТІаккха, Саьрмакан коьртах тур тоьхна, буьйр бу-кх.

(Кхуьй а ваша а дІавоьду. ТІаьххьара воьдучу Адама хьочан заза ло йишина).

3 сурт

Хийист

(Ханпаший, Дайзий.)

ХАНПАША. Дайза, хьо йоьлхуш ю? Ма ца моьттура суна…

ДАЙЗА. Елхар стенна дуьйцу ахь? Ерриге ешна, хи хилла, дІаян лаьа, хІокху шовданах а ийна, дІаяха, хІордах а кхетта, дІаян.

ХАНПАША. Ахь иза дича, со цІа варе мила хьоьжур ю?..

ДАЙЗА. Со-м ца йоьлху. Со хьоьга хьоьжур ю, цІа воьллахь… ХІа, хІара сан йовлакх ду хьуна безамна, тешамна… Дала Іалашвойла хьо!

ХАНПАША. Дела реза хуьлийла! ХІинца-м хала дацара, Дайза, тІаме ваха а, тІом бан а! Іодикайойла! Са ма гатделахь! Со толамца цІа вогІур ву хьуна!

ДАЙЗА. Дала Іалашвойла хьо! Дала Іалашвойла.

(Ханпаша дІавоьду)

4 сурт

(ДЕНАНИЙ, КІЕНТАН КІАНТ ХАВАЖИЙ).

ДЕНАНА. ХІейт, горалера Хаважи яІ! Ма боккха бала бу-кх хьан Бабин

коьртехь. Делан Іожалла а кхаьчна, хьан дай-наний дІа а кхелхина, дукха жимчохь дуьйна хьо хьалакхиош яьхна со тІаьххьарчу ткъех шарахь. Хьо хьала а кхиийна, зуда а ялийна, охьахаор яра сан Іалашо. Довкин цІийнах, хьо бен, кхин боьрша бер а ма дац. ХІу хеда-кх вайн цІийнан, хьуна цхьаъ хилахь…

Амма тахана хьо цІахь сецо бакъо яц сан!

Стеган дахарал а деза ду сий, цуьнан сий, цуьнан ден сий, цІийнан сий, некъийн сий, тайпанан сий, халкъан сий…

Хьан ворх1алг1а волу да ГІараси, кху махка ГІирмера Тахтамыш веача *(цуьнан бІоно яьккхинчу чено малх а къайлабаьккхина хиллера),* кху юьртара бІо эцна вахча, уггаре оьшучу хенахь тІелетта, вай котдовлийта, вай толийта аьтто бина хиллера.

Хьан кхоалг1а волу да Гама, тІамехь майралла гайтина аьлла, Имам Шемала дато мукъ болу тур делла хилла.

Церан тІаьхьенах волу кІант, хьо, къайла а ваькккхина, Іиэн йиш ма яц сан!

ГІуо! Дала Іалашвойла! Ас сатасале гІуьттуш, сайн Іуьйра ламазийн доІи тІехь воьхур ву хьо. Дала Іалашве хьо! ГІуо! Юха ма хьажа!

(Хаважи дІавоьду).

ХАВАЖИ. Марша Іойла, Баба! Суна дукха са ма гатделахь.

Хеза илли:

Некъаш, некъаш, сийна некъаш,
Шу дІадоьлху, шу дІадов!
Шуна тІаьхьа гІийла текъаш,
Мохо болар доладо.
Мичахь дов шу, мичахь дуьйшу,
И ца хаьа цхьанна а.
Аш суьйренан Іеха Іуьйшу,
Тхи дІамуьйлу Іуьйренан.

(БІаьхой дІабоьлху)

5 сурт

ТІом. Брест. ТІеман гІовгІа.

АДАМ. ХІей воьдург… Іаьнди!

ІАЬНДИ. Ахь хІун до? Хьо вац иза, Адам? Ма латта цхьанхьа хІоттий… вуьйр ву хьо!..

АДАМ. Ткъа хІун дан деза?

ІАЬНДИ. ГІопа чуьра ара а ваьлла, гІали йисте ваха веза. Вайга командираш дийцинарг дага ца догІу хьуна?..

2-гІа САЛТИ. Всем бойцам 333-го полка собраться у входа в подвал! Командир полка Матвеев будет говорить!

(БІаьхой гулло)

МАТВЕЕВ. Накъостий бІаьхой! ХІара кхо кІира ду вай мостагІийн тІелатарш духадетта. Молу хи а, яахІума а дІайолуш ю! Алсамбовлуш бу лазийнарш, байинарш.

ХIокху гIопана кхолха гуобиллина.

И мостагIийн гонаш а хедийна, вай арадовла хьовса деза. Хьалха пулеметчикаш гIур бу, царна тIаьхьа – вуьйш! Сержант Узуев! Мохьмад! Хьалхабаха хьайн пулеметчикаш!

УЗУЕВ. ЛадугIуш ву! *(Честь дIа а лой, бIаьхошна тIевоьрзу).*

Оьрсийн маттана со говза вац, цундела ас нохчийн маттахь эр ду! КIентий! Тахана тIекхаьчна кIант верг а, воцург а къаьста хан! ХIокху киртигах вай, юьхьIаьржа ца хIуьттуш, чекхдовлахь, вайн сий лардо вай, вайн къоман сий лардо вай! Турпалчу къонахех схьадевллачу вайна эхь деца, ваьш гIийла гайтича, ваьш доьхна гайтича?! Иза цкъа а хила йиш яц! И сийна стигланаш, даш хилла, тIеелхарх, и Iаьржа латтанаш молханех лелхарх, мостагIчунна букъ берзор бац шуна вай! Вайх, эшахь, мокхазан бердаш хир ду! Вайх, эшахь, цIеран хаьштигаш хир ду! Дуьло толам баккха! Дуьло!

МАТВЕЕВ. После такой речи мы не можем проиграть.

2-гIа САЛТИ. А ты понял?

МАТВЕЕВ. А что тут понять?! Вдохновлял бойцов на своем языке.

УЗУЕВ. КIентий! ДIаала вайн илли.

Вай делча, денлур дац!

Къанделча, къонлур дац!

Вай динчу наноша

Вай духадийра дац!

Далале даа вай

КIайн маьлхан хIара дуьне,

Далале эца вай

И мерза ва безам.

Ялалай, ялалай,

Ялалай ва лалай.

6 сурт

ТIом. Советски эскарш юхадовлуш ду.

ХАНПАША *(шена уллерчуьнга).* Стенна довлуш ду вай юха? ХIун хилла?

ГНЕЗДИКОВ. Ца хаьа. Иштта омра ду лакхара охьа…

ХАНПАША. Духа муха довлу, дIатоха герз а хилча шортта, могуш а хилча…

ГНЕЗДИКОВ. ТIамехь омранаш дийцаре ца до. Кхочушдо!

ХАНПАША. Карахь герз а долуш, мостагIчунна букъ берзор эхь ма ду, юьхьIаьржо ма ю… Тхан нохчашна-м ду иза эхь!

ГНЕЗДИКОВ. ДIавалахьа, и рыцарийн гIиллакхаш дитахьа… Зама кхин ю, тIом а кхин бу.

ХАНПАША. Суна дIа ца девлла хьуна и гIиллакхаш… Ахь хьайна луъург де, со бухасоцу.

ГНЕЗДИКОВ. ХIун дан воллу хьо?

ХАНПАША. ТIом бан, сайн карара герз кхачадаллалц, кхузахь позици а

лаьцна. Хьайгара пулемет а, патармаш а схьало… Кхин цхьаъ пулемет а еза суна… Кху агIор дIахIотто…

ГНЕЗДИКОВ. Кхин цхьаъ нисйийр ю, хьуна бухасаца командиро бакъо лахь…

(ДIавоьдий, схьавогIу) Хьайн лаамехь ву боху хьо командиро. ХIара кхоалгIа пулемет а, патармийн лентанаш а ду хьуна… Со-м соцур вацара. ХIаллакьхила гIерта-кх хьо.

ХАНПАША. ХIумма а хир дац Дала цаяздинарг… Суна са ма гатде ахь!

(ТIамна бухасоцу. Эскар дIадоьду).

7 сурт

(Немцойн тIеман-аренан штаб).

НЕМЦОЙН ИНАРЛА. И хIун тIом бу суна хезарг? Вайн эскаран дега юккъехь хезарг…

НЕМЦОЙН ЭПСАР. Оьрсийн эскаро, духадовлуш, вайна кIелонна йитина отряд ю-кх… аьлча а цхьа тIемало ву, боху, иза-м…

НЕМЦОЙН ИНАРЛА. Цхьаъ ву? Аьчкан-м вац иза я болат ву…

НЕМЦОЙН ЭПСАР. Ханпаша ю боху цуьнан цIе… Эфирехь оьрсаша йоккхуш хезна…

НЕМЦОЙН ИНАРЛА. И милла велахь а, хIаллаквай, дIаваккха иза!

НЕМЦОЙН ЭПСАР. И диэ аьлла, яхийтина вайн отряд, аьтта, охьам-м йилли цо – виъбIе стаг.

НЕМЦОЙН ИНАРЛА. ХIун хилла?! Арийцин цIийх болчу салташа шаьш муха хIаллакбойту, котамаш санна?! Цхьана стаге виъ бIе муха воьйту?.. Яхийта кхузара! Хьуо хьалха а валий, гIой, хIаллакве иза! Шнейль! Шнейль!

НЕМЦОЙН ЭПСАР. ЛадугIуш ву! Хайль Гитлер!

(ДIахьоду)

8 сурт

Советски эскаран штаб.

ИНАРЛА (турмала хьожуш). И хIун тIом бу суна гург? МостагIийн салтий ма бу суна, оьшуш гуш… Кхин цхьаъ а вуьйжи, кхин шиъ а…

ЭПСАР. Накъост Инарла! Иза Ханпаша ву-кх… Тхо духадовлуш, буха а соций, и до-кх цо… ХIинцале а ворхI бIе гергга фашист хIаллаквина цо, шийтта кара а валийна.

ИНАРЛА. Уой, и ма доккха хIума ду!.. ХIун ю цу турпалан цIе?

ЭПСАР. Нурадилов Ханпаша… Нохчи ву.

ИНАРЛА. И ву-кх бакъволу турпал. Сихха кехаташ кечдан деза, цунна «Советски Союзан турпалхо» цIе йоьхуш.

ЭПСАР. Иза хьакъ-м ву и цIе тилла.

ИНАРЛА. Ткъа хIинца, цхьа отряд яхийта цунна гIоьнна… и кIелхьараваккха… И тайпа турпалхой ларбан беза.

ЭПСАР. ЛадугIуш ву, накъост инарла.

9 сурт

(ТIом беш масех чов хилла волу Ханпаша, вужу. Оцу хенахь цига кхочу Гнездиков а, кхиболу салтий а.)

ГНЕЗДИКОВ. Вайн гIо оьшуш ца хилла Ханпашина, ша а ларош хилла…

I САЛТИ. ХIа-а, ши бIе ах бIе вагарви-кх ас цо вийна фашист… Биснарш бухабевли…

ГНЕЗДИКОВ. *(Воьжна Ханпаша а гой)*. Ханпаша! Ханпаша!

ХАНПАША (бIаьргаш схьа а доьллуш). Федор хьо ву и.

Оцу сан хьалхарчу киснара, аьрру агIор… йовлакх ду хьуна… ХIаъ, иза.. ДIадастахьа иза… Сан Даймехкан латта… Цхьа ша тайпа, хьоме ю цуьнан хьожа… И йовлакх тIехьийзачу йоIа делла ду суна… Дайзас… И латта а, и йовлакх а… Сан махкахо ву хьуна… вайн полкехь Баталов… цуьнга дIало… Со бусалба Iедалехь дIаверзаве а ала цуьнга… *(кхетамчуьра волу)*

ГНЕЗДИКОВ. Ахь хIун дуьйцу, Ханпаша! Вай кхин тIом бан дезаш ма ду… Паша!

(Хеза Ханпашех долу илли).

Аренан эрзалахь кIезийн бен боьхча,
Татолийн гечешкахь барзо кадетта,
Ламанан хотешкахь кIорнина тоьхча,
Дарлой, и лам бекош, лоьмо мохь бетта.
Стигланаш йоьлхур ю, латтанаш лелхар ду,
Халкъан кIант херлур вац хьомечу халкъах,
ТIема а валийта, лаьттах а волийта,
МостагI вай вуьтур вац хьомечу махкахь.
Мерза ду халкъана, маршонна летта,
Шен цIий а Iанийна, шен латта хьандар,
Сийлахь ду халкъана тешаме хетта,
Цуьнан дуьхьа воьрзу каш цкъа а цакъандар.
Сийлаллин майраллаш, къонахийн дегнаш
Заманан хьелаша билгалдо, къестош,
Лаьмнашха лаьтта уьш даима къегаш,
Кхоьллинчу халкъаша даима хестош.
Къомана сийлахь ду къонаха къастар,
Дикачу ден дог доьлу, дика кIант кхиъча,
Тайпанна томмагI ду кIанта юкъ ястар,
Южур ю стеган цIе, атта некъ лиъча.
Хьенан каш хин дара къонахчун лулахь,
Яхь йоцчу гIалица гIаланаш хуьлучул,
Хьенан тур хин дара мостагIчун цIийлахь,
Кхелинчу доьхкарах кура текхош хуьлучул.
Турпала Ханпашин сирла цIе ели,
Замано литтинчу халкъан кIенташца,
Даймехкан къаьмнаша Ханпаша хестош,

Довхачу даг тІера иллин аз дели.
Да-нана доккхаде, сий долуш хилла,
ДоттагІий резабан яхь йолуш хилла,
Шен езар елаян догмайра хилла,
Майрачех цхьаъ хили и жима Ханпаша.
И вара къонахех къонаха хилларг,
И вара сийлаллин сий довза ваьхнарг,
И вара оьзда дайн некъах цатилларг,
Ламанан турпалийн цІерш дукха яьхнарг.
И вара буьрса тІом ловзарах тарлуш,
Іожалло куьг кховдош озалу воцург,
И вара латтанаш лелхарх, ца къарлуш,
Керчинчу кхерамехь кхерам ца гун верг.

10 сурт

ЦІахь. Шовдан йистехь мехкарий. Цаьрца Дайза а ю.
Цара йиш локху.
Стиглахула лела-теша,
Лаьттахула лела-теша,
КІорни эцна яхна машен
Мичахула лела-теша?
Стиглахула ма ца лела,
Лаьттахула ма ца лела,
КІорни эцна яхна машен
Дозан йисте дІа ма кхечи.
Суьйре ларъян жима вара,
Іуьйре ларъян жима вара,
Герзаш маракъуьйлуш лела,
Доза лардан жима вара.
Суьйре маьрша ялайойла,
Іуьйре маьрша ялайойла,
Нанас винарг, воьдуш санна,
Маьрша-могуш валавойла.
І-ра ЙОІ. Ма яхъелла хІара буьйсанаш, ма дахделла хІара денош!
ІІ-г1а ЙОІ. Ма кхоьлина хІара суьйренаш, ма Іаржъелла хІара Іуьйренаш…
І-ра ЙОІ. Дайза, хьо ма гІийла Іа… Хьан Ханпашера-м кехат а догІура, сайчуьнгара цхьа а ца деана.
ДАЙЗА. Кхо бутт бу даза…
ІІ-г1а ЙОІ. ДогІур ду-кх. Сан вешера кехат даза а бу пхи бутт…
І-ра ЙОІ. Сан Нажера, дІавахча дуьйна, ца деана цхьа а кехат.
ДАЙЗА. Дала цІа маьрша балабе уьш массо а! Цхьа вуон синхьехам бу-кх… гІенаш а го, со резайоцу.
ІІ-г1а ЙОІ. Дала диканна дойла!

І-ра ЙОІ. Амин.

(Эццахь гучуволу почтахо)

ПОЧТАХО. Де дика дойла шун, мехкарий!

ДАЙЗА. Далла везийла!

ПОЧТАХО. Шу ма гІийла Іа, хьалхара шурин кад дІаэцча, цициган кІорнеш санна…

І-ра ЙОІ. Стенах самукъадер ду?.. ТІом бу дІабоьдуш… Кехат а дац цигара догІуш.

ПОЧТАХО. Кехат деана!..

ІІ-гІа ЙОІ, І-ра ЙОІ, ДАЙЗА. Хьаьнга? Хьаьнга? Хьаьнга?

ПОЧТАХО. Дайзе… ДІа-м лур дац, хелха ца ялахь.

ДАЙЗА. Хелхаяла-м дог ца догІура сан… Цу тІехь хІун ду хьанна хаьа?

ПОЧТАХО. Ирча кхаъ бохьуш даьхкинарш иштта ца хуьлу… Диканиг хир ду!

ДАЙЗА. Делахь, схьада…

ПОЧТАХО. Хелхаяла, хелхаяла.

ДАЙЗА. Дог ца деача, ког ца шерша…

І-ра ЙОІ. ХІа-хІ, со йолу хьуна цуьнан метта хелха *(І-ра йоІ хелхайолу)*

ПОЧТАХО. ХІай, баркалла! ДоттагІ дика хилла хьан, Дайза! ХІа, дІаэца кехат! *(Дайзе дІало кехат)*

(Дайзас, дІа а достий, доьшу… Кехат І-чу йоІе дІа а кховдош, ша йолччу охьайоьду. І-чу йоІа доьшу кехат.)

І-ра ЙОІ. «Делера Салам-Маршалла хуьлда хьуна, Дайза. Кехат яздеш верг ву Ханпашин накъост Баталов Іумар. Хаддаза доьлхуш дог а долуш, Іенаш бІаьрхиш а долуш, яздо ас хІара кехат. Ас хаам бо хьоьга: тхан накъост, турпалех турпал, къонахех къонах Ханпаша дІакхелхина… Ас бусулба динехь лаьтте верзийна иза… Дала гечдойла цунна… *(тийналла)*

ПОЧТАХО. Дала гечдойла цунна… Суна ца хаьара, бехк ма билла… Дала ийманца собар лойла хьуна, Дайза!

(ДІавоьду. Хеза мехкарийн гІийла йиш)

ІІ-гІа ЙОІ. Дала гечдойла!

І-ра ЙОІ. Дала гечдойла!

(Йиш локху)

Стиглахула кема лела,
Лаьттахула машен лела,
Стиглахула, лаьттахула
ЦІаван некъ ца карий хьуна?
Со къоркхокха белахьара,
Кхокханан мотт хаахьара,
Пана махка дІаяхана,
КІорни лардан хьожур яра.
Лекхачу цу лома юьйлуш,
Шерачу цу ара юьйлуш,
Дуьне мел ду араяьлла,
КІорни лардан хьожур яра.

11 сурт

(Буьйса. Днепрана юххехь. Хаважи ша ву. Цуьнан накъостий а, гулбелла Iа).

ХАВАЖИ. Баба, ахь суна жима волуш туьйранаш дуьйцура Жоьра-бабин жимачу кIантах лаьцна. Суна хьо Жоьра-баба хетара, суо – цуьнан жима кIант. Суна лаьара, цо санна, дика хIуманаш дан.

Суна бIаьстенан маьркIажеш дукхаезара. Со бер долчу хенахь, эвлан йистехь ловзуш Iара, маьркIаже буьйсане ерззалц. ТIаккха суна хазахетара, сайга кхойкхучу ненан мохь хезча. Иза кхузза кхайккхалц IаддаIара, хIун хаьа, шайтIа хуьлий а, олий. И дан а нанас Iамийнера со. Эххар а дуьхьал вистхуьлура. Юха со цIа вогIура. УьйтIарчу кхалу бухахь цIе а латайой, Iаш хуьлура нана. Цунна юххе охьахуура со, кхерчарчу цIаре а хьоьжуш. Ахь хIетахь тоьпаш олу мижаргаш а доттура, Жоьра-бабин жимачу кIантах туьйранаш а дуьйцура. Вайшимма мижаргаш дуура, тIе етташура а муьйлуш.

ТIаккха, воккха а хилла, хийисте хIитта волавелча а езара суна бIаьстенан маьркIажеш. Цуьнца, Iаьржа бIаьргаш долчу йоIаца, къамелаш деш а лаьттий шовданехь, со эвлан йисте волура. Дийнан серло йойуш богIучу боданца цхьаьна дIасадаьржара сан пондаран аьзнаш. Уьш маьI-маьIIехь хезара.

ТIаккха, цIа а вогIий, вайн цIийза тиша дечиган ков дIа а доьллий, цуьнан гурах дIа а тевжий, лаьттара со, пеша хьалха мижаргаш доттуш йоллу хьо тергал а еш, уллехь, дохнакертахь, Iохкучу бежнаша нахарш дохуш а хезаш.

Сан ойла хуьлура, и дерриге а тергалдеш: «Ванах, кхин цхьа а хIума ца оьшура-кх дуьненахь хIара бIаьстенан маьркIажеш, и пешан серло, оцу къежлучу зудчун сибат, бежнаша доху нахарш а, тIуьначу лаьттан хьожа а хилчахьана. И дерриге а иштта лаьттича, лахь а, ирс лан а ца делла, лийр вара...»

Баба, Баба… Хьо хIинца а Iа маьркIажехь, кхалу бухарчу пеша хьалха а хуий. Ахь Iеночу бIаьрхиша масийттазза дIайойу хьан цIе. Кхин мижарг барх гIуллакх а ца хуьлий, хьо хIума а яаза дIаюьжу. ХIан-хIа, меца-м ца юьжу. Юьзна. ГIайгIа юу ахь, хьуо юззалц, тIе бIаьрхиш а моьлуш. Дала Iалашъе хьо, Баба, Дала Iалашъе!

(Цхьана бIаьхочо илли олу:

Iаьржа буьйса…

Илли чекхдаларца Хаважига дIакхойкху. Дукха хан ялале, и схьавогIу).

ХАВАЖИ. Накъостий! ТIемалой! Вайна хьалха хIоттийна декхар: гила-кеманашца Днепрах дехьа а девлла, бердан йист мостагIех цIан а йина, и дIа ца луш, вайн эскарш хил сехьа довллалц, карахь латтор. Кхеташ дуй декхарх?!

ТIЕМАЛОЙ. Кхеташ ду, накъост командир!

ХАВАЖИ. Делахь шайн герзашца гила-кеманашна тIеховша.

(Хаважи гила-кеманна тIе хуу. Хаважех долу илли хеза.)

АЗ. И Днепр хи а хадийна, дехьа берда йисте а бевлла, мостагIех и дIа а цIанйина лаьттира Хаважи а, цуьнан накъостий, вуьйш эскарш сехьадовллалц. Амма и буьйса, и сатасар тIаьххьара хилира Хаважина. ТIамехь хьуьнарш гайтарна… цунна «Советски Союзан турпалхо» аьлла сийлахь цIе тиллира *(веллачул тIаьхьа).*

12 сурт

(Элба-хин берд. Хеза говрийн бергийн тата. Говрара вуссий, Мовлид Эльбех дехьа волу. Бухахь – Іаьмеркан, ингалсхойн эпсарш).

МОВЛИД. Ассаламу Іалайкум!

ІАЬМЕРКАН ИНАРЛА. Салам! Салам! Велком!

МОВЛИД. Велла кома? Доккха хІума ду шун Кома велча! Тхан масане белла уьш?

ГОЧДАРХО. Хьоьга марша вогІийла боху цара. Велком – марша вогІийла, бохург ду.

МОВЛИД. Делан маршалла хуьлда!

ІАЬМЕРКАН ИНАРЛА. Танканел а, кеманел а хьалха говрашца долу шу тхуна тІекхачар ма доккха хІума ду!

МОВЛИД. Тхан говраш тІомайовлуш ю!

ІАЬМЕРКАН ИНАРЛА. ТІома-м кеманаш а довлу.

МОВЛИД. Тхан говраш кеманел а сиха ю. Стелахаьштигаш ду тхан говраш…

ІАЬМЕРКАН ИНАРЛА. Оха лаккхара мах хадабо хьан оьздангаллин. Хьайн бІаьхойн майралла, къонахалла ца юьйцуш, говраш хестайо ахь! Мистер Висаитов! Хьо хьакъ хилла лору оха тхайн паччахьан уггаре а лакхарчу совгІатна – «Легион чести» цІе йолчу орденна.

МОВЛИД. Баркалла! Служу Советскому Союзу!

ІАЬМЕРКАН ИНАРЛА. Ас совгІатна «джип» ло хьуна.

МОВЛИД. И хІун жин ду.

ГОЧДАРХО. Иза машен ю. Хьуна ло ша боху совгІатна.

МОВЛИД. Делахь ас а ло-кх цунна совгІатна сайн дин – сацІена гила. Цул деза совгІат сан дан а дац цунна дала.

(Іаьмеркан марш).

13 сурт

ИНАРЛА. Накъост Висаитов! Ахь айхьа а, ахь куьйгалла дечу дошлойн полко а гайтина майралла а, хьуьнарш а тидаме а оьцуш, хьо хьалхатеттинера оха, хьуна «Советски Союзан турпалхо» боху цІе тиллийта.

МОВЛИД. Баркалла, накъост инарла!

ИНАРЛА. Амма, хьо нохчо ву аьлла, тхан дехарна жоп ца делла… Шун дерриге а къам а, махках даьккхина, Казахстане, ГІиргІизе кхалхийна…

МОВЛИД. Муха? Стенна?

ИНАРЛА. Советски халкъана ямарт хилла аьлла…

МОВЛИД. Ахь хІун дуьйцу?! *(Туьра тІе ка а хьош)* Халкъ муха хуьлу шашена ямарт? Накъост инарла, сайн къомана хІума аьлча, ас ловр дац хьуна! Сан къомал лекха дарж дац суна цхьа а.

ИНАРЛА. Ахь хІун до, накъост подполковник! Со-м вац хьан къомана вуо дош ала гІерташ… Иза партин, правительствон сацам бу.

МОВЛИД. Сийна цIарах богийла и сацам! Сийна цIарах йогийла и парти а, и правительство… Делла дала оха мел лелийнарг а.

Эрна хилла-кх оха мел лелийнарг, оха Iенийна цIий, тхан хIаллакьхилла накъостий?!

ИНАРЛА. Суна сайна а халонга даьлла иза… Амма иштта хилла вайн пачхьалкхан куьйгалхойн лаам… Мухха делахь а, хьуна а, хьан накъосташна а сайга далун гIо дан со хьожур ву… Прими мои глубокие соболезнования…

(Мовлид Iадийча санна лаьтта, тIаккха ша волччохь охьавоьду. Хеза «Мичахь ю, мичахь ю сан хьоме Нохчийчоь» боху илли.)

14 сурт

(Рейхстагна юххехь. Советски салтий).

I-ра САЛТИ. ХIинца-м тIаьххьара сауьйзуш дара фашистийн экха.

II-гIа САЛТИ. Лазийна экха, кхин а чIогIа кхераме ду.

III-гIа САЛТИ. Цундела дуьхьалтийсало иза хIокху шен бенахь!

I-ра САЛТИ. ШолгIа де ду-кх, и байракх оцу буьххье ца тохалуш. Хийла бIаьхо а вуьйжи-кх.

II-гIа САЛТИ. Вай хьоьвсича хIун дара-техьа, вайн хIун хуьлу?..

III-гIа САЛТИ. ТIом дIабоьрзучу дийнахь, вала а ма ца лаьара.

I-ра САЛТИ. Хирг дIа хир ду, со вогIу-кх хьоьца!

II-гIа САЛТИ. ХIей нохчо, хьо ма вара лаьмнашкара веана… альпинист а хилла… Хьо вогIий тхоьца.

НОХЧО. Мича?

I-ра САЛТИ. Байракх тоха! Рейхстаган уггаре а лакхарчу бIов тIе байракх тоха!

НОХЧО. БIаьвнан буьххье дукха вийлина ву со, цIахь, ламчохь вехаш. Схьая байракх!

II-гIа САЛТИ. УйтI, маржа нохчо! Гуттар а хьалха бен сецар волуш-м вац! Дера вац, улле а ваьлла, дIаван дагахь-м, байракхца хьалавала лууш ву!

НОХЧО. ХIун дийр ду, иштта ду-кх тхо нохчий!..

(оцу хенахь даьндарго вожаво III-гIа Салти)

III-гIа САЛТИ. Суна кхийти… *(охьавоьду).*

II-гIа САЛТИ. Толик! Ахь хIун до, Толик?

I-ра САЛТИ. Толян! Кхетамчохь вац…

II-гIа САЛТИ. Андрей! Никита! В санчасть его!

(III-гIа Салти дIахьо)

НОХЧО. Миска… хIара ду-кх иза хьо кхийринчо лоцур ву бохург…

I-ра САЛТИ. ХIун боху ахь, нохчо?

НОХЧО. Яздинчух вер вац боху.

I-ра САЛТИ. Бакъ ду иза.

II-гIа САЛТИ. Накъостий салтий! ТIелата рейхстагана, доггах бекхам оьцур вай царах! Толик, кхиболу вайн накъостий а дагалоцуш.

I-ра САЛТИ. ТIаьххьарчу атаке! Хьалха таIа!

(Чухьовду, байракх карахь нохчо хьалха а волуш. ТIом. Дукха хан ялале, рейхстаган бIаьвнан буьххье цIен байракх дIатуху.

Толаман хелхар.

И дIадерзорца хеза «Толаман де» цIе йолу илли).

15 сурт

Сану – карахь хьочан заза а долуш.

САНУ. ХIей йоI! И мила яра? БIарлагIа…юха а бIарлагIа…Дала диканна дойла…

Юха а тIекхечи бIаьсте. Везан Дела, кхин цхьа бIаьсте ган а доьгIна хилла-кх. Буса цкъа а са а тосур дуй-теша, аьлла хета? Хийла хили-кх и ойла, хIокху дехачу масийтта шарахь. Са а теси, малх а кхийти. Юха а Iарж а ели... Суна хIумма а ца хили. Хьер а ца ели, яла а ца ели. Муха ца хили? Дерриг дахар дIа-м даха. ХIун дисна цунах тIаьхьа?

Ас сатуьйсура, цхьана дийнахь и кхуьй а керта варе. Вела а къежаш.

– Тхан йиша, оха са дии хьан, къинтIераяла, Iаламат хала дара тхуна...

ХIаъ. Салахь а хир ву. ХIун ду, и вийна аьлла, кехат деъча? Хийла цIа баьх-кина уьш цул тIаьхьа а. Хьуьлла эвла йистера Iуспа, тезет хIоттийна ши шо даьлча, цIа веара...

Стохккалц иштта хетара. Стохка бIаьста хIаллакьхилира сан тешам. Карараяьлла чкъург санна, хахкабелла бахна, дIо Iин чу а кхетта, боьхна дIабелира. Со дуккха а йилхира, сайн тешаман коша улле а хиъна, цунна тIе леккха буц яллалц.

ТIаккха чуеара, бIаьргара хиш а кхачийна. ХIинца со ца йоьлху. Елхаялар а хиллера-кх цхьа ирс.

Маржа, Адам яI! Хьо вара уггаре а тIаьхьа вахнарг. Хьо вара и Герман а эшийна, важа шиъ а валош, цIа ван везарг. Хьан шаьлта аьрта хили-техьа, я оцу Саьрмакан чкъор чIогIа хили-техьа? Хьала ца валалуш, виси-техьа хьо цу Саьрмакан кийрахь... Маржа, Адам яI! Хьо дIавоьдуш, зазанийн патарш хьийзара хIаваэхь, дитташ техкара махехь. ТIаккха кестта къаьстира нанех, дадех. Кху кертахь шиъ дисира: сой, бодий.

Цхьаъ мукъане а цIа вагIахьара. Ца вагIахь, хIун дер тIаккха – со дIагIур ю-кх уьш болчу. Иштта хилла-кх хIара дахар.

– Везан Дела, меле язделахь суна ас мел лелийнарг, хIара сан гIайгIанаш а, хIара сан баланаш а.

Тхуна-м тIом дIа а ца бирзира. Цкъа цIера дехира. Юха цIа дерзийра. ТIаккха – шиъ тIом. Керла турпалхой а бевлира… Халкъ балех доккхуш, хьалхаваьлла нохчийн сийлахь къонах, тешнабехк а бина, дIакхелхи толаман дийнахь.

Дала гIазот къобалде цуьнан а, цуьнан накъостийн а!

Везан Дела! Оха лайна баланаш ма лолахь тIекхуьучарна! Хьайн къинхетам белахь царах.

Ванах, сагIина хIума яла хьелуш лаьтта-кх со. МаьркIаж-хан хилале дIаяла-м хьаха еза…

(Чаккхе).

Критика а, литературоведени а

ХАЛИКОВА Мадина

ГАЦАЕВ САЬИДАН ЦХЬАЙОЛЧУ БАЙТАШКАХЬ ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛИН МУКЪАМАША ДІАЛОЦУ МЕТТИГ

Аннотаци: статьяхь нохчийн поэтан Гацаев СаьІидан цхьайолчу байташна юкъа халкъан барта кхолларалли мукъамаш муха балийна толлуш ду. Иштта, халкъан барта хазнех пайда а оьцуш, цуо кхоьллинчу исбаьхьчу вастийн а, поэтически гІирсийн а мах хадош бу х1окху балха т1ехь.

Коьрта дешнаш: Гацаев СаьІид, халкъан барта кхолларалла, байташ, турпалаллин иллеш, кицанаш, лирически турпалхо.

Гацаев СаьІид нохчийн гоьваьлла поэт ву. Цуьнан поэтически кхолларалла Іаламат мехала хазна йу вайн литературехь. «Нохчийн йаздархой» цІе йолчу шен балха тІехь литературоведа Арсанукаев Іабдуллас даладо Арсанукаев Шайхис шен цхьана статьяхь йаздинарг: «Дуьненан литературин хоршахь, цуьнан ламасташца, кепашца, амма шен къоман барта кхолларалли, гІиллакхийн, ламастийн буха тІехь кхуьуш схьайогІу нохчийн исбаьхьаллин литература…» [1. 71 агІо]. Тхуна хетарехь, Гацаев СаьІидан поэтически кхолларалли на тІедогІуш ду Арсанукаев Шайхис дина къамел. Цуьнан байташкахь шатайпанарчу аьзнашца декаш ду халкъан барта мукъамаш. Къоман гІиллакхийн, ламастийн гураш чохь нислуш йу цуьнан башха поэтика а.

Бакъволчу йаздархочун кхолларалла шен къоман барта хазнин бух тІера дІайолайелла хуьлу. СаьІидан да Асламбек Харачойн Зеламхин йишин воІ хилла. Цу заманара дуккха а хиламаш боьвзара Асламбекана. Цул сов, Арсанукаев Іабдуллас йуха а хьахадо шен статьяхь: «Цуьнан дийцарш тІехь кхолладелла шен дуьххьарлера байтийн могІанаш, олий, дуьйцура СаьІида». [1, 144 а.] Шен цхьана байтехь поэто иштта йаздо:

Иллеш, эшарш массо хенахь,
Лардеш, тегна нохчийн халкъо.
Сих ма ло хьо, вац со генахь –
Іемаш лаьтта дош сайн хьекъо.
[2, 286 а.]

Гацаевн поэзехь къеггина гучуболург шен Даймахке а, халкъан барта кхолларалле а болу безам бу. Барта хазнийн тIеIаткъам гучуболу цуьнан хьалхарчу произведенешкахь дуьйна. Шен «Дека илли, дека доггах…» цIе йолчу цхьана байтехь, вайн халкъе кхайкхам беш санна, даладо цо хIара могIанаш:

Йийца нахе мехкан хазна!
Тийна суьйренаш хазе йаха!
Дезнарг хаьа-кх дийца говза,
Кхин-кхин тайна дешнаш леха,
Мехкан хазна хазе йаха!

[2, 286 а.]

Хууш ма-хиллара, мехкан хазна – халкъан барта кхолларалла йу. Халкъан кхолларалла дIайалахь, и халкъ дIадаьлла лара мегар ду, х1унда аьлча вайн дайшкара дуьйна лелийна гIиллакхаш, Iер-дахаран хьокъехь дийцарш, турпалаллин иллешкара къонахийн хиламаш, и дерриге а вайн халкъан истори йу, барта кхолларалехула гучуйолу. Ткъа и исбаьхьа амалш лар а йеш, кхин а хазачу дешнашца и йийцаре йе, бохуш, кхайкхам бо вайга Гацаев СаьIида шен хьалхарчу байташкахь дуьйна. Цуьнан тоьшалла вай лакхахь хьахийна байт йу.

Шен поэзехь, цхьаццайолчу байташкахь, барта хазнех пайдаэцна Гацаев СаьIида, шен авторан керла мукъам а, васташ а далош. Вай масала йалочу «Со ца йийзи, сох ца кхийти…» цIе йолчу Гацаевн байтехь керла чулацам гучуболу

Со ца йийзи, сох ца кхийти,
Хазчу кIантах со йалийти.
«Ма гIо, бехи соьга, маре!» –
Ца хьежийти махе, малхе.
Нехан хабарш дукха хилла,
Наха деш кхин гIуллакх хилла.
Тхойша вовшийн ца хилийта,
Махах, малхах со хьегийта.

[2, 286 а.]

«Нохчийн халкъан барта кхолларалла» цIе йолчу шен балха тIехь Iилманчо, фольклористо Джамбеков ШаIранис иштта йаздо: «Нохчийн халкъан лирикина бухахь нохчийн зудчун йеххачу заманахь кхуьуш схьабаьхкина дуьнене болу хьежамаш бу. Уггар хьалха уьш боьзна бу йоIстеган безамца йоьзначу гIайгIанашца а, зудчун нислучу дегаIовжамашца а, марелла а доьхна, йуха денцIа йирзинчу баланашца а…». Нехан мотт а лелла, везачух къастар нисделлачу йоьIан тийжамаш дуккха а бу вайн барта кхолларалехь. Гуш ма-хиллара, Гацаев СаьIида а хьахийна шен хIокху байтехь и тийжамаш, амма, шен хатI а, амалш а йолуш.

ХIоранна а вайна хезна хир ду, бартан кхолларалле хьахийна хIара дешнаш: «Ва сарахь суьйренца, бузучу малхаца…» [4, 165 а.], муьлхачунна а дагаккхеташ, самукъане а, сингаттаме а васташ кхуллуш хьахийна ду уьш фольклорехь. Халкъан барта кхолларалле Адин Сурхох илли а, Таймин Биболатах а, ГIалин ГIизларах илли а, Иммарзин Махьмах илли а, иштта дуккха а турпалалли иллешкахь а, мехкарийн безаман эшаршкахь а далийна и могIанаш. Турпалалли иллин хилам буолош, далош долу дешнаш ду уьш, кхечу агIор аьлча, иллин турпалхо сарахь араволу шен гIуллакхе ваха. Масала, вайн барта хазнехь ду «Зайтан Шихмирзин кхаа хьуьнарх илли» [4, 165 а.].

Ва сарахь суьйренца, бузучу малхаца
Расхачу шен динна цIен жулар ва тесна,
Ша хьалха ва уьдуш, дин тIехьа ловзабеш,
ХитIа ваха велира, тов, и Зайтан Шихмирза.
[4, 165 а.]

Дуьххьара, и илли долалуш, вайна гуш ду: иллин турпалхо, цхьа некъ схьа а лаьцна, оцу новкъа ваха араваьлла хилар. Iуьйренца а, суьйренца а васт хIоттош, цу йукъахь хуьлучу дахаран сурт гойтуш, йазйина дукха произведенеш йу вайн исбаьхьаллин литературехь а, халкъан барта хазнехь а. Гацаев СаьIидан «ХIай, йоI, делхьа, собарде» цIе йолчу байта йукъахь хаалуш ду вайна и дешнаш, амма, дуьххьара вай ма-аллара, шен хатI долуш, керлачу чулацамехь декаш ду уьш.

Кхана, хазчу суьйранна,
Лаахь, кхана Iуьйранна, –
Миччахь хиларх и шун юрт,
Ас хьо цIарца лохур ю.
[3, 12 а.]

Поэто а билгалдо: шен йезар Iаш йолу йурт схьалаха, цуьнгара безаман дош схьахаза йуьхьаралаьцна шен некъ хилар.

Жоп лур суна меллаша,
Жоп лур сенчу баьллаша:
«ЦIахь йу, хитIа йогIур йу, –
ЭхI, тхан хаза горга йурт!».
[3,12 а.]

КхидIа: «ЦIахь йу, хитIа йогIур йу», [3,12 а.] – олий, чекхдоккху Гацаев СаьIида шен къамел, фольклорехь а, вайн нохчийн къоман ламасташкахь ма-хиллара, йоI хитIа кхойкху цо, цуьнгара безаман дош а доккхий, шен хазачу кхоаца цIехьа а воьрзу иза.

ХIара могIанаш Гацаев СаьIидан «Малх лахбелла боьду» [2, 71 а.] цIе йолчу байта йукъара ду:

Малх лахбелла боьду,
ЗIаьнарш цIийлуш йу,
Кестта боьр бу бода,
ДIайуьжур йу йурт.
Иштта шена атта
Йечу ойланехь
ХитIехь цхьа йоI лаьтта
Маьлхан шортонехь.

[2, 71 а.]

ДIадолорехь вайна гайтина суьйре тIекхочуш йолу хан, «зIаьнарш цIийлуш йу…», [2,71 а.] – олуш, цо хIоттийначу суьртан хьалхарчу могIанашкахь гучудолу иза вайна. Исбаьхьчу дустаршца гойту Гацаевс малх дIабузуш йолу хан. ХитIехь лаьтташ йолчу йоьIан сурт вайна гайтале хьалха, поэто схьахазайо вайна, гIийла хьоькхучу махаца цхьамма локхуш йолу деган зевне йиш. И йиш локхуш йолчу йоьIан васт ду кхидIа гайтинарг. Хууш ма-хиллара, нохчийн фольклорехь, тайп-тайпанчу безаман говзаршкахь а билгалдаькхина ду йоI-кIант хийистехь латтаран ламаст. Шаьшшиннан дагара дуьйцуш, деган къайленаш вовшашна йовзуьйтуш, лаьтташ хуьлу и шиъ хийистехь. Масала, нохчийн йаздархочо Мамакаев Мохьмада шен «Шовдане» цIе йолчу байтехь иштта гойту кIанта хийистехь йоIе сатийсар:

Алахьа соь, шовда,
ХIун дайна диека хьо?
Сан сирла, хIай шовда,
ХIун ала гIерта хьо?
Ас хьуна гуо туьйсу,
И гаре сатуьйсуш;
Алахьа ахь соьга,
Ца йайра и хьуна?
Схьайийца ахь къайлеш,
И бац цо левзина ког?
Хьаьъна хьо киегадеш,
Ца дийци цо шен дог?

[7, 32 а.]

Кху байтехь, Мамакаев Мохьмадан лирически турпалхо ву шовдане хоьттуш, оццул ша гаре сатесна йерг йайрий-те хьуна, шен дог дийцирий цо, бохуш. Амма Гацаев СаьIида шатайпа гайтина хийистехь латтаран кеп. Гацаев СаьIидан лирически турпалхо – йоI йу, ша хийисте йаханчу хенахь, охьадоьдучу

шовдане даг тIера бала дIаайбар доьхуш, эшарца хине дагарадуьйцуш йерг. И зевне аз хезна, оцу озе безам а бахна, и йоI йолу меттиг лохуш ву Гацаев СаьIидан лирически турпалхо. Малх дIабузале, цунна тIе а вахна, «бIаьргийн сенчу цIергахь…», [2, 71 а.] зевне хьаьвзина, хаза вистхиларца шен дагахь дерг дийца воллу иза.

Нохчийн фольклоран уггаре а хьекъале, шайна чохь боккха кхетам болуш, пайде йолчу жанрех цхьаъ йу кицанаш. Царах шен байташкахь пайдаоьцуш карийра вайна Гацаев СаьIида а. Масала:

«Ала – йоIе, хаза – несе», –
И ду хьуна и кица,
Дезна суна маьлхан хьесий
Нуьре тегар бIаьргашца.
[2, 301 а.]

«Ала – йоIе, хаза – несана» [6, 26 а.] халкъалахь олуш долу кица ду Гацаев СаьIида дуьйцург. Барта кхоллараллехьиштта масал ду: мардас я марнанас шайна несе ала луург, цунна хала ца хетийта, шайн йо1е олучуха олуш хилла. Амма оцу маьIница далийна дац Гацаев СаьIида хIара кица шен байт йукъахь. Адамашна Iаламан хазалла гайта гIерта иза, «маьлхан хьесий шена дезна», [3, 301 а.] – бохуш, Нохчийчуьра хаза бецаш, бай тIехь эсала техка зезагаш, тайначу эшаршца хестайарца. Хетарехь, Гацаев СаьIидана, гуттар а санна, шен Даймохк хесто лаьа хIокху байтехь а, тайп-тайпана васташ а далош. Ткъа оцу тайпана кица а далош, цуьнан маьIна дастар йоьшучуьнгахь а дуьтуш, наггахь бен хуьлуш йац байташ. Иза чIогIа мехала хIума ду, Гацаев СаьIидан кхоллараллехь а, вайн литературехь а.

Гацаев СаьIида гуттар а шен байташкахь балхориг шен Даймахке болу цIена безам бу. БIаьстенах тарбеш, хестийна цо иза. Масала:

Лоькхур йац хазчу шен иллехь
Цхьаммо а бодане дохк.
Хьо бу-кха, цкъа а и хиллехь,
Нохчийчоь, зезагийн мохк.
[2, 30 а.]

«БIаьстенан хастамча», аьлла, цIе йахана а ву Гацаев СаьIид. Даймахке, шен халкъе болу безам Гацаев СаьIидан байтийн чулацамехь хилла а ца Iаш, церан исбаьхьаллин кепехь а го вайна. Иза, уггар а хьалха, халкъан барта кхоллараллелица цуьнан уллера гергарло хилар ду.

Пайдаэцна литература:

1. Арсанукаев І. М. Гацаев СаьІидан кхолларалла // І. Арсанукаев. Нохчийн йаздархой: библиографически довзийтар. Кхаа томехь. ШолгІа том. Соьлжа-гІала: Арфа-Пресс, 2014. – 400 агІо.

2. Гацаев С. А. «Малх лахбелла боьду…», «Иллеш, эшарш массо хенахь…», «Йийца нахе мехкан хазна!…», «Со ца йийзи, сох ца кхийти…» «Ала – йоІе, хаза – несе» // С. Гацаев. Со-м хьан варий, Нохчийчоь. Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий», 2014. – 528 а.

3. Гацаев С. А. «Хьоме Даймохк!..», «ХІай йоІ, делхьа, собарде…», «Дага, сан дог…» // С. Гацаев. Йека, йека, хьо сан йиш. Грозный: АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2018. – 225 а.

4. Нохчийн халкъан барта кхолларалла. «Зайтан Шихмирзин кхаа хьуьнарх илли» // Джамбеков О., Джамбекова Т. Нохчийн халкъан барта кхолларалла. Дешаран пособи. ШолгІа дакъа. Махачкала: Алеф, 2012. – 478 а.

5. Нохчийн фольклор. Йезаро марненан корта баккхар // Халкъан поэзи. І том. Узамаш. Назманаш. Балладаш. Турпалаллин иллеш. Забаре иллеш / ХІот., коммент., дешхьалхе, дошам Мунаев И. – М.: Благотворительный фонд поддержки чеченской литературы, 2010. – 602[6] с.: ил. – С. 165.

6. Нохчийн халкъан кицанаш. ХІоттийнарш: Джамбекова Т. Б., Ибрагимов Л. М. Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий», 2013. – 208 с.

7. Мамакаев М. М. Шовдане… // М. Мамакаев «Хаьржинарш». Стихаш, поэмаш / М.: Благотворительный фонд поддержки чеченской литературы, 2010. – 404 [12] с.: ил. – (Нохчийн литературин библиотека. Т. ІІ).

Тхан интервью

НЕНАН МАТТАНА АЬХНА БОЦЧУ МАХКАХЬ КХЕРЧАН ЙОВХО ГІИЙЛА ХААЛО…

– Леча, ахь хьайн цхьана къамелехь, литература динна тІе тевжина хила еза, элира. Иза иштта хила дезаш ду, Дала мукълахь. Шен заманахь ингалс поэт Элиот а хилла оцу ойланна тІекхиъна, поэзин лакхене кхачар лоруш хилла цо и ойла... Хьан поэзи цунна масал ду…

– Вайн массеран а да – Адам (І.с.) ву. Дала (СТ), кхолла а кхоьллина, хІинца хьайна ма-луъу ваха аьлла, дІа ца хецна иза, мелхо а цунна, Ша магош дерг а, доьхкуш дерг а билгалдеш, цхьа дозанаш тоьхна. И дозанаш дин ду. Цунах гуш ма-хиллара, Дала (СТ) дуьххьарлерачу адмехь дуьйна вай динехь кхоьллина ду. Вайн да Адам (І.с.) пайхамар ву, хІетте а Дала (СТ) бина бехкам дуьххьара бохийнарг а ву иза. Цунна тІера дуьйна Делан (СТ) динан дозанашкахь совца ца хууш схьадогІуш ду адмаш. Пайхамарийн белхаш вай мах хедо безаш бац, уьш Делан (СТ) къайле ю, вайна масал а ду. Цу масалний бен ца хьахий ас оцу вайн массеран а да волчух даьлларг. Тилвизор елахь а, кхиерг елахь а, и хІума йинчу дена дика хаьа, иза муха лело еза. И ала гІерта со. Вай кхоьллинчу Далла (СТ) дика хаьа вайна гІолехь дерг а, доцург а. Амма массо а заманахь оцу Делан (СТ) Хаарна дуьхьал адмо шен хетарш, моттарш даьхна, аьлча а, Дала (СТ) бохучунна букъ бетташ, иблисан, дуьненан, шен дегІан хьехамашна тІаьхьа дозуш схьадогІу иза. И шайн хетарш, моттарш (иблисан, дуьненан, шен дегІан хьехамаш) бакъдархьама, адмаша ца кхуллуш хІума ца дитна, изза литература а тІехь. Цу хІумнашна юккъехь литература, къаьсттина поэзи коьрта а ю.

Поэзера динан шовкъаш, синхаамаш (религиозное чувство) дІабовлар далхадо, со виц ца веллехь, ахь хьахийначу Элиота а. Терминологи хиларх ца тоьу, ийман (тешар) дагца хила деза. Дала (СТ) бохучух дагца тешачу наха ден некъаш дац, дуьне кхоьлличхьана, адмаша схьадеънарш. Мухьаммад Пайхамаран (І.с.в.с.) Іуналлехь цхьа кІеззиг зама еъна адмийн цхьа тоба нисъелла, и Пайхамар (І.с.в.с.) дІакхелхинчу деношкахь дуьйна и тоба а йоха йолаелла.

Нохчийн литература бусалба динна тІетевжина хила езий хаа, башха доккха хьекъал а ца оьшу. Муьлхха литература а, харц делахь а, бакъ делахь а, гуттар а цхьана динна тІетевжина хуьлуш ю. Дин доцчийн дин дацар а ма ду цхьа дин. Дин – иза шайн цхьана дуьнене болчу хьежамашна тІетевжина болу адмаша бен некъ бу. Бусалба нехан хІун дуьнене хьежам (мировоззрени), дуьненах кхетам хир бу, Дала (СТ) бохург бен? Делан (СТ) жайнашна тІетевжина доцчу цхьадолчу

динийн векалша хьовх, массо философаша а ца боху (масала, Канта) хIокху вайна схьагучу а, вайн ган ницкъ боччу а сила-а долчу Iаламатан цхьа Да вац-м. Амма Дала (СТ) бахкийтина хьадалчаш а, Цо (СТ) доссийна жайнаш а тидаме ца оьцуш, Цунна (СТ) тIе некъ бечу цаьргара эца хьекъал ца карийна суна.

Цхьаболу нах философин хьокъехь ас олучу хIумнах кхета лууш ца хуьлу. Адмийн юкъарчу культуран цхьа дакъа санна, философи йолуш юй, вайна а хаьа. Амма философина тIетевжина дуьнене хьежам (мировоззрени) ца оьшу вайна. Вай бусалбанаш ду. Философин кхин агIонаш а, декхарш а (функцеш) ду. Цу агIонашкахь, эца белахь, цунах пайда ма эца ца боху вай цхьаьнга а.

– Таханлерачу вайн литературехь хийцамаш бан беза аьлла хетий хьуна цу агIор?

– Язйина яьллачу литературехь, хьуна ма-хаъара, хийцамаш балур бац, бабелча а, уьш бан а мегар дацара, хIунда аьлча, литература – иза кхидолчуьнца цхьаьна вайн хиллачу дахаран, историн тоьшалла а ду. И тоьшаллаш вайна чIогIа оьшу, цхьана дозаллийн я цхьаъ емалдаран дуьхьа а доцуш, дуьххьалдIа тахна а, кхана а ваьш бан беза некъ билгалбоккхуш, гуттар нисбеш, царах пайдаэцархьама. Вуьшта, уггар хьалха айса а тIехь, яздеш бу бохучу наха шайн кортошкахь а, дегнашкахь а бан беза аьлла-м, хета суна, и хийцамаш. Дерриге а чулоцуш, доцца аьлча, бан безарг цхьа хийцам бу – ийменехь нисдалар. Ах а, улх а – исламехь-м, дера, ду вай, амма ийманехь хилар яккхий шеконаш кхуллуш ду. Юха а ахь хьахийначу Элиота юьйцучу адмийн дегнашкара йовш лаьттачу (яйна алаза елахь!) оцу динан шовкъа (религиозное чувство) тIе йогIу ойла. Хьекъалца – хаар ду, тешар (ийман) – дагца ду. Ткъа деган ийман лаха, и динан шовкъ, синхаам, дегахьехам, доцца аьлча, ойла Далла тIе (СТ) яхна хилар доцург, кхин гIирс ца хаьа суна. Да-нана, йиша-ваша, доьзалхо чIогIа деза вайна. Ткъа Дела (СТ)? ХIорамма шен даге ладоьгIча, хуур ду и. Дела (СТ) везар Цунах тешарца бен хила йиш яц. Цундела кхоллало вайн ийманех йолу шеконаш. Делах (СТ) тешачу наха лелон хIумнаш дац тахна дуьненахь адмаша лелорш. Делан (СТ) дуьхьа, Иза везарехь, Цунах кхерарехь доцург цхьа а гергарло тIаьхьало йолуш дац. Цуьнан тоьшаллаш вайна, бусалба нохчашна, юккъехь а шорта ду. Хийла воIа, йоIа дIатесна къена да, нана ду, дайн Iуналлера бевлла доьзалш бу. КхидIадолу гергарлонаш-м дуьйцур а дацара. Цу доллучо а гойтург цхьаъ ду: Делан (СТ) дуьхьа доцу везар а шена оьшшучул долу везар ду, шена ца оьшучу даьлча, дIатосуш долу везар. Ийманца доцчу цхьана хIуманан а тIаьхьало яц. ТIаьххьара де гуттар а къаьхьа хуьлу цуьнан. Достоевскис валаре вирзинчу минотехь аьлла хилла боху дешнаш дагадогIу вайна. Шен буьсучаьрга, шена Iаламат чIогIа дукхадеза шу, аьлла, боху, цо, амма шен безам хIумма а доцург ду шуна, Цуьнан (ирх пIелг а хьажийна) безаме диллича, Цунна тIе дерза.

Дидактически, хIунехдина, минехдина бохуш, цхьацца цIерш а тохкуш, литературехь, къаьсттина поэзехь жимма а хьехам болу хIума гIиллакхан, оьздангаллин дукъ ца дезачу наха дуьненахь а емалдеш ду тахна. Амма хьехам боцу хIума, мелла а схьаэца хьекъал доцу хIума, соьга хаьттича, бусулба нехан

литература яц. Цхьа пайда, хIайра доцу хIума, и хIуъа делахь а, Дала (СТ) Шен лаьшна Iамо а, лело а магийна а дац.

И ойланаш хила еза аьлла, хета суна, вайн яздархойн. Цу ойланаша шаьш бийр бу вайн литературехь тIейогIучу хенахь хила беза хийцамаш, цуьнца цхьаьна вайна кхин цхьа хIума а хиъчахьана: нохчийн мотт – иза нохчийн мотт буй. Тахна дукхахйолу хIума, ма-дарра аьлча, уьш муьлхачу динехь болчу наха язйина ю аьлча, жоп каро хала хир долуш ю. Нохчийн дешнаш хиларх, нохчийн маттахь ю бохург а хуьлу дуккха а йолчу говзаршкахь шеконе…

Вай кхузахь вовшех бехкаш даха гIерташ дац, ваьш муьлхачу новкъа даха деза техьа бохуш, ойланаш йо вай.

– Iеламстага Арсанукаев Шайхин «Ненан мотт» цIе йолу стихотворени ешча, суна боккха кхаъ хилира, иза цо шега маттах лаьцна хаттар динчунна делла жоп дара. Мотт а, культура а, дин а цхьана тIегIане нисдан деза бохург. ДIаяханчу заманан идеологих дисна цхьа хетарг ду-кх вайн, динца доьзна мел дерг юьстах хила деза бохуш, Iедална а, искусственна а, юкъараллин дахарна а оцу харц кхетамо кхуллуш ю ахь хьайн цхьана стихотворенехь йийцина нийсо: «Цундела схьа мел гун нийсо – нийсо ю хиттина, хьекхна…», хIораммо шаьш-шайна нисйинчу нийсоно хIун дохьу вай гина ду-кх….

– Ахь вуьйцург Кадыров Хож-Ахьмад ву. Дела реза хуьлда цунна. Вайн Iеламнах иштта хила безара. Дин а, къоман вад а цхьаьнадузуш хуьлу цуьнан хьехам. Динна дуьхьалдерг, кхоам ца хеташ, дIа а хадош, шен къоман орам тIехь верза веза дине. Иштта ца нисделча, я большевикаш, я вайна бевзина «вахабисташ» вайх бан гIоьртина «интернационалисташ» хир ду вайх, аьлча а, я нохчий а хир дац дуьззина, цул башха я дуьззина бусалбанаш а хир дац. Ткъа, Дала (СТ) бохург дахь, вай бусалба нохчий хилла диса дезаш, ваьш Цо ма-кхоллара.

Суна чIогIа хазахета ахь и къамел хьахийна. Ахь цуьнан дина маьIна а – суна хеттарг ду-кх.

– «Вайн цIахь йисна беральа. Вай цIа дисна бераллехь…» – «Деган мохк – беральа ю вайн»… Цигара хьоьца хIун дисна? «Вон» лела виц-м ца велла хьо? Дийцахьа суна цу хенах...

– Ма-дарра аьлча, стагна шенна долчунна боккъал а долу дахар и цхьа беральа ю. З.Фрейдан хьесапашна тIе доьгIна, ца боху ас и. ГIа-бацо а, хиэ а, кхидолчо а йийриг санна, беро диннарг цуьнан Iамал йолуш, иза бусалба ду, Дала (СТ) Шена тIедехкина кхин парзаш а доцуш. Цуьнан дена, нанна, да-нана доцуш делахь, муьлххачу а верасна тIедиллина Дала (СТ) и бер, бусалбаллех ца дохош, хьалакхиоран парз. Ас юха а боху, вайн бераллина гатдеш долу са вешан мацахлерачу цIеналлина, вешан дайначу «эвлаяаллина» гатдо. И ахь боху «вон» лелар – беран шен беран амалехь диса гIертар ду. «Цкъа а воккхахир волуш вац, – олу-кх цхьаволчу стагах. Со тешна ву и стаг оьшучохь мел воккхачул а

воккха хилла карорг хиларх. ДуьххьалдIа цо шен беролла йиц ца йина-кх («Со вон лела виц ца велла…»). Дог дийна ду цуьнан. «Сийна-м ца дуьсу-те хьекъал, къеж-м ца ло техьа дог» боху терза ду ларочо ларош дерг…

Бераллера къоналле кхаьчча, галстукаш а йихкина, цхьа чIогIа лерина лелаш (къаьсттина Iедалан цIарах) нах хаабелира суна (уьш хIинца а болуш бу, тIаьхьа тIебаьхкинчех дIа а ийна, шайн дагахь, гIуллакхаш хIумма а вайчех тера а доцуш, дIатарбелла бохкуш). Сайна ма-хетта цаьрга ала дош ца карош со висна хан яра и. Веъана схьакхаьчначу барон Мюнхгаузена элира сан даггара и дош (Г.Горинан сценари тIехь М.Захаровс яьккхина, «Тот самый Мюнхгаузен» аьлла, фильм ю-кх). «Я понял, в чем ваша беда, – бохура цо, – вы слишком серьезны. Умное лицо – это еще не признак ума, господа. Все глупости на земле делаются именно с этим выражением лица… Улыбайтесь, господа, улыбайтесь!..»

Оццу Мюнхгаузена цу кино чохь дуьйцучу, Iуьйренан я суьйренан доцуш, дийнахь ялх сахьт дала йиш хиларх я мацца а май беттан ткъе шийтталгIа де кхочуш хиларх тешар санна, цу бераллех цхьацца хIумнаш дуьсу дагца. Массаьрца а ахь бечу новкъахь цу хIумнаша дукха когаш тийсаболуьйту, амма и некъ стенгара стенга, кхин а нийса аьлча, Хьаьнгара Хьаьнга бу, – диц ца долуьйту. Иза коьрта ду…

Шех бераллех дукха деха дийцарш хир дара муьлххачу стеган а дийца. Цунна хан тоьур яц. Ас хьоькхучу къоламашкахь юьйцург дукхахъерг беролла ю аьлла, хета суна. Кхин цхьа хIума а ду тIетоха: сан беролла, хи ма-хIутту бохург санна, шеца хила дезачу массо а хIуманца юьззина хилла, иза суна йиц а ца елла, мелхо а гена мел ели, гуттар а цуьнгахьа юхахьежа дог догIуш, герга а, гергара а хета.

– «Тийналла хазарх ца Iебаш,
тийналлин йилбазмохь хаззал
ладегIа Iеминчу синна
хьо, тийна делахь, ду хаза», – суна дукхадезаш дешнаш ду уьш.
«Тийналле» ладегIар муха хуьлу хьан?

– Тийналла а тайп-тайпана хуьлу, цхьалла а санна. Цхьалла а ма яц илла а билла а хьо цхьаъ ву бохург, иштта тийналла а яц гуттар а «мотт хаьлла», мелхо а цо бен, хIара ду аьлла хIума дийца а ца дуьйцу, соьга хаьттича. С.Образцовс гитарех аьлларг хьахийнера-кх вай цхьанхьа. Татоло а, дорсан цIаро а тийналлин мотт буьйцу. Мукъаме музик а (ткъа тахна дукхахъерг мукъам буцуш ю и), поэзи а тийналлера ю. ХIара тIемш, девнаш дуьйладалале хан яьллачу хенахь гIалин чиркхийн серлонашкахула хьевелла цIа вогIучу гIалахочун схьахезаш хилла когийн тата а тийналлера хуьлура. Сайн воккхахиллачу дас къамелдеш, тахна суна тийналла хеза…Сан кхетамехь, тийналлин мотт мел буьйцу хIума дагардина а вер вац. ГIовгIанаш дукха яьржина вайн хенахь, цара тийналле ладогIа ца вуьту. «Кху Лаьтто ладогIа витча, Стиглано садоьIу хеза». И гIовгIанаш ю ас юьйцурш, Латта ша-м, хьаха, мукъаме ма дара. Дукха хьолахь,

тийналла молла кхойкхуш хеза. Ламазан хан пхиъ бен яцахь а, доIанийн хан ерриге а ма ю. Со буьйсанна набъеш вац: дIавижна яйъа, буьйсанан хенах кхоамхета. Тийналлина жимма гергагIорта аьтто болу хан ю иза. Самах хуьлучу оцу цхьана ладегIарна а, цунах кхоллалучу могIанашна а, юха гIенашна а тоьур йолуш, сайна буьйса жимма яхйолуьйтур яра, сайн аьллар хилча. Амма…

Доладал ца хуьлу мел деха де а.
Ерзаял ца хуьлу мел еха буьйса.
Хетарехь, «гIунан тIам» дIахецабелла.
Хетарехь, схьалаца эрна сатуьйсу…

Хьал цахуучунна хIара хьерадаьлла къамел хетар делахь а, цхьаболчарна дийначел дийна, боккъал долчел а боккъал хIумнаш ду уьш.

– Заманан карчамашкахь яздархочунна вахар, атта дацахь а, цуьнан кхолларалла пайдехьа ду аьлла, хетий хьуна, историн хиламаш шена ган йиш хиларна?

– «Поэт обязан жить в изгнаньи хотя б от собственной жены», – баьхначу В.Федоровна а дайна, дог дийна долчу яздархочунна, къаьсттана поэтана шена бала бан хIума мел паргIатчу заманахь а карор ду. Историн хиламех дерг аьлча, бакъволчу яздархочо эзар шо хьалха хилла хIума а яздо, олуш ма-хиллара, ша цигахь хилча санна. Делахь а шена зеделларг, шена гинарг, ша лайнарг яздархочун чIогIа мехалла ду. Цхьангга а хетта, леха ца дезаш, шена девзаш дерг яздан атта ду цунна. Оцу маьIнехь «заманан карчамаш» гар пайдехь хила мега яздархочунна. Цул сов, цхьана баккхийчу хиламаша синхаамийн агIор а, кхетамна а Iаткъам бо, адамехь хIетталц ду-дац ца хиъна хIумнаш сама а дохуш. Делахь а, сан хьекъалехь-м, со яздархо ву аьлла ца боху ас и, чиноша (китайцаш): «Хийцамаш хуьлучу заманахь вехийла хьо!» – аьлла, буллу боху сардам боккъал а боккха сардам бу. Оцу карчамаша хIетталц шех а, шен къомах а, махках а хеттачух вохаво дог а, хьекъал а сема долу стаг. Шен иймане а, доьналле а хьаьжжина, Далла (СТ) а, нахана а гергахь дукха юьхьIаьржа ца хIуттуш чекхвала-м хьожур ву. Иштта чекхвалавелларг декъал хилла стаг а ву. Иза ас сайгара бохуш а дац. Кегаречу заманашкахь шен са Iалашдинарг декъал хир ву аьлла, хьадис ду, боху, Мухьаммад Пайхамаран (I.с.в.с.). Декъал хила хьакъ а-м ву!

Ахь хоьттучунна доцца жоп делча, баккхийчу хиламаша, халонаша, баланаша яздархочун синхаамийн, ойланийн «къолам» ирбеш хиларан-н

яц шеко.

– Лан хала долу хIумнаш а кхолларалла пайдехьа доьрзуш хилча, иза муха хир ду?

– Кхузахь кхин тамашийна хIумма а дац. Аттонаша а, аьттонаша а ийман мух-мухха а долу адам Делан (СТ) Хьокъах (истина) хердо. Вай жимма хьалха

хьехийна Т.Элиота дуьйцу религиозное чувство боху хIума артдалар хир ду-кх и. Доцца аьлча, Къа-Мел боху терза харцар, и кхетамаш дIабовлар.

Цхьа сиркхо хьакхаеллачу стаге: «Далла дагавеъна хьо», – олуш хезна-кх вайна. Цкъа делахь, стаг ша леточу къинойх цIанвалар, цамгарца санна, оцу халонашца а, баланашца а, бохамашца а ду. ШозлагIа делахь, халонашкахь шен дагца, ойланца цIанло иза – оцу Делан (СТ) хьокъана мелла а гергавоьду, динан, ийманан шовкъ, синхаам, къа-мел боху кхетам меттабогIу, дукха хьолахь, и халанаш дIа ма-евлли, ша хьалха хиллачу хьоле юхаверзахь а.

Доцца аьлча, синкъерамехьчул сингаттамехь цIена хуьлу стаг. И ахь дуьйцу лан хала хIумнаш кхолларалла пайдехь хилар, бIаьрхиша бIаьрг ма-цIанбарра, муьлхха стаг а санна, яздархо а халонаша, вуонаша, баланаша цIанварна хир ду-кх. Цуьнан синхаамаш сема бо, хьекъал ира до сингаттамаша, лан халчу хIумнаша. Коьртаниг ган, цуьнан хама бан, пайда боцчу хIумнийн чот ца ян Iамаво. Цу кеппара яздархо товелча, цо язъеш йолу хIума а хуьлу гIолехь. Со иштта кхета цу балхах.

И догцIена хьал, хIара ду аьлла и хила схьагуш цхьа а бахьана дацахь а, шегахь кхолла, шегахь гуттар Iалашдан хаарца ду бакъдолу ийман а, похIма а. Поэзи юьйцучохь, Элиота цхьана могIаре хIиттийна дара-кх и дахаран сингаттаммий (я сахьийзар я салаттар – тоска), трагизммий, доккхаллий (величье) боху дешнаш. Семачу деган гуттар а лаьтта хьеший бу дахарах и кхетам а, синхаамаш а. Сингаттам (я салаттар – «ЦIера цIа ван са латтар») гуттар а ойлане хуьлу, синкъерам – саьхьара. Сингаттам, сахьийзар, салаттар шеца долу хIума дагах чIогIа кхета.

– Хьо нахана юьстахваьлла вахалур вара аьлла, хетий хьуна?

– Нахах дIахаьдда вахалур вац цхьа а, амма дуккха а долчу адамшний, дуккха а долчу некъашний, гIуллакхашний юьстахваларций бен шен са-м Iалашдалур дац стаге таханлераниг санна йолчу заманахь-м муххале а. Яздеш волу стаг, къаьсттина поэт ву бохург хIетте а и аьтто болуш хила везара. Поэт – иза амал ю. Суо поэт вацахь а, сайн амал поэтан хеташ ву со. Юккъевийлар, тIанкьаьлла юьзинчу автобуса тIе хьалавала гIерта везар санна, хала а, сийсаза а хуьлу…

Ша царна а, шена уьш а хьашт болчу цхьана кIеззигчу нахаца гергарло а лелош, ша хьоьгург юьстахваьлла хьоьгу къа долуш ваха аьтто болчу стагах хьоьгуш хилла со гуттар а.

– Мел лазаме делахь а, дIабовчу маттахь язъеш-м вац-те со аьлла, ойла кхоллалой хьан?

– Кепа тоьхначу могIанашца ала ас хьоьга цунах дерг?..

…Ас жайна яздина,
схьагарехь, бовш болчу маттахь.
Цхьайолу шеконаш, цхьадика! –
хье а лой йогIу.

Ас жайна яздина,
схьагарехь, леш болчу маттахь,
и гуттар хирг хиларх
шеквала дага ца догIуш.

Ас жайна яздина.
Цхьа пайда боцуш довр дац и:
Чуьрк къахко дика ду,
вохвеллачо мох а тоха.
Луъург де цу жайнах,
ца йичахьана цхьа харцо:
Мел девне ваьллачо
сан жайна, «герз» дай, ма тоха.

Ас дина йозанаш, –
шаьш дарна бовш болчу маттахь! –
Къинтерадовла там бу суна,
цхьа хьесап дина:
Ас жайна яздарца, –
яздинехь а леш болчу маттахь! –
Сайн ненан маттана,
дош дижа,
маьлхан каш дитна…

Иштта ойланаш-м, хьаха, кхоллало, кхоллаяла бахьнаш доцуш а ма ца кхоллало. Оцу вайн маттана ког хецца кхиа новкъарлонаш ечу нахана санна, дуьне тIаьххьара я гуттаренна долу адрес хетахьара, вала де дара хIара. Дуьхьалонаш хьан йо-техьа аьлла, ойла хила тарло. Оцу маттаца долчу хIуман тIехь шен декхар дуьззина кхочуш ца дечу хIора стага еш ерг дуьхьало ю, соьга хаьттича, цул сов, вайн къомана деш зулам а ду. Иштта дIадолхахь, итт-пхиййтта шо далале вай цунах кхетар а ду.

Къоман уггар доккха а, деза а хьал, ниIмат – мотт бу, ткъа и мотт, ца бойтуш, бахош ерг литература ю. Тахна вайн пачхьалкхан гIуллакхашкахь литература мел баьрче яьккхина ю, хьоьвсича, гуш ду, хIокху махкахь вайн меттан мел сий ду а, мел бакъо а ю. Къоман шен махкахь йолчу бакъонех уггар коьртаниг – меттан бакъо ю. Меттан бакъо йцчохь къоман бакъо ян а яц, олуш жимма кIоршаме делахь а, хьайбанаш санна, дуьйшуш а, гIовттуш а, сискал юуш а, дIа-м лелар ду.

Вай вовшийн хьекъалах даша Iемина нах дац, цундела тахна вийца ваьккхинчуьра, Т.Элиотан цхьадолу тоьшаллаш дало лаьа суна кхузахь. Меттан ерриге хазалла Iалашйийриг поэзи лору цо. И мотт, бала гергабахнехь, юха а денбан ницкъ кхочург а лору цо поэзи. Гуттар а шайн ненан маттахь поэзи кхуллуш поэташ боцчу къоман нах шайн дог-ойла, синхаамаш маттаца бийца

хьовх, эххар а уьш дагца хила а гIорасиз болчу бовлу. Цул тIаьхьа церан ерриге а культура, хенан йохалла жим-жима хIаллакьхуьлуш, эххар а шел кхиъна, нуьцкъала йолчу кхечу культуро «дIакхоллу», дIахуду. Къам иштта долу дIа.

Тахна яздеш нах бацахь, хьалха дIабаханчара яздинчех а дан хIума дац. Шо шаре даларца хьалха яздинарш ширло, керлачу заманахь дехачу адмашна хийра хуьлий, эххар а дов. Тахна яздеш нах бацахь (хьанна хIуъа хетахь а, – уггар хьалха поэташ), мотт кхуьучуьра соцу. Кхуьуш доцу хIума юха а хIаллакьхуьлуш ду.

Дуьнено а, цхьа а къийсам боцуш, къобалдина хIумнаш ду уьш, вайна царах высшая математика хилла. Къоман яхь дIаялар ду и. И яхь меттахь латтош ерг гуттар а къоман интеллигенци хилла. Вайниг мичахь ю? Дуьхьал хIоьттича, ала цхьа а дош доццчу наха стохка вайн юьхьанцарчу классашкахь дешар нохчийн матте даккха дезара аьлла, къамел долийна масех стаг муха кхайкхош вара, дагадогIу вайна. Пес а тиллина, дIахIоьттинчу оцу цхьана къонахчо динчу къамело гуттар цецваькхинера со (цхьа телерепортажаш (!) хилира-кх вайн). «ХIинца юьхьанцара классаш яха боху цара нохчийн матте, кхана ерриге а ишкол яккха эр ду», – бохуш, шен дагахь, цавашарца вела а къежаш, къамел дора цо. Деллахь ма юьхьIаьржахIуьттура-кх вай тIаккха!.. Эхь дац оццул шайн хIумнах дешаш цахилар!.. Кхузахь товш дуй-даций бохург а ма дац коьрта. Ненан мотт – иза Iилма, дин, кхидерг хьовх, ур-аттал кхин меттанаш Iаморехь а уггар коьрта гIирс бу. Цунах кхета а гIоьртина, вешан маттах буьззина вай пайда оьцуш делхьара, хIумма а таханлерачех тера хир бацара вайн кхиамаш.

– Литературех къамел дечохь, цхьамма аьлла дагадогIу суна: «Нохчийн махкахь кхиа йиш яц Хемингуэй, Фолкнер, Борхес». Ойланна доза тоха йиш юй? Яздархо универсальни хила везий?

– Коканан кулла тIехь бананаш латор йоций, вайна а хаьа. Хурман дитта тIехь хьаьмцаш а латор бац. Оццул хьекъале хета суна и къамелаш. Кхиа йиш яц, дера, Нохчийн Махкахь-м Хэмингуэй а, Фолкнер я Борхес а. Я Iамарк-пачхьалкхехь Айдамиров а, Аргентинехь Бексултанов а кхуьур ма вац. Кхиа йиш хилча а, вайна стенна оьшу уьш кхузахь а, вайнаш цигахь а?

– Цо бохург Хемингуэйн я кхечун йолу ойла вайн яздархочун хила йиш яц бохург дара. Ас, ойланна доза тоха йиш яц, бохура.

– Ур-аттал маьлхан серло а, ахь чуьра кор а, неI а къевличхьана, арахь юьсу. ХIаваана доза тоха хала ду. Цунчул а доза тоха йиш яц ойланна.

Вай юьйцург литература хилча, цу тIехь совца хьовсур ду вай, ткъа юкъара ойла бохург ша дукха тIекIел тIегIанаш, гондIара агIонаш, кIоргенан гуонаш долуш Iаламат ду. Цунах дийца дукха кехат яздан дезар дара.

Литература – иза уггар хьалха васт ду. Ойлано кхуллу (маьIнин) васт а хуьлу, синхаамо бен белхаш а бу. Ойлано кхуллуш долу васташ ур-аттал кхин дIоггара аьлла цхьана къоман башхалла йолуш хуьлуш а дац. Къоман башхалла ерг коьртачу декъана синхаам бу. Ткъа ойланан башхалла дуьйцучу хIуман маьIна дарца, мах хадорца, цхьадолу хIума гайтарехь хIитточу дозанашца хуьлу. Цу

дозанийн сурт хIотто гIоьртича, масала, С.Есенина я Г.Лоркас дуьйцучу кепара бусалба яздархочо я, ийман мел эгIаза делахь а, дуьххьалдIа шен цхьана орам тIера волчу нохчочо а дуьйцур доцуш дукха хIума ду, масала, – изза безамаш а. Вуьшта, ойла хьайна хуьчу муьлххачу маттахь а яло хьоьга, амма дагахкхетар (чувствовать дар) хьайн ненан маттахь бен хир дац. Оцу ненан матто хьоьхуш ерриг ю къоман а, къоман литературан а башхалла. Кхидерг дерриге а тIехулара суьрташ ду: меттигийн а, гIишлойн а, духарийн а. Уьш суьрташ бен доций, хаа, доккха хIума а ца оьшу. Вета болу коч, гIовтал йохий, шаьлта-доьхкий дехкий, сурам куй тиллий, юьйцийнчу керта тIе товжавай, оьрси я, Норвегера валавай, цхьа хьаша дIахIоттаве. Вистхиллалц нохчо ву-кх иза а. Нохчийн меттан дешнаш цо аларх а, и нохчо воций гуш хир ду, цуьнан мотт нохчийн вад ларош дацахь. «Горская новелла» бохуш, цхьа фильм ю-кха. Цу чохь вашас йишига цуьнан ойла лаьтта цхьа къонах хьехаво. Дас кIанте а до иштта нохчийн дений, воIаний юккъехь хила тарлуш доцу къамел. Дешнаш бохурггий, мотт бохурггий цхьаъ цахиларх дерг ала гIерта со. Мотт – иза дешнашший, грамматикий хилла ца Iа. Дашна бечу бехкамца билгалйолуш ю нохчийн буха тIера йолу боккъал а йолу оьздангалла, вайн къоман вад (менталитет). Ойланийн башхаллаш цу дозанашкахь хуьлу.

Ойланан, маьIнин вастах аьлла, кхин масал дало а лаьа суна. Ткъе итт шо хьалха: «Хьан вевза-веза стаг дуьненах волуш, мелла а цхьа дакъа хьан а ле дахарх», – аьлла йолу хIума язъеш, дуьненахь гIарадевлла долу Джон Доннан дешнаш суна девзаш дацара. «Дитт хилча, олхазарх, – тIемех ца долуш шен, Я диттах – олхазар, орам ца хадош шен…» – боху могIанаш яздеш: «Корни и крылья. Если бы крылья корни пустили, а корни – в небо взмыли», – яздинчу Хименесан цхьа могIа бешна вацара со. И Далла (СТ) хуург ду. ЛадугIуш Бексултанов Муса а волуш, цхьана Iеламстагна сайн цхьа могIанаш далийра ас. «Иза Къуръан тIехь ду-кх», – аьлла, даредира цо… Тохалур дуй тIаккха ойланна вай дуьйцучел совнах долу дозанаш?

– Кхузахь вайна ФолкнергIар а, вайнаш Iамаркехь а стенна оьшу аьлла, айхьа долийна къамел чекхдаккхахьа.

– Муьлхха хIума а дийцаредан мегаш ду, хIума дийцаредар, дагадовлуш хилар пайдехь а ду. Вуьшта, цхьа нах хуьлу, вайн литература эгIаза ю, декъаза ю, янне а яц бохуш, мах хедош. Уьш дагабаьхкинера суна. Дукха хьолахь, къоламаш хьоькхуш болчу наха шаьш деш хуьлу и къамелаш. Цкъа делахь, уьш массо декъехь а хуьлуш йоллу стереотипаш ю. ШозлагIа делахь, уггар коьртаниг – хьаьгIнаш ю. Мел цIенчу даггара и къамел дечо а (оццул йилбазалла доцурш царна юккъехь белахь) цхьана хIуман ойлацаяр а ду: вайн кхиам вай нахах дIатардаларца бац, вешан башхаллашца дисарца бу.

Вайн литература юй-яций бохуш, къамелаш дечу наха цхьа хIума зиэн деза – Советан Iедал хIоьттинчу юьххьехь дуьйна кхоллаеллачу вайн литературехь нохчийн юкъараллехь буьйцучу меттан, лелачу ойланийн меха хIума ду-дац. Верриге а цхьа иттех-пхийттех яздархо вуьйцу ас – поэт а, прозаик а, къолам мел хьаькхнарг а ца вуьйцу, суо а тIехь. Цара яздинарг оцу вукхузахь долчул

эшна делахь, вайн литература йоцург лара.

Литература, къаьсттина поэзи – иза мотт бу. ВаллахI, сайна ма-хеттара ма боху ас: вай санна, шен маттаца мостагIалла долуш дуьненахь цхьа къам хилла хир ма дац, и мотт шен байнарг а тIехь. Вайн литература гIолехь хуьлийла лууш верг массо а оцу маттана орцахвала везара. Ткъа вайн орца гуттар а оцу маттана орцахваьллачунна дуьхьал доккхуш хуьлу.

Ас цхьанхьа, литература кхиош берш яздархой бу аьлла, яздинера. Цхьана академика боху соьга, ша мотт халкъера Iамийна. Яздархочо а Iамабо мотт халкъера, боху ас. ХIинца хIетахь аьллачунна кхин цхьа хIума тIе а туху: шен хенахь Пушкин а, кхиберш а халкъо буьйццучу матта тIехь севцца хиллехь я шаьш матта юккъе далош долу хIума Iилманчаша къобалдаре хьуьйсуш уьш Iийнехь, тахана оьрсийн литература муьлхачу хьолехь хир яра?..

Мотт кхиорца кхиайо литература, литература кхиорца кхиабо мотт. Мотт а, цу маттахь хаддаза кхуллуш литература а елахь, ду къам – къам. Литература дIаяларца мотт дIаболу, мотт дIабаларца къам дIадолу. Элиота ма-баххара, хIора чкъурах а и мотт кхиош яздархой бовлуш ца хилахь, хьалха яздинчу хIумнаша а кIелхьара ца доккху я мотт а, я къам а.

Кхин цхьа хIума дицдан а ца деза: нохчийн яздархой цхьана а заманахь парггIат шайн болх бан йиш йолуш хилла бац. Хьалхарчу чкъурах болчарна (Бадуев, Дудаев, Айсханов, кхиберш) тоьпаш тоьхна. Царна тIаьхьа богIучеран (ший а Мамакаев, Ошаев, кхиберш) уггар кхолларалли болх бан аьтто болу хан набахтешкахь, Сибрехахь дIаяхна. Тоьпаш еттар а, набахтеш а кочара евллачу хенахь похIма долчу нохчийн яздархошна дуьхьал кхин герз даькхира – уьш, бан а боцуш санна, цагар, тергал ца беш, битар. Ткъе итт шо гергга зама хьалха, Дикаев Мохьмад Яздархойн союзе дIа ца оьцуш, валийтира вай, хIинца Кибиев а, Гацаев а, Хазбулатов а хIунда вац Союзе дIаоьцуш аьлла, телевиденехь ас къамелдича, и къамел мегаш дац, передача юхаязъян еза, элира соьга. Юхаязъяхь а, изза къамел хир ду и, ас аьлча, передача, юкъахъяккха йиш цахиларна (оцу къамелехь дакъалоцуш тхан могIарера кхин яздархой а бара), схьагайтира, амма сан къамел, технически цхьаъ галдаьлла кеп а хIоттийна, схьа ца хазийтира, суо схьаоьхьуш воллушехь. Советан заманахь телевиденин балхахь и санна долу «технически» кхачамбацар далийтар я газет тIехь цхьа элп галдаккхар хаза неха санна луьра дара. Амма цул а луьраниг вайн литературехь лаьттачу хьолах ас аьлла масех дош хийтира хIетахь и передача вовшахтоьхначу нахана. 70-чу шерашкахь литературе деанчу чкъураца Iедало лелийна некъ а дагабогIу («Пхьарматан» истори а, кхидерг а). 90-чу шераш дуьйлалуш (вай маршадевлча!), мацах оцу «Пхьарматан» декъашхойх, Советан Iедалан мостагI вина, кхайкхош хилла масех стаг хилира юха а, тоьпаш тоьхна, хIаллакьвина дIаваккха везарг. Тахна долу хьал а ду гуш.

Ма-дарра аьлча, цхьана а заманахь хIокху махкахь шаьш цаэшаре хьаьжча, нохчийн яздархой хила безаш а бацара, дикий-вуой бохург-м дуьйцур а дацара. Вайн хьал хууш санна, цхьана франкочо (француз) шега элира, бохура-кх Ахмадов Мусас: «Шун литература хилар бу шун кхиам. И дика ю, вуон ю боху

къамел шуна юккъехь хила дезаш а дац».

Дикий-вуой боху къамел а вайна юккъехь хила деза, амма мах нийса хадош, вайна вешан литература кхио аьтто бен болу некъаш лохуш хила деза и…

Ахь ойланийн дозанех хаьттинчун хьокъехь аьлча, юха а боху ас, ойланна доза тоха йиш яц. Цул сов, шен ойланашкахь яккхийра Іалашонаш хІитто а еза яздархочо, хьенеха а, минеха а динарг шега далур дац бохург аьттехьа ца дуьтуш, оцу, ма-дарра аьлча, комплексех паргІат а ваьлла. Муьлххачу декъехь а стаг ша хьега ма-деззара къахьегчахьана волу. КхидІа дерг

Делехь (СТ) ду. Нисделларг Дала (СТ) нисдиний, хиъчахьана, цанисделлачун ша юьхьІаржа хета бахьна а хир дац цуьнан. Нисдалар а санна, цанисдалар а ду Делера (СТ).

Яздархо универсальни хила веза-ца веза аьлла, ахь хаьттинчух цхьаъ ду ала: яздархо, соьга хаьттича, Дала (СТ) тоьхначу дозанашкахь, шен матто бохург бен схьа ца лоьцуш, изий бен я дош а ца хеташ, цу маттаца Іамалъеш хила веза гуттар а. Кхидерг ца хаьа суна.

– Оьрсийн литературехь «шестидесятники» олуш цхьа чкъор даракх къастийна, цул тІаьхьа кхин цІе яккха яздархой бац шайн бохуш, литераторша схьадуьйцуш ду. Иштта хьал ду бохуш дуьйцура гочдархоша а, литературин критикаша а дуьненан литературехь а. «Са», «дог» боху кхетамаш артбелча санна хетий хьуна? «Писатель пишет, чтобы укрепить человеческий дух», – бохург хІинцалерчу литературехь каро хала ду…

– Цунах цхьадерг вай хьалха а хьехийра. Къаьсттина Малхбалехь «са», «дог» бохучу кхетамел хьалхадаьккхинарг прагматизм олу хІума ду. Цхьана декъехь иза а оьшуш ду. Амма хьуна а хезна хир ду-кх цигара схьаевллачу фильмашкахь, тухий стаг а воьй: «Извини, Боб (я Майк), здесь нет ничего личного – это бизнес», – олуш. Тахна оьрсаша йохучу фильмашкахь а хаадала дуьйладелла и хІумнаш. «Честь имею!» – бохучунна тІера гІуллакх: «Здесь нет ничего личного – это бизнес», – бохучунна тІе даьлча, сих а, дагах а хІун до! Советан заманахь ширчух бухадиснарш (пережитки прошлого) бохуш цхьа кхетам бара-кх. Тахна дуьненахь са, дог, эхь, сий боху хІумнаш цу тайпанара ширчух бухадиснарш хилла довллуш лаьтта. Вай Дала (СТ) лардойла и кхетамаш болчу нахах дІатардаларх. Са доцург стаг а вац, дог доцург доттагІ а вац. Идеологи йоцуш дисча, вайх и тайпа нах хир делахь, суна идеологи еза-кх. Аьлча а, идеологи вайн йолуш ю – АллахІан (СТ) дин. Иза илла а билла а конституци тІехь билгалъяькхина хила езаш а яц. Цуьнан меттиг вайн литературехь хила еза, вайн денна долчу дахарехь а. Цунах кхеттал дерг вай хьехийна. Кхин а цхьацца хІума цхьалхадаха доьлча, вайн къамел дукха дахлур ду…

– Цхьана жуьгтийн композиторо аьлла дешнаш дика хийтира суна: «Не предки наши из Египта, а мы сами из Египта». Вай тІаьхьарчу хенахь дийца даьккхина «дайн хаза гІиллакхаш», – и дешнаш ца деза-кх суна, шена тІера дукъ дІадоккхуш санна хеташ. Ахьа алахьа хьайна хетарг…

– Жуьгтий, бакъдерг дийцича, цхьа кІентий (!) бу. Шайн хІуманна гуьнахь

мел боцчу наха, уьш санна, шайн гІуллакх дан Іамарна метта, дукха а буьйцу уьш, цара шаьш даха ховшо дезаш санна…

Ахь хоьттучун хьокъехь хьуна хеттарг ду-кх суна хетарг а. «Ледарчу тІаьхьено дай хестор бу», – олуш ду вайн. Оцу вайн дайша дитна дош ду иза. Вайн таханлера хабарш хаза йиш хилча, уьш вайх баккхибийр бара аьлла а, ца хета. Кхин цхьа хІума а тІетухур дара: и хаза гІиллакхаш хІетахь а хилла уьш лелош болчийн гІиллакхаш, вайн хІора ден а гІиллакхаш ца хилла уьш. Бакъдерг аьлча, хІетахь гІиллакхца берш алсам хилла. Тахна гІиллакхца боцурш бу алсам. И гІиллакхаш шайгахь доцчара уьш алсам дуьйций техьа аьлла а, хета. Доцца аьлча…

Яхь йолчу стагана
яхь йийца бехк хета,
Стогалла йолчунна –
стогалла йийца а.
Ткъа яхь ша-м йолуш ю,
йолуш ю стогалла,
Йолчунна – лело а,
йоцчунна – йийца а…

– Хьан поэзи хьуо-хьайх дагавийлар санна хета…

–Хьуна ас яздинчух а, кхечара яздинчух а хетарг дерриге а хьан бакъ ду: оха хІуъа яздинехь а, ахь кхуллуш ерг хьайн книга ю. Кхузахь хьоьга цхьа дош ца аьлча а, ца Іало со: айса яздечу хІуманал ахь сайн доьшург хазахета суна. Яздеш волчу стагна, хьо санна, цхьа-ши дешархо хилча а, тоьур дара. Дела реза хуьлда хьуна!

И ас хьоькху къоламаш суо-сайх дагавийлар ду, ала-м ца лаьа. И дукха сонта хабар хир дара: дагавийла, – сайчул даккхий хьекъалш дукха ду суна дуьненахь. Вуьшта дог боху вахархо ву вайн кийрахь. Цу даге ладугІуш хила: шеко ерг Іаддадита, шеко йоцург дІалеладе, аьлла, боху-кх, Пайхамара (І.с.в.с.). Дагца а, кхетамца а и шеко ерг-йоцург литта гІертар-м ду и йозанаш.

– Айхьа язйинчух дешархо нийса кхетар ву я вац, боху ойла хуьлий хьан?

– Дуккха а долчу хІумнех дукхахберш кхетар боций, хаьа. Иза со чолхе волуш а дац. ДуьххьалдІа со къона волуш хилларг дац вайн къам тахна. Цу тІехь вайн къам бохург башха а дац, массо къам а ду хенаца хийцалуш. Амма шайн культурин буха тІехь схьабогІучу нехан, тІаьхьено тІаьхьенга кхачош, схьадохьуш цхьа хІумнаш хуьлу. И болх сецча, берийн дайх кхетар а дІадолу, поэзи-м юьйцур а яцара.

Цхьа масал далор ду ас.

Цхьа тайна амал ю милт йолчу чиркхан –
чуоьзна бита йиш хилар,
йиш хилар – серло дIайилла…

Оцу могIанашкахь, серло дIайилла бохучу вастах кхетча а, дIайилла (дIадилла) бохучу кхетамах ма-дарра кхиа, тхан чкъуран хилла беральа йовза еза. Цхьа бен-берса хIума (кампет хир и, кхиерг хир) нисъелча, иза хIинцца шена яа луъушехь, кхана яа дIаюьллуш хуьлура хIетахь, кхана а иза хилийта. Иштта керла эцна коч-мача а, кхиерг а – гуттар а дIаюьллуш, леррина ларош. Массо хIума а дукха къиэн дара.

Амма мел хIуъа къиэн хиллехь а, дукхахъерг милт йолчу чиркхан серлонехь дIаяхнехь а, тхан беральа, юха а боху ас, юьззина беральа яра. Юьйцинчу керта кIелара гучуюьйлу бIаьсте (юьртахь оцу юьйцинчу кертан йистаца хуьлура бIаьста малхо дакъош долу хьалхара латта), куьйран лестар, цициган туьйра, оха дуьйцу хийла кхидерг таханлерачу чкъурана хIун ду хаахь, тамаш бу.

Суна къахета вайн къоначу тIаьхьенех: нохчийн Iер-дахаран куц-кеп бохург гина бац уьш, нохчийн боккъал а болу кхача, хийла кхидерг девзина бац. «Хьехахь висинчу жаIуьнан иллин» мукъамехь кхиъна бац. Литературехула довзийтина а, и хIумнаш довзуьйтуш ца хилча, мичара хир ю вайн берийн ненан матте а, дайн махке а йолу цIена, юьззина шовкъаш? И шовкъаш (чувство Родины, чувство родного языка) бохург-м, хьаха, дац хIумма кIезиг а я, цхьа къахьоьгуш ца хилча, ша-шаха кхоллалур долуш а хIума. И гIайгIа-м ю. ДуьххьалдIа айса хьоькхучу къоламех цхьаъ цакхетарна кхераран сингаттам бац. Суна, жимма хьалха ма-аллара, еккъа поэзехь айса яздечу хIумнах цхьана кIеззигчу наха марзо эцахь а, тоам бу. Вуьшта вайн юкъарчу хьолах олу дош дуккха а нахана хазахьара олий-м, хета. Вай дукха чIогIа дагадийла, дукха кIоргера ойланаш ян дезаш къам ду. Вуьшта еккъа литература вайн маттана оьшшучул бен ца оьшу суна.

Амма суна мотт оьшу, олуш хьуна тамашийна хетар делахь а, махкал а чIогIа. Ненан маттана аьхна боцу мохк – иза мохк хилар а ца хета. Кхерчан йовхо гIийла хаало иштачу махкахь. Букъ бохбал ерг йовхо яц, дог дохдал яцахь. Вешан маттаца доллчул бен дац вай вешан цIахь, вешан къомах. Мотт шен дIахецча, къам – къам долучуьра дIадолу, махках духу. Къоман бен, хуьлуш бац мохк.

– «Нохчийчоь, суна хьо еза ца езна, суна хьо лезна»… ТIаьхь-тIаьхьа кхета оцу дешнех. И лазам дIа а баьлла, еза Iемар а дуй те цкъа а олий, ойла хуьлу…

– Муьлхха дезар а (безам ца ала гIерташ, боху ас иза иштта) – иза син гIайгIанера хаам бу, хьуна дезарг адам делахь а, мохк белахь а. Лазам боцуш хила йиш яц иза. Лазам боцург – иза хазахетар ду, тар-магар ду, хIуъа а ду, амма, масала, сан кхетамехь долу дезар дац, деккъа шена хьашт дерг дезар ду, шена хьашт доцчу ма-даьлли, дIатаса йиш йолу дезар. Дай-наной дIатийсинарш

а, доьзалш дIатийсинарш а хьехийра вай. Тахана мохк дIатосуш берш а кIезиг бац. Ткъа дIатосуш долу хIума дезаш хуьлу? Дезар – иза лазорна кхерар, къандаларна кхерар, дарна кхерар, даларна кхерар, доцуш висарна кхерар ду. Нохчийчоь, хьо лозу сан бохург – Нохчийчоь чIогIа езар ду хьуна. Хьо цунах кхеттехь, вай галдевлла хIума ца го суна. Лазам йоле синхаам бу. Ял йоцу цхьа а хIума я бакъ а дац, я дош а дац.

Оьрсийн мацах «люблю» метта олуш «жалею» хилла, боху-кх. Къахетачо кхоадо, кхоамбечо Iалашдо. ХIокху махках безарна метта къахеташ а, кхоамбеш а хилла велара массо а. Хиллехь, тахна гIаланаш, ярташ меттахIитто гIерташ дахка дезар дацара вайн. Цу юкъана кхидIа кхиарехь цхьа некъаш деш хир дара.

– Яздархочун а, художникан а ницкъ бу аьлла хета суна зама а, хан а сацо, цхьана «хенан кепаца» – «гIенашца»…

– Дела реза хуьлда хьуна, и хаттар дина. И цхьа ойла дагахь а йолуш, иза хьахо меттиг ца йолуш, Iара со…

Масала, Казахстанехь а, ГиргIазехь а кхойтта шо даьккхина вайн къомо. Амма и хан, олуш ма-хиллара, хи чу кхоьссина цу-кана санна, яйна. Вайн цIера даьхначу дийнахь дуьйна нохчийн сахьт сецна хилла техьа? Цу аренца нохчийн кIентий а, мехкарий а ца кхиъна? Захалонаш а ца дина? Къа ца хьегна? Халахетарш а, хазахетарш а ца хилла? Доцца аьлча, дахар ца хилла?

Казахстанехь яьккхинчу заманах, суна хууш, вайн цIа кхаьчнарг «Чуй станцехь санна, мох хьоькху» бохурггий, «казахийн жокх санна, чекхдаьлла» бохурггий ду-кх, бишмармаккхий, боврсакхашший боху даарш а ду (и цIерш айса нийса йоху-ца йоху-м, ца хаьа суна). Уьш а хIинцале дукхахболчара диц а дина. Яздархоша, художникаша, ахь ма-баххара, «сацош» ца хилча, и хан иштта йов. Къоман историн зеделларг ду и иштта довш дерг.

И дерриге а дагадогIуш яздархой а ма бу вай. Царах цхьаъ цигахь хилларг а, лелларг а дийца ваьлча, Iадийча санна, ладоьгIуш Iа хьо. Хьастах цхьаьнга, уьш дIа хIунда ца яздо ахь, боху ас. «ВаллахI, хан-м ца хуьлу кхуза, хIинций-хIинций бохуш, ца кхуьуш, лела-кх», – боху цо. «ВаллахI, ахь лелош долу цхьа хIума оцу ахь дуьйцучун меха ма дац. Вайн къомана зулам дина нах ду-кх шун чкъор, дIаяздан хьайн карах ца далахь, хьуо иштта къамелдан охьахиинчохь хьалха диктофон мукъне а йиллахьа», – боху ас… ЦIенна бакъ долуш, цхьа хьаьрк тIетоха, дIаяккха ца дезаш, вайн прозехь цуьнан меха кIезиг хIума хир йолуш, хаза неха санна хаза, чулацаме дийцар ду цо схьадуьйцург. Иштта кхиверг охьахуу цхьаъ дагалеца – цу кепара дийцар хуьлу. Амма дIаяздеш вац цхьа а.

Ма-дарра аьлча, вайн къомана къола дина нах бу уьш. Хонкара, Йордане кхелхинарш а бай вайн кхин лар йоцуш. Йозанехь сацийна доцург дерриге а ду лар йоцуш довш. Яздеш хилча а, цхьа политика йоцург хIума хила йиш йолуш а дац вайниг. Вай дIакхалхийначу мехкашкахь дехаш адмаш а ца хилча санна, цаьрца вай цхьа а юкъаметтиг а ца лелийча санна, церан шайн цхьа а Iер-дахаран кеп а я мотт а ца хилча санна, цигахь хиллачо а, леллачо а ур-аттал

вайн маттана бина Іаткъам а бац. Доцца аьлча, ахь ма-бохху, историн бахам вовшахтуху гІирс а бу литература. Цкъачунна вай-м кІезиг пайда эцна цунах.

– Дахарехь хьуна довза, ган, лиъна, хаа дисна хІун ду?

– Уьш дукха ду. Со довза а, ган а, лаа а, хаа а кхуьур волуш хІумнаш а дац. Амма тахана болчу кхетамца зама юхалиста йиш а хилча, тІаккха карахь жимма дуьненан таро а нисъелча, ас цхьа пхи-ялх мукъне а мотт а Іамор бара, ма-хуьллу дукха мехкаш, къаьмнаш довза а гІуртур вара, сайна девзинчух нохчийн маттаний, литератураний пайда бан а хьожур вара. Цу доллучуьнца а цхьаьна сайн уггар хьалха йоккхуш йолу цІе Іеламстаг бохург хилийта а хьожур вара, амма молла а, къеда а ца хуьлуш…

Нохчаша «делара» бохург делара шен, баьхна, боху-кх, жуьгтичо. Цунна а дайна, тахна сан «хилла делара» бохург иштта ду. «Делара» я «хир ду» бохучунна башха еш ойланаш а яц хІинца. Хан дІаяхна.

–КІайн кехат доччуьнца, цхьалла цхьаьнцца а екъа йиш юй?

– Иштачу хІуманна доцца жоп дала гуттар а хала хуьлу. Цхьана маьІнехь жоп делча, хьахоза хийла кхин маьІнаш дуьсу. ТІаккха аьлларг дуьззина ца хуьлу.

И цхьалла боху дош вайн маттана керла дуй техьа бохуш ву со. Хьалха заманахь дуьйна цхьалха боху дош хилла. Иза шен нах, верасаш боцчу стагах олуш хилла. Къаналлехь шен нахах хаьдда, йиша-ваша, доьзалхо воцуш висинчух тІаьхьависна стаг олуш хилла. Иза а цо ша-шех олуш хилла, наха олуш ца хилла. Иза аьлла стеган дог ца доххол, – мелла а къинхетаме а, гІиллакхе а хилла хьалха адмаш.

И цхьалла син хьал дуьйцу кхетам бу, соьга хаьттича. Оцу хьоькхучу къоламашкахь ас а леладо и дош (я васт). Сайн ма-хуьллу Іесачу ойланех ларвала гІертташехь, оцу йозанашкахь сох юьйлучу яккхийчу ледарлонех цхьаъ ю иза. Делах (СТ) тешаш волу стаг шен сица цхьалла ловш хир вац, иза цхьа-а (я ша-а) волуш зама а, меттиг а цуьнан хуьлуш йоцу дела. СинхІоттам, дог-ойла «йочане» а, «йоькхане» а нисло. Оцу хьолехь тайп-тайпана нисло могІанаш а. Ахь И.Бродскин далийна дешнаш, цхьана агІор, кхузахь а догІуш ду аьлла, хета: «Поэт сочиняет не из-за того, что одинок, а из-за языка», – аьлла, жимма хийцичхьана. Матто дош хьехар доцург, оцу дІаяханчо даг тІехь бала ца буьту бохург хир дац и Бродскин а. БІаьрг белла а дог ца дал и ца Іеткъаш, цхьалла юьйцучо цхьалла а ца юьйцу. Юьйцуш хилча, еккъа моттаргІанаш лелор хир дара и.

Адмаша, мел цхьаьна делахь а, вовшашна кхуллу цхьалла ю, дукха хьолахь, и вайна Іеткъарг, вай юьйцург. КІайчу кехатца екъар, уллохь вацахь а, вевзаш вацахь а, цкъа а вевзар вацахь а, и цхьалла шен цхьана дог хуучуьнца екъа гІертар ду, аьлла хета суна. КІайн кехат юкъархо бен дуй тІаккха?

– Хьан ойла кхиинчу, баккхийчу художникашца цхьана заманахь ваха хала ду, аьлла, хета суна, цара хьуна деллачуьнга хьаьжча, царна хьакъ долу хьан дан доцу дика, юха замано а цаьрца ца лелайо нийсо, иза Іеткъа

хьуна. Ойланийн гергарлонаша хенан дозанаш дохадо аьлла, хетий хьуна?

– Хьо сох тешар ю-яц, ца хаьа, вай жимма хьалха вийцинчу барон Муьнхгаузена кино чохь Мартига шен Ньютонаца, Софоклаца я Шекспираца хилла къамелаш хьехочу хенахь цо дуьйцучуьнга, маха тIеIоттал шеко йоцуш, доьгIу ас ла. Мюнхгаузен актер О.Янковский ву, важа С.Коренева ю бохучул бакъ хета оцу кино чохь схьагуш долу дахар. Ткъе итт шо сов хьалха, шу марша, кхелхинчу сайн жимахволчу вешина Аваланува санна (вайн гIиллакхехь догIуш дацахь а, язйина ган лууш йоху ас цуьнан цIе) са гатло сан Жимчу элана. Иза, и Жима эла, цхьанхьа, шен Седан тIехь, хIинца вай дуьйцург а хезаш, Iаш ву бохучу ойлано иштта цхьанхьа шен Седан тIехь сан жима ваша Авалу а ву бохучух а тешаво.

Ойла Делан (СТ) боккха къинхетам бу. Вайн ойла а яцахьара, цо муьлхха доза хадош а дацахьара, тIаккха дара хIара дуьне боккъал а вала де.

ГIаш а, тIома а бац Далла (СТ) тIебоьду некъ а, ойланца бу. Вайн хьекъал, синхаам Iамош ерг а ойла ю. ХIара мегар ду, хаза ду, хIара ирча ду, мегар дац бохуш, цу ойлано Iамош, кхетош дацахь, хьекъал а, синхаам а – ший а питане а, зуламе а хила тарлуш ду. Есаллехь а, заманца а генарчуьнца долу ойланан гергарло хIинцца уллохь волчуьнца хьан доццчу я доьхначу гергарлонал бIозза тоьлу. Доцца аьлча, ойланан доцург гергарло а дац, сан кхетамехь, цхьацца декхарш-м ду уьш, Шен йозанашка хьаьжжина, Дала (СТ) тIедехкина…

Ас сайна хетарг, Iеткъарг дуьйцу. Боккъал а бакъдерг вайна ваьш дIадаханчул тIаьхьа бен хуур дац. Цкъа мацца а массо а къайле евзаш хир долуш ду хIора а са.

– Гуттар а новкъавалар, дIавахар дуьйцуш, аш шайца бакъйолу зама дIахьуш санна хета… хала а хета…

– ХIора стеган шен зама, цуьнан тептар тIе ма-тоьххана, соцуш ю. Вуьсчучуьнца юьсу зама, дIавоьдучо дIа хIумма а ца хьо. ДегI боху сацкъар ша схьабаьллачу сацкъаре ца бирзича ца болу. Стаг дIавоьдуш ца хилча, буьсучарна гергахь иза цкъа а хила ма-веззара дика а хир вацара. Кешнашка нисвелча, хуьлучу ойланах цхьа забар йинера ас (зорбане яьлла а ю и): «Ассаламу Iалайкум, хIай, дика нах, цкъа дика хин волчу соьгара!..» – аьлла…

«Аш» аьлла, ахь цхьа дика белхаш бинчу нахах дIаветтал ас дина хIума а дац, делахь а дика тоьшалла оьшуш ду хIора вала кхоьллинчу стагна. Дела реза хуьлда хьуна!

– ХIума довза я хаа, – иза гуш хила деза аьлла, хетий хьуна, гуш доцуш хIума хила а хуьлий?

– Гушдерг бен дуьне дацахьара, олура-кх мацах баккхийчара. Дала (СТ) схьакхоьллинчу сила-а долчу Iаламатех йиъ процент сов бен материальни хIума дац бохуш, хьесапаш ду тIаьхьарчу хенахь Iилманчаша деш а (хьалха хиллачу къамелехь вай хьехийна, моьттуш а ву со, и хIумнаш). Амма Iилманчийн тоьшаллаш оьшуш доцуш, коьрта дерг гуш цахилар, Жимчу эланна а дайна, иза бIаьргашна ган йишцахилар, ган йиш ерг а, дагца хьаьжна, ган гIорта везар вайна хууш ду. Вайн бIаьргашна дуьхьал лаьттарг дукхахдерг цхьа гIа-

набарш, бIарлагIаш санна хIума ду. Са (я ойла) сема ца хилча, и гушдерг бен кхин дуьне дац а, мотталой, коьртаниг диццдо стага. Хабарца хIара харццдуьне хилар къобалдахь а, гIиллакхашца а, гIуллакхашца а ма-хуьллу хIара бакъ хетий, боккъал а дерг диццдой чекхволу. Дукхахболчара кхунах харццдуьне алар кхузахь шайн харц некъаш лело бакъо хилар санна тидна. Харццдуьне бохург – ханна дуьне бохург ду, тIаьхьа тIедогIург гуттар а хин дерг долу дела, цу дешан нийссачу маьIнехь, харц бохург дац. ЧIогIа бакъ даа дезаш дара хIара, кхузахь гулдинарг бен цигахь карорг а ца хилча, амма цу белхан ойлаян кхуьуш доцчух тера ду дукхахдолу адам.

– Кхин язйийр яц боху ойла хуьлий хьан?

–Ас хIинццалц язйинарг а, язйийр ю бохуш, язйина яц. Цундела язйийр яц боху ойланаш ца йо, цхьана хенахь йинехь а. Уьш вайх дозуш хIумнаш доций, хаьа, цхьа лаамаш, нийяташ хилар доцург. Бакъдерг аьлча, байташ, мацца а, валаза висахь, киншка-хIума араяккха хьажар ша ду, вуьшта журналашкахь а, кхечахь а кхин зорбане ца яьхча а хIумма а дац бохучу ойланехь-м ву со. Киншка яккха мега бахаран а цхьа бахьна ду – хIинццалц араяьлла цхьа а гулар со, ма-хетта байташ тIаьхьа-хьалхаяран раж ларийна а, кечъян кхиъна цахилар. «ХIа, хIинца арайоккху вай, схьаян», – олий, гуттар а сихаллехь нисделлла сан и. тIаьххьара шиъ а («ГIенех сан гIенаш» а, «Нохчийчоь, сан Нохчийчоь» а) иштта яьлла. Шайна дага а деъна, и болх бинчу массарна а ас баркалла боху. Тахана киншка-хIума араяккха мел аьттонаш бу, вайна хууш ду. Оцу хьолехь хIетте а, сан хьаьдда-ведда лела ца дезаш (сан и лело карах а дер дацара), шаьш дага а бевлла, и болх бинчу нахана со и баркалла ала декхарийлахь а ву.

Стихаш зорбане яха дагахь вац аьлча, хьан хила тарлучу хаттарна жоп луш, хIунда вац, ала а лаьа. Нохчийн дашна тахна юха а и оьрсийн маттахь безвременье олу хьал хIоьттиний техьа бохуш ву со. И хьал хIоьттинчу меттигера, и муьлххачу декъехь делахь а, юьстахвалар бен, дарба дац.

– Тахане ца хилча, кхане а хир ма яц…

– Иза а нийса ду. Тахна йолу ойла (я дог-ойла) юьйцу ас. И ойла кхана хийцаяла а мега. Я хьал хийцалур. тIаккха… вайна кхин некъаш хедийна меттиг а яц кхузахь. Нехан йоллу бакъо вайгахь а юьсуш ю.

– Хьайн са ахь мел кIорга ахкарх, хьо хезаш хир ву… хьуна-м иза оьшуш ца хила а мега… гIовгIа ца хаза, «тийналла» ца йохош йолу хьан ойланашка ладог1а лаьа тхуна …

– Хьан Дала сий дойла, Зарина! Вай хьехийначу Пол Остора аьлла цхьа хIума дагадаийти ахь: «Вовшашна цкъа а бIаьрга гина доцу (я гур а доцу! – тIетоха лаьа суна) адмаш цхьаьна а кхетий, цара вовшех марзо оьцу, царах гергара нах хуьлу меттиг цхьа книга бен яц».

Таханлерчу дийнахь нохчашна юккъехь хила тарлучех уггар доккха гергарло ду вайна юккъехь – нохчийн (ненан) меттан гергарло. Ненан мотт бохург язык метери бохучу маьIнехь бен ца кхета девлла тахна вайн дукхахдолу адмаш. Ткъа ненан мотт бохург – иза уггаре хьалха Нана мотт бохург ду, Нана дуьне (вайн

Латта), Нана мохк (вайн ДегIаста, Нохчийчоь) бохург ма-хиллара. Нана бохург дIадаьлча, пана бохург бен ца дуьсу – пана дуьне, пана мохк, пана мотт…

Пана синойн декъаза кхолламаш!..

Ткъа вайн синош (Далла бу хастам!) пана дац: вешан Нана-мохк а, Нана-мотт а буй, хууш ду вай. Шен буха тIехь долчу хIуман орам, ша акказиниг санна, чIогIа бу. Мел гIад хьекхарх а, генаш хедорх а, хIу ца дайало цуьнан. Дерриге а дIадаьлла аьлла хеттачохь, оцу акказин орам тIера хьалайолу маргIал санна, юха а денлой, заздоккхий дIахIутту.

Массо толам а хIинцца гуш хуьлуш бац. Кханено аьн долу дош ду коьрта…

Дерриге а дика хир ду, Дала мукъ лахь…

– Дела реза хуьлда хьуна…

– Дела реза хьуна а хуьлда!

Интервью дIаяьхьнарг – Алиева Зарина

«Литературин-исбаьхьаллин журнал «Орга»
кечдина ГАУ «Зорбатохаран цIа» бух тIехь.
Арадолу нохчийн маттахь.

Журналана регистраци йина 2014 шеран 29-чу кхолламан баттахь Нохчийн Республикехула йолчу зIенан, хаамийн технологийн, шуьйрачу коммуникацийн декъехь терго латторехула йолчу Россин Федерацин федеральни Урхаллехь.

Регистрацин хьокъехь тоьшалла ПИ № ТУ 20-00088.
Журнал зорбатоьхна ГУП «Книжни издательство»,
НР, Соьлжа-ГIала, Н. Назарбаевн урам, 92.

Журнал арахоьцучун/редакцин адрес: 364024,
Нохчийн Республика, Соьлжа-ГIала,
Н. А. Назарбаевн урам, 92.
Журнал зорбатоха дIаделла – 21.06. 2021 шо.
Зорбанера арадаьлла де – 25.06. 2021 шо.
Тираж – 180 экземпляр.
Заказ № _____ Бинна мах.